ÓZBEKSTAN RESPUBLÍKASI JOQARI HÁM
ORTA ARNAWLI BÍLÍMLENDÍRÍW MÍNÍSTRLÍGÍ

XÓJAMOV M., LAFASOV M., MULLADJANOVA R.,
ERMANOV A., REYMBAEV R., ABDUKARIMOV A.

# TARÍYXIY ÚLKETANIW HÁM TURÍZM

## Oqıw qollanba

5110600 - Tariyx oqıtıw metodikası bakalavr tálim baǵdarı

**«ILM ZIYO ZAKOVAT»**
**Toshkent – 2020**

**UDK. 908**
**BBK. 63.3 (5 o'zb)**
**T-19**
Xójamov M., Lafasov M., Mulladjanova R., Ermanov A., Reymbaev R., Abdukarimov A.
«Tariyxiy úlketaniw hám turizm» Nókis – 2017, 255 bet.

O`quv qo`llanma Respublikamizda tarixiy o`lkashunoslik va turizmning tashkil etilish tarixi, mazmuni va metodlari, uning asosiy manbalari, o`lkamiz tarixiga oid arxeologiya, toponomika, etnografiya, jug`rofiya, muzey ishlari, arxivshunoslik, yozuvning paydo bo`lishi, O`zbekiston viloyatlarining tarixiy-madaniy yodgorliklari, o`lka tarixi va turizmini o`rganishda arxivlarning roli, o`lkashunoslik to`garaklari, shuningdek, turizm va uning turlari, yo`nalishlari, yurtimizning turistik maskanlari hamda o`lka tarixi va rivojlanishidagi ahamiyati yoritib berilgan.

Oliy o`quv yurtlari bakalavr bosqichi talabalari hamda o`lkashunoslik bilan qiziquvchi keng kitobxonlar ommasiga mo`ljallangan.

В учебном пособии освещено значение истории организации исторического краеведения и туризма в Республике, содержание и методы его основных источников, взаимосвязь археологии, топонимики, этнографии, географии с историей Родины, музейные работы, архивоведение, появление письменности, значение историко-культурных памятников вилоятов Узбекистана, роль архивов в изучении истории и туризма края, краеведческие кружки, а также, туризм и его виды, направления туристических достопримечательностей, история и развитие края.

Учебное пособие предназначено для студентов степени бакалавра высших учебных заведений и широкой массы читателей, интересующиеся краеведением.

The given manual deals with the importance of history of organization of local history and tourism in the Republic, content and methods of its main resources, relationship of archeology, toponymy, ethnography, geography with the history of motherland, museum activity, archives, origin of a written language, historico-cultural monuments of regions of Uzbekistan, the role of archives in studying history and tourism of the republic, local history societies, and it also deals with tourism and its types and trends of tourists' sightseeings, history and development of the republic.

The manual is intended for Bachelor students of higher education institutions and broad mass of readers interested in local history.

Oqıw qollanba Respublikamızda tariyxıy úlketanıw hám turizmniń shólkemlestiriliw tariyxı, mazmunı hám metodları, onıń tiykarǵı derekleri, úlkemizdiń tariyxına baylanıslı arxeologiya, toponomika, etnografiya, geografiya, muzey isleri, arxivtanıw, jazıwdıń payda bolıwı, Ózbekistan walayatlarınıń tariyxıy-mádeniy estelikleri, úlkeniń tariyxı hám turizmdi úyreniwde arxivlerdiń roli, úlketanıẅ dógerekleri, sonday-aq, turizm hám onıń túrleri, багдарлары, elimiz'diń turistlik orınları hámde úlkeniń tariyxı hám rawajlanıwındaǵı áhmiyeti bayan etilgen.

Joqarı oqıw orınları bakalavr basqıshı talabaları hámde úlketanıw menen qızıǵatuǵın kitap oqıwshılardıń keń qatlamına mólsherlengen.

**Juwaplı redaktor:**

**J.Xakimniyazov** - Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, tariyx ilimleriniń kandidatı, docent.

**Pikir bildiriwshiler:**

**M.Qarlıbaev** - ÓzR IA Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, tariyx ilimleriniń kandidatı.

**R.Axmetshin** - Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika institutı, tariyx ilimleriniń kandidatı, docent.

O'quv qo'llanma O'zbekiston Respublikasi Oliy va orta maxsus ta'lim vazirligining 2018 yil 25-avgustdagi 744-sonli buyrug'i asosida nashrga tavsiya etilgan

ISBN: 978-9943-6326-7-3

© XÓJAMOV M., LAFASOV M., MULLADJANOVA R., ERMANOV A., REYMBAEV R., ABDUKARIMOV A.
© «ILM ZIYO ZAKOVAT» 2020 Й.

# TARIYXIY ÚLKETANIW HÁM TURIZM

**Xójamov Mamarajab Eshniyazovich –** úlken oqıtıwshı, docent
**Lafasov Moyli Fozilovich –** tariyx ilimleriniń kandidatı, professor
**Mulladjanova Ra`no Abdulladjanovna** – pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent
**Ermanov Alisher Bekmuratovich.**
**Reymbaev Rustem Sarsenbaevich.**
**Abdukarimov Abduxalıq Amurovich.**

**Mas'ul muharrir:** J.Xakimniyazov

**Muqova rassomi: A.Yo`ldoshev**

**Sahifalovchi: A.Sultonov**

Oqıw qollanba Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Keńesi 29- iyun` 2017-j. №11 sanlı qararı menen baspadan shıǵarıwǵa usınılǵan.

Ózbekistan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń Muwapıqlastırıwshı Keńesi tárepinen baspadan shıǵarıwǵa usınıldı.

Bosishga 2020 yil 30 iyunda ruxsat etildi.
Bichimi 60/84 1/32. Bosma tobog`i 16.0 Adadi 100 dona.
"Ilm-ziyo-zakovat" mas`uliyati cheklangan jamiyatida taxrirdan o`tqazildi.
Toshkent, Shayxontoxur t., A.Qodiriy ko`chasi, 78

"KLASSIC PRINT" Mas`uliyati cheklangan jamiyati bosmaxonasida chop etildi.
Toshkent, Chilonzor tumani, 19 mavze, 28-uy.

## MAZMUNI

**Kirisiw**…………………………………………………………………......... 3

**I bap. Tariyxıy úlketanıw hám turizmniń rawajlanıwı, tiykarǵı derekleri. jazıwlardıń tariyxı**

1-tema: "Tariyxıy úlketanıw hám turizm" paniniń predmeti, rawajlanıw basqıshları………………………………………………………………….. 10

2-tema. Tariyxıy úlketanıw hám turizmniń tiykarǵı derekleri. úlketanıwda arxeologiyanıń tutqan ornı……………………………………. 27

3-tema. Mámleketimizde alǵashqı hám áyyemgi dáwirdiń úyreniliwi …….. 52

4 – tema. Úlkemizde orta ásirler hám jańa dáwirdiń úyreniliwi …………… 67

5 - tema. Jazıwlar tariyxı……………………………………………………. 75

**II bap. Tariyxıy úlketanıw hám turizmniń rawajlanıwında etnografiya, Toponimika, arxivler hám muzeytanıwdıń roli**

1-tema. Úlketanıw hám turizmde entografiyanıń áhmiyeti…………………. 85

2-tema. Toponimika-Tariyxıy úlketanıw hám turizmniń tiykarǵı dereklerinen biri ……………………………………………………………. 112

3-tema. Ózbekstanda turizmniń rawajlanıwı……………………………... 148

4-tema. Tariyxıy úlketanıw hám turizmdi rawajlandırıwda arxivtanıwdıń ornı ………………………………………………………………………. 205

5-tema. Tariyxıy úlketanıw hám turizmde muzey eksponatları ham úlketanıw dógerekleri ……………………………………………………. 213

**Juwmaqlaw…………………………………………………………......... 227**

**Qosımshalar………………………………………………………………… 230**

**Ádebiyatlar dizimi……………………………………………………….. 249**



## KÍRÍSÍW

Ózbekstanda ǵárezsizliktiń ornawı menen ózbek xalqınıń ázeliy arzıwı ámelge astı.

Ǵárezsizliktiń xalqımızǵa bergen ullı inamlarınan biri – góne hám biytákirar tariyxımızdı tereńnen úyreniwge, ózlikti ańlawǵa, ázelden usı ana zaminde jasap kelgen ata-babalarımız arzıw etkendey, húr hám azat jasawǵa, jurtımızdıń ullı keleshegi jolında zawıq penen ómir súriw hám miynet etiw sharayatın júzege keltirdi. Endi bolsa bul úlke tek ózbek xalqına ǵana emes, al onda jasap atırǵan hár túrli millert wákilleri ushın muqaddes jıllı úy, teberik diyar esaplanadı.

Ayyemgi zaman tanıwshı alımlarımız aytıp ótkeńindey, ótmish adamzattıń eń dáslepki ata-babalarınıń wákilleri jasaǵan uzaq tariyxqa jaslas bolǵan bul áyyemgi hám jilwalı Watandı, ondá jasap, etnomádeniy rawajlanıp, jetilisip barıw dawamında dúnya civilizaciyasınıń bayıwına nátiyjeli tásir kórsetken ullı danıshpanlar, qańarmanlardı ulǵaytqan xalqımızdıń ótmishin haqıyqiy úyreniwge, házirgi turmıs penen jaqınnan tanısıwǵa keń imkaniyatlar payda boldı. Sebebi, Watanımızdıń bay tariyxın, xalqımızdıń jaratıwshılıq potencialı hám kúsh-qúdretine qatnası bolǵan tiykarlı dáliyller menen tanısip barıw arqalı ǵana adamlarda olardı qádirlewge tilek, ardaqlawǵa degen maqset ornatıladı. Usı tárepten alǵanda "Watan – bosaǵadan, watansúiyshilik – óz úlkesin úyreniwden baslanadı" degen naqıldıń negizinde tiykarlı haqıyqat hám hikmet bar. Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I.A.Karimov ulıwma jáhán miyrasınıń siyrek úlgisi sıpatında YUNESKO nıń dizimine kiritilgen 4 mıńnan artıq materiallıq-ruwxıy estelik bar. Mine usınday bay ruwxıy miyrasımızdıń mańızı hám áhmiyetin jaslarımızdıń sanasına tereńnen sińdiriw baspa sózimizdiń aktual wazıypası esaplanadı"[1], dep aytıp ótkeń edi.

Shınında da, bul úlkede ata-babalarımızdıń aqıl-zakawatı, sheber qolları menen, ásirese, IX-XII, XIV-XIX ásirler dawamında insannıń aqılın lal

[1] Каримов И.А. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. Тошкент: Ўзбекистон, 2009.Б.21.

qaldıratuǵın dárejede gózzal hám názik etip islengen naǵıslar áyyemgi hám nawqıran Samarqand, Buxara, Xiywaday qalalardıń aybatlı diywallarında ayqın kóriniste óz sáwleleniwin tapqan. Dawır ruwxına say usılda qurılǵan kórkem imaratlar hám olardaǵı sharqana usılǵa tán bolǵan oymashılıq naǵısları óziniń rawajlanıwınıń jetilisiw basqıshına kóterilgeninen derek beredi. Sonıń menen bir qatarda ilimiy usıllarda islengen naǵıslar, yaǵniy gúl hám shaqalardıń quramalı usıldaǵı nagıslı kórinisler hám de házirge shekem jaqsı saqlanıp kiyatırǵan altında suwǵarılıp islengen basqa bezewler ata-babalarımız jetik kórkem ónerdiń tımsalı sıpatında búgingi kúnde de bársheniń itibarın ózine tartıp kelmekte.

Áyyemgi hám orta ásirler atxitekturalıq esteliklerin saqlaw, úyreniw hám qorǵaw islerine udayı itibar menen qaraw házirgi zaman jas awladtıń, miynetkeshlerdi watandı súyiwshilik ruwxında tárbiyalaw, xalıqlardıń ortasında óz ara doslıq, birge islesiw qatnasların bekkemlewde ayrıqsha áhmiyetke iye.

Bul qollanbada ózbek xalqınıń tariyxıy rawajlanıwı, materiallıq hám ruwxıy esteliklerdi tariyxıy úlke tanıwdıń tiykarǵı derekleri bolǵan arxeologiya, etnografiya, Toponimika, arxivtanıw hám muzey eksponatları arqalı úyreniliwi berilgen. Sonday-aq, úlkede turizm (sayaxatshılıq)niń qáliplesiwi, rawajlanıwı hám keleshegine tiyisli bolǵan máselelerdiń bayan etilgenligi áhmiyetli esaplanadı.

Hár bir shanaraq, elat, xalıq yaki millet wakilleri ózleriniń tariyxıy rawajlanıw dáwirin, sonday-aq, óz ara-babalarınıń atın, basıp ótkeń jolları, qaysı urıw, qaysı áwladtıń dawamshıları ekenliklerin biliwleri tiyis ekenligi tábiyiy. Etnografiyalıq mazmun-mańızǵa iye bolǵan bunday milliy dástúrler, álbette, hár bir xalıq hám millettiń ózin-ózi ańlawında, ásirler dawamında ashılip, qaldırılǵan materiallıq hám ruwxıy miyrastı kózdiń qarashıǵınday saqlap, olardı jańa maǵana hám mazmun menen bayıtıp barıwda ayrıqsha áhmiyetke iye boladı. Bul baǵdarda hátteki, muqaddes hadis sharifte de hár bir musılman óziniń jeti áwladın biliwi zárúr ekenligin aytılǵan.



84. Шаҳрисабз минг йиллар мероси. Т.: Шарқ, 2002

85. Хожаниязов Ғ., Юсупов О., «Қарақалпақстандағы мухаддес орынлар» Нөкис 1994.

86. Хожаниязов Ғ., Ҳәкимниязов Ж., Қаракалпақстанның әжайып жети естелиги. Нөкис 2004.

87. Ҳабибуллаева Н. Ўзбек музейларининг истиқболи. Мозийдан садо. 1999. 1-2-сонлар.

### III. İnternet saytları

88. WWW.peugeotufa.ru <http:// WWW.peugeotufa.ru>- cenı uslug

89. www.bashexpo.ru – vıstavki, konferencii.

90. www.stat.uz – demografik ma`lumotlar.

91. www.interunion.ru> - turisticheskie assocasii.

63. Набиев А. Тарихий ўлкашунослик. Т.: Ўқитувчи, 1996.
64. Нафасов Т. Ўзбекистон топонимларининг изоҳли луғатли (Ўзбекистоннинг жанубий туманлари). Т.: Ўқитувчи, 1988.
65. Охунов Н. Жой номлари таъбири. Т.: Ўзбекистон, 1994.
66. Пугаченкова Г.А. Темурнинг меъморий мероси. Т.: Энциклопедияси, 1996.
67. Пугаченкова Г.А., Ремпель Л.И. Очерки искусства Средней Азии. М., Искусства, 1982.
68. Пузакова Е.П. Международный туристический бизнес. Москва: ПРИОР, 2001.
69. Раҳимов И. Ўзбекистон тарихини ўрганишда архив манбаларидан фойдаланиш. Т., 1995.
70. Ртвеладзе Э.В. Разведочное изучение памятников на юге Узбекистана. Древняя Бактрия. Л.: 1974.
71. Сагдуллаев А. Қадимги Ўрта Осиё тарихи. Т.: Университет, 2004.
72. Сагдуллаев А. Қадимги Ўзбекистон илк ёзма манбаларда. Т., 1996.
73. Саидкулов Т.С. Ўрта Осиё халқлари тарихининг тарихшунослигидан лавҳалар (1-қисм). Т.: Ўқитувчи, 1993.
74. Саримсақов Б. Маросим фолклори. Тошкент, 1998.
75. Сурхондарё. Альбом. Т.: Қомус, 1996.
76. Тухлиев Н., Таксанов А. Экономика большого туризма. Т.: Энциклопедия, 2001.
77. «Ўзбекистон овози» газетаси.-1994. -29 март
78. Ўзбекистоннинг янги тарихи. I-III қисмлар. Т.: Шарқ, 2000.
79. Ўзбекистон гуллаган диёр. Т.: «Маънавият», 2010.
80. Ўзбекистон Миллий энциклопедияси. Жилд 12. Т., 2006.
81. Ўлжаева Ш. Музейшунослик. Т.: Университет, 2002.
82. Чориев З., Шайдуллаев Ш., Аннаев Т. Ўзбекистон худудида ёзувнинг пайдо бўлиши. Т.: Шарқ. 2002.
83. Хива минг гумбаз шаҳри. Т.: Шарқ. 1997.



Solay eken, Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti Islam Karimov ayrıqsha aytıp ótkenindey, “Tariyxıy eslewsiz keleshek joq”. Gáp tariyxıy eslew, onıń áhmiyeti haqqında aytıladı eken, birinshi gezekte, ózlikti ańlaw hár bir insannıń óz ana jurtınıń tariyxın tiykarǵı derekler negizinde hár tárepleme úyreniwdi talap etedi. Mine usı mashqalalardı ilimiy-teoriyalıq, metodikalıq, pedagogikalıq hám didaktikalıq jaqtan úyreniwde joqarı oqıw orınlarında “Tariyxıy úlketanıw hám turizm” páni oqıtılıp kelmekte.

Tálim-tárbiya teoriyası hám ámeliyatında ulıwma bilim beriw mektepleri, OAKÓT (Orta arnawlı kásip-óner tálimi) sistemasında yaki bakalavriat basqıshı, magistratura táliminde qaysı bir kurs yaki pánnen sabaq beriwdi engiziwden aldın onıń zárúr ekenligin ańlap alınıwı sır emes. Keleshek pedagog qániygelerdi tayarlawda “Tariyxıy úlketanıw hám turizm”di, ásirese, jáhán kóleminde “ekonomikalıq daǵdarıs” ótip atırǵan bir payıtta Ózbekstan sharayatında bul pánniń oqıtılıwı onıń ilimiy-teoriyalıq hám metodologiyalıq tiykarın hár tárepleme puqta islep shıǵıwdı talap etedi. Bul máseleni hár tárepleme kóz aldına keltiriw ushın pán tariyxına itibar qaratıw da áhmiyetli bolıp tabıladı. Áweli tariyxıy úlketanıw hám turizm haqqında pikir aytar ekenbiz, ulıwma, tariyx páni, shaxs hám jámiyet, milliy ǵáresizlik ideyası, ádebiyat, geografiya, biologiya hám sońǵı jıllarda ulıwma bilim beriw mektepleri hám OAKÓT sistemasına keń engizilip atırǵan arnawlı kurslar – shańaraq psixologiyası, duntanıw, estetika tiykarları ham basqalardı oqıtıwdıń nátiyjeliligin arttırıw ushın tálimniń kúndelik jámiyetlik turmıs penen baylanısın ámelge asırıp barıw zárúr.

Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti Islam Karimov aytıp ótkeńindey: “Bul eski topıraqta biziń ásirimizge shekem bolǵan dáwirde hám onnan keyin qurılǵan quramalı suw qurılısları, elege shekem óziniń kórki kóz tartarlıǵın saqlap kiyatırǵan estelikler áyyem-áyyemnen úlkemizde diyxanshılıq hám

ónermentshilik mádeniyatı, arxitektura ham qala qurılısı óneri joqarı dárejede rawajlanǵanınan derek beredi”[1]

Shınında da, mine usınday bay hám áyyemgi tariyxqa iye bolǵan úlkemiz, ata-babalarımızdıń mádeniy miyrasınıń ózi bir úlken ǵaziyne bolıp, onı jetik ózlestiriw, áwladlarǵa jáne de bayıtıp jetkerip beriw biziń áhmiyetli wazıypamız esaplanadı. Bul tek dáwir talabı ǵana emes, ol sonıń menen birge muqaddes diyarımızda jasawshı hár bir adamnıń minneti de bolıp tabıladı.

Tariyxıy úlketanıw hám turizm islerin durıs shólkemlestiriw úlkeniń tariyxın úyreniw barısında, ásirese, milliy ǵárezsizlik ideyası, ekonomokalıq geografiya, “shaxs hám jámiyet”, ekologiya pánlerin integraciyalasqan halda úyreniwdi jáne de jetilistiriwde ilimiy-metodikalıq hám didaktikalıq jaqtan áhmiyetli esaplanadı.

Úlke boylap sayaxat hám ekskursiyalar oqıwshılarǵa úlke tariyxın hár tárepeleme jetigirek úyreniw imkaniyatların beredi. Sonıń menen birge, bunday ámeliy iskerliklerdiń barısında oqıwshılardıń arasında erkin, tábiyiy qatnas ortalıǵı júzege keledi. Al bul bolsa óz náwbetinde, pedagogqa óz oqıwshısınıń ádep-ikramlıq sıpatların hám ruwxıy dúnyasın jáne de jaqınnan úyreniwge imkan beredi.

Úlke tanıw hám turizm isleri menen hár tárepleme shuǵıllanıw oqıwshılardıń óz betinshe jumısqa individuallıq penen qatnasta bolıwǵa hám óz qábiletlerin rawajlandırıp barıwlarına da járdem beredi. Sonday-aq, sayaxatlar dawamında jumısshılar, ónermentler hám basqa hár túrli kásip iyelerin dıqqat penen baqlawları nátiyjesinde olarda belgili bir salaǵa degen qızıǵıwı payda bolıp, keleshekte sanalı túrde qaysı bir kásipti tańlawǵa umtılıwın oyatıwı tábiyiy esaplanadı. Óqıtıwshı ekskursiya dawamında oqıwshılardı psixologiyalıq jaqtan

[1] Каримов И.А. Юксак маънавият - енгилмас куч. Т.: Маънавият, 2008.Б.30.



41. Бўриев О. Темурийлар даври ёзма манбаларида Марказий Осиё. Т.: Ўзбекистон, 1997.
42. Дўсимов Ў. Жой номларининг қисқача изоҳли луғати. Т., 1996.
43. Жаббаров И. Ўзбеклар: турмуш тарзи ва маданияти. Т.: Ўқитувчи, 2003.
44. Жаббаров И. Ўзбек халқи этнографияси. Т.: Ўқитувчи, 1994.
45. Жалолиддин Мангуберди. Т.: Шарқ, 1999.
46. Зоҳидов П.Ш. Меъмор олами. Т.: Қомус, 1996.
47. Зоҳидов П.Ш. Меъмор саънати. Т.: Ғафур Ғулом, 1978.
48. Иномов И. Ўзбекистоннинг янги шаҳарлари. Т.: Меҳнат, 1991.
49. Исломов Ў., Мирсоатова С. Ўзбекистон ибтидоий археологиясини ўрганишда академик Яҳё Ғуломовнинг роли. Т., 2009.
50. Исмоилова Ж. XIX асрнинг иккинчи ярми - XX аср бошларида Тошкентнинг «Янги шаҳар» қисми тарихи. Т.: Фан ва технология, 2004.
51. Историческое краеведение / Пособия для студентов педвузов. Москва: Просвещение, 1969.
52. Кабиров Ж., Сагдуллаев А. Ўрта Осиё археологияси. Т.: 1990.
53. Қаюмов А. Академик Аҳмадали Асқаров. Т.: Фан, 2003.
54. Қорабоев У. Ўзбекистон байрамлари. Т., 2004.
55. Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. Т.: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2005.
56. Матюшин Г. Историческое краеведение. М., 1987.
57. Мирзаев Р. Солнце путешествует по миру чтобы рассеять. Ташкент. Шарқ, 2005.
58. Муминов И. Амир Темурнинг Ўрта Осиё тарихида тутган ўрни ва роли.-Тошкент: Фан, 1993.
59. Махмуд Саттор. Ўзбек удумлари. Т.: Адолат, 2004.
60. Мозийдан садо. 2004. 2-сон
61. Муҳаммаджанов А. Ўзбекистон тарихи. Т., 1994.
62. Мустақиллик, изоҳли илмий-оммабоп луғат. Тошкент: Шарқ. 2006.

20. Алимова Д.А., Буряков Ю., Рахматуллаев Ш.М. Самарқанд тарихи. Т.: ART FLEX, 2009.
21. Амир Темур Жаҳон тарихи. Т.: Шарқ, 2001.
22. Асқаров А. Ўзбекистон тарихи. Т.: Ўқитувчи, 1994.
23. Асқаров А. Сапаллитепа. Т.: Фан, 1973.
24. Асқаров А. Бронза даврида Жанубий Ўзбекистондаги қадимги деҳқончилик маданияти. Тошкент: Фан, 1977.
25. Асқаров А.А. Древнеземледельческая культура эпохи бронзы юга Узбекистана. Т.: 1983.
26. Асқаров А. Ўзбек халқининг этногенези ва этник тарихи. Т.: Университет, 2007.
27. Аширов А., Атаджанов Ш. Этнология. Тошкент, 2008.
28. Ахмедов Б. Тарихдан сабоқлар. Т., 1994.
29. Ахмедов Э. Ўзбекистон шаҳарлари мустақиллик йилларида. Т.: Ибн Сино, 2002.
30. Аширов А., Атаджанов Ш. Этнология. Т., 2008.
31. Барков А.С. Вопросы методики и истории краеведения. Москва: Изд-во АПН РСФСР, 1962.
32. Балабанов И.Т., Балабанов А.И. Экономика туризма. Москва: Финансы и статистики. 2000.
33. Бобур Заҳриддин Мухаммад, Бобурнома, Т.: Ўқитувчи, 2008 й.
34. Бегматов Э. Жой номлари - маънавият кўзгуси. Т.: Ma`naviyat, 1998.
35. Бердимурадов А. Гўри Амир мақбарасы. Т.: Абдулла Қодирий номидаги нашр., 1996.
36. Дьяканов И.М. Люди города Ура. Москва, 1990.
37. Е.Бижанов, Ғ.Хожаниязов, Г.Караманова Тарийхый үлкетаныў (оқыў-методикалық қолланба) – Нөкис, 2006
38. Бобобеков Ҳ.Н. ва б., Ўзбекистон тарихи. Т., 1994.
39. Бобур Заҳириддин Муҳаммад, Бобурнома, Т.: Ўқитувчи, 2008.
40. Бухорий Садриддин Салим, Табаррук зиёратгоҳлар. Т.: Ёзувчи, 1993.



jámiyetlik-paydalı miynetke de tayarlap barıwǵa ayrıqsha itibar qaratıw tiyis ekenligi jáne de áhmiyetli boladı.

Mektep úlke tanıwınıń tábiyattı qorǵawdaǵı roli hám ornı ayrıqsha áhmiyetke iye boladı. Bul baǵdarda Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 50-statiyasında “Puqaralar átirap tábiyiy ortalıqqa abaylap qatnasta bolıwǵa májbúr”,-dep jazıp qoyılǵanlıǵı da oqıtıwshı ushın bul másele tábiyattı qorǵaw boyınsha alıp baratuǵın pedagogikalıq iskerliginiń tiykarın quraytuǵının kórsetedi. Úlketanıw hám turizm isiniń ilimiy-metodikalıq jaqtan durıs qoyılıwındaǵı áhmiyetli bir tárepi, pán arqalı jaslardı estetikalıq talǵamdı hár tárepleme qáliplestiriwde kózge taslanadı. Tariyxıy estelikler hám házirgi zaman qurılısların baqlap, dıqqat penen úyreniw arqalı tábiyat boylap seyil-sayaxatlar oqıwshılarda olarǵa bolǵan keń qızıǵıwların oyatıw menen birge tábiyattıń sırlarına tereńirek kirip barıp, onıń tákirarlanbas ómir’lik gózzallıqların seziniwlerine alıp keledi.

Úlke menen tanısıw arqalı oqıwshılarda ózi tuwılıp ósken jer – Watan haqqında, onıń uzaq-jaqın tariyxı, xalıqtıń jaratıwshılıq kúsh-qúdireti, dóretiwshiligi haqqında ayqınıraq elesletiw payda boladı hám bulardıń bárshesi ómir boyı yadında saqlanıp qaladı. Al bul bolsa óz náwbetinde jaslarımızdı ózligin ańlawda, milliy ǵarezsizlik ideyası ruwxında tárbiylaw da milliy oy-pikiriniń qáliplesiwinde áhmiyetli teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti bar. Tariyxıy úlketanıw hám turizm páni boyınsha tiyisli baǵdarlama arqalı orınlanatuǵın barlıq isler oqıwshıda izertlew baǵdarındaǵı ilimiy-pedagogikalıq iskerlik-kónlikpelerdiń qáliplesiwi hám rawajlanıwına unamlı tásir etetuǵınıń ayrıqsha aytıp ótiw tiyis boladı.

Úlketanıwdıń barlıq túrleri, ásirese mektep úlketanıwı birinshi gezekte, oqıwshılarda ilim alıwǵa bolǵan tilegin, olardı qorshaǵan dúnyaǵa keń kólemdegi qızıǵıw menen qarawın, ilimiy-ámeliy izertlewlerge degen meyillikti

de ózleri jasap, ósip-ulǵayıp baratırǵan aymaqlardıń jámiyetlik-ekonomikalıq, ruwxıy-aǵartıw hám tariyxıy rawajlanıwǵa qatnasta bolıw sezimin hám olarǵa keń qızıǵıw menen qatnasta bolıwların qáliplestiriwi tiyis.

Bunda oqıwshınıń tek óz pánin jaqsı biliwi gána emes, al tariyxıy úlketanıw hám turizm boyınsha ilimiy-metodikalıq hám didaktikalıq bilimlerdi jas awladqa jetkerip beriw tájriybesin iyelewi talap etiliwi tábiyiy.

Ótmish penen búgingi kún ortasında miyrasxorlıq dástúri bar. Ótmishti úyrenbey turıp, búgingi kún hám keleshektiń mańızın tereńnen ańlap bolmaydı. Demek, olar bir-biri menen baylanısqan. Usınnan kelip shıqqan halda, tariyxıy úlketanıw hán turizm pánine aymaǵımız xalıqları tárepinen jaratılǵan mádeniy esteliklerin, ruwxıy-maǵripiy miyrasın abaylap-asırawǵa, olardı jáne de bayıtıp, rawajlandırıwǵa xızmet etiwshi pán sıpatında da qarawımız zárúr. Pánniń hár túrli baǵdarları xalıqlardıń kóp qırlı qádiriyatların belgili bir kategoriya hám nızamlıqlar tiykarında úyrenetuǵını belgili. Al olar bolsa jaslardı watan súyiwshilik ruwxında tárbiyalaw ushın xızmet etetuǵın “Tariyxıy úlketanıw hám turizm” páni ushın da zárúr boladı.

Usı oqıw qollanbanıń xronoligiyalıq sheńberinde ayyemnen baslap tap búgingi kúnimizge shekem qamtıp alınǵan bolıp, ondá kem úyrenilgen ruwxıy hám maǵripiy qádiriyatlarımızdıń jetilisiw nızamları tariyxıy, filosofiyalıq, etnopsixologiyalıq, Toponimikalıq kóz qarastan múnasibette bolǵan halda úyreniledi, úlketanıw materiallarınıń muzey hám arxivlerde saqlaw jolları, usılları hám tárbiyalıq áhmiyeti talqılanadı.

Belgili bir xalıqlar hám mámleketlerdiń rawajlanıp barıwı barısında yaki onıń basıp ótkeń uzaq yaki jaqın tariyxıy rawajlanıw jollarında sonday bir dáwirler de bolǵan, olar sol dáwirde jámiyetlik-ekonomikalıq hám mádeniy turmıstıń bir qansha yaki kóplegen shaqaplarında salıstırmalı asa biyik shıńlarǵa kóterilgen, al erisken materiallıq hám ruwxıy tabısları bolsa adamlardı hayran qaldırǵanlıǵı,



## A`debiyatlar dizimi

### I. Ja`miyetlik-siyasiy a`debiyatlar

1. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Т., 1998.
2. Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. Т., 1996.
3. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т., 1998.
4. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараққиёт йўли. Т., 1992.
5. Каримов И.А. Биздан озод ва обод ватан қолсин. Т.: Ўзбекистон, 1996.
6. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т.: Ўзбекистон, 1995.
7. Каримов И.А. Ўзбекистон - келажаги буюк давлат. Т.: Ўзбекистон, 1996.
8. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлида. Т.- 4. Тошкент: Ўзбекистон, 1996.
9. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқорарлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т.: Ўзбекистон, 1997.
10. Каримов И.А. Юксак маънавият - енгилмас куч. Т.: Маънавият, 2008.
11. Ўзбекистонда туризм ривожланишининг 2005 йилгача бўлган давлат дастури. Ўзбекистон Республикаси Президенти фармони (ПФ-№2286, 15.04.1999 й) // Халқ сўзи. 1999 йил 16-апрель.
12. Каримов И.А. Эришилган ютуқларни мустаҳкамлаб янги марралар сари изчил ҳаракат қилишимиз лозим // Халқ сўзи. 2006 йил 11-февраль.
13. Каримов И.А. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. Тошкент: Ўзбекистон, 2009.
14. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. Т.: Ўзбекистон, 2008.

### II. İlmiy ha`m metodikalıq a`debiyatlar

15. Абдуллаҳатов Н., Эшонбобоев О. Кўҳна Марғилон зиёратгоҳлари. Фарғона, 2007.
16. Абулғозий. Шажрайи турк. Т., 1992.
17. Академик Яҳё Ғуломов замондошлари ва шогирдлари хотирасида. Тошкент-Самарқанд, 2008.
18. Алимов И., Эргашев Ф., Бўтаев А. Архившурослик. Т., 1997.
19. Алимова D., Филонович М. Тошкент тарихи. Т., 2007.

Sonday bolsa da, tán alıw kerek boladı, sharqana ólshewler hám olardıń qollanılıwı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı úyreniw úlke tariyxı hám turizmdi úyreniwde ayrıqsha áhmiyetke iye.



tolqınlandırıp, karamattay itibardı ózine tarta alǵanlıǵı tariyxtan belgili. Al biziń házirgi dáwirimizge shekem kóp muǵdarda saqlanıp qalǵan xalıq materiallıq-ruwxıy miyrasın úyreniw, jas áwladtı jaqınnan tanıstırıp barıw bolsa olardı dóretiwshilikke, ilimiy izleniwlerge umtılisların arttırıp, esteliklerimizdi hám ruwxıyatımızdı abaylap-asırawǵa shaqıradı.

Bul pán ózinde tariyxıy, geografiyalıq, antropologiyalıq, arxeologiyalıq, etnografiyalıq, Toponimikalıq maǵluwmtlar hám materiallardı, sonday-aq, eń dáslepki jazıwlardıń payda bolıw tariyxı, turizm, onıń qáliplesiwi, baǵdar hám túrleri haqqında qısqasha maǵlıwmatlardı jámlestirgen.

Al mámleketimizde seyil-sayaxattı rawajlandırıw ushın bolsa úlken imkaniyatlar bar. Ásirese, Samarqand, Buxara, Xiywa, Termiz, Shahrisabiz, Tashkent, Quva, Axsikenttey qalalarımız búgin dúnyaǵa tanılǵan. Al úlkemizdiń tábiyatı bolsa ıqlım-sharayatı qısı-jazı sayaxatshılardı qabıllaw imkaniyatın beredi.

Demek, pánniń aldında turǵan juwapkershilik júdá salmaqlı, sebebi, jas aw’ladtı insansúyiwshi, ruwxıy jaqtan jetik, kamalına jetken insan bolıp qáliplesiwinde “Tariyxıy úlketanıw hám turizm” pánin úyreniwge bolǵan mútajlik barǵan sayın artıp barmaqta.

## I-BAP. TARIYXIY ÚLKETANIW HÁM TURIZMNIŃ RAWAJLANIWI, TIYKARǴI DEREKLERI. JAZIWLARDIŃ TARIYXI

### 1-tema: "Tariyxıy úlketanıw hám turizm" paniniń predmeti, rawajlanıw basqıshları

**Reje:**

1. "Tariyxıy úlketanıw hám turizm" pánine kirisiw, onıń predmeti hám de túrleri
2. Úlketanıwdıń rawajlanıwı.
3. Jergilikli izertlewler.

**Tayanısh sózler:** úlketanıwdıń túrleri, úlketanıwdıń rawajlanıwı, jergilikli izertlewler, mámleket úlketanıwı, jámáát úlketanıwı, mektep úlketanıwı, licey hám kásip-óner kolledjleri úlketanıwı, úlkeniń tariyxı.

**Tariyxıy úlketanıw hám turizm pániniń predmeti.**

Úlke hám xalıqtıń ótmishin, onıń eń áyyemgi dáwirlerden baslap tap házirge shekemgi jámiyetlik-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy tárepten rawajlanıp barıwınıń en áhmiyetli tárepleri, yaǵnıy: úlkede eń dáslepki adamzattıń jasaw orınları, turmıs qálpi, urıw, qáwim, elat hám millettiń etnomádeniy rawajlanıwı, awıl, qala, mámleketlerdiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı, tariyxıy estelikler, muqaddes ziyarat orınları, olardıń atları menen baylanıslı bolǵan úlkeniń Toponimikasın, turizmniń rawajlanıw tariyxı hám búgingi awhalın, respublikamız ǵárezsizlikke eriskennen keyin ámelge asırılıp atırǵan kólemli jaratıwshılıq islerin úyreniw, izertlew hám úgitlewden ibarat.

**Tariyxıy úlketanıw hám turizm pániniń maqseti**

Úlke hám xalıqtıń tariyxın úyreniw, oqıwshılarda mádeniy miyrastan maqtanıw tuyǵısın oyatıw, qádiriyatlarımızǵa sadıqlıq, onı shet el sayatxatshılarına maqtanısh penen ayta alıw ruwxın sińdiriw arqalı Watanǵa hám xalıqqa degen muhabattı jáne de kúsheytiwge qaratılǵan. Sonday-aq,



Sonday-aq, xalqımız qulash, qádem (adım), uwıs, kóz benen shamalawday ólshewlerdi de kúndelikli turmısta ázelden qollanıp kelmekte.

Túrkistan carizm koloniyasına aylandırılǵannan soń pud, arshın menen birge vershok, desyatina, sarjindey ólshew birlikleri de ámelde keń qollanıla baslaǵan.

Puldıń aylanısına derekli ólshewler de hár túrli orında hár túrli bolǵan. Máselen, 1878-jılı Shıǵıs Túrkistanda gúmis pullar tómendegishe bes túrli atamada shıǵarılǵan:

1. Yarım mısqal – 1,80 gramm.
2. Bir mısqal – 3,60 gramm.
3. Eki mısqal – 7,20 gramm.
4. Úsh mısqal – 10,80 gramm.
5. Bes mısqal – 18 gramm.

Bul pullardıń atamaları hám qunları da hár túrli bolǵan. Altınnan oyılǵan pul – tilla, gúmisten jasalǵan pul – teńge, al mıstan jasalǵanı pul – yamaq yaki mayda pul dep atalǵan. Bul pullardıń salmaq awırlıǵı tómendegishe bolǵan:

Tilla puldıń salmaǵı – 3,6 gramm.

Gúmis puldıń salmaǵı – 1,8 gramm.

Mıs puldıń salmaǵı – 3,6 gramm.

Qullası, sharqana ólshewdiń túrleri sonshelli kóp hám reń-báreń bolıp, dereklerdiń tiykarında tereń etnografiyalıq izleniw – ilimiy izleniwlerdi alıp barıw talap etiledi. Biz joqarıda esapqa alınǵan ólshew birlikleri yaki olardıń hár birine tiyisli bolǵan ólshew-shama dárejeleri ádewir tartıs hám talaslardı keltirip shıǵarıwı tábiyiy. Sebebi, geypara ólshewler (máselen, batpan, mısqal) Orta Aziya, sonnan Ózbekstannıń hár túrli aymaqlarında hár túrli muǵdarda qollanılǵan, tariyxıy hám kórkem ádebiyatlarda da hár túrli analizlengen.

Dinar – altın, gúmis teńge, mayda pul. 4,235 gramm awırlıqtaǵı altın teńge. XIV ásirde Maverennaxrda bir dinar eki mısqal gúmis teńgege teń bolǵan.

Dirham – orta ásirlerdegi arab gúmis teńgesi: 3,435 gramm awırlıqtaǵı altın teńge. XIV ásirde Maverennaxrda úshten bir mısqal awırlıqtaǵı gúmis teńge.

Kafan yaki Panj sira – Buxara ámirliginde xirojdan basqa ámeldarlardıń paydasına hár batpan biydaydan bir pul muǵdarında alınatuǵın salıq.

Lak – júz mıń (kóbinese adamlarǵa qarata aytılǵan).

Miri – bes tiyinlik mayday pul.

Ań pulı yaki suw pulı – hár bir dıyxan suwdan paydalanǵanlıǵı ushın jılına bir teńgeden tap úsh teńgege shekem salıq tólegen.

Aziya pulı yaki Digirman pulı – Buxara ámirliginde hár bir qol digirmanınan jılına 20 teńgeden 100 teńgege shekem (3 sómnan 15 sómǵa shekem) salınatuǵın salıq.

Paqir – eki tiyin.

Tanap pulı – ózbek xanlıqlarında hár bir tanap bede ushın jılına 40 teńge (6 swm) muǵdarında alınatuǵın salıq, baǵ salıǵı.

Tuman – on mıń (kóbinese adamlarǵa qarata aytıladı).

Ushır – Túrkistanda awıl xojalıǵınıń áhmiyetli salıq túrlerinen biri, hár qanday dáramattan onnan bir bólegi shamasında alınǵan. Buxara ámirliginde ushır daxyak dep atalǵan.

Xas pulı – XX ásir baslarında Buxara ámirliginde jaylawlardan paydalanıw ushın sharwalardan alınatuǵın salıq túri.

Xiroj – daramat salıǵı, zúrááttiń ushten bir bóleginen alınǵan.

Qus pulı – XX ásir baslarında Buxara ámirliginde hár jup jumıs haywanı esabınan alınatuǵın salıq.

Xazor – mıń. Xorezm walayatındaǵı Xazarasp rayonınıń atı(toponim)nıń hám "mıń at" degen maǵananı bildiredi. Asp – "at" degeni boladı.



xalqımız tariyxı, onıń rawajlanıp barıw processlerin, áhmiyetli jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy ómirge tiysili bolǵan bayan etiwlerdi oqıwshı-jaslarǵa túsindiriw arqalı olarda ótmishke húrmet, ǵárezsizlik ideyalarına sadıqlıq, búgingi ǵárezsizlik bergen azatlıqtı qádirlew menen baylanıslı túsinik hám tuyǵılardı qáliplestiriwden ibarat.

**Tariyxıy úlketanıw hám turizm pániniń wazıypası**

Watanımızdıń tariyxın, onıń eń áyyemgi dáwirlerden baslap tap búginge shekem bolǵan dáwirdi, orınlardaǵı ruwxıy hám materiallıq esteliklerdi arxeologoyalıq materiallar, etnografiyalıq, Toponimikalıq maǵlıwmatlar, arxivtanıw hújjetleri, muzey eksponatları hám turizmge derek bolǵan túsinikler arqalı izetrlew hám úgitlewden ibarat. Sonıń menen birge oqıwshı-talabalarda Watanǵa muhabbat, ózi tuwılıp ósken jirtqa húrmet hám izzet, basqa xalıqlardıń qádiriyatlarına degen húrmetti qáliplestiriwge qaratılǵan.

Tariyxqa názer salsaq, óz úlkesin súyip, onıń topıraǵın ardaqlaǵan ata-babalarımız – xalqımız kóz aldımızda kórindi. Hadisiy sharifte de "Watandı súyiw iymannandur",- degen qatarlarǵa dus kelemiz. Sebebi, ana-jurt perzentleri ushın Watandı súyiw, onıń tariyxın úyreniw, qálibke jámlep alıw muqaddes minnet bolıp tabıladı.

Qálipte Watan tuyǵısı menen jasap, xalıqqa mehr-muhabbat, sadıqlıq ıshqında iskerlik alıp barǵan, gúresken qanshadan-qansha tulǵalar ilim-pán, dóretiwshilikte, kásip-óner, mártebede , kóre almawshılarǵa qarsı urıs-jánjellerde biyik tabıslarǵa erisken, uluǵlıq mártebesine jetisken. Máselen, olarǵa Shıraq, Tumaris, Spitamenlerdi, Muhammed Xorazmiy, Axmad Ferǵaniy, Abiw Nasir Farabiy, Abiw Aliy Ibn Sina, Imam Bixariy, Jalaladdin Manguberdi, Najmiddin Kubra, Amir Temur, Mırza Uluǵbek, Alisher Nawayı, Zahiriddin Muhammed Babur, Uvaysiy, Nadira, Muqumiy, Mahmudxoja Behbudiy, Abdulla Avloniy, Abdulla Qodiriy, Gafur Gulom, Musa

Tashmihammed uǵlı Aybek, Yahyo Ǵulomov, Zulfiya, Azat Sharafiddinov hám basqa da usınday kóplegen atlardıın mısal etip keltirip ótiwimiz múmkin. Olardıń atları óshpes, máńgilikke tutasqan bolıp, minnetdar xalıq tárepinen udayı este saqlap barıladı.

Watan teması, onı ulıǵlaw kóplegen dóretiwshilerdiń shıǵarmalarında jetekshi mártebeni iyelep kelgen. Máselen, ataqlı xalıq jazıwshısınıń qálemine tiyisli qosıqlardan biri tómendegi qatarlardan baslanǵan:

Watandı súy, topıraǵın súy,

Hár qarısı muqaddes bizge.

Shólindegi hátteki quwraǵan shóp ,

Jannan jaqın júregimizge (Aybek).

Watan hám xalıqqa degen itibar, muhabbattıń artıp barıwı jurtımızdıń puqaraların, ásirese, jaslarımızdıń eń áhmiyetli paziyletlerine aylanıwı zárúr. Al bul bolsa óz náwbetinde adamlardan úlkeni, xalqımızdıń ótmishi hám búgingi turmısiń jaqınnan úyrenip barıwların talap etedi. Watandı úyreniw – bosaǵadan, yaǵnıy, úy-dógerek, máhálle yaki awıl, rayon, qala, elat hám óz náwbetinde, bir pútin úlke – Ózbekstan ımızdı úyreniw menen baylanıslı bolsa, sonıń menen bir waqıtta, xalıqtı úyreniw de adamnıń tuwılǵan jeri – úyindegi shańaraq aǵzaları, tuwǵan-tuwısqanları – shejiresin, sonday-aq, xalqımızdıń tariyxı hám házirgi turmısı menen tanısip barıwları menen tıǵız baylanıslı boladı.

Watan hám xalqımız, onıń uzaq-jaqın ótmishi, búgingi turmısına tiyisli izertlewler, izleniwlerdi ámelge asırıw, olardı jaqınnan úyreniwge kirisiwde bolsa kóbirek úlketanıwdıń tómendegi túrleri arqalı ámelge asırıladı.

Úlketanıwdıń túrleri

Úlketanıw óziniń shólkemlestiriw formasına qarata tómendegi 4 túrge bólinedi:

1) mámleket úlketanıwı;

2) jámáát úlketanıwı;



barmaǵınıń ushınan murnına (yarım qulash) yaki bir qolınıń ushınan ekinshi qolınıń qoltıǵına shekem bir gez dep esaplanǵan. Bir gez Amir Temur dáwirinde 70 sm ge teń bolǵan. XIX ásirge kelip bir gez Ferǵana oypatında 83-85 sm, Tashkentte 89 sm, al Buxarada 106,68 sm ge teń bolǵan. Kópshilik orınlarda gez 1 metrden uzın, anıǵıraǵı 106 sm bolǵan.

Gazi hoshimi – 16,5 sm.

Eki manzil – atlı adam bir kúnde basıp ótiwi múmkin bolǵan aralıq, shama menen 50 km.

Yiroch – bir tas jol- 1-12 km.

Mil – ilimiy ádebiyatta mil (milya) eki túrli gezlesedi. Geografiyalıq mil – 7240 m. arab mili bunnan biraz parıqlanǵan. Oraylıq Aziyada mil áyyemnen belgili bol’ǵan. Bir mil Shıǵısta shama menen 2 km ge teń bolǵan.

Tanap – uzınlıgı shama menen 60 gez (39,9 m) bolǵan hám maydanı 60x60, yaǵnıy 3600 kv gezge teń bolǵan jer maydanı, 17-18 sotix, geypara orınlarda 0,5 gektar.

Temir gez – 58,187 sm.

Tas – Maverennaxrda orta ásirlerde 8,5-9,5 shaqırımǵa teń yaki 7-8 km.

Tutam nush – 8 sm.

Farsax yaki Farsang – Túrkistanda 9-12 qádem yaki shama menen 7-8 shaqırımǵa teń aralıq ólshewi, geyde 8,5-9,5 km.

Shaqırım – dawıs esitiletuǵın aralıq – 853 m.

Qarı – 55 sm.

Qarıs – 20 sm.

### 3. Baha ólshewleri

Bir teńge – Buxara ámirliginde 15 tiyinge, Qoqan xanlıǵında 20 tiyinge teń bolǵan gúmis pul.

Daxyak – salıq pulı, barliq dáramatlardıń onnan bir bólegi.

Zakat – awıl xojalıǵı, sawda hám ónermentshilikten túsetuǵın jıllıq dáramattan qırıqtan bir muǵdarında alınatuǵın salıq túrı.

Mann – 680 grammlı awırlıq ólshewi.

Minn – úsh kilogrammlıq júk.

Mısqal – 4,1 – 4,4 gramm. Oraylıq Aziyada XIV-XIX ásirlerde 4,5 grammlıq gúmis teńge. Buxarada 4,8-5,2 gramm, Samarqandta 4,6 gramm, Ferǵana oypatında 4,53-4,55 gramm bolǵan. Sherek mısqal (bir gramm), sherek sherek mısqal (2 gramm) átir-upa hám zergerlik ólshewi bolǵan. Bir mısqal qadaqtıń 1/84 úlesine de teń bolǵan.

Osor – 17 gramm.

Paysa – Fergana oypatında 26,6 gramm, Tashkentte 32,2 gramm, geypara rayonlarda 50 grammnan zıyat bolǵ'an awırlıq ólshewi. Buxara ámirliginde jumıs haywanlarınıń bir basınan alınatuǵın qus pulınan basqa hár bir at hám eshektiń bir basınan 8-12 pud biyday qunınan alınatuǵın salıq.

Uqya – 33,4 gramm.

Qadaq – 400 grammnan artıq.

Qiyrat – mısqaldıń1/24 bólegi yaki 0,195 yaki 0,236 gramm.

Xobba – 0,059 yaki 0,6071 gramm.

## 2. Aralıq ólshewleri

Andoza – ólshew, qálip, nusqa.

Arsa – maydan, sahna.

Arshın – 65,2 sm ge shekem bolǵan uzınlıq ólshewi. Bir oq atım jer – 110-125 metr. Bir shaqırım jer 215 m.

Batpan – jer ólshewi. Bir batpan awırlıqtaǵı biyday yaki arpa sebiliwi múmkin bolǵan jer bir batpan dep esaplanǵan. Shama menen bir gektar jerde teń bolǵan maydan ólshew birliigi.

Gez – Maverennaxrda orta ásirlerde ortasha jeti mushtıń enine (tayaqtı uslaǵanda tutamǵa) teń bolǵan. Kópshilik hallarda orta boylı adamnıń



3) mektep úlketanıwı;

4) akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri úlketanıwı.

Úlketanıwdıń hár tórt túri óz ara bir-biri menen baylanıslı bolıp, biri ekinshisin tolıqtiradı.

Mámleket úlketanıwı respublikada Mádeniayat hám sport isleri wázirligi, onıń tariyxıy hám mádeniy esteliklerdi qorǵaw hám de olardan paydalanıw komiteti, mizeyler, Respublika Ilimler Akademiyası qasındaǵı Tariyx hám Arxeologiya institutları úlketanıw izertlewleri menen shuǵıllanadı.

Jámáát úlketanıwı awıl, rayon, qala hám walayat aymaǵındaǵı tarixıy esteliklerdi saqlaw hám asıraw islerin uyımlastırıw, shólkemlestiriw menen birge, orınlarda jasap turǵan xalıqlardıń kelip shıǵıwı (entigenezisi), úrp-ádetlerin úyrenedi hám de ataqlı shaxslar, miynet qaharmanlarınıń esteligin máńgilestiriw ushın háykeller, máńgi jalın, húrmet taxtaların shólkemlestiriwde jergilikli hákimayatqa járdem beredi. Jámáát ulketanıwı jámááti qatarında teńge-pullardı úyreniwshi háwesker qániygeler – numizmatlar, mórlerdi úyreniwshiler - sfragistler, tamǵa (gerb)lardı úyreniwshiler – geraldistler, tas, metall, farfor hám aǵashlardaǵı jazıwlardı úyreniwshi alımlar- efigrafistler, eski ásbap-úskeneler hám qural-saymanlar hám usındaylardı jıynawshılar da uyımlasadı.

Mektep úlketanıwı bolsa mekteplerde tariyx, shaxs hám jámiyet, geografiya páni oqıtıwshılarınıń tikkeley basshılıǵında shólkemlestiriledi. Mektep úlketanıwınıń aǵzaları V-IX klasslardıń eń jedel, úlgili oqıwshılarınan dúzilip, olar úlkege tiyisli materiallardı tórt toparǵa bólingen halında toplaydı. Toplanǵan arxeologiyalıq, etnografiyalıq, Toponimikalıq maǵlıwmat hám materiallar hám de arxiv hújjetleri mektep úlketanıwı hám taryix muzeylerinde kórgizbeli kórsetip barıladı.

Mektep úlketanıwında tálim-tárbiya turmıs, óndiris, jańa jámiyet qurıw tájiriybesi menen tıgız baylanısta úyreniledi. Óqıtıwdın barısında úlkeniń materiallarınan orınlı paydalanıw oqıwshılardıń óz úlkesiniń tariyxın úyrenip,

tereń bilim alıwına, óz betinshe dóretiwshilik penen shuǵıllanıwǵa járdem beredi hám de kásiplerge degen qızıǵıwların kúsheytip, keleshek ómir jolların tańlap alıwlarına járdem beredi.

Oqıwshılardı ózi tuwılıp ósken úlkeniń tariyxı menen jaqınnan tanıstırıp barıw olarda tek tariyxıy elesletiwlerdi ǵana emes, al sonıń menen bir waqıtta, geografiyalıq, ekologiyalıq, tábiyattanıwǵa tiyisli túsiniklerdi qáliplestiriwde de ayrıqsha pedagogikalıq há'm metodikalıq áhmiyetke iye.

Mektep úlketanıwı eki bólimnen ibarat bolıp, oqıw barısında (oqıw baǵdarlaması tiykarında) hám baǵdarlamadan tıs (mekteptiń tárbiyalıq isler rejesine muwapıq) ámelge asırıladı. Oqıw dawamında (klassta) alıp barılatuǵın úlketanıw isleri de eki maqsetke qaratılıǵan. Birinshisi, óz úlkesiniń ótmishin arxeologiyalıq, etnografikalıq, Toponimikalıq materiallar, qol jazba shıǵarmalar hám arxiv hújjetleri tiykarında úyreniw hám úlketanıw materialların bir sistemaǵa salıw bolsa, ekinshiden, toplanǵan úlketanıw materialların tariyx hám de shaxs hám jámiyet sabaqlarında paydalanıw. Klassta alıp barılatuǵın úlketanıw islerinde barlıq oqıwshılardıń qatnasıwı tábiyiy esaplanadı. Mektepten tıs alıp barılatuǵın úlketanıw isleri, yaǵnıy sayaxatlar, al atxeologiyalıq ilimiy saparlarda bolsa Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń Tariyx hám Arxeologiya institutlarınıń usınısı menen ǵana usı iske uqıbı bar oqıwshılar qatnasadı.

Mámleket, xalqımızdıń táliminiń tariyxına názer salar ekenbiz, úlketanıw jergilikli xalıqtıń jaratıwshılıq islerin jedellestiriwde ómirimizdiń barlıq shaqapların útreniwge qaratılǵan jámiyetlik háreket dárejesinde alıp barılǵanlıǵınıń guwası bolamız.

Ataqlı úlketanıwshı alım A.S.Barkovtıń pikiri boyınsha, úlketanıw ózgesheligi haqqında sóz etilgende, oǵan mekteplerde oqıtılatuǵın ayırım pán sıpatında qarap kelingen. A.S.Barkov: "úlketanıw – bul ilmiy pánler jámlemesi bolıp, mazmunı hám izertlewdiń jeke metodları hám hár túrli baǵdarlarǵa iye



Házirgi ulǵayıp atırǵan jas áwlad, eń áweli, óziniń ótmish tariyxın tereń biliwi tiyis. Sharqana óshewler de usı úlkeniń taiyxınıń ajıralmas bir bólegi esaplanadı.

Ózbekstannıń ǵárezsizligi sebepli milliy ózlikti ańlawǵa jol ashıldı, umıtılıwǵa jaqın bolǵan qádiriyatlarımız qayta tiklene basladı, puqaralarımızdıń úlkemizdiń tariyxına qızıǵiwları da jáne de kúsheymekte.

Endi bolsa ótmishte keń qollanılǵan, al házirde kemnen-kem ushırasatuǵın sharqana ólshew birliklerine qısqasha toqtap ótemiz.

Sharqana ólshewlerdi tómendegi úsh túrge bóliw múmkin: awırlıq, aralıq hám bahanıń ólshewleri.

**1.Awırlıq óshewleri**

Batpan (mann) – awırlıq ólshem birligi bolıp tabıladı. Ol eki túrge bólingen:

1. Úlken batpan 171,99 kg ǵa teń bolǵan.

2. Kishi batpan 20,6 kg ǵa teń bolǵan.

Biraq hár túrli orınlarda batpannıń shaması hár túrli bolıp ózgerip barǵan. Xorezmde (XIX ásir) 16-20 kg nan, 40,95 kg ǵa shekem, Buxarada hám Samarqandta 8 pud (131, 163, 800 kg), Ferǵana oypatında 8 - 10 pud, Tashkentte 10,5 pud (171,9 kg) bolǵan.

Daxsar – batpannıń tórtten bir bólegi, geyde 32 kg.

Dirxam – 2,975 gramm yaki 0,531 gramm

Donak – 0,495 gramm yaki 0,531 gramm.

Jarib – eki túrge bólingen. Awırlıq hám maydan ólshew birligi sıpatında qollanılǵan. Orta ásirlerde Jaqın hám Orta Shıǵıs, sonıń ishinde Maverennaxr da qollanılǵan awırlıq ólshewi sıpatında dáslep (VII-IX ásirlerde) 22,825 kg dı, maydan óshewi sıpatında kishi jarib 1592 kv m , úlken jarib 5837 kv m di quraydı. Túrkistan huqıqıy hújjetlerinde jarib penen tanap birdey maydan ólshemin ańlatqan. "Temur tuzukleri"nde bir jarib 598 kv m ge teń delingen. Házir Iranda bir jarib bir gektarǵa teń bolǵan birlik sıpatında qollanıladı.

3. Materiallıq ótmish esteliklerindey nárselerdi dizimge alıwda iyesi haqqında, al máresimlerdi dizimge alǵanda bolsa, olardı ótkeriw qaǵıydaları haqqında maǵlıwmatlar tolıq jazıladı;

4. Jazıwdı alıp barıwshı adamnıń tolıq familiyası, ismi, sharipi, waqtı (kún, ay, jıl) esapqa alınadı.

Ekspediciya tamamalanǵannan keyin, sayaxatshı yaki etnograf tárepinen dala maǵlıwmatları qayta islenip, tekserilip, arxivke tapsırıladı.

**Sharqana ólshew birlikleri**

Kópshilik adamlar gramm, kilogramm, pud, centner, tonna degen awırlıq, millimetr, santimetr, metr, kilometr degen aralıq, tiyin, swmday baha ólshemlerin júda jaqsı bilmewi múmkin. Sharqana ólshew birlikleri haqqındaǵı maǵlıwmatlar, tiykarınan, turistlik sayaxat – izertlewler nátiyjesinde jıynalǵanlıǵın ayrıqsha aytıp ótiw tiyis. Bul ólshew birlikleriniń kópshiligi Túrkistan carizm koloniyasına aylandırılǵannan keyin, kúndelikli turmısta keńnen qollanıla baslaǵan edi, sońınan bolsa áste-aqırın mıń jıllar qolanılıp kelingen ólshewler, zamananıń talabı menen qollanıwdan shıǵıp qaldı.

Ózbek xalqınıń áyyemgi “Jeti ólshep bir kes”, “Birewdiki mıńǵa, mıńdiki tumanǵa”, “Baǵdı kútseń, baǵ bolar, batpan-batpan may bolar”, “Bir miri – payda, on miri – zıyan” degen júdá kóplegen hikmetli sózler keń tarqalǵan. Sonday-aq, kóplegen tariyxıy, kórkem hám basqa jazba dereklerdi oqısańız da ótmishte qollanılǵan hár túrli sharqana ólshewlerge kózińız túsedi. Usınday ólshew túrlerinen ata-babalarımızdıń turmıs qálpi, miynet ham xojalıq iskerliginde keń paydalanılgan.

Hár túrli tariyxıy dereklerde ushırasıp turatuǵın bunday sharqana ólshewler ómir hám turmıstıń shıǵrıǵınan ótip, ásirlerden ótip jasap kelmekte yaki kópshiligi umıtılǵan yaki paydalanıwdan shıǵıp qalǵan, geyparaları bolsa tek kekselerdiń esinde ǵana qalǵan.



bolǵan, biraq mámleket dúzilisi mápi jolında úlkeni hár tárepleme (kompleks) úyreniliwin talap etetuǵın pán”[1]-dep aytıp ótkeń edi.

Mektep úlketanıwında tiykarǵı isler oqıtiwshınıń basshılıǵında anıq reje hám maqsetlerge qarap iskerlikti alıp baratuǵın oqıwshılardıń toparına baylanıslı boladı. Sonday-aq, úlkeni úyreniwde jergilikli xalıq, sayaxatshılar da shuǵıllanıwları múmkin. Rayon, walayat mádeniyat úyleri, hár túrli klublar da bul salada iskerlik alıp baradı. Mektep úlketanıwınıń mazmunı, ondá oqıwshılar óz úlkeleriniń belgili bir aymaǵın tikkeley oqıtiwshılarınıń basshılıǵında hár tárepleme úyreniwden ibarat. Mektep úlketanıwı jámáát úlketanıwınan, ol tek oqıtıwshılardıń baslaması menen ámelge asırılıp, mekteptiń aldına qoyǵan oqıw-tárbiya isleriniń dáwir talapları dárejesinde úylesimlilikte alıp barıwǵa xızmet etiwi menen ózgeshelenedi.

Oqıtıwshı oqıwshılardıń úlketanıw islerine basshılıq etiwden aldın hár bir pán baǵdarlamasınıń talabı, klasstaǵı oqıwshılardıń qızıǵıwları, ol jerde alıp barılatuǵın úlketanıw isleriniń jolları hám metodların aldınnan hár tárepleme úyrenip, anıq rejelestirip alǵan bolıwı kerek. Sonıń ushın da mektep úlketanıwınıń nátiyjeliligi, onı shólkemlestirip basqarıp atırǵan oqıtıwshınıń tálimdi qanday iyelep alǵanlıǵı hám onı basqarıwdaǵı sheberligine baylanıslı boladı. Oqıtıwshı oqıwshınıń ózi úyrenip atırǵan úlkesin jaqsı, hár tárepleme bilip alıwın , onı udayı sistemalı túrde ápiwayıdan – quramalıga qarap úyrenip barıwın talap etedi. Sonıń menen bir waqıtta, mektep úlketanıwı oqıtıwshınıń pedagogikalıq sheberliginiń jetilisiwinde de úlken áhmiyetke iye boladı.

Oqıwshılar menen úlketanıw jumısların joqarı tálim-tárbiyalıq dárejede alıp barıw, yaǵnıy oqıwshılarǵa zárúr bilimlerdi anıq sanlar, dálilli derekler, kórgizbeli qurallar arqalı jetkerip beriw olardıń bilim dárejesin, elesletiw hám túsinikleriniń artıwina xızmet etedi. Tariyxıy úlketanıw hám turizm páni ushın

[1] Барков А.С. Вопросы методики и истории краеведения. Москва: Изд-во АПН РСФСР, 1962. С.67.

oqıtıwshı hám oqıwshılardıń tálim-tárbiyaları haqqında ilimiy-pedagogikalıq izertlew alıp barıwdıń eń muwapıq jolı hám obyekti esaplanadı.

Tálim tariyxınıń tájiriybesi Ózbekstan xalıqlarınıń tariyxın jergilikli (rayon, walayat, respublika) úlketanıw materiallarısız hám olardıń tiykarǵı derekleri: arxeologiyalıq, etnografiyalıq materiallar, Toponimikalıq maǵlıwmatlar, arxiv hújjetleri hám muzeydiń materiallarısız, sonday-aq, bul boyınsha kúndelikli baspa sóz xabarları hám basqa tariyxıy dereklersiz unamlı nátiyjelerge erisiwdi támiynlep bolmaytuǵıninan derek beredi. Bunıń eń aldı menen joqarı oqıw orınlarında tariyx fakultetlerinde talabalar hám jergilikli tariyx oqıtiwshıları ushın sistemalı tárizde seminarlar ótkeriliwi, rayon, qala, walayat tariyx hám úlketanıw muzeylerine sayaxatlar uyımlastırılıwı, tariyxıw úlketanıw muzeylerinde lekciyalar shólkemlestiriw tiyis boladı. Bunday ilajlarǵa talabalar menen birge rayon ulıwma bilim beriw mektepleri, akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleriniń tariyx páni oqıtiwshıların tartıw talapqa ılayıq boladı. Mine usınday isler orınlanǵanda ǵana tálimniń real ómir, turmıs penen baylanısın bekkemlewge, basqasha aytqanda, tálim-tárbiyanıń óz ara baylanıslı halda hám teoriyalıq, hám ámeliy tárepten úylesimli túrde ámelge asırıwdıń imkaniyatları jaratıladı.

Akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri úlketanıwı orta arnawlı, kásip-óner tálimi sisteması oqıwshıları, yaǵnıy I-III kurslarınıń belsendi, talantli talabaları tartıladı. Olarǵa "Tariyx", "Milliy ideya", "Mámleket hám huqıq tiykarları" pánleriniń oqıtiwshıları basshılıq etedi. Bunda talabalar sonıń menen bir waqıtta tek oqıp-úyrenip ǵana qoymastan, al dáslepki ilimiy izleniwlerdi de alıp baradı.

Akademiyalıq licey hán kásip-óner kolledjleriniń úlketanıwı joqarıda aytıp ótilgen pánlerden alǵan bilimlerin keńeytedi hám ayqınlastıradı. Al bulardıń barlıǵı bolsa hár túrli pánler ortasındaǵı óz ara baylanıslılıqtı támiyinlewge de xızmet etedi.



alıwda bir informatordan alınǵan materiallardı basqaları menen salistırıp kóriw júdá áhmiyetli esaplanadı.

Ekspediciya aǵzası dala islerinde buyım-ánjamlardı dizimge aladı, súwretke túsiredi hám súwretli kórinisti sızadı, tiyisli bolsa, magnitofon lentasına jazıp ta aladı.

Sayaxat waqtında ekzpediciya qatnasıwshısınıń dala dápteri yaki kúndelik dárter júrgiziw júdá ahmiyetli bolıp tabıladı. Dápterdiń birinshi betinde úyrenilip atırǵan tema, qatnasiwshınıń familiyası hám ismi, ekspediciya ótkerilip atırǵan waqtı anıq kórsetiledi.

Etnograf dápterdiń betlerin tártip nomeri menen belgilep shıǵadı hám aqırında ulıwma betlerdiń sanın jámlep jazadı. Bettiń bir tarepine jazıw, al bir tárepiniń ashıq qalıwı usınıs etiledi. Sebebi bos betke jańa qosımsha maǵlıwmatlar esapqa alınadı. Eger basqa informator menen sáwbet baslansa jańa bet ashılıp, maǵlıwmatlar jazıladı. Maǵlıwmatlardı dápterge shıraylı hám oqımısli etip jazıw kerek. Eger bunıń ilajı bolmasa, sáwbet dáwirinde arnawlı qoyın dápterge belgiler menen qısqartıp jazıp, al sonınan ayırım tutılǵan dápterge keńeytip, kóshirip jazıw múmkin.

Dápterge hár qıylı maǵlıwmattı anıqlaw hám toltırıw usı dápterdiń iyesi bolǵan ekspediciya qatnasıwshısı tárepinen ámelge asırıladı. Bul magluwmatlardı basqa adam dúzetse yaki tolıqtırsa dala hújjetlerin alıp barıw buzıladı. Dápterdiń betlerinen jırtıp alıw da qatań qadaǵan etiledi.

Sáwbet baslanıwınan aldın ekspediciya aǵzasi dáslep tómendegi maǵlıwmatlardı esapqa alıwı kerek:

1. Jazıw ornın (walayat, rayon, jámáát hám mámleket xojalıqları, awıl, kárxana yaki mákeme);

2. Informaciya bergen adam haqqında tolıq maǵlıwmattı(familiyası, isimi, sharipi, milleti, jası, urıwı, kásibi);

Etnografiyalıq dala isleri paytında etnoslardıń xızmet kórsetiw turmısı hám ruwxıy turmısına derekli barlıq buyım-ánjamlar saldamalı úyrenilip ǵana qalmastan, olardıń eń siyrekleri muzey eksponatları sıpatında jıynap alınadı. Jıynalǵan dala maǵlıwmatlarınıń haqıyqıylıǵın biliw ushın olar keminde eki-úsh ret basqa derekler arqalı tereńnen analiz isleniwi tiyis.

Dala izertlewlerinde tómendegi usıllar qollanıladı; Soraw – arnawlı tańlap alınǵan yaki usı etnikalıq toparǵa derek informaciyalar menen islew; Tájiriybe – etnograftıń ekspediciya paytında belgili bir jámiyetlik shańaraqlıq máresimde qatnasıw; baqlaw – mádeniyat hám turmıstın ózine tán hámme etnikalıq kompleksti dıqqat penen úyrenip, jazıp barıw.

Dala izertlewleriniń nátiyjesinde materiallıq hám ruwxıy derekler úyreniledi. Materiallıq dereklerge estelik úlgileri, miynet quralları, mánzil hám makanlar, turaq jaylar, taǵamlar, ásbap-ánjamlar, kiyim-kenshekler hám usındaylar kiredi. Foto hám kino apparatlar arqalı xalıqtıń ruwxıy mádeniyati, dástúr, úrp-ádettleri, máresimleri, isenimi, xalıq awız eki dóretiwshiliktiń úlgileri esapqa alınadı. Xalıq ámeliy óneriniń buyımları jıynalıp, ilimiy jaqtan qayta islenedi hám muzeylerge etnografiyalıq kollekciya sıpatında tapsırıladı.

Etnografiyalıq maǵlıwmatlardı jıynaw tártipsiz halatta alıp barılmawı kerek. eń aldı menen jergilikli xalıqtan salaǵa derek aktual máselelerdi sorap bile alatuǵın informatorlardı tańlap alıw tiyis. Bunıń ushın jergilikli hákimiyatqa, jámiyetlik shólkemler, oqıtıwshılar hám basqa ziyalılarlarǵa múrajáát etiwge tuwrı keledi.

Informaciya menen sáwbet baslawdan aldın ekspediciya aǵzası wóǵan óz maqseti hám wazıypasın anıq túsindiriwi shárt. Sáwbet kózabaǵa, jasalma, yaki izbe-iz sorawǵa aylanbawı kerek. Sáwbet paytında ekspediciya agzası túsken sorawlardan paydalanıwı sorawlarda izbe-izlikke qatań itibar beriliwi, belgilengen temadan basqasına wótpewi kerek. Berilgen sorawlarǵa anıq juwap



Akademiyalıq licey hán kásip-óner kolledjleriniń úlketanıwı tariyxıy esteliklerdi saqlaw hám qorǵaw, áyyemgi jasaw orınların tabıwda da úlken rol oynaydı hám Oqıwshılardı óz betinshe islew, dóretiwsjilik penen islewge úyretedi.

Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I.A. Karimov ayrıqsha aytıp ótkenindey: "Watanımizdıń bay tariyxı, biytákirar mádeniyatı, mazmunlı ómirin dúnyaǵa jayıw"[1] úlketaniwshılar hám turizm menen shuǵıllaniwshilardıń da áhmiyetli wazıypası bolıp tabıladı. Shınında da, "búgingi shiyelenisken, globallasıw dáwirinde ruwxıyat salasında júzege kelip atıdǵan mashqalalar, xalqımızdıń ruwxıyatın asıraw hám jetilistiriw, ásirese, jas áwladlardıń qálbi hám sanasın hár túrli záharli ideya hám ideologiyalar tásirinen saqlaw hám qorǵaw máselelerine ayrıqsha itibar qaratıladı"[2].

Orta ásirler hám jańa dáwirde úlkemizdiń úyreniliwi. Temuriyler dáwiri. Watanımızdıń tariyxın tariyxıy derekler tiykarında talqılaydı ekenbiz, bul boyınsha mámleketlik ǵayratkerlerdiń de kóplegen pikir-tallawları yadqa keledi. Temuriylerdiń tariyxına múrájáát etetuǵın bolsaq, Temur 1370-jılı ramazan ayınıń 10-kúninde Balxta jıynalǵan qurıltayda Mawarannahr húkimdarı dep járiyalanıwı menen, ol dáslep Keshke, keyin mámlekttiń paytaxtı dep járiyalanǵan Samarqandqa keldi.

Temur ne ushın óz mámleketiniń paytaxtı etip, Kesh, Táshkent, Buxara yaki basqa qalanı emes, tek Samarqandtı sayladı, degen sawaldıń payda bolıwı tábiyiy. Shınında da, Saqıpqıranda bunday qararǵa keliw ushın áhmiyetli sebepler bar edi. Sebebi Samardand qolaylı geografiyalıq tárepler ge iye bolıp, Mawarannahrdıń ortasında jaylasqan. Ol mol suwlı hám úsh tárepinen tawlar menen oralǵan. Terekzar oypat, adır qosılıp, jaǵımli peyjaz, jaǵımli tábiyat, jaǵımli ıqlımı turaqlı esaplanadı. Samarqand júda úlken qurılis materialları hám

[1] Каримов И.А. Матбуот ва оммавий ахборот воситалари ходимларига / 17-жилд. Тошкент: Ўзбекистон, 2009.Б. 238.

[2] Каримов И.А. Юксак маънавият - енгилмас куч. Т.: Маънавият, 2008. Б. 2.

de qımbar bahalı, reńli hám siyrek metall kánlerine iye bolıp, sol dáwirde de olardan mámleket isinde belgili bir dárejede paydalanıw múmkin edi. Mine usınday faktorlar Temur tárepinen Samarqandtı óz mámleketiniń paytaxtı etip alıwına tiykar bolǵan[1].

Tariyxshı Abu Tohirxoja Samarqandiydiń jazıwı boyınsha: “Samarqand Amir Temur Kóregen qurdırǵan baǵlar bolıp, Eram gúlistanı qızǵanarlıq dárejede jetew edi”, “Boǵu shamol”, “Boǵu baland”, “Boǵu bihshit”, “Baǵu shinor”, “Boǵu dilkusho”, “Boǵu zoǵon” hám aqırında “Boǵu jahannoma” usilar qatarında edi. Ayırım tariyxshilardıń pikiri boyınsha, Temut dáwirindegi Samarqand átirapında eń iri baǵlardıń sanı 14 bolǵan. Bular “Boǵu nav”, “Gulbaǵ”, “Boǵu bóldu”, “Naqshi jahan”, “Boǵu Davlatbod”, “Boǵsha”, “Boǵu maydan” hám basqalar bolıp tabıladı[2].

Saqıpqırannıń Franciya karoli Karl VI ǵa jollaǵan xatında (1402-jıl 1-avgust) bunday jazılǵan: “Sawdagerlerińizdi biz tárepke jiberip tursańız, bul jerlerde olarǵa izzet-húrmet kórgizilgey. Biziń sáwdagerlerimiz de ul saparlarga bargaylarkim, alar ham usha mámlekette izzat qilingaylar. Biror adam ularga zorlıq etip, renjitpesin”. Sonıń menen birge Temur de mámlekette sırt el sawdagerleriniń qolaylı sharayatta jasawları hám iskerlik alıp barıwlarına sharayat jaratıp qoyǵan edi. Samarqandtıń bazarlarında zatlar kóp, -dep jazǵan edi óz eske túsiriwlerinde Kastilya elshisi Rui Gonsales-olar zatların Qıtay, Hindstan, Tatarstan hám basqa mámleketerden keltiredi. Qalada sawda-satıq islewge qolaylıq bolmaǵanı ushın Amir Temur qaladan úlken kóshe ótkeriwdi hám al onıń eki tárepine bolsa dúkanlar salıwdı buyırdı. Kósheni júdá keń etip quradı, onıń eki tárepinde bolsa dúkanlar hám aldına aq mramorlar qaplanǵan biyik otırǵıshlar saldırdı”.

[1] Муминов И. Амир Темурнинг Ўрта Осиё тарихида тутган ўрни ва роли.-Тошкент: Фан, 1993. Б. 27-29.
[2] «Ўзбекистон овози» газетаси.-1994. -29 март



| | |
|---|---|
| **Ana urıwı (matriarxat)nıń baslanıwı** | shama menen 35mıń jıl aldın |
| **Súwretlew óneriniń rawajlana baslaniwı** | b.e.sh. 35-12 mıń jıllıqlar |
| **Alǵashqı dinler-sıyınıwdıń qáliplesiwi** | b.e.sh. 40-12 mıń jıllıqlar |
| **Gúlalshılıqtıń rawajlana baslaniwı** | b.e.sh. 6 mıń jıllıqlar |
| **Paxsa imaratlariniń payda bolıwı** | b.e.sh. 6-5 mıń jıllıqlar |
| **Mıstıń oylap tabılıwı** | b.e.sh. 4-3 mıń jıllıqlar |
| **Kóp bolmeli úylerdiń qurılıwı** | b.e.sh. 4-3 mıń jıllıqlar |
| **Jaytun mádeniyatı** | b.e.sh. 6-5 mıń jıllıqlar |
| **Kelteminar mádeniyatı** | b.e.sh. 5-4 mıń jıllıqlar |
| **Hisor mádeniyati** | b.e.sh. 5-4 mıń jıllıqlar |
| **Namaszgah-Anaw mádeniyatı** | b.e.sh. 4-2 mıń jıllıqlar |
| **Zamanbaba mádeniyati** | b.e.sh. 3-2 mıń jıllıqlar |
| **Sarazm mádeniyati** | b.e.sh. 3-2 mıń jıllıqlar |
| **Tazabaǵjap mádeniyatı** | b.e.sh. 2 mıń jıllıqlar |
| **Sopolli-Jarqorǵan estelik mánzilxanalari** | b.e.sh. 2 mıń jıllıqlar |

## Etnografiyalıq maǵlıwmatlardı toplaw usılları.

Etnografiyalıq dala izertlewlerin alıp barıw adamnan informaciyalardı soraw-juwap jolı menen jazba túrde yaki magnitofon arqalı jıynaw, belgili máresim, xızmet kórsetiw turmıs hádiyselerin, shańaraq-neke múnásibetin, ruwxıy turmısqa derekli waqıyalardı baqlaw, olarda tikkeley qatnasıw hám saldamalı úyreniw (jazıw, sızıw, súwretke túsiriw, videosúwretke alıw)dey wazıypalardı orınlaw hám dala dápterin durıs toltırıp barıw talap etiledi.

Ruwxıy mádeniyattı izertlew (ásirese, ayırım úrp-ádetler, máresimler, ibadat, xalıq dóretiwshilik, oyın, qosıq hám basqalar) kino apparatı, fotoapparatlar, magnitofon lentasına jazıwday texnika quralı hám usıllarınan keń paydalanıladı.

c) S.Tolstov

d) V.Viyatkin

41. “Tashkent” atı eń dáslep qaysı alımlardıń shıǵarmalarında tilge alınǵan?

a) Yusuf Xas Hajib, A.Nawayı

b) A.Beruniy, M.Xorezmiy

c) Narshaxiy, Sayfi Saroyi

d) A.Beruniy, M.Qashqariy

42. “Harda” sóziniń maǵanasın tabıń

a) Kóshe

b) Shańaraq

c) Qáwim

d) Shegara

**Áhmiyetli tariyxıy sánelerdiń xronoligiyası.**

| | |
|---|---|
| **Alǵashqı paleolit dáwiri** | eramızǵa shekemgi 1 mln – 100 mıń jıllıqlar (dúnya tariyxında 2,5-3 mln jıllar aldın baslanǵan) |
| **Orta paleolit** | b.e.sh. 100-40 mıń jıllıqlar |
| **Sońǵı raleolit** | b.e.sh. 40-12 mıń jıllıqlar |
| **Mezeolit dáwiri(orta tas)** | b.e.sh. 12-7 mıń jıllıqlar |
| **Neolit dáwiri (jańa tas áwiri)** | b.e.sh. 6-4 mıń jıllıqlar |
| **Eneolit dáwiri (mıs-tas dáwiri)** | b.e.sh. -3 mıń jıllıqlar |
| **Bronza dáwiri** | b.e.sh. 3-2 mıń jıllıqlar |
| **Temir quurallarınıń jayılıwı** | b.e.sh.IX-VII ásirler |
| **Neandertal kelbetli adamnıń tarqalıwı** | b.e.sh. 100-40 mıń jıllıqlar |
| **házirgi zaman kelbetli adamınıń payda bolıwı** | b.e.sh. 40-30 mıń jıllıqlar |
| **Jerge iyelik etiw** | biziń ásirimizdiń V asirinen XI ásirge shekem |



Úlkeniń tariyxın úyreniwde usınday estelik hám eske túsiriwlerdi, tariyxıy jazısıwlardı úyretiw ayrıqsha áhmiyetke iye. Al bul boyınsha izertlewlerde bolsa Ullı jipek jolınıń da rolin ayrıqsha aytıp ótiw zárúr. Sebebi ol Orta Aziyanı Evropa hám Shıǵıs penen jaqınnan baylanıstırdı, sonday-aq, úlkemizde hám bul jerde sayaxattıń rawajlanıwında ayrıqsha ahmiyetke iye boldı.

Zahiriddin Muhammed Babur hám Mixayl Vasilevich Lomonosov. Rossiyada Tariyxıy úlketanıw kóbirek rus tariyxshıları tárepinen jaratılǵan principler, ilimiy-metodikalıq hám pedagogikalıq tájiriybelerdiń tiykarında alıp barılıp, tálimniń bul salasına tiykar salınǵan edi. Máselen, ataqlı rus tariyxshı úlketaniwshı alımı N.P.Milonivtıń jazıwı boyınsha, 1761-jılı M.V.Lomonosovtıń jergilikli xalıq hám jaslardıń qatnasıwında úlkeniń tariyxın úyreniw izertlew jolında alıp barǵan iskerligi hám 30 sawaldan ibarat dúzgen anketa-sorawnaması keyin ala Rossiyada tariyxıy úlke tanıw baǵdarlaması bolıp xızmet atqarǵanlıǵın ayrıqsha kórsetip beredi. Sonday-aq, 1788-jılǵa kelip húkimet tárepinen ayyemgi guberniyalardıń tariyxı hám xalqı, ol jerde jasaǵan adamlardıń ómirin sáwlelendiriwshi tariyxıy estelik zatları saqlanıp qalǵan qorǵanlar, sol dáwirdegi diyxanshılıq hám sharwashılıq isleriniń halatları, balıqshılıq, ónermentshilik, jańadan payda bolǵan fabrikalar, zavodlar hám sawda isleri qanday jolǵa qoyılǵanlıǵı, islep shıǵarılǵan ónimler qay jerlerde satılıwları, qalalardıń gerbleri qanday kóriniste bolǵanlıqların anıqlaw haqqında qısqasha anıq informaciya jıynawdıń tiyis ekenligi talap etilgen edi[1].

Demek, rus alımı M.V.Lomonosov óz úlkesin jetik úyreniw maqsetinde 1761-jılı 30 sorawdan ibarat soraw-juwap betin xalıqtıń ortasında tarqatıw menen ol Rossiyada úlketaniw ilimine tiykar salǵan bolsa, úlkeni úyreniw máselesi Orta Aziya, sonıń ishinde Ózbekstannıń aymaǵında Rossiyadan ádewir aldınıraq baslanǵan edi.

[1] Историческое краеведение / Пособия для студентов педвузов. Москва: Просвещение, 1969. С. 6-7.

X-XV ásirlerden-aq, Orta Aziya aymaqların, sonday-aq, úlkemizdiń tábiyatı, jawlasıwı, qalaları, orınnıń, xalqı hám olardıń úrp-ádetleri haqqında izleniwleri sebepli miynetlerdi jazıp, qımbatlı maǵlıwmatlardı qaldırǵan sayaxatshı, izetlewshi hám mámleket ǵayratkerleriniń atların atap ótiw orınlı boladı. Máselen, olardan Istaxriy (849-834), Ibn Havkal (X ásir), Muhammed Narshaxiy (899-959), Al-Muqaddasiy (947-1000), Abu Rayxan Beruniy (973-1048), Mahmud Qashǵariy (XI ásir), Yuqud Hanaviy (XII ásir aqırı – XIII ásir basları), Rashiddin Fazlulloh (1247-1318), Marko Polo (XIII ásir), Ibn Batuta (XIV ásir), Zahiriddin Muhammed Babur (1483-1530) day tańqlı tulǵalardıń isleri dıqqatqa sazawar boldı. Ásirse, olardıń ishinde Zahiriddin Muhammed Baburdıń bul baǵdardaǵı xızmetine qıshqasha toqtap ótemiz.

Zahiriddin Muhammed Babur XV ásirde-aq úlke tariyxı haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlardı óziniń “Baburnama” atamasındaǵı memuar shıǵarmasında jazıp qaldırǵán. Ol “Baburnama”da úlkemizdiń tariyxı, tabiyatı, ıqlımı, xalqınıń kasip-kárleri, úrp-ádetleri, ayırım tariyxıy shaxslar haqqında jetik maǵlıwmatlardı keltirgen bolıp, bul arqalı Tariyxıy úlketanıwdıń rawajlanıwına belgili bir dárejede úlesin qosa alǵan edi. Máselen, ol Samarqand haqqında mınanday deydi: “Jer júzinde Samarqandtay gózzal qala kemirek bolıp tabıladi. Besinshi ıqlımnan boladı. Uzınlıǵı 99 ramzi nijumiy daraja (gradus), 56 minut, eni 40 dáreje (gradus) hám minut esaplanadı. Qalası – Samarqand, walayatini Mawarannahr deydi. Hesh dushpan qáhir-ǵazep penen iyeley almaǵanlıǵı ushın “baldai mahfuza” – “qorǵanıwdaǵı qala” deydi. Samarqand hazireti amir ul-múminin Usman zamanında musılman bolgan. Sahobadan Qusam ibn Abbos ol jerge borgandir. Qabri Ohanin darvazasiniń sırtında. Hozir Mozori Shoh (Shohi Zinda) atı menen tanılǵan. Samarqandtı Iskender bina qilǵan. Muǵul hám turk ulısi Semirqand deydi. Temurbek (Amir Temur) paytaxt qilgan edi. Temurbekten aldın Temurbektey ullı patsha Samarqandtı paytaxt qilgan emes.



a) 60 mıń

b) 70 ıń

c) 80 mıń

d) 85 mın

36. Úlketaniwdıń tiykarǵı derekleri qaysı juwapta durıs kórsetilgen?

a) Arxeologiya, etnografiya

b) Arxeologiya, etnografiya, socioligiya

c) Toponimika, arxeologiya, tariyx, arxivtanıw

d) Arxeologiya, etnografiya, Toponimika, arxivtanıw, muzey eksponatları

37. “Buxara tariyxı” shıgarmasınıń avtorı kim?

a) Chjan Czyan

b) M.Qashqariy

c) A.Beruniy

d) M.Narshaxiy

38. “Túrkistan monǵol basqınshıları dáwirinde” shıǵarmaınıń avtorı kim?

a) V.Bartold

b) A.Takubivskiy

c) S.Tolstov

d) A.Beruniy

39. Ferǵana walayatında etnografiyalıq izertlewler alıp barǵan alım “Jáhángir Tóre” laqabına iye bolǵan?

a) S.Tolstov

b) A.Yakibovskiy

c) V.Bartold

d) V.Nalinkin

40. XIX ásirde 32 ózbek qáwimleri haqqında maǵlıwmat qaldıtǵan alım kim?

a) A.Vamrepi

b) V.Grigorev

d) Taqta jol

29. 15 mıńnan artıq teńge-pullardan kollekciya toplaǵan háwesker úlketanıwshı km?

a) Yahyo Ǵúlomov

b) Akram palvan Asqarov

c) Mırza Buxariy

d) M.B.Qasimov

30. "Apelsin" sóziniń Toponimikalıq mánisin qanday?

a) Uzın qamır

b) Maylı nan

c) Qıtay alması

d) Shiyrin shay

31. 'Traiyxıy shejire" shıǵarmasınıń avtorı?

a) Strabon

b) Sima-Cyan

c) Chjan Cyan

d) Gerodot

32. Ózbekturizm milliy kompaniyasi qáwenderliginde basıp shıǵarılgan jurnaldıń atın anıqlań

a) "Turist"

b) "Ullı jipek jolı"

c) "Sayaxatshı"

d) Turizm Uzbekistana"

34. 2006-jılı Ózbekstanda qansha miymanxana iskerlik kórsetti?

a) 96

b) 20

c) 168

d) 252

35. 1992-jılı Ózbekstanda bolǵan shet ellik sayaxatshılardıń sanı qansha edi?



Qorǵanınıń diywalı ústinen qademlep ólshep shıǵıwdı buyırdım. On mıń altı júz qádem shıqti"[1].

Rus alimları Orta Aziyanıń patshalıq tárepinen basıp alınıwınan ádewir ilgeri bul úlkeni úyreniw boyınsha bir qansha isler ámelge asırılǵan edi. Biraq XIX ásirdiń birinshi yarımınan baslap úlkeni úyreniw isleri, yaǵnıy jergilikli tariyxshılıq jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy turmıstaǵı shekleniwge say bolıp, tiykarınan húkimdar mápleri ushın xızmet etetuǵın edi. Tariyx iliminen iri jer iyeleriniń mápleri, xanlar hám olardıń dinastiyasınıń taxtqa iyelik etiwi hám "ádilligin" ideologiyalıq jaqtan tiykarlaw ushın paydalanıp kelindi. Saray tariyxshıları ózleriniń tiykarǵı itibarların siyasiy waqıyalardı – xanlardıń iskerligi hám óz qarsılaslarınıń ústinen erisilgen jeńislerin kóklerge kóterip maqtaw, saraydaǵı dástúrlerdi súwretlewge qarattı. Sebebi zamannıń ózi usını talap eter edi.

Al pán oqıtiwshıları bolsa oqıwshılarǵa óz dáwirinde bolıp ótkeń usınday tariyxıy proceslerdiń mańızın túsindirip beriwi, sonıń menen bir waqıtta, olarǵa tariyxıy dereklerdiń ústinde sın kózi menen qarap izleniwlerdi alıp barıwdı usınıs etiwi orınli bolıp tabıladı.

Túrkistan orta ásirler dáwiri tariyxshılıǵı temasınan bir qansha uzaqlasıp ketkenligi menen itibarda turadı. Biraq jergilikli tarixshılar Muhammed Narshaxiy, Tabariy, Rashididdin, Nizomiddin Shomiy, Abulǵozi Bahodirxan hám basqalardıń shıgarmaları óziniń mazmundarlıǵı, dálillik materiallarǵa baylıǵı menen sol dáwirde jazılǵan tariyxıy shıǵarmalardan sezilerli dárejede ajıralıp turadı. Shıǵıs tanıwshı A.A.Romaskevich Rashididdinniń "Jomey ut-tavorix" miyneti haqqında aytar eken, haqlı túrde bul shıǵarma óziniń mazmunı hám kólemi jaǵınan áhmiyetliligin kórsetip, biz bul shıǵarmadan keyin Eran tariyxshılıǵında waqıyalardı bunday dárejede bayan etiwge umtılıwdı

[1] Бобур Захриддин Мухаммад, Бобурнома, Т.: Ўқитувчи, 2008 й.

kórmeymiz, - dep jazgan edi. Bul Orta Aziya tariyxshılıǵında ózine tán bolǵan baǵdar bolıp tabıladı. Usılay etip, XIX ásirdiń birinshi yarımında tariyx ilimi de basqa ilimlerdey húkimdar klasstıń mápi ushın xızmet etti. Al oqıwshılar bolsa qoyılıp atırǵam máseleni oqıtiwshınıń basshılıǵında salıstırıw usılın qollanǵan halda úyrense, jetkilikli túsinik hám elesletiwge iye boladı hám de aldına qoyılǵan maqsetke erisedi.

XIX ásirdiń 30-jıllarında Buxara ámirliginiń saray tariyxshısı Muhammed Yoqub jazǵam "Dulsha ul-muluk" degen shıǵarma sol dáwir tariyxıy dereklerinen biri bolıp esaplanadı. Bul shıǵarma parsı tilinde jazılǵan bolıp, ondá XIX ásirdiń 30-jıllarına shekem bolǵan Buxara ámirligindegi siyasiy waqıyalar bayan etilgen. Shıǵarmada saray bolmısı, húkimdar átirapınıń tariyxı, óz ara urıslar, ondaǵı erisilgen jeńisler, xanlıqtıń keyingi dinastiyalarınıń geneologiyası (násilnaması) kórsetilip, Jámiyettiń rawajlanıwında tiykarǵı kúsh bolǵan xalıqtıń keń qatlamınıń awhalı bayan etilgen. Jáne sol dáwir parsı tilinde jazılǵan ekinshi bir derek – Buxara saray tariyxshısı Muhammed Mir Olimnıń "Tarixi Amir Nasruloh" degen shıǵarması esaplanadı. Bul shıgarma Buxara ámiri Nasrullanıń (1826-1860) tapsırması menen jazılǵan. Shıǵarma XVIII ásirdiń ekinshi yarımında Buxara ámirliginde júz bergen siyasiy waqıyalardı súwretlew menen baslanıp, ámir Nasrullanıń hákimshilikke keliwi, onıń dáslepki jıllarda mámleketti basqarıwda tutqan siyasatı menen tamamlanadı. Shıǵarmada 1821-1825-jıllarda Buxara ámirliginde bolıp ótkeń dashti qıpshaqlardıń qozǵalańı hám onıń bastırılıwı haqqında sóz etiledi. Biraq shıǵarmada qozǵalańnıń tiykarǵı sebebi hám mańızı ashıp berilmegen. Bul tábiyiy hal edi. Usı baǵıtta jazılǵan tariyxıy dereklerden jáne biri molla Ibadulla hám molla Muhammed Sharifler tárepinen parsı tilinde dóretilgen "Tarixi Amir Haydar" degen shıǵarma bolıp tabıladı. Shıǵarmada ashtarxaniyler menen mangıtlar dinastiyası tariyxı, amir Haydardıń wólimi (1826) ne shekem Buxara



d) Awızeki dástanlar

24. Samarqandtaǵı Poyirasad tóbeliginde observatoriya qurdırǵan ullı ata-babamızdıń atın tabıń

a) Mırza Uluǵbek

b) Amir Temur

c) Mırza Babur

d) Xusayn Bayqara

25. 1881-jılı Túrkistannıń birinshi geologiyalıq kartası kimler tárepinen dúzilgen?

a) I.Mushketov hám G.Romanovskiy

b) V.Grekob hám V.Bartold

c) V.Viyatkin hám I.Mushketov

d) A.Yakubovskiy hám S.Tolstov

26. 1915-jılı járiyalanǵan "Túrkistan ósimlikleri" degen shıǵarması kimniń qálemine tiyisli?

a) B.Fedchenko

b) V.Bartold

c) V.Grekov

d) A.Yakubovskiy

27. Mirza Uluǵbektiń pármanına muwapıq 1417-1420-jıllarda qaysı qalada medrese boy tikledi?

a) Buxarada

b) Samarqandta

c) Shahrisabzde

d) Kattaqorǵanda

28. "Taxtapul" sóziniń parsısha taponimikalıq maǵanası qanday?

a) Aǵash úy

b) Aǵash kópir

c) Taqta tirek

b) V.Viyatkin

c) V.Bartold

d) A.Semenev

19. B.Fedchenko 1915-jılı járiyalaǵan “Túrkistan ósimlikleri” degen shıǵarmasında neshe túrli ósimliklerdi táriyiplep berdi?

a) 5040 túrli

b) 5030 túrli

c) 5650 túrli

d) 5640 túrli

20. Aǵash, metall. Keramikaday buyımlardıń sırtındaǵı jazıwlardı úyreniwshi ne dep ataladı?

a) Nimizmatlar

b) Sfragistler

c) Geraldistler

d) Efigrapistler

21. Hindistan” shıǵarması kimniń qálemine derekli?

a) Abu Rayxan Beruniy

b) Mırza Uliǵbek

c) Natshaxiy

d) Xondamir

22. “Bibixanım” meshiti qaysı qalada jaylasqan?

a) Buxorada

b) Namangánda

c) Samarqandta

d) Qoqanda

23. Tómendegilerden qaysı biri ruwxıy mádeniyatqa kirmeydi?

a) Jartas súwretleri

b) Jartas jazıwları

c) Miynet quralları



amırligindе bolıp ótkeń siyasiy, jámiyetlik-ekonomikalıq waqıyalarǵa toqtap ótilgen. Sonıń menen birge shıǵarmada 1820-jılda Rossiyadan Buxaraǵa jiberilgn A.F.Negri basshılıǵındaǵı elshiliktiń keliwi haqqında da maǵlıwmatlar berilgen.

Muhammed Shariftiń tap usı dáwirdi sáwlelendiriwshi “Toj uy-tavorix”(“”Tariyxlar tajı) degen shıǵarmasında mańǵıtlardıń dinactiyası, turkiya hám monǵol qáwimleri, Shınǵızxan, onıń úrim-putaqları, shayboniyler, ashtarxaniyler dinastiyası tariyxı berilgen. Ulıwma, shıǵarma ashtarxaniyler, ásirese, mańǵıtlar dinastiyası waqtında Buxara ámirligindegi siyasiy, jámiyetlik-ekonomikalıq waqıyalardı úyreniwde áhmiyetli rol oynaydı.

XIX ásirdiń 40-jillarında jazılǵan iri tariyxıy dereklerden biri Muhammed Hakimxan Turannıń “Muntaxa, ut-tavorix” degen shıǵarması bolıp tabıladı. Shıǵarmada XVIII ásirdiń 70-jillarınnan baslap tap Qoqan xanı Omarxannıń qaytıs bolıwı (1822), onnan soń taxtqa otırǵan Madaminxanǵa shekem bolǵan dáwirde Qoqan xanlıǵınıń siyasiy waqıyaları súwretlengen.

Hakimxan tóre xan menen birge júrip, XIX ásirdiń birinshi seregindegi waqıyalarǵa aralasadı. Ol saraydaǵı jónsizlikler, walayatlardaǵı siyasiy tartısiwlar, xanlıqtıń ishki hám sırtqı siyasatı, Buxara ámirligindegi siyasiy waqıyalardı óz kózi menen kórip, olardı óz shıǵarmalarında súwretlegen. Ashtarxaniylerden keyin taxtqa otırǵan Dashti Qıpshaq ózbekleriniń mıń dinastiysı haqqında, Omarxannıń Orta Aziyalıqlardıń Rossiyaǵa bergen bahasın anıqlawda bul shıǵarma áhmiyetli orın tutadı, sebebi avtor Rossiyada bolıp (1810-1822), ol jerdegi siyasiy waqıyalardı anıq hám izbe-izlikte kórsetip bergen. Avtor bul shıǵarmasında 1821-1825-jıllarda Buxarada bolıp ótkeń Dashti qıpshaqlar qozǵalańında qatnasqanlardı “satqınlar” dep qaralaydı. Al bul bolsa avtordıń tutqan ózine tán jolın ayqın kósetip turıptı.

Sabaqtıń barısinda usınday tárizde tariyxıy derekler haqqında pikir júritilse, sol dáwirdegi dinastiyalar shejiresin dúziw, ushırasatuǵın illetler haqqında esse yaki rawayatlar toplawday tapsırmalar berip barılsa, oqıwshılardıń bilimi jáne de bekkemlenedi.

Qoqan xanlıǵına tiyisli dereklerden jáne biri Molla Avaz Muhammed Attordıń parsı-tájik tilinde jazılǵan "Tarixi jahannomai" shıǵarması bolıp, ol óz kózi menen kórgenleriniń bayanlawı hám tariyxıy dereklerdiń tiykarında jazılǵan eki kitap hám geogrsfiyalıq qosımshadan ibarat. Shıǵarmanıń birinshi bóliminde insannıń payda bolıwınan baslap, tap XVI ásirge shekem bolǵan húkimdarlardıń tariyxı berilgen. Shıǵarmanıń ekinshi bóliminde Qoqan xanı Olimxan (1798-1810) hám Umarxan (1810-1822) húkimdarlıq etken dáwirdegi siyasiy turmısqa tiyisli bayanlawlar hár tárepeme keltirilgen. Shıǵarmada Buxara ámiriniń qıtay-qıpshaq hám qaraqalpaq xalıqlarına qarata tutqan siyasatı, Qoqan xanlıǵı menen Buxara ámirligi ortasındaǵı qatnaslar, ris áskerkeri tárepinen Samarqand hám Kattaqorǵan jerleriniń basıp alınıwı, jol hám imaratlardıń qurılıwı, ayırım waqıyalardıń sáneleri berilgen. Sonıń menen birge shıǵarmada 1842-jılı Qoqandta Xoja Qalandar basshılıǵında kóterilgen qozǵalań menen baylanıslı áhmiyetli waqıyalar haqqında da sóz etiledi. shıǵarmada keltirilgen bayanlawlar ülkeniń tariyxın úyreniw ushın áhmiyetli esaplanadı. biraq bunday shıǵarmalar sol dáwir húkimdar klass ideologiyası ruwxında jazılǵan bolıp, oǵan sın kózi menen qaraw talap etiledi.

Qoqan xanlıǵi tariyxshılıǵında Molla Niyaz Muhammadinniń "Tarixi Shahruxiy" degen shıǵarması da dıqatqa ılayıq esaplanadı. Bul shıǵarma Qoqan xanlıǵınıń XVII-XIX ásirdiń 70-jıllarına shekem bolǵan tariyxqa tiyisli áhmiyetli maǵlıwmatlar menen sol dáwirdiń izertlewshiliginde oǵada qımbatlı bolıp tabıladı.



13. Tesiktas úńgirinen tabılǵan balanıń kelbetin negizgi halına qaysı alım tiklegen?

a) A.Okladnikov

b) B.Oshanin

c) G.Geraomov

d) N.Ivanov

14. XIX ásirdiń baslarında Tashkent qalası neshe dahaǵa bólingen edi?

a) 6

b) 5

c) 4

d) 2

15. XIX ásirdiń aqırında Túrkistanda qansha ilimiy jámiyetler bar edi?

a) 10 ǵa jaqın

b) 15 ke jaq'n

c) 14 ke jaqın

d) 20 ǵa jaqın

16. Túrkistanda xalıq kitapxanası qashan ashılǵan?

a) 1960-jılı

b) 1870-jili

c) 1865-jılı

d) 1850-jılı

17. Túrkistanda eń dáslepki gazeta qashannan baslap shıǵa baslaǵan?

a) 1850-jılı

b) 1870-jılı

c) 1830-jılı

d) 1845-jılı

18. 1895-jılı aysı alım Samarqandtaǵı Gori Amir mavzoleyin dekoraciya hám arxitektura kóz qarasınan úyrenip shıqtı?

a) N.Veselovskiy

b) 1992-jıl

c) 1993-jıl

d) 1995-jıl

8. Etnografiya pánine derek terminlerdi anıqlan

a) Etnos, morfologiya, era, xalıq

b) Urbanizaciya, levirat, sarorat, etnos

c) Mikrotoponimika, makrotoponimika

d) Ramazan, súmbile, máwsim

9. Ózbekstanda "Turizm haqqında"ǵı nızam qashan qabıllanǵan?

a) 1992-jıl 10-noyabr

b) 1999-jıl 20-avgust

c) 1998-jıl 15-aprel

d) 2004-jıl 16-yanvar

10. Numizatika páni neni úyrenedi?

a) Qala qarabaxanasın

b) Teńgelrdiń tariyxın

c) Insannıń kelip shıǵıwın

d) Dinastiya tariyxın

11. Rus arxeologı V.Viyatkin tárepinen Ulıǵbek observatoriyası qarabaxanaları qashan tabılǵan?

a) 1908-jılı

b) 1920-jıı

c) 1930-jıli

d) 1875-jıli

12. Ekoturizmniń iskerligi neden ibarat?

a) Qorshaǵan ortaliq hám tábiyat penen tanısıw

b) Xalıqtıń turmısı menen tanısıw

c) Derektanıw menen tanısıw

d) Durıs juwap joq



Tashkenttegi Qarjawdı máhallesinde Muhammed Salix Qaraxoja uǵlınıń 1880-1885-jıllar arasında jazǵan "Tarixiy jadidiy Toshkend" ("Tashkenttiń jańa tariyxı") degen 1200 betten ibarat shıǵarması da oǵada ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, ol Orta Aziyada ótkeń úsh xanlıqta jazılǵan tariyxıy shıǵarmalardan bir qansha ózgeshelenedi. Shıǵarma parsı tilinde jazılǵan. Ol tiykarınan húkimdarlar ortasındaǵı ushırasıwlar tariyxınan ibarat bolıp, ekinshi bólimi Qoqan xanlıǵı hám Tashkent tariyxına baǵıshlanǵan. Bunda avtordıń taiyxqqa jańasha qaraw maqsetinde is baslaǵanın hám izertlewshi A.Kunden maslahátler alǵanlıǵı seziledi. Sonday-aq, shıǵarmada Qoqannıń siyasiy turmısında ústin rol oynaǵan toparlar hám shaxslar, Tashkentte bolıp ótkeń xalıq qozǵalańlarınıń baǵdarı hám sebepleri haqqında hár tárepleme maǵlıwmatlar keltirilgen. Bul shıǵarma jańa dáwir tariyxshılıǵında úlken áhmiyetke iye boldı. Shıǵarmanıń negizgi qol jazba nusqası Ózbekstan Respublikası IA Shıǵıstanıw institutı kitapxanasında biybaha shıǵarmalar qatarına saqlanbaqta.

XIX ásirdiń birinshi yarimında Xiywa xanlıǵında jazılǵan tariyxıy dereklerden eń áhmiyetlisi Munis hám Agahiylerdiń shıǵarmaları esaplanadı.

Munis (1778-1829)tiń atası Avazbiy mirap Xiywa xanı Eltuzarǵa shekem de, onıń húkimdarlıq waqtı (1804-1806)da da saray xızmetinde bolǵan. Eltuzar xanlıǵı waqtında Munis saray xızmetine kiredi hám xannıń tapsırması boyınsha "Firdavs ul-iqbol" degen ataqlı tariyxıy shıǵarmasın jazıwǵa kirisken. Eltuzarxan Shermuhammed Muniske bul shıǵarmanı Firdawsiydiń "Shahnama" shıǵarmasınan ústin etip jaratıwdı uqtıradı.

Munistiń bul shıǵarması ózbek tilinde jazılǵan. Ol Xiywa xanlıǵınıń XVI-XVII ásirdegi tariyxın bayanlawda Abulǵozi Bahadurxannıń shıǵarmalarınan paydalanǵan. Xiywa xanlıǵınıń XVIII ásiregi tariyxına tiyisli waqıyalardı bolsa

óz kózi menen kórgen adamlar hám ásirese, atasınıń bergen maǵlıwmatları tiykarında jazadı.

XVIII ásirdin ekinshi yarımındaǵı eń áhmiyetli waqıyalardı, 1812-jılǵa shekem bolǵan tariyxıy waqıyalardı súwretlew paytında oǵan xan tárepinen basqa tapsırma, yaǵniy Mirxondtıń ataqlı “Ravzatu-s-safo” shıǵarmasın parsı tilinen ózbek tiline awdarma islewdi tapsıradı. Munis “Firdavs ul-iqbol”dıń birinshi bólimin pitkerip, ekinshisin jazıp atırǵan waqtında birden qaytıs bolıp qaladı hám shıǵarma avtor tárepinen pitpey qaladı.

Mihammed Rizo Agahiy (1809-1864) Xiywa xanı Allaqulixan (_1825-1842)nıń tapsırması menen “Firdavs ul-iqbol” shıǵarmasın dawam ettirdi hám juwmaqladı. Ol 1826-1842-jıllardaǵı waqıyalar bayan etilgen “Riyoz ud-davla”, 1842-1845-jıllardaǵı tariyxıy waqıtalar bayan etilgen “Zubdat ut-tavorix”, 1846-4855-jıllardaǵı waqıyalar bayan etilgen “Jomiy ul-voqeoti sultoniy”, 1856-1865-jıllardaǵi waqıyalar bayan etilgen “Gulshni davlat” degen shıǵarmalar jazadı. Agahiy jáne “Shohidi iqbol” degen besinshi shıǵsrmasın da jazadı hám onı Xiywa xanı Muhammed Rahimxon dáwiri (1865-1910)ne baǵıshlaydı. Biraq bul shıǵarma pitpesten 1872-jıldaǵı waqıyalar menen tamamlanadı. Munis hán Agahiylar saray tariyxshıları bolsa da, olardıń shıǵarmaları óziní dáliyllerge baylıǵı, xronologiyalıq izbe-izliligi, ózinde sáwlelengen siyasiy waqıyalardıń tolıq bayan etiliwi tárepinen qaraǵanda sol dáwirdegi Buxara hám Qoqan saray tariyxshılarınan bir qansha joqarı turadı. Xiywa tariyxshılıǵı, sonıń ishinde, Munis, Agahiy shıǵarmalarındaǵı bul ózgesheliklerdi óz waqtında V.V.Bartold “Túrkistan mádeniy turmısınıń tariyxı” shıgarmasında aytıp ótip: “Munis hám Agahiydiń kitapları ádebiy hám tariyxıy shıǵarma sıpatında kemshiliklerine qaramastan, bayan etiwniń tolıqlıǵı hám dálillik maǵlıwmatlardıń sani jaǵınan bizge shekem jetip kelgen shıǵarmalardı izde qaldıradı”-dep jazǵan edi.



2. Tómendegi qaysı danıshpan pán tariyxında ensiklopedist alım degen at alǵan?

a) Ahmad Fergániy

b) Al-Xorezmiy

c) Al-Farabiy

d) Abu Rayxan Bruniy

3. Úlketaniwdıń túrleri qaysı qatarda durıs kórsetilgen?

a) Jámáát úlketanıwı, tábiyat úlketanıwı hám ilimiy úlketaniw

b) Tábiyat úlketanıwı

c) Ilimiy yaki mámleket úlketanıwı, jámáát úlketanıwı, mektep úlketanıwı

d) Barlıq juwaplar durıs

4. Túrkistandaǵı jer silkiniwlerdi dáslep qaysı alımlar úyrengen?

a) G.Monov, S.Romanocskiy

b) G.Leonox, B.Korolenko

c) A.Semyoniv, A.Kun

d) Tuwrı juwap joq

5. V.Vyatkin 1908-1909-jıllarda Samarqandta qanday esteliklerdiń qaldıqların tawıp úyrendi?

a) “Fergantrop” adamın

b) “Kelteminar” mádeniyatın

c) “Ulıǵbek” observatoriyası

d) Barlıq juwaplar durıs

6. Antroponomika neni úyrenedi?

a) Adamnın atı, laqabı, familiyasın

b) Sóz benen baylanıslı toponimlerdi

c) Kishireytilgen formada toponim jasaw

d) Kishi obyektlerli toponimler

7. Ózbekstanda “Ózbekturizm” milliy kompaniyası qashan dúzilgen

a) 1991-jıl

## Pán boyınsha talabalardıń óz betinshe jumısı ushın usınıs etiletuǵın temalar.

Q/s Óz betinshe temalar

1 Úlkeni úyreniwde Tariyxıy úlketanıw hám turizm paniniń ornı

2 Úlketanıwda ayyemgi jazba dereklerdiń áhmiyeti

3 Úlkeni úyreniwde jergilikli izertlewshilik

4 Rus izetlewshiliginiń úlkeni úyreniwdegi roli

5 Ózbek xalqınıń etnikalıq qáliplesiw processi

6 Ózbek xalqınıń úrp-ádetleri, dástúr hám máresimleri

7 Ǵárezsizlik dáwirinde xalıq qádiriyatlarına itibardıń kúsheyiwi

8 Úlkeniń tariyxın úyreniwde Toponimika hám onıń áhmiyeti

9 Ózbekstanda turizm hám onıń rawajlanıwı

10 Turizmniń túrleri

11 Úlketanıw hám turizmde atxiv materialları

12 Muzey-tariyx aynası. Muzeydıń úlkeniń tariyxın úyreniwdegi áhmiyeti

13 Mektebimniń muzeyi

14 Rayonımız muzeyi

15 Awılim (rayonım)dağı muqaddes ziyaratxanalar

16 Toponimler hám olardıń túrleri

17 Ózbekstan  walayatları toponimleri

18 Úlketanıw dógerekleri

19 Tashkent – 2200 jasta

20 Ózbekstan  hám xalıq aralıq turizm

### Test sorawlarınan úlgiler.

1. Qarshi qalasınıń áyyemgi ati qanday edi?

a) Navkat

b) Ispijab

c) Rabinjan

d) Nasaf



Juwmaqlap aytqanda, jergilikli tariyshılar tárepinen jaratılǵan tariyxıy shıǵarmalar mámllekettiń xojalıǵı, ekonomikalıq qatnaslar, klasslıq gúres, xalıq háreketleri hám syasiy waqıyalardıń jámiyetlik-ekonomikalıq negizlerin ashıp bere almaǵan bolsa da, oqıwshılar úlkeni úyreniwde, jılnamalar dúziw, etnografiyalıq materiallar menen hám toponomikalıq maǵlıwmatlardı tabıwda sın kóz qarastan turıp paydalanıw múmkin. Bul shıǵarmalar sonıń ushın da 1917-jılǵa shekem bolǵan úlke tariyxın úyreniwde júdá paydalı boladı. Sebebi olardıń avtorları sol dáwirde jasaǵan, júz bergen waqıyalar hám hádiyselerdi óz kózleri menen kórgen, sonday-aq, olardı onnan aldıngı dáwir menen salıstırǵan.

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Tariyxıy úlketaniw hám turzm páni haqqında qanday túsinikke iyesiz?
2. Úlketaniwdıń qanday túrlerin bilesiz?
3. Úlkeniń tariyxı haqqında maǵlıwmatlar qaldırǵan qaysı jergilikli izertlewshiler hám olardıń shıǵarmaların bilesiz?

**Tayanısh sózlerdiń túsindiriliwi:**

**Sfragistika** – mórlerdi úyrenieshi pán.

**Geraldika** – tamǵa (gerb)lardı úyrenishi pán.

**Epigrafistler** – tas, metall, keramika hám aǵash buyımlardıń betindegi zajıwlardı úyreniwshi izertlewshiler.

## 2-tema. Tariyxıy úlketanıw hám turizmniń tiykarǵı derekleri. Úlketanıwda arxeologiyanıń tutqan ornı

### Reje

1. Arxeologiya hám úlketanıw.
2. Arxeologiyalıq estelklerdiń úlketanıw hám turizmde tutqan ornı.
3. Ózbekstanda arxeolog hám úlketanıwshılardıń iskerligi.

**Tayanısh sózler:** Úlketanıw ham turizmniń tiykarǵı derekleri, arxeologiyanıń úlketanıw hám turizmdegi ornı, ayyemtanıw, materiallıq estelikler, arxeologoylıq tabılma, materiallıq zatlar, siyki zat, ilimiy-mádeniy mákemelerdiń qáliplesiwi, ilimiy jámiyetler, arxeologiyalıq izertlewler, arxeolog alımlar, ózbek arxeologları.

Úlketanıw hám turizmniń 5 deregi bolıp, olar: arxeologiya, etnografiya, Toponimika, arxivtanıw hám muzey eksponatları esaplanadı. Usı aytıp ótilgen 5 tiykarǵı dereklerisiz úlkeniń tariyxın úyrenip bolmaydı.

"Tariyxıy úlketanıw hám turizm" pániniń dereklerinen biri arxeologiya bolıp tabıladı. "Arxeologiya" sózi latın tilinen alınǵan bolıp, "arxoyos" – ayyemgi, "logos"- ilim, yaǵniy ayyemgi dáwirdi úyreniwshi ilim degen maǵananı bildiredi yaki onı ayyemtanıw ilimi dep ataw da orınlı boladı.

Dúnya xalıqlarınıń bir neshe júz mıń jıllardan berli dawam etip kiyatırǵan tariyxı bar. Biraq usı uzaq tariyxıy rawajlanıwdıń eń sońǵı 5-6 mıńınshı jıllarınan baslap ǵana jazba shıgarmalar payda bolıp, onnan áweli xalıqlarda jazıw hám ol arqalı jazılǵan tariyx bolmaǵan. Biraq, jazıw payda bolǵannan keyin de kóplegen waqıyalar hár tárepleme jazılmay qalǵan. Patshalardıń buyrıqları, ruwxanıylardıń diniy táliymatları, ǵaziynexanalardıń esap-sanaqları da hár túrli urıslar haqqında jazba shıǵarmalar da óz zamanınıń óndiris usılları hám quralların, xalıqtıń turmıslıq ómirin jetkilikli sáwlelendire almaǵan.

Ayyemgi awıl hám qalalardıń qaldıqları qazıp kórilgende, ol jerlerden ótmish xalıqlarınıń úy-jay qaldıqları, úy-ruzıger, zebi-ziynet buyımları, diniy estelikler tabıldı. Al bunday zatlıq dáliyller bolsa jazba tariyxtaǵı maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, sol dáwirdiń turmısın anıǵıraq etip bayanlap beriwge járdem beredi. Jazba tariyx payda bolǵanǵa shekem ótkeń bir neshe júz mıń jıllıq dáwir tariyxı da jazba tariyx payda bolǵannan keyingi dáwirdiń turmısın tolıq etip úyreniw zárúrligi sol dáwir adamların yaki xalıqlardan qalǵan buyımlardı tekserip



jaslarımızǵa úlkemizdi, xalıqtıń ótmishi hám búgingi turmısın jaqınnan úyrenip barıwın dáwirdiń ózi talap etpekte.

úshinshiden, ázeliy bay tariyxqa iye hám ulıwma insanıy qádiriyatlardıń miyrasxorı bolǵan miymandos xalqımızdıń bar ekenligi hám basqalar.

Dúnyanı aralap, jurtımızda bolǵan sayaxatshı hám elshiler – Yoqut Hamaviy, Ibn Batut, Gonsales de Klavixo hám de úlkemiz boylap aralaǵan xalqımızdıń belgili tulǵaları Mahmud Qashqariy, Zahiriddin Muhammed Babur hám basqalar kórgen-bilgenlerin, yaǵnıy, kóz tartar jurt haqqında tásirlerin umtıliw hám tebreniw menen jazıp qaldırǵanları tariyxtan belgili.

Shınında da, eski hám náwqıran, hámiyshe jilwalı bolǵan ana-jurtımız – Ózbekstan dı hár táreplme jaqınnan úyreniw, yaǵnıy, seyil-sayaxatlar arqalı baqlaw adamlarda tek watansúyiwshilik tuyǵıların gána qáliplestirip qoymastan, sonıń menen bir waqıtta olardıń fizikalıq jaqtan salamatlıqların bekkemlewlerinde júdá áhmiyetli bolmaqta.

Ózbekstanda xalıq aralıq turizmdi rawajlandırıw mámleket ekonomikası, jámiyetlik-siyasiy turmısında áhmiyetli rol oynasa, al ishki turizm arqalı bolsa puqaralardı, sonday-aq, jaslarımızdı úlke menen jaqınnan tanısıwı tiykarında olarda Watan hám xalıqqa degen muhabbat, maqtanısh hám ar-namıs, jurt qádirine jetiw tuyǵıların qáliplestiriw ayrıqsha áhmiyetke iye boladı.

Xalqımızdıń keleshegi hám onıń rawajlanıw jolı ótmish penen óz ara baylanıslı esaplanadı. Sonıń ushın ózbek xalqınıń ótmishi hám tariyxıy tájiriybesin, onıń etnikalıq kelbeti, xojalıq-mádeniy ózgeshelikleri, materiallıq hám ruwxıy, jámiyetlik-siyasiy hám shańaraq turmısın, bir sóz benen aytqanda, janajan úlkemizdiń tariyxın ilimiy jaqtan anıq bilip almaǵansha házirgi rawajlanıw jollarımızdı, onıń keyingi baǵdarların durıs belgilep alıwımızdı kóz aldına keltirip bolmaydı.

Bul baǵdarda úlken nátiyjelerge erisken hám óz jolın tawip, ullı keleshekke qarata isenimli qádem qoyıp atırǵan Ózbekstanda hámmemizge, sonday-aq,



kóriwdi talap etedi. Al bunday estelik buyımlardı tekseriwshi ilim bolsa arxeologiya bolıp tabıladı. Arxeologiya arqalı alǵashqı adamlar jasaǵan makanlar, ayyemgi dáwirden qalǵan qala, awıl hám qoyımshılıqlar qazıp kórilip, tariyxı anıqlanadı.

Arxeologiya qazıw usılı menen is alıp baradı. Jazıwlar payda bolmastan birıńǵı dáwirdiń tariyxın arxeologiya qazıwlarınan tabılǵan buyımlar tolıqtıradı, al arxeologiya qazıwlarınıń nátiyjeleri bolsa baspa sózde keń járiyalanıp barıladı.

Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda úlkemizde baylanıslı izertlew Orta Aziyada júdá hám ayyemnen baslanǵan. Abu Rayxan Beruniydiń jazıwına qaraǵanda, arab basqınshıları Orta Aziyadaǵı jergilikli alımlardı joq etip qalmastan, al jergilikli til hám jergilikli jazıwdaǵı shıǵarmalardı da joq etip jibergen. Sol sebepli eń ayyemgi zamanlarda jazılǵan shıǵarmalar saqlanbaǵan. Mıń jıllar dawamında jazılıp kelgen shıǵarmalar bolsa júdá kóp edi. Máselen, Muhammed Narshaxiydiń “Buxara tariyxı”, Balymaniydiń “Tarixi Tabariy” shıǵarmalarınıń jazılǵanına mıń jıldan astı.

Biraq Orta Aziyada arxeologiya, joqarıda aytılǵanday, júdá jas ilim. Rossiyada bul ilim XVIII ásirdiń ortalarında payda bolıp, XIX ásirde ádewir rawajlanǵan. Sol waqıtta alımlar Rossiyanıń jerlerinen tabılǵan Orta Aziyanıń ayyemgi teńge-pulların jámlep, olardı tekserip, Rossiya menen Orta Aziya xalıqlarınıń ayyemnen-aq ekonomikalıq baylanısta bolıp kelgenligin dálilledi. XIX ásirdiń ekinshi yarımında Orta Aziya patsha Rossiyası tárepinen basıp alınǵannan keyin bul jerge kelgen hár bir qániyge hám sawatlı adam kishi qorǵanlar hám qalalardıń qıyraǵan qalqıqların, jasalma tóbeliklerdi, ayyemnen qalǵan imaratlardı kórip, olardıń tariyxı menen qısıqsına baslaǵan. Nátiyjede 1870-jılı Tashkentte shıǵa baslaǵan gazeta hám jurnallarda usı tariyxıy estelikler haqqında hár túrli maǵlıwmatlar járiyalana basladı. Bunday qıyralǵan

qaldıqlardı tekseriw barısında "ǵáziyne" izlep, geypara tóbeliklerdi buzıp jiberiwge shekem barǵan.

Bir topar tariyxtı súyiwshi ziyalılar – arxeologiya háweskerleri házirgi Ózbekstan tariyxı muzeyin shólkemlestirip, hár jarden tabılǵan arxeologiyaǵa tiyisli esteliklerdi usı jerge jámlewge kiristi. Shıǵıstaniwshılar N.I.Velovskiy, V.V.Grigoryev, V.V.Bartold, B.L.Byatkin, sonaday-aq, ózbek háwesker arxeologlarınan Akrompolvon Askarov hám basqalar bul esteliklerdi tariyxtanıw kóz qarasınan úyreniw islerinde baslamashılar boldı.

Házirgi Tashkenttegi tariyx, kórkem óner hám tábiyat muzeylerinde jámlemgen bay arxeologiyaga tiyisli zatlar kópliginiń úlken bir bólegi sol háweskerlet tárepinen XIX ásirde jıynalǵan. Bunnan basqa, olar bir qansha áhmiyetli esteliklerde qazıw islerin de alıp bardı. Bul boyınsha, ásirese, arxeolog-shıǵıstanıwshı V.L.Viyatkinniń xızmetleri ayrıqsha maqtawǵa turarlıq esaplanadı. Shıǵıstanıwshılar Uluǵbek observatoriyasınıń izlerin tabıw ushın kóp urınadı, aqır-aqıbette, Samarqandta jasawshı V.L.Viyatkin ayyemgi tariyxıy hújjetlerdi úyreniw arqalı observatoriyanıń ornın anıqladı. 1908-1909-jıllarda bul jerde arxeologiyalıq qazıw islerin alıp baradı hám observatoriyanıń sekstantı, imarattıń buzılǵan gerbish hám naǵısları, observatoriyanıń segizden bir bólegi tabıldı. Bul is tariyx ilimi ushın úlken ashılıw boldı. Sonıń menen birge, arxeologiya háweskerleri ayyemgi Samarqandtaǵı Afrasiyob tóbeliginde bir neshe qazıw islerin ótkerdi.

XX ásirdiń 20-jıllarına shekem Orta Aziyada arxeologiya ilim dárejesine kóterilmedi. Arxeologlar arxeologiyalıq esteliklerdi belgili bir tariyxıy basqıshtaǵı óndiris kúshleriniń rawajlanıwınıń nátiyjesi dep bahalay almadı, óndiris qatnaslarınıń qanday bolǵanlıǵın ańlay almadı, mádeniyattı óndiristiń rawajlanıwı hám jámiyetlik qatnaslardıń ónimi dep túsine almadı, al onı qaysı bir din, qaysı bir "ayrıqsha talantlı shaxslar" menen baylanıstırdı. Sońın ala arxeologiyalıq jol menen tabılǵan buyımlarǵa tek jazba tariyxtı ǵana



**Juwmaqlaw**

Búgingi bolmıs, turmıstıń rawajlanıw aǵımı úlkemizdi, xalqımız tariyxıy-mádeniy miyrasın hár tárepleme tereńnen úyreniwdi talap etedi.

Ózbek xalqınıń tariyxıy rawajlanıwı máseleleriniń mazmun-maǵanasın ashıwda, materiallıq, ruwxıy hám tariyxıy dereklerin úyrenıwde úlketanıwdaǵı arxeologiyanıń roli, etnografiyanıń áhmiyeti, Toponimika – úlkeniń tariyxın úyreniwde arxiv isi hám muzey eksponatlarınıń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye boladı.

Tariyxıy úlketanıw hám turizmniń tiykarǵı derekleri sıpatında olar arqalı úlke menen hár tárepleme jaqınnan tanısıp alıwǵa erisiledi. Jaqın dáwirdiń ishinde ózbek arxeologları tárepinen bir qatar ilimiy ashılıwlar ámelge asırıldı. Solardan biri - Ózbekstan aymaǵında eń ayyemgi jazıw nusqalarınıń tabılıwı bolıp tabıladı. Bulardıń barlıǵı Ózbekstannıń aymaǵın dúnya civiliaciyasınıń eń dáslepki oshaqlarınan biri ekenligin kórsetiwshi asa áhmiyetli materiallıq dáliyller bolıp tabıladı. Sebebi, joqarı ruwxıyat hám bay mádeniyatqa iye bolǵan hár qanday xalıqtıń óz jazıwı bar bóǵanı jáhán tariyxınan bizge belgili.

Sońǵı waqıtta turizm ekonomikanıń jetekshi tarmaqlarınan biri sıpatında dúnyanıń bir qatar mámleketlerinde rawajlanıwı keńnen jolǵa qoyılǵan. Ózbekstanda bolsa bul salanı rawajlandırıw ushın úlken isler ámelge asırılmaqta. Sebebi, mámleketimizde turizmdi hár tárepleme rawajlandırıw ushın jetkilikli faktorlar bar. Al bular tómendegiler:

birinshiden, jurtımızda kóplegen keń tanılǵan tariyxıy estelikler hám ótmish esteliktleriniń bar ekenligi hám olardıń kópshiliginiń YUNESKO dizimine kiritilgenligi;

ekinshiden, jurtımızda qolaylı tábiyiy sharayattıń bar ekenligi, reń-bareń tábiyat, ósimlikler dúnyası, túrli-tuman janlı zatlardıń bar ekenligi hám de ıqlım zonasınıń ózine tánligi ıqlım aymagımızdıń ózine tánligi;

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar.**

1. Muzeyler haqqında túsinigińiz?

2. Muzeylerdiń qanday túrleri bar?

3. Mektep muzeyleri qanday shólkemlestirildi?

4. Ózbekstanda muzeylerdiń qáliplesiwi haqqında qanday maǵlıwmatqa iyesiz?

5. Úlketaniw dógerekleri qanday dúziledi hám olardıń wazıypası nelerden ibarat?

Tayanısh sózlerdiń túsindiriliwi

**Eksponat** – muzeylerde kórgizbege qoyılatuǵın nárse, biyım.

**Peyjaz** – tábiyat kórinisleriniń súwretleniwi.

**Ekspoziciya** – kórgizbe yaki adamlardıń tanısıwı, baqlawlarına mólsherlengen eksponatlar sisteması.



tastıyıqlawshı meterillar sıpatında qarap, arxeologiyanıń imkaniyatların sheklep qoydı. Sonıń ushın da olar tariyxtıń uzaq ótmish dáwirlerin úyreniwge jeń túrinip kirise almadı.

Taryixshılıqtıń úlken tabıslarınan biri arxeologiyalıq izertlewlerge úlken itibar beriwi menen de belgilenedi. Jámiyet tariyxı óndiris kúshleri hám óndiris qatnaslarınıń rawajlanıwı hám usı tiykarda olardıń ortasındaǵı óz ara qatnaslardıń hár túrli dáwirlerde ózgerip bariwınan ibarat bolatuǵınıń ilimde tán alınǵannan keyin, tariyxtı jámiyetlik-ekonomikalıq dúzimlerge ajıratıp dáwirlerge bóliw máselesi kún tártibine qoyıldı. Burıngı awqam dáwiri tariyxshılıǵında bolsa putkil adamzattıń tariyxı nadurıs tárizde dáwirlerge bólingen edi. Al bul hal bolsa tariyxtı buzıp analizlewge alıp keldi.

Akademik A.Asqarov[1] Ózbekstan tariyxın tómendegi tárizde xronologiyalıq tárepten dáwirlik sistemalastırdı:

1. Ózbekstanda “alǵashqı pada dáwiri”. Bul dáwirdıń xronologiyalıq shegarası adamzattıń Fergantrop – Neandertal ata-babaları jasaǵan dáwir (b.e.sh. 1 mollion – 12 mıń jıllıqlar) menen belgilenedi. Bul dáwirde menshiktiń hesh bir túri bolmaǵan. Adamzat eń dáslepki alǵashqı halatınan tolıq maǵanadaǵı adam halatına ótiw, pikirlewshi adam bolıp qáliplesiw processin basınan ótkergen. Tastan miynet quralların jasaw hám olar járdeminde jámiyetlik miynet etiw menen basqa janzatlardan túpkilikli ózgeshe bolǵan. Bul dáwir adamlarda ele jámáát bolıp jasaw kónlikpeleri qáliplespegen edi,

2. Ózbekstanda “Alǵashqı urıwlıq jámááti hám menshik iyeleriniń qáliplesiw dáwiri”. Onıń xronologiyalıq shegarası – urıw jámáátleriniń dúziliwinen baslap (binnan 40 mıń aldın, biziń eramızdıń III-IV ásirlerine shekem). Bul dáwirde jámiyet ekonomikalıq turmısınıń jámiyetlik quramı dáslep matriarxat urıw jámáátleri dástúrleri hám soń patriarxat urıw jámáleriniń erkin diyxan jámáátleri- kashovarzlar, azatkerler hám guvakorlardan quralǵan. Menshikke

[1] Асқаров А. Ўзбек халқининг этногенези ва этник тарихи. Т.: Университет, 2007.. Б. 20-23.

iyelik etiw dáslep (matriarxat dáwirinde) jámiyetlik xarakterde, soń (patriarxat dáwirinde) erkin óndiris jámáát aǵzalarına tiyisli jeke menshik qáliplesedi. Jámiyettiń ideologiyalıq tiykarın dáslep tabiyat hádiyselerine sıyınıw: totemistlik, animistikalıq, sıyqırgerlik (matriarxatta), otqa sıyınıw diniy kóz qaraslar (patriarxatta) soń bolsa zardushtiylik hám buddizm, moniylik, xristiyanlıq hám shamanizm quradı.

3. Ózbekstanda "Erte orta ásir dáwiri". Onıń xronologiyalıq shegarası – biziń eramızdıń III-IV ásirlerinen baslap tap IX ásir baslarına shekem bolǵan dáwirdi óz ishine aladı. Bul dáwirde feodal menshiktiń dáwletli diyxanzadalar tımsalında qáliplesiwi hám rawajlanıwı, erkin diyxan jámáát aǵzaları – kashovarzlardıń kadivarlarǵa aylanıw processiniń jedel bolıp ótiwi baqlanadı. Menshikte jeke menshik, jámáát menshigi, vaǵnze menshigi (zardushtiylik hám ibotaxanlarǵa tiyisli menshik) ornatıldı. Mámleketshiliktiń áhmiyetli basqıshlarınan esaplanǵan jergilikli hákimiyatshılıq bul dáwirdıń mámleket dúziminiń tiykarına aylandı. Bul dáwirdıń ideologiyalıq tiykarında dáslep (IV-VII ásirler) tiykarınan zardushtiylik, azlap xristiyanlıq, moniylik hám buddizmlik jatadı. Arab basıp alıwlarınan keyin (VII ásirden baslap) Jámiyettiń ruwxıy, ádep-ikramlıq hám ideologiyalıq dúnyasın islam isenimi iyeleydi.

4. Orta Aziya, sonıń ishinde, Ózbekstan tariyxınıń "Orta ásirler dáwiri". Onıń xronologiyalıq sheńberi – samaniyler mámleketiniń dúziliwinen – X ásirden tap XIX ásir ortalarına shekem bolǵan dáwirdi óz ishine aladı. Bul dáwirde feodallıq qatnaslardıń úzil-kesil qáliplesiwi hám rawajlanıwı hám aqırında óz ara ishki hám sırtqı feodallıq urıs-qaǵıslar sebepli jámiyet ekonomikalıq hám siyasiy turmısında turǵınlıq, daǵdarıslar baqlanadı. Jámiyettiń sociallıq quramın, tiykarınan, koranda – ijarashılar hám iri menshik iyeleri quradı, menshikke iyelik etiwdıń jeke hám waqım menshik tártibi bekkemlendi.



d) metodikalıq jumıslarda belsendi qatnasadı. Oqıwshılardı dógerekke tartıw maqsetinde tańlaw hám jámlew islerin alıp baradı. Dógerek aǵzaları (jámáát)n hár túrli jarıs, kórgizbe, koncertler hám basqa ámeliy ilajlarda belsendi qatnasıwların támiyinleydi;

e) dógerek aǵzaları (jámáát)nıń oqıw tártibin saqlawın qadaǵalaydı hám qatnasıwın támiyinleydi;

j) ata-analar, informaciya-resurs oraylarınıń xızmetkerleri, topar tárbiyashıları hám oqıtıwshılar menen birge islesiw;

z) dógerek isi menen baylanıslı bolǵan esabattı dúzedi hám hújjetlerdi toltırıp baradı.

Dógerek basshısı biliwi tiyis:

a) Ózbekstan Respublikasınıń "Bilimlendiriw haqqında", "Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması haqqında"ǵı nızamlardı, blilimlendiriw haqqındaǵı basqa nızam hújjetleri, sabaqtan tıs tárbiya isleri koncepciyası, Orta, kásip-óner tálimi Orayınıń normativ-huqıqıy hújjetlerin, usı baǵdar boyınsha dógerek isleri baǵdarlamasın, metodikalıq kórsetpelerin, dógerek islerin alıp barıwdıń forma hám usılların, pedagogika tiykarları, pedagogikalıq psixologiya, óspirimler psixologiyasın;

b) oqıwshılar shaxsın rawajlandırıwdıń huqıqıy hújjetlerin, olardıń qızıǵıwları hám mútájliklerin;

v) zamanaǵoy tárbiya hám oqıtıw usılları hám metodikasın, hár túrli mádeniy-ǵalabalıq ilajlardı shólkemlestiriw hám ótkeriwdi, mádeniyat hám kórkem-óner, ilim hám texnikanıń zamanagóy tabısların ózlestirgen bolıwları tiyis.

Házirgi waqıtta Respublikamızda 255 oqıwshılar sarayı hám úyleri, 133 jas texnikler orayları hám stanciyaları, 40 jas sayaxatshılar hám úlketanıw stanciyalari bar (J.Goniev. Ózbekstan Respublikası tálim tárbiya jolında. Tashkent, 1994).

Úlkemiz tariyxın tereńnen úyreniw hám oqıw-tárbiya isleriniń dárejesin búgingi kúnniń joqarı talapları dárejesine kóteriw ushın tálim mákemelerinde úlketanıw dógeregi hám muzeylerin ashıw tariyxıy esteliklerdi saqlaw hám qorǵawda, eski estelikler, muqaddes ziyaratxanalar hám basqa áyyemgi mákanlardı izlestirip tabıwda úlken áhmiyetke iye boladı. Úlke tariyxına derekli materiallardan oqıw processinde orınlı hám maqsetli túrde muwapıq paydalanıw oqıwshılardıń óz úlkesiniń tariyxın jáne de tereńirek bilip alıwlarına hám óz betinshe dóretiwshilik penen shuǵıllanıwlarına imkan jaratadı, sonıń menen bir waqıtta ótmishti jaqsı bilgen halda kelesi ómir’ jolların tańlap alıwlarına da járdem beredi.

Juwmaqlap aytqanda, muzey materialları tiykarında úlkemizdiń eń ayyemgi dáwirine derek siyrek esteliklerdi, áyyemgi hám orta ásirlerge derekli materiallıq zatlardı, keyingi waqıtlarda, ásirese ǵárezsizlik jıllarında jurtımızda qolǵa kiritilgen tabıslar hám úlken jaratıwshılıq islerin ózinde sáwlelendiriwshi eksponatlardı muzeyler, sonday-aq, arnawlı kórgizbelerde kórsetip barıw keń jámiyetshilikti, sonnan, oqıwshı hám talabalardı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw isine xızmet etedi.

Dógerek basshısı:

a) tálim mákemesindegi dógerek isin jetilistiredi hám oǵan basshılıq etedi;

b) dógerek isinde oqıwshılardı ullı ata-babalarımızdıń miyrasına tereń húrmet penen qatnasta bolıwǵa, olarda milliy maqtanısh hám Watanga sadıqlıq ruwxın qáliplestiriwge, sabaqtan tıs waqıttan ónimli paydalanıwǵa juwapkershilik penen qaraydı;

v) baǵdar boyınsha dógerek aǵzaları (jámáát) menen individual hám topar bolıp shınıǵıwlar alıp baradı;

g) dógerek aǵzalarınıń kásiplik sheberligin bekkemlew hám bilim dárejesin arttırıwǵa háreket etedi;



5. Orta Aziya, sonıń ishinde, Ózbekstan tariyxınıń besinshi dáwirin “Ǵarezlilik dáwiri hám milliy oyanıw dáwiri”, dep ataw múmkin. Onıń xronologiyalıq shegarası patsha Rossiyası basıp aliwshılıǵınan (1864-65) tap 1917-jıl oktabr tóńkerisine shekem bolǵan dáwirdi óz ishine aladı. Bul dáwirde Rossiya kapitalınıń Orta Aziyaǵa kirip keliw múnasibeti menen úlkede kapitalistlik óndiris qatnasları qáliplesip bardı, óndiristegi jan‘a múnasibetler sebepli klerikal feodal tártipleri hám dástúrli xalıq ónermentshiliginiń negizine jik túsip, Jámiyettiń sociallıq quramında jallanba miynet resursları hám watan taǵdiri haqqında qayǵırıwshı milliy ziyalılar qatlamı payda boladı. Jadidshilik tımsalında orta ásir dáwiri feodallıq qısımınan shıǵıwǵa umtılıw, Batıs dúnyası menen baylanıs ornatıw, olardıń tásirinde xalıqtı bilimlemdiriwge tartıw janlanadı.

6. Ózbekstan tariyxınıń altınshı dáwiri awqam dáwiri bolıp, bul dáwirde jámiyet turmısınıń barlıq shaqapshaları kommunistlik ideologiya ideyaları tiykarında qurıldı, Jámiyettiń sociallıq quramı jumısshı hám diyxanlar klası hám de olardıń avangard otryadı – ziyalılar qatlamınan ibarat boldı. Menshiktiń mámleket monopolistlik kapitalizm húkimdarlıq etken. Konstitucuyada din erkinligi aytılǵan bolsa da, ámeliy ómirde ateistlik kóz qaras Jámiyettiń ruwxıy hám ideologiyalıq tiykarın quradı.

7. Ózbekstan tariyxınıń bul dáwiri “Milliy ǵárezsizlik, demokratiyalıq mámleket hám puqaralıq jámietti qurıw dáwiri” dep atawdı talap etti. Bul dáwir ózbek xalqı hám mámleketshiliginiń jána beti, milliy baylıqlar hám óndiristiń barlıq shaqapları boyınsha erisilgen tabıslardıń xalıq máplerine baǵdarlanǵan dáwiri, milliy qádiriyatlar qayta tikleniw dáwiri, dúnya kartasuında “Ózbekstan Respublikası” dep atalǵan suveren mámlleketi jáhán birligi hám jamiyetshiligi tárepinen tán alınǵan dáwiri sıpatında tariyxqa kiredi. Ózbekstan puqaraları ushın diniy erkinlik, tek nızamda gána emes, al ámeliy ómirde de óz

sáwleleniwin tabadı. Joqarıda aytıp ótilgenindey, tariyxıy dáwirge ajıratıw úlkeniń tariyxın tereńnen hám hár tárepleme úyreniw ushın negiz jarattı.

Házirgi pánniń anıqlanıwı boyınsha adamzat jámiyeti tariyxı shama menen bit million jılǵa jaqınlasıp baradı. Usı uzaq dáwirdıń aqırǵı mıń jıllıqlarda ǵana jeke menshikke, yaǵnıy kúshlilik qatnasları júzege kelgen bolıp, buǵan shekem, birinshiden, tariyxtı óndiris usıllarına qarata dáwirlerge ajıratıw joq edi. Ózbekstan , ulıwma, Orta Aziyada alǵashqı jámáát dáwiri bolǵanlıǵına gúman menen qaralǵan edi. Ekinshiden, Orta Aziyaǵa xalıq Iran hám Arqa Hindstan tárepten kóshirip keltirilgen, degen shamalaw bar edi. Sonıń menen birge eń ayyemgi zamannan baslap aqırǵı Buxara ámirligi zamanına shekem Orta Aziya xalqınıń turmısında ózgeris bolmaǵan dep uqtırıldı.

Tariyxtı dáwirlerge ajıratıw máselesiniń kún tártibine qoyılıwı tariyxshilar hám ayxeologlardı háreketke keltirdi. Birinshi bes jıllıqtıń aqırında-aq, burınǵı awqamnıń tariyxın, sonıń ishinde Ózbekstan  tariyxın dáwirlerge ajıratıw máselesi boyınsha jazba dereklerdi úyreniwge kirisiw menen birge arxeologiya esteliklerin qazıw menen tabıwǵa da úlken itibar berile baslaǵan edi. Bul ilajdıń basında Moskva, Sankt-Peterburg hám Ózbekstan  arxeologları A.Yakubovskiy, G.V.Grigoryev, S.P.Tolstov, M.E.Masson, B.A.Shishkin, Ya.Ǵ.Gulomov hám basqalar turdı. Birinshi ilaj Ózbekstannıń ayırım rayonlarında arxeologiyaǵa tiyisli izertlewler ótkerile baslandı.

Máselen, 1925-1930-jıllarda Samarqandta B.L.Biyatkin, 1926-1928-jıllarda Termizde B.P.Denike, 1929-1930-jıllarda A.A.Potapov Ferǵana oypatında hám de 1932-1933-jıllarda Namangan walayatınıń Úshqorǵan rayonı Narın dariyasının jaǵasında elektrostanciya qurıwǵa tayarlıq kóriw múnasibeti menen Sankt-Peterrburg arxeologlarınan B.A.Latinin Ferǵana oypatınıń arqa-shıǵıs rayonlarında, 1934-jılı Sankt-Peterburg arxeologı G.V.Grigoryev Yangiyul rayonında; sol jılı professor A.Yakubovskiy basshılıǵında Sankt-Peterburg hám



etip tálimniń tómengi buwınlarında kishi muzeylerdi shólkemlestiriw oǵada úlken áhmiyetke iye.

Úlketanıw dógerekleri. Tálim mákemelerinde muzey isi úlketanıw dógereginiń isleri menen birge alıp barıladı. Dógereklerde tómendegi bólimler iskerlik korsetiwi múmkin:

Arxeologiya bólimi;

Numizmatika bolimi;

Mádeniy estelikler;

Ónermentshilik;

Dańq;

Awıl xojalıǵı;

Orta Aziya tiltanıwınıń rawajlanıwı hám basqalar.

Dógerek isinde joqarıdaǵı bólimlerge tiykarlanǵan halda ushırasıwlar ótkerilip turıladı. Maselen, “Áwladlar ushırasıwı”, “Ekinshi jáhán urısınıń qatnasiwshıları menen ushırasıw”, “Miynet veteranları menen ushırasıw” temaları hám basqalar.

Tálim mákemesinde úlketanıw dógeregin ashıw oqıwshılardıń óz úlkesin tereńnen úyreniwlerine úlken járdem beredi. Úlke tanıw dógeregin shólkemlestiriwden aldın mine usı áhmiyetli hám quramalı iske basshılıq ete alatuǵın, isin shın kewilinen súyetuǵın hám bul salada jetkilikli bilim hám kónlikpege iye bolǵan qániygelerden basshı tańlaw hám onı mektep oqıtiwshılari Keńesine tastıyıqlap alıw zárúr.

Tariyxıy úlketanıw hám turizm páni onı tómendegi tiykarǵı dereklerin úyreniwden baslanadı. Qollanbada bayan etilgenindey, áweli úlketaniw haqqında qısqasha maǵlıwmat beriledi: úlketanıwda arxeologiya, etnografiya, Toponimikanıń roli hám áhmiyeti ashıp beriledi; úlketanıwdıń tiykarǵı dereklerinen arxivtanıw, muzey eksponatları haqqında hár tárepleme túsinik júzege keltiriledi.

1. Oqıwshılardıń jámiyetlik pánlerden alǵan bilimlerin muzeydegi negizgi nusqa eksponat materialları tiykarında anıqlastırıw, tereńlestiriw hám keńeytiwden ibarat.

2. Oqıwshlardı muzeydegi eń áhmiyetli eksponatlarınıń tariyxı menen tanıstiriw hám túsindiriw arqalı úlke tariyxın úyreniwdiń áhmiyetin ashıp beriw.

3. Sabaqtıń temasın bayan etiw waqtında ózbek xalqınıń watansúyiwshiligi, xalıqlar doslıǵı hám tuwısqanlıǵın tiykarlap beriwshi dáliylli hújjetler hám mádeniy esteliklerdi kórsetip beriw.

Mektep, akademiyalıq licey hám kasip-óner kolledjlerinde úlketanıw muzeylerin shólkemlestiriw. Tálim sistemasında muzeylerdi shólkemlestiriwde tómendegi mashqalalardıń sheshiminiń tabılıwı ámeliy nátiyjeler beriwi múmkin:

1. Oqıw-ámeliyat sabaqların ótkeriw ushın mektep, akadeyalıq licey hám kasip-óner kolledjleriniń materiallıq-texnikalıq bazasın jaratıw, onı búgingi kúnniń talapları tiykarında úskenelew.

2. Mektep, akadeyalıq licey hám kasip-óner kolledjleri menen hár túrli baǵdarlardaǵı muzeyler ortasında baylanıslardı jolǵa qoyıw, sabaqtıń barısın ámeliyat penen baylanıstırıw.

3. Tálim sistemasındaǵı iskerlikti paytaxtımız hám walayatlar, ásirese, awıllar menen muwapıqlastırıw yaki kadrlardı walayatlarda islewge bolǵan qálewin kúsheytiw.

Mektep muzeyiniń aldında júdá úlken hám kólemli wazıypalar qoyılǵan bolsa da, ol xalıq hám mámleket muzeylerinnen ózine tán ózgeshelikleri menen túpkilikli parıqlanadı. Birinshiden, mektep muzeyleri Oqıwshılar ushın mólsherlengen. Ekinshiden, bul muzey mektep, mektep oqıtıwshıları jámááti hám de jaslar úlketanıw dógerekleri aǵzaları tárepinen jıynalǵan materiallardıń tiykarında shólkemlestiriledi. Úshinshiden, muzeyden tek joqarı tárbiyalıq maqsette ǵana emes, al tálim processinde de ónimli paydalanıw múmkin. Solay



Ózbekstan  arxeologları Buxara walayatınıń shıǵıs bóliminde, arxeolog M.E.Masson basshılıǵıindaǵı arxeologlar Ahangaran oypatında úlken arxeologiyalıq izlestiriw islerin wókerdi.

1936-1937-jıllarda bul is keńeyip, ayyemgi Termiz qalasın qazıw boyınsha ilimiy isler kúsheytiliwi menen prof. S.P.Tosltov basshılıǵında Xorezmde, V.A.Shishkin basshılıǵında Buxara walayatınıń batıs bóleginde jańadan izertlewler baslandı. Bul ilimiy saparlar keń kólemde uyımlastirılıp, bulardıń hámmesinde Moskva, Cankt-Peterburg hám Ózbekstan  arxeologları birge islesti. Bul ilimiy saparlar 1939-1940-jıllarda Ózbekstanda suwǵarıw salasında xalıq qurılıslarınıń baslanıwı múnasibeti menen arxeologiyalıq baqlawlardı alıp bardı, bul baǵdarda Ferǵana oypatında úlken nátiyjelerge erisildi.

XX ásirdiń ekinshi yarımında Orta Aziya patsha áskerleri tárepinen basıp alınǵannan keyin, bul jerge rus alımları kelip, kóplegen izertlew islerin alıp bardı. Usınday quramalı hám awır sharayatta da úlketaniwshılar óz pikir-usınısların erkin bayanlawǵa háreker etken. Orta Aziyaǵa kelgen alımlar úlkedegi aldıńǵı jergilikli ziyalılardıń wákilleri menen jaqınnan birge islesti.

Eziwshi hakimiyatı Orta Aziya keń xalıq qatlamınıń milliy sanasın wósiriwge járdemlesiwdi hesh qanday da maqul is dep bilmegen, kerisinshe, jergilikli keń xalıq qatlamı ortasında tariyxıy bilimlerdi biraz dárejede keńnen úgitlewi, olardıń dıqqatın ayyemgi zaman esteliklerin úyreniwge tartıw patshashılıqtıń eziwshilik siyasatına tek zıyan jetkeriwi múmkin dep qorqatuǵın edi.

Sonday eken, Orta Aziyanıń jańadan-jańa aymaqlarında Rossiya húkimdarlıǵınıń ornatılıwı, olardıń Ulıwma Rossiyalıq ekonomikalıq rawajlanıw jolına qosıp jiberilgenligi múnasibeti menen turmıstıń ózi janádan-jańa ilimiy izertlewler ótkeriw zárúrligin talap etedi. Orta Aziyanıń tolıq úyrenilmegenligi eziwshi hákimiiyatınıń islerin qıyınlastırdı. Ilimiy izertlewlerden geyparaları ózlerinin kóp jıllıq tariyxına, óz úrp-ádetleri, ózgeshelikleri, turmıs qálpine iye

bolǵan million-million Orta Aziya keń xalıq qatlamın ekspluataciyalaw sistemasın tikkeley uyımlastırıwǵa járdem beriwi tiyis edi.

Tábiyiy baylıqları, mádeniy miyrası oǵada bay bolǵan hám kem tekserilgen bul úlke rus ziyalılarınıń rawajlanıwdı súyiwshi bólegin júdá qızıqtıratuǵın edi. Ataqli rus zoologi, zoogeografiya hám sayaxatshısı, darvinizmniń isenimi kúshli tárepdarlarınan biri bolǵan N.A.Severcov (1827-1886) Túrkistannıń kóp jerlerin fizikalıq-geografiyalıq jaqtan úyrendi, Pamir dizbe tawlarınıń ofografiyasın izertledi.

Tabiyattanıwshı hám sayaxatshı A.P.Fedchenko (1844-1873) Túrkistan tábiyatın úyreniwde úlken rol oynadı. Ol Ferǵana oypatı menen Alaydı birinshi ret tekserip shıqtı. Alaydıń arjaǵındaǵı taw dizbekleri hám onıń biyik shıńların ashtı, Zarafshan oypatı menen Qızıl qumdı da tekserip shıqqan. Zarafshan dáryasınıń baslanǵısh bólimindegi úlken máńgi muzlıq sońınan onıń húrmetine Fedchenko dep atala basladı. A.P.Fedchenko 1873-jılı Evropanıń Alp tawlarında Monblan shıńına shıgıwda nabıt bolǵan.

Geolog hám geograf I.V.Mushketov (1850-1902) Arqa Tyan-Shan taw dizbekleriniń dúzilisin kórsetip beredi. Ol Turkstandaǵı kóplegen paydalı qazılma kánlerin táriyiplep, Turkstan minerallarınıń eń birinshi dizimin jarattı. 1877-1878-jıllarda I.V.Mushketov geologiyalıq tekseriw maqsetinde Alay, Pamir, Buxara, Hisor, Ámiwdárya boylap hám Qızılqumǵa sayaxat jasadı. 1880-jılı bolsa Zarafshan muzlıǵına ilimiy sapar uyımlastırdı. I.V.Mushketov 1881-jılı (G.D.Romanovskiy menen birgrlikte) Túrkistannıń birinshi geologiyalıq kartasın dúzdi. Orta Aziyanıń geologiyalıq dúzilisiniń birinshi koncepciyasın usınıs etti, onı úyreniw basqıshların kórsetip berdi. I.V.Mushketov óz izertlewlerin hám Túrkistandı úyrengen basqa alımlardıń ilimiy islerin óziniń ataqlı “Túrkistannıń geologiya hám orografiya táriypi” monografiyasında ulıwmalastırǵan. Bul monografiyaga jazılǵan sóz basın tariyxtanıw kóz qarasınan bayan etilge n.



oqıwshılar hám de sol aymaqta jasaytuǵın jergilikli xalıqqa mólsherlengen ilimiy-mádeniy mákan bolıp tabıladı.

Sonıń ushın da hár bir tálim mákemesi óziniń úlketanıw muzeyine iye boliwi kerek. Muzey shólkemlestiriliwinen aldın oqıw ornınıń pedagogikalıq keńesi hám jamiyetlik shólkemleri tárepinen puqta islengen, pedagogikalıq keńesi tárepinen tastıyıqlanǵan rejege iye bolıwı tiyis. Rejede birinshi gezekkte dúziletuǵın muzeydıń baǵdarı anıqlanıp alınıwı kerek. Muzeydiń baǵdarı oqıw ornında oqıtılatuǵın pánlerdiń ózine tán ózgesheliklerin, muzeydiń tiykarǵı jámlemesin, yaǵnıy jazba hám materiallıq-mádeniy esteliklериniń negizgi nusqaların izlestirip tabıw imkaniyatların, oqıw-tárbiya isleriniń máqset hám wazıypaların, oqıtıwshı hám de oqıwshılardıń niyet hám máplerin, aqırında mákemeniń jaylasqan awıl, rayon, walayat – úlkeniń ózgeshelikleri hám imkaniyatların esapqa alǵan halda belgilenedi. Usıgan qarap oqıw mákemesi muzeyi tariyxıy-revolyuciyalıq, áskeriy-tariyxıy (jawınger), dańq, arxeologiyalıq, etnografiya, memorial, awıl yaki qala, oqıw ornınıń tariyxı baǵdarında dúziliwi múmkin. Jámleme(kompleks) muzey, yaǵniy tábiyat, xojalıq hám tariyx bólimlerinen ibarat bolǵan muzey mámleket hám úlketanıw muzeyleri bolmaǵan awıl hám de qalashanıń mákemelerinde dúziledi.

Mámleket yaki jergilikli úketanıw muzeyleri bar bolǵan orınlarda bolsa basqa baǵdarlardaǵı úlketanıw muzeyleri (tariyxıy-revolyuciyalıq, áskeriy-tariyxıy, arxeologiyalıq, etnografiya, memorial) dúziliwi múmkin. Úlketanıw muzeyleriniń bul baǵdarların shólkemlestiriwde ,olardıń pútkil imkaniyatı menen tálim-tárbiyanıń maqset hám maplerine tolıq xızmet etiwine, rayon, qala hám úlkedegi xalıqtıń ótmishi, turmıs qálpi, sonday-aq bul jerde bolıp ótkeń revolyuciyalıq háreketlerdiń tariyxın korsetip bere alıwına ayrıqsha itibar beriw kerek boladı.

Mektep, akademiyalıq licey hám kasip-óner kolledjlerinde shólkemlestirilgen muzey eksponatları menen tanısıw hám onı úyreniwdegi maqset:

sonday-aq, mektep, akademiyalıq licey hám kasip-óner kolledjlerinde shólkemlestirilgen muzeyler júdá úlken áhmiyetke iye. Solay etip joqarı oqıw ornı, akademiyalıq licey hám kasip-óner kolledjlerinde shólkemlsetirilgen muzeylerdiń jaslardıń tárbiyasında hám kamalǵa jetiwinde tutqan ornı teńsiz esaplanadı.

Muzey boylap sayaxat hám ondáǵı eksponatlardı kórip-baqlaw, jaqınnan tanısıw insannıń yadında uzaq saqlanadı. Sebebi, oqıwshı ol jerge barǵannan keyin ilgeride hesh baqlamaǵan, al tek kitaplarda oqıgán yaki súwretin ǵana kórgen nárselerdıń ayqın halatların kórip, basqa dúnyaǵa túsip qalǵanday sezedi ózin. Bul jerde kórgen nárseleri, kim menen muzeyge eń birinshi ret barǵanı bolsa hesh qashan yesinen shıqpaydı. Sebebi, kóz arqalı kórip-baqlaw menen alınǵan informaciyalar insannıń yadında bekkem saqlanıp qalıwın qániygeler ayrıqsha aytıp ótkeń. Solay etip jaslarımızdı tariyxıy esteliklerdi abaylap saqlawǵa, tariyxıy esteliklerge mehr-muhabbat penen qarawǵa úyretip, bul esteliklerdi tek ótmishti úyreniw ushın ǵana emes, al sonıń menen birge ilim-pándi, xalıq bilimlendiriwin hám mádeniyatın jáne de rawajlandırıw ushın ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligin ańlatıw zárúr.

Mektep, akademiyalıq licey hám kasip-óner kolledjleriniń muzeyleri oqıwshılar menen alıp barılatuǵın barlıq úlketanıw isleriniń orayı esaplanadı. Ol, birinshiden, mektepte oqıw-tárbiya islerin jaqsılawǵa, oqıwshılarda jámiyetlik-siyasiy belsendilikti qáliplestiriwge, olarda watansúyiwshilik, minnetke degen sadıqlıq, úlkeniń tariyxına húrmet ruwxında tárbiyalawǵa úlken járdem beredi. Ekinshiden, úlke tariyxına derekli jazba hám meteriallıq-mádeniy esteliklerdiń bir orınga jámleniwi hám saqlanıwı mámleket hám xalıq muzeyleri jámlemeleriniń bayıp barıwına imkan jaratadı.

Talim mákemelerindegi úlketanıw muzeyi- tariyxıy-mádeniy materiallar toplanıp, kórsetiwge mólsherlengen, eksponatlarınıń negizgi nusqaları yaki kóshirmeleri dáwirler boyınsha ilimiy sistemaǵa túsirilgen, mákeme jámááti,



Orta Aziyanıń topıraǵın úyreniwde de rus izertlewshileriniń xızmeti salmaqlı boldı. Ataqlı rus alımı, házirgi zaman ilimiy topıraqtanıwına tiykar salǵan V.V.Dokuchaev (1846-1903) óziniń kóplegen shıgarmalarında bul salada dáslepki (1898) maǵlıwmatlardı bergen.

Túrkistan áskeriy topografiya bólimi dúzilgenine shekem (1867) úlke topografiyalıq jaqtan úyrenilmegen edi. Topografiya Orta Aziyanıń bas kartası dúzildi. Túrkistan basıp alınǵannan keyin úlkeni kartaga túsiriw hám ıqlımdı úyreniw ushın baza jaratıw máselesi tuwıldı.

Bular haqqında pikir aytıladı eken, onda oqıtıwshı sabaq dawamında talabalarǵa ózleri jasap atırǵan aymaq – walayatlardıń kartasın sızıwdı wazıypa etip berse, olarda jasaytuǵın mánzil – úlkege degen qızıǵıw hám mehrdiń artıwı tábiyiy boladı.

1867-jılı Tashkent meteorologiya (úlkeniń ıqlımın úyreniw) orayı dúzildi, biraz waqıt ótkeńnen keyin usınday oraylardan bir neshewi basqa jerlerde de payda boldı. Tashkentte kosmostı úyreniw obserbatoriyası 1874-jılı Rossiyadaǵı eń ayyemgi Pulkovo obserbatoriyası xızmetkerleriniń járdeminde ashıldı. Shárt-sharayatlardıń qıyın bolıwına qaramastan, bul salada úlken tabıslar qolǵa kiritildi. Obserbatoriya xızmetkerleri házirgi Orta Aziyanıń aymaǵında shama menen 870 kosmos mánzillerin anıqladı. Olar óz baslamaları menen ilimiy-izertlew islerin alıp bardı. Al keyin ala bolsa qarjınıń joq bolıwı sebepli obserbatoriya izertlew islerin dawam ettire almay qaladı.

Úlkeni úyreniwde statistika komitetleri de áhmiyteli rol oynadı. 1868-jılı yanvarda Turkstan statistika komiteti dúzildi. Onıń baslaması menen 1872-jıldan “Túrkistan úlkesi statistikası ushın materiallar” degen toplam shıǵarıla basladı (1872-1876-jıllar ishinde 5 toplam shıǵarıldı). 1887-jıl 1-yanvarınan baslap Sırdárya (Tashkentte), Samarqand (Samarqandta), Ferǵana (Yangi Marǵılanda) walayatlarında statistika komitetleri dúzildi. Komitetler walayatlarǵa tán maǵluwmarlar toplamın baspadan shıǵarıp, olarda “tábiyiy hám óndiris isleri”,

xalıq xojalıǵı, suwǵarıw sistemaları, jollar, xalıq hám onıń bántligi, ulpan hám salıqlar, hákimshilik dúzilisi, den sawlıqtı saqlaw hám bilimlendiriw, jámáát abadanlıǵı, hawa rayı baqlawları hám basqalar haqqında hár tárepleme maǵlıwmatlar berildi. 1886-1913-jıllarǵa tiyisli bolǵan "Sırdárya walayatı obzorları" (Yangi Mafgılan – Skobelyev, 1889-1916-jıllar) baspadan shıgarılǵan edi. Komitetler bulardan basqa jáne óz isleri haqqında esabatlar hám basqa kitaplardı baspadan shıǵardı.

Orta Aziya xalıqlarının turmısına baǵıshlanǵan ilimiy hám úlketanıwǵa tiyisli hár túrli xabarlar hám maqalalar "Turkestanskie vedomosti", "Túrkistan walayatı gazetası" (Tashkent, 1876-1917-jıllar) hám basqa jergilikli baspa sózde úzliksiz basılıp turıldı. 1870-jılı Tashkentte ashılǵan Túrkistan xalıq kitapxanası (házirgi Aliysher Nawayı atındaǵı Ózbekstan  Milliy kitapxanası) úlkeni úyreniw menen shuǵıllanıwshı barlıq izertlewshiler, ásirese, jergilikli xızmetkerler ushın úlken áhmiyetke iye boldı. Kitapxana baslamashıl bibliofiller (kitap redaktorları) hám bibliograflardıń kórsetken iskerligi tiykarında úlkeni úyreniwge tiyisli bolǵan bahali shıǵarnmalar hám materiallar menen bayıp bardı. Kitapxananın ashılıw waqtında tek 1700 tom ǵana kitap bar edi, 1917-jılǵa kelip ondáǵı kitaplardıńsanı 80 mıń tomǵa jetti. Al házirgi kúnde bolsa kitaplardıń ulıwma sanı 10 million tomnan artıp ketti. Kitapxananın fondında saqlanıp atırǵan ádebiyat hám dekerlerdiń jámlemelerinen Orta Aziyaǵa, ásirese, Túrkistan úlkesine baǵıshlanǵan "Túrkistan shıǵarmalar hám maqalalar toplamı" júdá bahalı shıgarma bolıp, usı kúnlerde de óziniń ámiyetin joǵaltpaǵan. Bul toplamdı dúziwde kózge kóringen rus bibliografı V.I.Mejov Peretburgta 1868-jıldan baslap 20 jıl dawamında is alıp barǵan edi.

1888-jıldan "Túrkistan toplamı"na kirgen úlken-kishi tomlardıń sanı 416 ǵa jetkeninde (bular 1868-1888-jıllarda toplanǵan materiallar edi) úlkede patsha hákimshiliginiń buyrıǵı menen "qarjı joqlıǵı sebepli" bul ilaj toqtatılǵan edi.



diyxanshılıq mádeniyatına derekli miyras sayaxatshılar-baqlawshılardıń itibarın ózine tartadı.

Házirgi waqıtta jurtımızda hár túrli salanıń muzeyleri iskerlik kórsetpekte. Ótkeń jıllar dawamında muzeyler xalqımızdıń, ásirese jaslardıń haqıyqıy ruwxıy-mádeniy mákanına aylanıp qaldı. Paytaxtımızdıń "Mustaqillik maydanı" janında "Ózbekstan  súwretlew óneri galereyası" da usi pikirdi tastıyıqlaydı. 2004-jılı Ózbekstan  Respublikasınıń Ǵárezsizlik kúnunde ashılǵan Galereya zallarında XX ásirdiń baslarınan házirge shekem jaratılǵan Ózbekstan súwretlew óneri shıgarmalarınıń bay jıynaǵı, Orta Aziyada quyılǵan siyrek teńgeler kollekciyası hám basqa eksponatlar kórsetilmekte.

Hásirgi kúnde Ózbekstanda iskerlik alıp barıp atırǵan reń-báreń muzeylerdiń qatarınan úy-muzeyler de orın alǵan bolıp, olardıń kópshilik bólegi mámleketimiz paytaxtı-Tashkent qalasında jaylasqan, olar tómendegilerden ibarat:

- Abdulla Qadiriy úy-muzeyi;
- Musa Tashmuhammed ulı Aybek úy-myzeyi;
- Ǵafur Ǵulam úy-muzeyi;
- Muxtar Ashrafiy úy-muzeyi;
- Oral Tańsiqbaev úy-muzeyi;
- Yuldosh Axunbabaev úy-muzeyi;
- Tamaraxanım úy-muzeyi;
- Habib Abdullaev úy-muzeyi;
- Yunus Rajabiy úy-muzeyi
- Amet Shamuratov hám Ayımxan Shamuratovalar úy-muzeyi hám basqalar

**Mektep, akademiyalıq licey hám kasip-óner kolledjleriniń muzeyleri.**

Muzeyler arqalı Watanımızdıń ótmishiniń umıtılǵan bay betlerin, haqıyqiy tariyxımızdı qayta tiklew, jaslardın sanasında milliy maqtanısh, milliy sananı jetilistiriw, olardı ullı ata-babalarımızdıń atı hám miyrası menen maqtanıwǵa úyretiw zárúr. Bul islerdi ámelge asırıwda joqarıda aytıp ótilgen muzeyler,

de Respublikamızdıń hár túrli aymaqlarında izleniwler alıp baratuǵın ilimiy-oqıw orayına aylandı. Sebebi, ol geologiyalıq óndiris penen shuǵıllanatuǵın hár túrli shólkemler hám mákemelerdiń muzeyleriniń ústinen metodikalıq-basqarıw orayı waziypasın da ámelge asıradı. Xalıqtıń keń qatlamları, joqarı hám orta arnawlı tálim sistemasında oqıw-aǵartıwshılıq islerdiń alıp barılıwı da geologiya muzeyi óziniń áhmiyetli wazıypası dep esaplaydı. Muzey eksponatları hám saqlaw bólmelerinde saqlanıp atırǵan zatlardıń sanı 32 000 danadan artıq.

Muzeyler tek dem alıw, mádeniy dem alıw yaki izertlew makanı bolıp ǵana qalmastan, al sonıń menen bir waqıtta olar adamlardıń kóz qarasların keńeytiwde de úlken áhmiyetke iye.

**Ózbekstan tariyxı Mámleketlik muzeyi.**

Ataqlı alımlar hám jámiyetlik ǵayratkerler A.P.Fedchenko, V.F.Oshanin, N.A.Maev hám basqalardıń baslaması menen áweli 1876-jılı shólkemlestirilgen Ózbekstan tariyxı Mámleket muzeyi haqqında ayrıqsha toqtalıw tiyis. Ol Orta Aziyada eń tunǵısh muzey esaplanadı. Óziniń 135 jılǵa jaqın ótkeń iskerligi dáwirinde muzey respublikanıń eń iri ilimiy-izertlew, mádeniy-aǵartıw dárgayına aylandı. Házir ol Ózbekstan xalqınıń teńsiz mádeniy-aǵartıwshılıq baylıǵı saqlanıp atırǵan múbárek gáziyne tımsalı sıpatında ardaqlı bolıp tabıladı. Onıń fondında 250 mıńnan artıq hár túrli eksponatlar bar bolıp, sonıń menen bir waqıtta olar jáhánniń kóplegen mámleketlerinde ótetuǵın kórgizbelerdiń kórki bolıp esaplanadı. Muzeyimizge júz mınlap shet ellik sayaxatshılar hám miymanlar hám de jurtlaslarımız tamashalaw ushın kelip kórmekte. Muzey eksponatları Belgiya, AQSH hám Yaponiyaday shet el mámleketlerinde bir neshe márte kórsetilgen. Eksponatlar reń-báreń bolıp, eń áyyemgi dáwirlerden baslap, házirgi waqıtqa shekem bolǵan esteliklerdiń úlgelerin óz ishine alǵan. Onıń birinshi bóliminde tas dáwiri materialları kórsetiledi. Bul jerde sonday-aq, kóshpelilik dáwiri mádeniyatı, Zamanbaba mánzilxanasındaǵı adamlardıń



V.I.Mejov “Tútkstan toplamı”na úsh kitaptan ibarat sistematikalıq hám alfavit korsetkishin dúzgen. A.Kun hám basqa shıǵıstanıwshılar ataqlı “Túrkistan albomı”n (Túrkistan úlkesiniń etnografiya, arxeologiya, kásip-óner hám tariyxqa tiyisli súwretli albom) dúzip pitkerdi. Albom 1262 dana reńli hám reńsiz fotosúwretler jabıstırılǵan 447 kartonnan ibarat bolıp, kórkemligi boyınsha oǵada siyrek shıǵarma edi.

Ózbekstannıń hám ulıwma, pútkil Túrkistannıń estelikleri kópten beri alımlardıń dıqqatın ózine qaratıp keletuǵın edi. XIX-XX ásir baslarında estelik háykeller ústinde arxeologiyalıq baqlawlar, izlestiriw isleri alıp barıldı. Bul saladaǵı izertlewler kóbirek P.I.Lerx, N.I.Veselovskiy, V.A.Jukovskiy. V.V.Bartold, M.S.Andreev, V.L.Viyatkin, A.L.Kun, A.A.Semyonov hám basqalardıń atları menen baylanıslı boldı.

Burınǵı Túrkistannıń áyyemgi esteliklerin esapqa alıw hám tekseriwge Oraydan ilimiy mákemeler: Umperator arxeologiya komossiyası, ásirese, rus arxeologiya jámiyetiniń Shıǵıs bólimi, 1903-jıl aprelinde shólkemlestirilgen Orta hám Shıǵıs Aziyanı tariyxıy, arxeologiyalıq, lingvistikalıq hám etnografiyalıq táreplerden úyreniw komiteti de ayrıqsha itibarın qarattı.

Arxeologiya toplamları 1871, 1874, 1889-jıllardan baslap Tashkent, Samarqand hám Ferǵanada ashılǵan muzeylerde saqlanadı. Orta Aziyanıń tariyxına baylanıslı eń áhmiyetli dereklerden biri Muhammed Narshaxiydiń “Buxara tariyxı” (X ásir) shıǵarması N.S.Likoshin tárepinen rus tiline awdarma islenip, 1897-jılda basıp shıǵarılıwı (V.V.Bartoldtın redaktorlawında) úlken áhmiyetke iye boldı.

Áyyemgi arxitekturalıq esteliklerden, tiykarınan, Samarqand estelikleri úyrenildi. 1895-jılda N.I.Vesolovskiydiń basshılıǵında hám arxitektor A.V.Shchusev hám basqa qániygelerdiń qatnasıwında imperator arxeologiya komissiyası Gori Amirdi arxitekturalıq, dekoraciya kóz qarasınan úyreniw ushın

ilimiy sapar uyımlastırdı, usı ilimiy islerdiń nátiyjeleri 1905-jılda ájayıp albom halında baspadan shıǵarıldı.

Orta Aziya patsha Rossiyası tárepinen basıp alınǵannan keyin Ózbekstannıń tariyxı hám arxeologiyası menen birge pútkil úlkeni etnografiyalıq jaqtan úyreniw isleri de bir qansha keńeytildi. Bul ilajlarda shıǵıstanıwshı qánigeler menen birgelikte háwesker úlketanıwshılar hám hámeldarlar, kóbirek áskeriylerdiń arasınan shıqqanlar qatnastı. Olar Túrkistan úlkesi basqarıw organlarınıń xızmetleriniń bergen imkaniyatlarınan paydalanıp, xalıqtıń turmısın úyrendi, hár túrli orınlarǵa barıp, jergilikli xalıq penen qatnas ornattı. V.V.Bartold, N.I.Veselovskiy, V.Radlov, A.N.Samaylovichtay ataqlı shıǵıstanıshılardıń ayırım shıǵarmaları etnografiyalıq kóz qarastan úlken áhmiyetke iye boldı.

XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında Orta Aziya gilemlerine Rossiya hám Evropa mámleketleri júd'a qızıǵıp qaldı. Bul baǵdarda 1908-1909-jıllarda A.A.Bogolyubov tárepinen dúzilgen albom shıqtı. Bul albomda júda kóp túrdegi gilem nusqaları kórsetilgen edi. A.A.Bogolyubov ondá birinshi ret olardı ilimiy tiykarda sıpatlawǵa urınıp kórgen edi. Onıń albomınan soń A.Falkerzam, S.M.Dudin hám basqalardıń Orta Aziya gilemlerin hár tárepleme sıpatlanǵan kitaplar basıp shıgarıldı.

Úlkeni úyreniwge bolǵan mútájlik hám talaplar alımlardıń aldına jańadan-jańa wazıypalardı kóldeneń etip qoydı. Bul wazıypalardıń sheshimin tabıw ushın iri qarjı kerek edi. Al úlkede bolsa ilimiy-izertlew mákemeleri derlik pútkilley joq edi. Bul halat úlkemizdiń alımların, ulıwma rus ziyalıları wákillerin Moskva hám Peterburgtaǵı ataqlı alımlardıń qollap-quwatlawı menen ilimiy jámiyetlerdi dúziwge jeteledi. Ilimiy jámiyetlerdiń payda bolıwı bul jerde jergilikli túrkistandı úyreniwshi xızmetkerlerdiń payda bolǵanlıǵınan hám olardıń islerin óz ara muwapıqlastırıw zárúr ekenliginen derek berer edi.



ǵárezsizlik, Watanniń abadanlıǵı, jurt azatlıǵı ushın janın pidá etken ullardıń qutlı esteligi paytaxtımızdıń Yunisabad rayonında tiklengen "Qataǵan qurbanları esteligi" muzeyi 2002-jılı 1-avgustta ashıldı. Muzey imaratınıń tap usınday ólshemdegi qaptallasıp qurılǵan II bólegi bolsa 2008-jılı óz iskerligin basladı.

Ǵárezsizlik jıllarińda muzey-qorıqxanalarǵa da mámleket tárepinen itibar kúsheytildi. Máseleln, Samarqand Mámleket muzey-qorıqxanası óziniń 100 jıldan artıq dawam etken iskerliginin nátiyjesinde Respublikamızdıń iri muzey-qorıqxanasına aylandı. 1977-jılı ol Xalıq aralıq Muzeyler Keńesi (IKOM)ne aǵza bolǵan. Muzey-qorıqxana xızmetkerleri Xalıq aralıq Muzeyler Keńesi baǵdarlaması boyınsha Franciya, Germaniya, Irlandiya, Rossiya, Ukrayna, Latviya, Qazaqstanday mámleketlerde bolıp ótkeń ánjumanlarda qatnastı. Óz náwbetinde 1981-jılı Xalıq aralıq Muzeyler Keńesiniń aymaqlıq ánjuman qatnasıwshıların qabılladı.

Sońǵı jıllarda ashılǵan muzeylerden biri – islam dini Sufizm aǵımı tariyxı muzeyi bolıp, ol ullı jerlesimiz, Orta Aziyadaǵı Sufizm iliminiń tiykarın saliwshılardan biri Abduxaliq Ǵijduvaniydiń 900-jıllıǵı hám Bahovuddin Naqshbandiydıń 685-jıllıgı yubileyleri múnasibeti menen ashılǵan. Ondáǵ'ı ekspoziciya materialları VII ásirden XXI ásir baslarına shekem bolǵan dáwirge derek bolıp tabıladı. Ekspoziciya orayında "Quraniy karim"niń qoljazba nusqalarınan biri hám onıń átirapında "Hadis"ler jaylastırılǵan.

Abroylı muzeylerden jáne biri – Ózbekstan Respublikası geologiya hám mineral resurslar Mámleketlik Komitetiniń Geologiya muzeyi 1988-jılı ashılǵan. Muzeyde Ózbekstan geologiya muzeyi basqarması tárepinen jámlengen kollekciyalar hám de geologiya shólkemleri, mákemeleri, ataqlı geolog alımlar tárepinen 75 jıl dawamında toplanǵan kollekciyaları jámlengen. Geologiya muzeyi qısqa waqıt ishinde Mámleket geolgiya komitetiniń izertlew isleri hám

qalası)de rus hám ózbek avangard súwretlew óneriniń kóplegen shıǵarmaları, Qaraqalpaqstan xalıq ámeliy óneriniń siyrek úlgileri menen tanısıw múmkin.

Muzeyler adamlarǵa, ásirse jaslarımız ushın milliy ózlikti ańlawǵa, Watan hám xalıqımız haqqında, búgingi turmısımız, jurtımızda bolıp ótip atırǵan jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy processler haqqında haqıyqıy kóz aldına keltiriwlerdi oyatıw isine xızmet etedi.

Muzeylerimiz tariyxıy hám mádeniy esteliklerdi izertlew hám úgitleytuǵın qutlı makanlarǵa, ullı danıshpanlarımız – dana hám jetik adamlardıń shıgarmaları, siyrek qol jazbalardıń hám de xalıq ustaları jasagan buyımlar saqlanıp atırǵan ǵáziynelerge aylanǵan.

Sońǵı jıllarda mámleketimizdegi bir qatar ayyemgi qalalardıń yubiley-saltanatları ótkerildi. YUNESKO qararı menen Xiywa, Buxara hám Termizdiń 2500 jıllıǵı, Shahrisabz, Qarshiniń 2700 jıllıǵı, Samarqandtıń 2750 jıllıǵı hám Watanımızdıń paytaxtı Tashkenttiń 2200 jıllıǵın ótkeriliwi usıqalalardaǵı tariyxıy esteliklerdi tiklew, ońlawǵa, sonday-aq, olardaǵı muzeylerdiń isin túpkilikli jaqsılanıwına, kollekciyalardı jańa arxeologiyalıq tabılmalar menen tolıqtırıwǵa imkan beredi. Olardan biri Termiz arxeologiya muzeyi bolıp, 2001-jılı 24-oktyabrde ashilǵan. Muzey óz iskerligin 2002-jıl 2-aprelden baslaǵan. Onıń fondlarında walayattıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatına derek eksponatlar saqlanadı. Bul jerde jıynalǵan hám saqlanıp atırǵan barlıq materiallar muzeydiń ilimiy bazasın quraydı hám onıń iskerligine tiykar bolıp xızmet etedi. Mine usınday derekler tiykarında muzeylerde ilimiy izertlew hám de mádeniy-aǵartıwshılıq, tálim-tárbiyalıq islerdi alıp baradı.

Ǵárezsizliktiń sharapatı menen Respublikamızdın birinshi Prezidenti I.A.Karimov baslaması menen mámleketimizde qataǵan qurbanlarınıń esteligin máńgilestiriw maqsetinde “Sheyitler esteligi” estelik kompleksin qurıwǵa qarar qabıllandı hám bul boyınsha úlken isler ámelge asırıldı. Sonıń ishinde milliy



Qısqa múddet ishinde shólkemlestirgen Túrkistan ilimiy jámiyetleri úlkeniń tariyxın úyreniwde ayrıqsha áhmiyetke iye boldı. Bulardan geyparaları tek jergilikli ahmiyettegi jámiyetler ǵana bolsa, basqaları Ulıwmarossiya ilimiy jámiyetleriniń bólimleri, sonday-aq, rus texnika jámiyetiniń hám de medicina, arxeologiya, antropologiya hám etnografiya háweskerleri jámiyetiniń Túrkistan bólimleri edi.

1870-jılda “Orta Aziya alımları jámiyeti” payda boldı. Bul jámiyet óz aldına Orta Aziya tariyxı, geografiya, etnografiya, statistika, ekonomikaǵa tiyisli maǵlıwmatlardı toplaw, islew beriw hám tarqatıwdı maqset etip qorǵan edi. Onıń birinshi ashıq májilisi 1871-jılı 28-yanvarda boldı. Sonıń menen bir waqıtta A.P.Fedchenkonıń belsendi qatnasıwı menen medicina, arxeologiya, hám etnografiya háweskerler jámiyetiniń Túrkistan bólimi ashıldı. Bólim aǵzalarınıń arasında N.A.Severcov, I.V.Mushketov, V.F.Oshanindey alımlar bar edi. Bólim 1879-jılı “Medicina, arxeologiya, antropologiya hám etnografiya háweskerleri jámiyetiniń Túrkistan bólimi eske túsiriwleri” degen óziniń birinshi shıǵarmasın basıp shıǵardı. Bul toplamǵa kirgen maqalalardıń arasında N.A.Severcovtıń “Pamir omırtqalı fawnasınan maǵlıwmatlar” maqalası, N.B.Teyxtıń úlkeniń ilimiy táriypine baǵıshlanǵan miynetleri hám basqalar dıqqatqa ılayıq boldı.

Bólimde bul Jámiyettiń Moskvada 1872—jılda shólkemlestirilgen ekinshi politexnika kórgizbesinde Túrkistan bóliminiń qatnasıwına tayarlıq kóriw boyınsha kólemli isler alıp barıldı. Orta Aziya alımları jámiyetinde bolǵanınday, bul bólimniń májilislerinde de bahalı ilimiy informaciyalar hám bayanatlar tıńlandı. Jámiyettiń 1878-jılda V.F.Oshanin basshılıǵında shólkemlestirilgen ilimiy saparı nátiyjesinde Ullı Petr taw dizbekleri ashıldı. Qarjınıń bolmawı sebepli bólim júdá úlken qıyınshılıqlardı basınan keshirdi hám shama menen 1893-jılı óz iskerligin toqtatıwǵa májbúr boldı.

Úlkede islep turǵan háwesker arxeologlar 1895-jılı Turkstan arxeologları háweskerleri dógeregine birlesti. Túrkistan arxeologları háweskerleri dógeregi aǵzaları tárepinen Ferǵana taw dizbeklerindegi Soymalitosh degen jerde tasqa oyıp salınǵan júdá kóp súwretlerdiń, ataqlı Biyanayman ossuariylerınıń tabılıwı ilimniń jılnamasına áhmiyetli ilimiy ashılıw bolıp kirdi.

Jergilikli ilimiy xızmetkerlerden bir toparı V.F.Oshanin hám basqalardıń baslaması menen 1897-jıldıń basında rus geografiya jámiyetiniń Túrkistan bólimi shólkemlestirilgen edi. Bul jámiyet bólimi arqalı Aral teńizi ham Balqash kóli, Túrkistan muzlıqları hám haywanat álemin úyreniwdey júdá áhmiyetli ilajlar alıp barıldı. Paydalı qazılmalar izlep tabılıp, tekserildi. Orta Aziyada jer silkiniw sebepleri hám aqıbetlerin anıqlaw isleri alıp barıldı hám basqalar.

XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında úlkede hámmesi bolıp 15 ke jaqın ilimiy jámiyet iskerlik alıp bardı. Olar geologiya, geografiya, zoologiya, botanika, ekonomika, tariyx, úlketanıw, arxeologiya, etnografiya, antropologiya, ilimiy medicina hám usınday bilim tarmaqları hám járdemshi ilimiy pánlerdiń salalarında izertlew jumısların alıp barǵan.

Gárezsiz Turkstan sharayatında ilimiy jámiyetlerdiń iskerligi jergilikli xalıq ortasına en jaydırılmadı. Ilimiy medicina jámiyetleri buǵan kirmeydi. Úlkede Ferǵana medicina jámiyeti (1892-1910-jıllar), Turkstan shıpakerleri jámiyeti (1899-1909-jıllar), Túrkistan medicina jámiyeti (1900-1908-jıllar) iskerlik alıp bardı. Bul jámiyetler Túrkistan úlkesinde medicina, tábiyattanıw hám shıpakerdiń islerin shólkemlestiriw hám jaqsılaw máselesin, adamlardıń salamatlıǵı hám ómirine zıyanlı bolǵan orta ásirshilik qalqıqlarına qarsı gúres alıp barıw máselelerin ortaǵa qoyıp, olardı analizledi.

XX ásir baslarında da Túrkistandaǵı ilimiy jámiyetler óz iskerliklerin dawam ettirdi. V.Oshanin úlkeniń haywanat dúnyasın, N.A.Zarudniy Túrkistan qusların, B.A.Fedchenko hám O.A.Fedchenkolar úlkeniń ósimlik dúnyasın izertledi. Bul ilajlardıń nátiyjesinde ilimiy jámiyetler bólimi tárepinen járiyalanǵan



muzeyi, Alisher Nawayı atındaǵı ádebiyat muzeyi, Túrkistan áskeriy okrugı muzeyi, Termiz mámleketkik arxeologiya muzeyi, Tabiyattanıw muzeylerin aytıw múmkin. Arxeologiya hám etnografiya materialları derlik hámme muzeylerge keń kólemde óz ornıń tapqan. Biraq áskeriy-tariyxıy, memorial, aymaqlıq, kórkem óner, texnika muzeylerin kóbirek sol salanıń qániygeliklerine say bolıwı menen sheklenip qaladı. Oqıwshılardı olardı úyreniwge qızıqtırıw dáwirdiń talabı bolıp tabıladı.

Búgingi kúnde mámleketimiz aymaǵındaǵı hár túrli mákemeler, kárxanalar, qurılıs shólkemleri, awıl, jámáatlik basqarıw xojalıqlarınıń qasında qala, rayon, walayat oraylarında, xalıq bilimlendiriw sistemasında 1200 den aslam muzeyler bar[1]. Olardan 96 muzey Ózbekstan Respublikası Mádeniyat hám sport isleri wazirligine qaraslı. Respublikamız boyınsha 27 tariyxıy, 28 úlketanıw, 11 kórkem, 8 ádebiy, 14 estelik, 1 tábiyiy-ilimiy, 7 ádebiyat, 3 muzey-qorıqxanalar iskerliklerin alıp baradı.

Respublika Ilimler akademiyası qaramaǵında bolsa 4 muzey bolıp, Ózbekstan tariyxı Mámleket muzeyi, Temuriyler tariyxı muzeyi, Alisher Nawayı atındaǵı Adebiyat muzeyi, “Qataǵan qurbanları esteligi” muzeyi usılardıń qatarına kiredi.

Ózbekstannıń hár túrli salalarǵa derek mizeyleriniń arasında úsh iri – Samarqand, Buxara hám Xiywa qorıqxana-muzey hám de úsh iri kórkem muzeyler bar, olardan biri – Ózbekstan Mámleketlik kórkem óner muzeyin(Tashkent qalası) de súwretlew óneri shıǵarmaları hám xalıq ámeliy óneriniń ájayıp úlgileri jámlengen bolıp, shıńında da Ózbekstannıń milliy ǵáziynesi degen attı alǵan. Ekinshisi – Ózbekstan xalıq ámeliy óneri muzeyin(Tashkent qalası) de ámeliy ónerdiń sap dúrdanaları jıynalǵan. Bul muzey xalıq aralıq kórgizbelerde turaqlı qatnasıp kelmekte. Úshinshi kórkem muzey – G.V.Savickiy atındaǵı Mámleketlik kórkem óner muzey (Nókis

[1] Ҳабибуллаева Н. Ўзбек музейларининг истикболи. Мозийдан садо. 1999. 1-2-сонлар. Б. 2.

Tariyxıy úlketanıw hám turizm pánin úyreniwde muzeylerdiń áhmiyeti. Muzeydıń túrleri.

Ózbekstanda ǵárezsizlik jıllarınan baslap muzeylerge mámleket áhmiyetine iye bolǵan mádeniyat hám aǵartiwshılıq salalarınan biri sıpatında ayrıqsha itibar qaratılıp, rawajlanıwı keń jolǵa qoyıldı. Bul haqqında birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov aytıp ótkeńindey: "Muzey – xalıq tariyxınıń aynası ekenligin názerde tutsaq, ol usı xalıqtıń perzentleri, keleshek áwlad qálbinde maqtanısh tuyǵısın oyata alıwı kerek"[1]. 1998- jılı 12-yanvarda "Muzeyler iskerligin túpkilikli jaqsılaw hám jetilistiriw haqqında" Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidentiniń Pármanı járiyalandı[2]. Ondá muzeylerdi zaman talaplarına say keletuǵın joqarı mamanlıqtaǵı qániygeler menen támiyinlew, materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlep, jáhán muzeytanıwı tájriybelerin qollanıwǵa zárúr sharayatlar, sharalar kóriw haqqında máseleler atap kórsetilgen. Respublikamız aymaǵında úsh túrdegi muzeyler bar bolıp, birinshi túrdegi muzeylerge ilimiy-izertlew hám mádeniy-aǵartıwshılıq islerin alıp baratuǵın muzeyler kiredi. Ekinshi túrdegi muzeylerge tek bir sala boyınsha ilimiy-izertlew islerin alıp baratuǵın, muzey laboratoriyalarına iye bolǵan arnawlı muzeyler (máseleln, Ózbekstan Ilimler akademiyası qasındaǵı baktereologiya hám mineralogiya muzeyi) kiredi hám aqırında, úshinshi túrdegi muzeylerge tek oqıw túrindegi muzeyler kiredi. Bul muzeylerdiń tiykarǵı maqseti oqıw processin zaman talapları dárejesinde jaqsılawdan ibarat. Muzey túrleri kóp jaǵınan ondá saqlanıp atırǵan kollekciya fondınıń kategoriyasına, olardıń iskerliginiń baǵdarına baylanıslı bolǵan muzeyler de bar. Bul mizeylerdiń arasında kóbirek belgili bolǵanları tiykarınan tiyisli sala qániygelerine derekli tarmaq muzeyleri bolıp tabıladı. Máselen, Ózbekstan tariyxı Mámleketlik muzeyi, Suwretlew óneri

[1] Мозийдан садо. 2004. 2-сон, б. 2.
[2] Мустақиллик, изоҳли илмий-оммабоп луғат. Тошкент: Шарқ. 2006. Б. 510.



shıǵarmalarda ósimlik hám hawyanat dúnyasınıń 80 túrdegi urıw, túr, kishi túrlerdi táriyiplewshi maǵlıwmatlar járiyalandı.

B.A.Fedchenkonıń 1915-jılı járiyalanǵan "Túrkistan ósimlikleri" degen shıǵarmasında Orta Aziyada belgili bolǵan 5030 dan artıq ósimliktin túrleri kórsetip ótilgen.

Túrkistanda jer silkiniwlerdi B.Ya.Korolenko, G.B.Leonov hám basqa izetlewshiler úyrengen.

Shıǵıstaniw jámiyeti Tashkent bóliminiń iskerligi (1901-1913) de qıqqatqa ılayıq boldı. Bul bólimniń baslaması menen úlkeniń otırıqshı xalqınıń rus tilin úyreniwi ushın biypul keshki kurslar shólkemlestirilgen. Bul kurslarda ónerment-ustalar hám qala xalqınıń tómen qatlamlarınan bolǵan basqa adamlar oqıǵan. 1906-jılda jámiyet bólimi "Baslanǵısh oqıw ushın rus jılnaması" baspadan shıǵarıldı, onı ózbek tiline N.S.Likoshin awdarma isledi. Bul kitap 2700 nusqada bolıp, rus-tuzem mekteplerine biypul tarqatılǵan. Bunda álbette, ulıwma bilim beriw maqsetin ǵana emes, al sonıń menen birge siyasiy maqsetler de kózde tutılǵan edi.

1907-jilı bibliograf I.V.Dimitrovskiydiń basshılıǵında "Túrkistan toplamın dúziw jollari" janadan baslandı. 1917-jılǵa shekem toplam tomlarınıń sanı 394 ke jetkerildi. Joqarıda aytıp ótilgendey, bul toplam júdá bahalı hám siyrek esteliklerdiń jámlemesi esaplanadı. Ondá Orta Aziya hám oǵan qońsılas bolǵan Shıǵıs mámleketleriniń tariyxı, arxeologiyası, etnografiyası, ádebiyatı, ekonomikası, mádeniyatınıń tariyxı hám basqa máselelerge baǵıshlanǵan keń maǵlıwmatlar bar.

Orta Aziyanıń tariyxı hám arxeologiyası XX ásir basınan tereńirek izertlene basladı. Bunda birinshi orında, gúmansız bilimli alım, ataqli shıǵıstanıwshı, akademik V.V.Bartold (1869-1930) turdı. Ol shıǵıs tilin jaqsı bilgenliginen mudamı onıń ilimiy iskerliginiń orayında turǵan Orta Aziya tariyxı ǵana emes,

al sonıń menen birge, pútkil musılman shıǵısı tariyxına baǵıshlanǵan júdá kóp birinshi dereklerdi puqta úyreniw imkaniyatına iye boldıq. Onıń "Túrkistan monǵollar torılısı dáwirinde" (1898-1900-jıllar) miyneti puqta izertlengen, negiz nusqalı maǵlıwmatlarǵa bay bolıwı jaǵınan qaraǵanda, Orta Aziyanıń ótmishin úyreniwde ilimge qosılǵan úlken úles bolıp tabıladı. V.V.Bartoldtıń jáne "Uluǵbek hám onın zamanı", "Túrkistannıń suwǵarıw tariyxına tiyisli" degen miynetinde hám basqa kóplegen kitapları, maqalaları, ilimiy pikir-usınısları oǵada bahalı bolıp, házirde deyinde áhmiyetin joǵaltpaǵan. Polkovnik A.G.Serebryannikov toplaǵan Orta Aziya basıp alıwı tariyxına tiyisli 70 ke jaqın úlken-kishi tomlardan ibarat maǵlıwmatlar Orta Aziyanıń 1839-1876-jılǵa shekem ótkeń dáwirdiń tariyxın úyreniwde belgili dárejede qızıqlı derek bolıp tabıladı. Bular Peterburg, Moskva, Orenburg hám Tiflistey arxiv maǵlıwmatları tiykarında tańlap alınǵan. Bulardan tek 14 tomı ǵana baspadan shıǵarılǵan.

Jergilikli arxeologlardan V.L.Biyatkinniń (1869-1932) miynetleri dıqqatqa ılayıq. bul alım 1908-jılı Samarqandta Uluiǵbek obserbatotiyasınıń qaldıqları ashtı, Samarqand esteliklerin úyreniw hám saqlaw menen shúǵıllandı, áyyemgi Afrasiyab qorǵanı hám onıń átiraplarıń izertledi. V.V.Bartold óziniń 1894-jılı basılıp shıqqan "Túrkistanda arxeologiyalıq izertlewler máselesine tiyisli" kitabında úlkeni sezilerli túrde úyreniw ele aldımızda turıptı, bul ilajda bas roldi jergilikli ilimiy kúshler oynawı tiyis, degen edi. Onıń usınısı menen 1895-jılı oktyabr ayında Túrkistan arxeologiya háweskerleriniń dógeregi hám onıń nızamı tastıyıqlandı. Dógerekke Túrkistan general-gubernatorı baron B.A.Vrevskiy baslıq etip saylandı. Dógerektiń 108 aǵzası bolıp, bulardıń ishinde V.V.Bertold, D.V.Oshanin hám basqalar bar edi.

Orta Aziya, sonıń ishinde, Qoqan xanlıǵı, Namangan hám Tashkentte jasagan ózbek xalqınıń tariyxı, tilin hám úrp-ádetlerin úyreniwde Vladimir Petrovish Nalivkinniń (1852-1918) de qosqan úlesi úlken bolıp tabıladı. Onıń



jas áwlardıń, ata-babalarımızdıń miyrasın úyreniwge bolǵan qızıǵıwın támiyinleydi hám olarda watansúyiwshilik sezimin qáliplestiriwge xızmet etedi.

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Arxivler haqqında qanday túsinikke iyesiz hám olardıń úlketanıwdaǵı áhmiyeti qanday?
2. Ózbekstan Mámleketlik Oraylıq arxivi qanday fondlarǵa iye?
3. Ǵárezsiz Ózbekstanda arxiv isleri qanday jolǵa qoyılǵan?
4. Arxiv islerin shólkemlestiriwge tiyisli Ózbekstanda qanday nızamlar qabıllanǵan?

Tayanısh sózlerdiń túsindiriwi

**Fond** – arxivlerde belgili bir baǵdarlardaǵı hújjetler saqlanatuǵın orın.

**MAF** – Mámleketlik Arxiv Fondı.

**Arxiv** – (hújjet saqlaw) mámleket áhmiyetine iye hújjetler saqlanatuǵın mákeme.

## 5-tema. Tariyxıy úlketanıw hám turizmde muzey eksponatları ham úlketanıw dógerekleri

**R e j e**

1. Tariyxıy úlketanıw hám turizm pánin úyreniwde muzeylerdiń áhmiyeti. Muzeydıń túrleri.
2. Ózbekstan tariyxı Mámleketlik muzeyi.
3. Mektep, akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri muzeyleri.
4. Úlketanıw dógerekleri

**Tayanısh sózler:** muzeydiń túrleri, mádeniyat hám aǵartiwshılıq oshaǵı, ilmiy-mádeniy mákeme, ekspoziciya, eksponat, úy-muzeyler, galereyalar, úlketanıw muzeyi, kórkem-oner muzeyi, Amir Temur hám temuriyler tariyxı muzeyi, Ózbekstan tariyxı Mámleket muzeyi, ashıq aspan astındaǵı muzey-qala, muzey-qorıqxana, ǵárezsizlik jıllarındaǵı muzeyler.

walayatlarında rayon hám walayat arxivleriniń bar ekenligin aytıp ótiw tiyis. Rayon arxivleri óz qol astındaǵı barlıq mákeme hám shólkemlerdegi Mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan hújjetlerdi jıynap aladı hám belgili múddetten soń olardı walayat mámleket arxivlerine, al olar bolsa óz sala hám tarmaqları boyınsha Respublika arxivleri yaki basqarma, yaki wázrliklerge, olar da óz náwbetinde bir qansha múddet saqlaǵanlarınan soń Oraylıq Mámleket arxiviniń nızam-qaǵıydalarına ámel qılǵan halda hújjetlerdi tayarlap, soń Oraylıq Mámleket arxivine tapsıradı. Bunnan basqa, Tashkentte Respublika partiya shólkemleri, yaǵniy rayon, walayat, Respublika partiya shólkemleriniń de arnawlı arxivleri bar. Bul arxivlerde baslanǵısh partiya shólkemleriniń hújjetleri saqlanadı. Usı arxivlerden basqa ilim salasınıń bir neshe tarmaqların óz ishine alǵan arxivler de bar.

Ǵárezsizlik jıllarınan baslap, Ózbekstanda arxiv islerin rawajlandırıw boyınsha kólemli isler ámelge asırılmaqta. Sonıń ishinde, 1999-jıli 15-aprelde Ózbekstan  Respublikası Oliy Majlisiniń “Arxiv isi haqqında”ǵı nizamı qabıllandı. 2004-jılı 30-aprelde bolsa usı nizamǵa ózgerisler kiritildi.

2009-jılı 3-noyabrde Ózbekstan  Respublikasınıń “Arxiv isi haqqında”ǵı nizamı qabıllandı. Bul nızam 6 bap, 36 statiyadan ibarat. Ondá Ózbekstanda arxiv isi salasındaǵı múnasibetlerdi tártipke salıwǵa derekli máseleler sáwlelengen bolıp, arxiv islerin zamanagóy túrde shólkemlestiriwdi jolǵa qoyıw, hújjetlerdiń saqlanıwı hám olardan paydalanıwdı jáne de nátiyjeli bolıwın támiynlewge ayrıqsha itibar qaratılǵan. Ásirese, házirgi waqıtta arxiv hújjetleriniń kompyuterlestiriliwi, informaciya alıw imkaniyatın jáne de ańsatlasıwına alıp kelmekte.

Arxiv hújjetleri hár bir sabaqtıń ideyalıq, siyasiy tárepleriń dáliylli materiallar menen tiykarlaydı, onıń tálimlik hám tárbiyalıq áhmiyetin arttıradı,



ilimiy iskerligi Orta Aziya xalıqlarınıń tariyxı, tili hám etnografiyasın úyreniwden baslandı. Ol jubayı M.V.Nalivkina menen birgelikte “Ferǵana jergilikli xalqınıń hayallarınıń turmıs qálpi haqqında ocherk” degen kitap jazdı. B.P.Nalivkin rus alımlarınıń ishinde birinshi bolıp jergilikli tillerdi úyrenip, jergilikli tariyxshılardıń qol jazba miynetlerin úyrengen hám usılardıń tiykarında “Qoqan xanılıǵınıń qısqasha tariyxı” hám “Russha-sartsha hám sartsha-russha sózlik” kitapların hám qırıqtan aslam ilimiy miynetler, maqalalar jazǵan. Jergilikli xalıqtıń tilin júdá jetik bilgenligi sebepli onı otırıqshı xalıq “Jáhángir tóre” dep ataǵan, ol bir neshe miynetin “Jáhágir tóre” atı menen basıp shıgárǵan.

XX ásirdiń 20-jıllarına shekem izertlewshi alımlar hám háwesker úlketanıwshılardıń tınımsız háreketleri menen úlkemizdi úyreniwge arnalǵan ádewir materiallar toplandı. Al qádiriyatlarımız bolsa óz úlkemizdiń tariyxın úyreniwden baslanıwı hesh kimge sır emes. Biraq burıngı awqam dáwirinde ótkeń 70 jıldan artıq dáwir dawamında jas áwladqa ótmish tariyxımızdı úyretiwde úlken qátelik hám bılǵasıqlarǵa jol qoyıp kelindi.

1917-jılǵa shekem jasagan bir qatar shıǵıstanıwshı alımlar hám jergilikli tariyxshılardıń úlkeni úyreniwge baǵıshlanǵan kóplegen miynetleri umıtıldı. Al úlkeniń tariyxı menen tikkeley shuǵıllanıwshılar bolsa milletshilik tamǵasınıń basılıwına dus keldi. Sonday bolsa da, izertlewshi alımlarımızdıń izleniwleri sebepli ǵana ótmish tariyxqımız ayqınlasıp bardı.

Termizdiń qasındaǵı Ayritamda tasqa oyılǵan bórtpe súwretler, Xorezmniń ayyemgi paytaxtı – Topıraqqaladan shıqqan háykel, diywalǵa sızılǵan súwretler hám de Surxandáryadaǵı Xolshayan, Dalvarzintóbeden tabılǵan ılay hám ganshtan jasalǵan háykeller xáqımızdıń ayyemde ózine tán biytákirar usıllar menen jetiklikke qaray úmtılǵan súwretlew óneri mádeniyatın júzege keltirgenligin kórsetedi. Biraq bular haqqında maǵlıwmatlar hám olardıń mazmunı haqıyqatlıq kóz qarasınan eziwshilik dúzimi dáwirinde jaslarǵa jeterli

dárjede úyretilmedi. Máselen, úlkemizde mineral baylıqlardı izlestirgen, qorǵasın hán feruza kánlerin tapqan xojandlıq Molla Sangin, Shımkentte úlkedegi birinshi rus-tuzem mektebin ashıwda belsendilik kórsetken, Qoqan qalalıq mektebinde islegen hám de “Túrkistan walayatınıń gazetası”ında juwaplı redaktorlıq qılǵan, Túrkistan muǵállimler seminariyasında ózbek hám parsı tillerinen sabaq bergen, 1876-jılı Peterburgta orientalistler III xalıq aralıq siyezdinde bayanat islegen, úlkedegi otırıqshı xalıq arasında dúnyalıq bilimlerdiń jayılıwına úlken úles qosqan Sattarxan Abduǵapparov, ózbek arxeologiyasının rawajlanıwına úlken úlesin qosqan, numezmatikalıq kollekciyalardı toplaǵan, házirge shekem bay kollekciyası Rossiya Mámleketlik muzeyinde saqlanıp atırǵan bolsa da, atları tilge alınbaǵan samarqandlıq Mırza Buxoriy, Mırza Abdullalardıń atları umıtıldı. Al usi talantlardan biri – ájayıp kórkem ónershi-hattot Mırza Barat Molla Qasimov Samarqand hám onıń átiraplarında júdá kóp ayyemgi zamannıń estelikleriniń súwretin sızǵan, Uluǵbek medresesiniń oǵada anıq sızılmasın tayarlaǵan edi.

Tariyxıy úlketanıw ilimíniń sadıq shólkemlestiriwshilerinen biri Akrampalwan Asqarov júdá ájayıp estelikler - Orta Aziyada áyyemde oyılǵan 15 mıńnan kóp teńge-tiyinlerden ibarat bolǵan kollekciya toplaǵan. Buxarada ayyemgi gilemler, qoljazbalar, siyrek keramika ıdıslardı toplaǵan Muhammed Vafo júdá ataqlı bolǵan. Háwesker úlketaniwshılardan Alımxoja Yunusov, Mırza Hakim hám basqalar Rus geografiya jámiyeti Túrkistan bóliminiń jankúyer xızmetkerinen bolǵan.

Respublikamız aymaǵınan tabılǵan ayyemgi hám orta ásirge tiyisli teńge-pullar belgisiz bolǵan kóplegen ayyemgi qalalardıń jasın anıqlap alıwda úlken jńrdem beredi. Máselen, Buxara, Termiz. Kat, Quva hám basqa jerlerde quyılǵan altın, gúmis hám mıs teńge-pullar usı aymaqta payda bolǵan Xorezm, Kanha, Ferǵana, Shash, Daxya, Kushan, Soǵd, somoniyler, qaraqaniyler,



waqıtta Ózbekstanda Respublikalıq áhmiyetke iye 3 Oraylıq Mámleketlik arxivi, 11 walaytlar arxivi hám orınlarda olardıń 40 tan aslam filialları bar.

Arxiv hújjetleri tiykarında kóplegen ilimiy isler jaqlanǵan. Ózbekstan Ilimler Akademiyası Tariyx hám arxeologiya institutı ilimiy xızmetkerleri 4 tomlıq “Ózbekstan xalıqları tariyxı”n arxiv hújjetleri tiykarında tayarladı. Baspadan shıǵarılǵan kóplegen ilimiy isler usı arxiv hújjetlerinen paydalanǵan halda maydanǵa kelgen. Ótkeń dáwirde ózbek xalqı erisken tabıs hám kemshilikler haqqındaǵı maǵlıwmatlardı alıwda arxiv materiallarınan júdá kóp paydalanıldı hám usı tiykarda iri ilimiy izertlew isleri júzege keldi.

Ózbekstan Respublikasında jami 77 mámleketlik arxivleri bolıp, olarda 6 mln ǵa jaqın hújjetler, atap aytqanda, 360 mıńnan artıq súwretli hújjetler, 14 mıńǵa jaqın dawıslı hújjetler, 17,5 mıńǵa jaqın kinohújjetler saqlanbaqta (1999-jıl maǵlıwmatı).

Arxiv hújjetlerinen paydalanıw hám úyreniwge degen qızıgıw kúnnen-kúnge artıp barmaqta. Házirgi kúnde pedagogika joqarı oqıw orınlarında, universitetlerdiń Tariyx fakultetlerinde “Tariyxiy úlketanıw”, “Tariyxiy úlketanıw hám turizm” pánleriniń oqıtılıwı talabalardıń arxiv hújjetlerin úyreniwge bolǵan qızıǵıwdın jáne de kúsheytti. Kóplegen talabalar ózleriniń kurs isleri, pitkeriw qániygelik isi hám magistrlik islerinde arxiv meteriallarы tiykarında jazılmaqta.

Arxiv hújjetlerinen paydalanıwdı ańsatlastırıw maqsetinde “kórsetpeler” baspadan shıǵarılǵan, bular arxivte saqlanıp atırǵan hújjetli dereklerdiń maǵana-mazmınıń ashıp beredi, hújjetlerdi úyreniwshilerge qolaylılıq tuwdıradı. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń “Arxiv isi haqqında”ǵı nizamı qabıllandı.

Úlketaniwdıń tiykarǵı dereklerinen biri esaplanǵan arxivtanıw úlke tariyxın, sonıń ishinen Ózbekstan tariyxın hár tárepleme hám tereńnen úyreniwde talabalarǵa úlken járdem beredi. Respublikmızdıń barlıq rayonlarında hám

20-30-jıllarına derekli hújjetler Ózbekstan  Oraylıq arxiviniń isler basqarmasınıń hár túrli sekciyalarında saqlanıp kelinetuǵın edi.

Tariyx hám mádeniyat, yuridikalıq hám ekonomokalıq bólimlerindegi 122 fondtaǵı 188 710 is birligi yaki hújjetler 1926-jılǵa shekem arxiv isleri basqarmasınıń 3 sekciyasında saqlanıp keldi.

1924-jılı Orta Aziyada milliy mámleketlik shegaralanıwı ótkeriliwi múnasibeti menen Túrkistan ASSR, Buxara hám Xorezm Xalıq Respublikaları saplastırılıp, olardıń ornına Ózbekstan  SSR dúzilgennen keyin, salanıń arxivlerindegi barlıq hújjetler Ózbekstan  Oraylıq Mámleket arxivine tapsırıldı hám arxiv fondları usı hújjetlerdiń esabınan bayıdı. Bunnan keyin Respublikanıń barlıq shólkemlerinde hújjetler turaqlı túrde Oraylıq arxivke kele basladı.

Oraylıq arxiv fondlarınan orın alǵan bul hújjetler tek ózbek xalqınıń tariyxın ǵana emes, al túrkmen, tájik, qırǵız, qazaq hám basqa tuwısqan xalıqlardıń tariyxın da tereńnen hám hár tárepleme úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

Ózbekstan  Oraylıq Mámleketlik arxivi fondlarına ele izertlewshilerdiń qolları tiymegen, Túrkistan xalıqlarınıń 1918-1920-jıllarda alıp barılǵan milliy-azatlıq hám yerk ushın gúresleri haqqında, Túrkistan Keńesler húkimetiniń Túrkistan avtonomiyasın tán almaǵanlıǵı, onı awdarıp taslap, joq etkenligi, milliy ǵárezsizlik ushın gúres alıp barǵan Qoqan, Andijan. Marǵilan, Namanganday qalalardıń xalıqlarınıń Keńesler tárepinen ayawsızlıq penen qırıp jiberilgeni, milliy siyasattı ámelge asırıwda Keńesler húkimetiniń jol qoyǵan qáteleri nátiyjesinde bir ǵana Ferǵana oypatında 180 nen artıq qala-awıllardıń ayawsızlıq penen joq etip jiberilgeni haqqında áhmiyetli hújjetler bar.

Ózbekstan  Oraylıq Mámleketlik arxivi Tashkent qalası, Shilanzar kóshesindegi 4 qabatlı salabatlı imaratta jaylasqan. Bul imarat arxiv hújjetlerin saqlawǵa sáykeslep qurılǵan. Hújjetler saqlanıp atırǵan bólmelerden baslap tap oqıw zalına shekem zaman talabına juwap beretuǵın etip úskenelengen. Házirgi



temuriyler hám basqa patshalıq-mam’leketlerdiń ekonomikalıq turmısı hám de siiyasiy tariyxın, ásirese, olardan pul hám de sırtqı sawda qatnasların úyreniwde júdá bahalı zatlıq dálil bolıp xızmet etedi.

Házirgi kúnde Tariyxıy úlketanıw hám turizm pániniń aldına tómendegi eń juwapkerli wazıypalar turıptı: eski Samarqand, Buxara, Xiywa, Qoqan, Andijan, Namangan, Shahrisabzdey qalalardaǵı sayaxattıń mazmunıń túsindiriwshilerge durıs ilimiy baǵar beriw: walayat, elat hám oypatlardaǵı úlketaniw muzeylerine maǵlıwmatnama hám jol kóretkislerdi tayarlaw; orınlardaǵı hám Respublika Oraylıq arxivindegi hújjetlerdi tereńirek úyreniw: Shıǵıstanıw institutı hám qoljazbalar institutında saqlanip turǵan júda kóp siyrek qoljazba miynetler haqqında maǵlıwmatlar toplap, olardı oqıwshı jaslar hám xalıqtıń keń qatlamına jetkerip beriwden ibarat.

Ózbekstanda arxeologiya iliminiń rawajlanıwında iri rus alımları A.Yu.Yakubovskiy, S.P.Tolstov, M.E.Masson, A.P.Okladnikov, V.A.Shishkin, birinshi ózbek arxeologi, akademik Yahyo Ǵulomov, akademikler Ahmadali Asqarov, Utkir Islomov, Yu.F.Buryakov, E.V.Rtveladzelerdiń xızmetleri sheksiz úlken bolıp tabıladı.

Ataqlı alım, akademik Yahyo Ǵulomov 1908-jılı Tashkentte tuwılǵan edi. 1917-1923-jıllarda baslahǵısh mektepti pitkerip, Tashkenttegi yerkekler oqıw ornında oqıdı. 1927-jılı Samarqandta Ózbek mámleketlik pedagogika akademiyası jámiyetlik hám ekonomoka bóliminde oqıgán. Ol bul oqıw ornında tariyx pani boyınha birinshi ózbek professorı Bular Saliev hám basqa ataqlı alımlardan tálim alıw menen bir waqıtta óziniń ústinde qattı islep, bilim hám tájiriybesin úzliksiz arttırıp bardı. Sonıń menen birge, Yahyo Ǵulomov arxeologiya pánine qızıǵıp, Samarqandta alıp barılıp atırǵan arxeologiyalıq qazıw islerinde qatnasıp turǵan. Jergilikli siyrek qoljazbalardı toplaw hám úyreniw menen shuǵıllanadı. Yahyo Ǵulomov úlkedegi jadidshilik háreketiniń kórnekli wákillerinen biri bolǵan Abdurauf Fitrattan da tálim alǵan. Ol 1929-

1931-jillar dawamında Ózbekstan Xalıq Komissarlari Keńesi qasındaǵı ilimiy-izertlew institunıń aspiranturasında oqıdı. 1931-1932-jıllarda Tashkent pedagogika oqıw ornında sabaq berdi. 1933-1940-jıllarda Ózbekstan XKK qasındaǵı Tariyxıy esteliklerin saqlaw hám ilimiy úyreniw Respublika komitetinde ilimiy xızmetker, ilimiy xatker lawazımlarında xızmet etedi.

Yahyo Ǵulomov Xorezm hám Zarafshan arxeologiya ekspediciyalarında qatnasıp, ayyemgi dáwir tariyxın hár tárepleme úyrendi. 1936-1937-jılları Xorezmdegi arxeologiyalıq ekspediciyalarında alıp barǵan isleri úlken áhmiyetke iye boldı. Onıń arxeologiya salasındaǵı tabıslarınan biri orta ásir qoljazbaları derekleriniń tiykarında ilimge belgisiz bolıp kelgen ayırım ayyemgi qalalardıń qay jerde jaylasqanlıǵın hám atın anıqlap bergenliginen ibarat boldı. Al bul bolsa alımnıń orınnıń atları – toponimler salasında da izleniwlerdi alıp barǵanlıǵın kórsetedi. Ol sol waqıtlardaǵı arxeologlar arasında qoljazbalardı jaqsı biletuǵın edi. Gáyratlı alımnıń ilimiy iskerligi waqıt ótiwi menen rawajlanıp bara berdi. 1940-1943-jıllarda ol burınǵı SSSR Ilimler Akademiyası Ózbekstan filiyalınıń Tariyx, til hám ádebiyat institutı qasındaǵı arxeologoya bólimine basshılıq etti. Al 1943-jılda bolsa "Xiywa hám onıń estelikleri" temas'nda tariyx ilimleri kandidatı ilimiy jimısın qorǵadı. Solay etip, Yahyo Ǵulomov kelbetinde ózbeklerdiń birinshi ret arxeolog alım jetilisip shıqqan edi[1].

Alım Axsikent, Quva, Afrasiyob, Xiywa hám basqa áyyemgi qalalardıń tariyxın úyreniwde de olardıń tariyqın keń en jaydırıwǵa úlken úles qostı. Úlkemizde jasalma suwǵarıwdıń payda bolıwı, rawajlanıw processi hám áhmiyetin úyreniwge ayrıqsha áhmiyet beredi. Bunday oǵada quramalı máseleniń shehsimin tabıw Xorezm tegisliginen baslandı. Bul biykarǵa emes, álbette. Sebebi, bunnan 2500 jıl ilgeri Ózbekstan aymaǵında eń dáslepki mámleketshilik belgileri Xorezmde qurılǵan edi. Alım bul jerde bir neshe jıl

[1] Академик Яхё Ғуломов замондошлари ва шогирдлари хотирасида. Тошкент-Самарканд, 2008. Б. 45-49.



1917-jılǵa shekem arxiv isleri jaqsı jolǵa qoyılmaǵan edi. Al bar hújjetler bolsa Ózbekstan Oraylıq Mámleketlik arxiviniń arnawlı bólimlerinde saqlanıp keldi.

Ózbekstan Oraylıq Mámleketlik arxivinde saqlanıp atırǵan bul biybaha hújjetler XIX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap tap XX ásirdiń baslarına shekem bolǵan Orta Aziya, sonıń ishinde, úlke xalıqlarınıń tariyxın úyreniwde úlken derek bolıp xızmet atqaradı. Arxiv isleri, onı tártipke salıw hám rawajlandırıw tek XIX ásirdiń 20-jıllarınan keyin ǵana tolıq ámelge asırıla baslandı. Dáslepki kúnlerden baslap arxiv islerin tártipke salıw hám qayta qurıw sharaları ámelge asırıldı. 1928-jılı 1-iyunda burınǵı Keńes húkimetiniń "RSFSR da arxiv islerin qayta qurıw hám oraylastırıw haqqında" dep atalǵan Dekreti tiykarında Túrkistanda, sońınan Ózbekstanda da arxiv isleri qayta kórip shıǵıldı hm oraylastırıldı.

Mámleketlik arxiv bólimi 8 sekciya, 4 bólimnen ibarat"

1. Hákimshilik-diplomatiyalıq, yuridikalıq sekciya.

2. Áskeriy sekciya.

3. Bilimlendiriw hám ekonomika sekciyası.

5. Tariyxıy-revolyuciyaliq sekciya hám basqalar.

Arxivlerde hújjetlerdiń saqlanıw múddetleri 1, 10, 25, 75 jıl hám bir ómirlik etip belgilengen. 1920-jılı mart ayında Ferǵanada, iyunde Samarqandta, 1921-jılı Buxarada arxiv fondları (AF) dúzildi. 1924-jılı 28-dekabrde arnawlı qarar menen Ózbekstan SSR QIK qasında Ósbekistzn SSR Arxiv isleri Oraylıq Basqarması (AIOB) dúzildi. Ondá tiykarınan Ózbekstanda shólkemlestirilgen arxivler: Ferǵana, Tashkent, Samarqand, Buxara hám basqa walayatlarda júzege kelgen arxiv fondları Ózbekstan Arxiv isleri Oraylıq Basqarmasına tapsırıladı.

1925- jılı 25-iyul qararı menen ÓzSSR QIK hám XKK (Xalıq komissarları keńesi)da "Oraylıq basqarıw" haqqındaǵı qarar qabıllandı. 1931-jılı 20-mayda Ózbekstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń qararına tiykarlanıp Ózbekstan Oraylıq Mámleketlik arxivi shó'lkemelstirildi. Sol waqıtqa shekem XIX ásirdiń

## Ózbekstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik arxivi.

Tashkenttegi Ózbekstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik arxivi (ÓzROMA) saqlanıp atırǵan qımbar bahalı hújjetleriniń sani hám manızına qarata Orta Aziya mámleketleri oraylıq Mámleketlik arxivleriniń ishinde eń irisi bolıp tabıladı. Ondá, tiykarınan, XIX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap tap házirgi waqıtqa shekemgi bolǵan júdá kóp sanlı hújjetler saqlanbaqta. Túrkistan General gubernatorlıǵına qarasli, házirgi Ózbekstan , Túrkmenstan, Tájikistan, Qırǵızıstan hám tolıq emes Qazaqstan mámleketleriniń aymaqlarındaǵı walayat, uezd, volost, mákeme hám kárxana hám de shólkemlerdiń tariyxıy iskerligine derek bolǵan áhmiyetli hújjetler mine usı Oraylıq arxivte saqlanbaqta. Bul jerdegi Túrkistanda patsha húkimetiniń alıp barǵan eziwshilik siyasatı, rus xalqı menen Orta Aziya xalıqları, sonıń shinde ózbek xalqınıń mádeniy baylanısları, patsha burjuaziya apparatı hám gey bir shólkemlerdıń biykar etiliw haqqında túrli-tuman hám bay materiallar úlkeniń tariyxın hár tárepleme tereńnen úyreniwde áhmiyetli hújjet bolıp xızmet atqaradı. Túrkistan úlkesindegi Patsha húkimetinin hákimshilik shólkemlerine derekli hújjetler tolıq halında saqlanǵan. Bul hújjetlerdiń kópshiligi carizmniń Turkistandaǵı eziwshilik siyasatına derek bolıp, ondá jergilikli xalıqtıń jámiyetlk-siyasiy ahwalı, patsha rossiyasınıń alıp barǵan siyasatı, patsha húkimeti ámeldarlarınıń is háreketleri, Patsha húkimetine qarsı xalıq háreketleri, qurǵaqshılıq, ádalatsızlıq hám huqıqsızlıqqa qarsı gúreslerge derekli boladı. Arxiv hújjetleri tártipli túrde saqlanbaqta.

Orta Aziya xanlıqları, diniy basqarmalarınıń iskerligine derekli hújjetler derlik joq bolıp ketken, ayırım bar bolǵan materiallar bolsa úlkeni patsha Rossiyası tárepinen basıp alınıwı processindegi áskeriy soqlıǵısıwlar dáwirinde joq etip jiberilgen. Akademik V.V.Bartoldtıń sózlerine qaraǵanda, basıp alınǵan orınlarda xanlıqlardıń kitapxana hám arxiv hújjetlerin saqlap qalıw ushın hesh qanday sharalar kórilmegen. Ulıwma, olar Orta Aziya xalıqlarınıń mádeniyatı hám tariyxıy esteliklrin saqlap qalıwǵa jetkilikli áhmiyet bermegen. Ulıwma,



dawamında arxeologiyalıq qazıwlarda belsendi qatnasıp, óz aldına qoyǵan wazıypanı tolıw ada etti. Bul boyınsha onıń ózbek hám rus tillerinde baspadan shıǵarılǵan “Xorezmniń suwǵarıw tariyxı” (1957-1959) degen iri miyneti úlken áhmiyetke iye. Bul miynette Xorezm tegisliginde eń áyyemgi dáwirlerden baslap tap ótkeń ásirdiń 50-jıllarına shekem bolǵan waqıt ishinde jasalma suwǵarıwdın payda bolıwı, rawajlanıwı, daǵdarısqa túsiwi, onıń sebepleri hár tárepleme bayan etilgen. Miynet keyingi jıllarda jasalma suwǵarıwdıń tariyxı boyinsha baspadan shıgarılǵan hám basılıp atırǵan miynetlerdiń teoriyalıq tiykarları sıpatında elege shekem óz áhmiyetin joǵaltqanı joq.

1950-jılı Yahyo Ǵulomov usı izertlewi boyınsha Moskvada doktorlıq dissertaciyasın tabıslı jaqladı. Yahyo Ǵulomov tariyx hám arxeologiya institutlarınıń tiykarın saliwshılardan biri bolıp tabıladı. Ol asa milletsúyiwshi hám watansúyiwshi adam edi. Óz aldına milliy arxeologiya ilimin rawajlandırıw, ózbek xalqınıń jáhán civizaciyasına qosqan úlesin pútkil jáhánge jayıwdı maqset etip qoyǵan edi. Ol usı biyik maqsetke erisiw ushın kúsh-quwatın ayanbastan jumsadı. Yahyo Ǵulomov Ózbekstan arxeologiya boyınsha milliy kadrlar tayarlap, Ózbekstan arxeologiya mektebin jarattı.

Yahyo Ǵulomov 1943-1977-jıllarda, yaǵnıy ómiriniń aqırına shekem Ózbekstan Ilimler Akademiyasında dáslep Tariyx hám arxeologiya, 1970-jıldan Tariyx institutınıń “Ayyemgi hám Orta ásirler tariyxı” bólimine basshılıq etti. 1956-jıldan Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń xabarshı aǵzası, 1966-jıldan akademigi etip saylandı. 1956-1959-jıllarda Tariyx hám arxeologiya institutı direktorı lawazımında isledi.

Mámleket hám jámiyetlik isker, jetik arxeolog alım, akademik Ahmadali Asqarov 1935-jılı Namahgan walayatı, Norin rayonı, Úshtepa awılında tuwılǵan. 1957-jılı Nizamiy atındaǵı Tashkent pedagogikalıq institutınıń Tariyx fakultetin pitkergen. D’aslep orta mektepte oqıtıwshı, keyin 1958-1961-jıllarda Leningrad (hazirgi Peterburg)ta aspiranturada oqıdı. Ataqlı professor, arxeolog

M.P.Gryaznov basshılıǵında ilimiy izertlew islerin alıp baradı. 1963-jılı "Tómengi Zarafshan Bronza dáwiri" temasında kandidatlıq dissertaciyasın jaqlaǵan. A.Asqarov 1961-jılı "Zamanbaba mádeniyatı"na tiyisli izertlewler alıp bardı, ustazı Yahyo Ǵulomov baslaǵan isti hár tárepleme dawam ettirdi. Bul ilimiy islerdiń nátiyjeleri onıń wonlaǵan maqalaları hám 1966-jılda akademik U.Islamov hám ustazı Ya.Ǵulomov penen baspadan shıǵarǵan "Zarafshannıń quyarlıǵındaǵı alǵashqı mádeniyat" degen monografiyasında óz sáwleleniwin tapqan. 1977-jılı Moskvada Awqam akademiyasınıń Arxeologiya institutında "Gubla Ózbekstan Bronza dáwirinde" degen doktorlıq dissertaciyasın jaqlaǵan. Rásmiy opponentleri akademik B.B.Piotrovskiy, tariyx ilimleri doktotları G.E.Markov, E,N.Cherniqlar dissertaciyaǵa unamlı baha bergen[1]. Usı izertlew isi úlkemizdiń tariyxın úyreniwde áhmiyetli derklerge bay bolıwı menen itibarǵa ılayıq boldı. Izertlew isiniń mazmunı "Bronza dáwirindegi Ózbekstanda áyyemgi diyxanshılıq mádeniyatı"[2] kitabında tolıq kórsetip berilgen. A.Asqarov qubla Ózbekstanda áyyemgi diyxanshılıq mádeniyatı tariyxı boyınsha alıp barǵan dawamlı izertlewleri sebepli ilim áleminde óz ornın taptı. Bul izleniwler sebepli Ózbekstanda suwgarıw diyxanshılıq mádeniyatı tariyxı dál mıń jılǵa áyyemgilesti, paxtashılıq, jipekshilik, baǵshılıqtıń tariyxıy tamırları bronza dáwirine barıp taqaldı, yaǵnıy 3,5 mıń jıl – b.e.sh. II mıń jıllıqtıń birinshi yarımına shekem barıp jetti; Qubla Ózbekstan aymaqları áyyemgi Shıǵıs civilizaciyasınıń besinshi oshaǵı bolǵanlıǵı ilimiy jaqtan dálillendi.

Alım óziniń bay mazmunlı ilimiy iskerligi dawamında 400 den artıq ilimiy maqala, 116 monografiyalar, sabaqlıqlar hám oqıw qollanbaları jarattı. A.Asqarov Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń Samarqandta ashılǵan Arxeologiya institutın shólkemlestiriwde, onıń ilimiy jámáásin uyımlastırıwda

[1] Қаюмов А. Академик Аҳмадали Асқаров. Т.: Фан, 2003. Б. 37.
[2] Асқаров А. Бронза даврида Жанубий Ўзбекистондаги қадимги деҳқончилик маданияти. Тошкент: Фан, 1977. Б. 232.



Hújjetler arnawlı orınlarda, arxivlerde salalarǵa ajıratıp xronologiyalıq sánelerine, qunı hám áhmiyetine qarap, tártipke salınǵan halda saqlanadı. Bizge shekem Qoqan hám Xiywa xanlıqlarındaǵı hám Buxara ámirliginiń Qusbegi arxivleri jetip kelgen. 1876-jılı A.L.Troickaya Qoqan xanlıǵınıń arxivleriniń ústinde izertlew alıp bardı hám "Katalog arxiva Kokandskix xanov XIX vekov" degen kitabın jazdı.

Ózbekstan arxivtanıw isleri tek 1917-jıllardan keyin ǵana rawajlana basladı. XX ásirdiń 20-jıllarınan baslap arxiv islerine úlken itibar berildi. Hújjetlerdi saqlaw hám olardan hár tárepleme paydalanıw maqsetinde Xalıq Komissarlar Keńesiniń 1918-jılı 1-iyunda "Arxiv isin qayta qurıw hám oraylastırıw haqqında" dep atalǵan dekretine tiykarlanıp Moskvada Mámleketlik arxivi fondı dúzildi. Usı dekretke tiykarlnıp pıtırańqı arxivler oraylastırıldı. 1918-jılı arxiv isi boyınsha "Birden-bir Mámleketlik Arxivi fondı" (BMAF) haqqındaǵı qarar qabıllandı. Usı qaraǵa tiykarlanıp pıtırańqı arxivler oraylastırıldı.

1919-jılı 15-noyabrde "Arxiv isleri Oraylıq basqarması"(AIWOB) baslıǵı V.I.Kusherbaev Moskvadan Tashkentke keldi. Ol arxivtanıwshı D.I.Nichkin menen birge islesip, Tashkentte arxiv islerin tártipke salıq ushın izertlew islerin alıp bardı.

Házirgi waqıtta Mámleketlik Arxiv Fondı (MAF) quramına 1917-jılǵa shekem hám onnan keyingi dáwirler boyınsha barlıq shólkemlerdiń iskerligi, mákemeler hám ayırım shaxslar, sonday-aq, tariyxıy jazba estelikler, huqıq, kórkem óner, ádebiyat hám Doslıq awqamı mámleketleri xalıqlarınıń turmıslıq, ruwxıy mádeniyatı, kinofoto hújjet fondları, kinofilm negativleri, fotosúwretler, grammofon, patifon plastinkaları hám jazıp alınǵan dawıslı materialları, ilimiy-tariyxıy áhmiyetke iye bolǵan basqa nárseler: illyustraciyalar, qolljazba negativler, sonday-aq, úgit hám násiyat maqsetinde baspadan shıǵarılǵan plakatlar, qaǵazlar, daǵazalar, mirkofotohújjetler kiritilgen.

**Tayanısh sózler**: arxiv hújjetleri, arxiv qorı (fondı), hújjetlerdiń birden-bir saqlanbası, arxiv isleri, kinofilm negativleri, fotosúwret, kartalar, plakat, hújjetlerdi kompyuterlestiriw, arxiv isine derek nızamlar.

Arxivler haqqında ulıwma túsinik, olardıń qaliplesiwi.

«Arxiv» sózi latiń tilinen alınǵan bolıp, arxivum – "hújjetler saqlanatuǵın orın" yaki hújjeti saqlaw, bekkem úy degen maǵanalardı ańlatadı. Arxivlerde shólkem, mákeme, kárxana, jámáát hám mámleket xojalıqlarınıń, ayırım shaxslardıń kóp jıllıq iskerligi haqqındaǵı maǵlıwmatlar, hújjetler saqlanadı. Úlke tariyxın úyreniwde bul hújjetlerdiń áhmiyeti júdá úlken. Arxiv hújjetlerin izlestirip tabıw, olar menen islew hám alınǵan maǵlıwmatlardı turmısta qollanıw adamlardan úlken juwapkershilikti talap etedi.

Házirgi kúnde izertlewshiler, joqarı oqıw orınlarınıń professor-oqıtıwshılarınıń juwapkershiligindegi áhmiyetli wazıypalardan biri hám hújjetlerdi hár tárepleme úyrenip, tálim-tárbiya processlerinde keńnen paydalanıw hám jaslardı usı jol menen hár tárepleme bilimli, jetik shaxs etip kamalǵa jetiwin támiyinlew bolıp tabıladı.

Arxiv materialları mektep hám joqarı oqıw orınlarında úlke tariyxınan oqılıp atırǵan lekciya hám ámeliy shınıǵıwlarda jaslardı ótmishte bolıp ótken jámiyetlik siyasiy hám mádeniy processlerdiń haqıyqıy awhalı haqqında anıǵıraq elesletiwge iye bolıwında tiykarǵı faktor bolıp xızmer atqaradı hám de mektep úlketanıw muzeyin shólkemlestiriwge járdem beredi.

Úlkemizde arxivler uzaq qáliplesiw tariyxına iye. Ayyemgi ózbek mámleketlerinde III-IV ásirlerde-aq, oraylasqan hám de jeke arxivler bar bolǵan. Máselen, Temuriyler mámleketinde (XIV-XV ásirler), keyin ala Buxara, Xiywa hám Qoqan xanlıqları dáwirinde saray arxiv-kitapxanaları iskerlik alıp barǵan.

Arxiv hújjetleri jazba hám awızeki formada bolıwı múmkin. Awızsha tariyxıy hújjetler hár túrli texnika quralları menen yaki súwretlep alınadı.



jankúyerlik kórsetken hám usı arxeologiya institutınıń abroyın jáhánge alıp shıqqan pidayı, jankúyer alım hám ilimniń shólkemlestiriwshisi Ya,Ǵulomov ilimiy mektebiniń dawamshısı esaplanadı. Bir neshe jıllar dawamında Nizamiy atındaǵı Tashkent Mámlektlik pedagogika universitetiniń "Watan tariyxı" kazedrasınıń kafedra baslıǵı lawazımında isledi. Házirgi kúnde A.Asqarov napaqada bolıwına qaramastan jas arxeologlar hám izleniwshilerge ustazlıq etip kelmekte.

Tariyx ilimleri doktorı, akademik Utkir Islmailov 1932-jılı Tashkent qalasında pedagoglar shańaraǵında tuwılǵan. Alımnıń atası Islam Ismailov Ózbekstanda xızmet kórsetken oqıtıwshı, anası Habiba Ismailova pútkil ómirin jaslarǵa bilim beriwge baǵıshlaǵan jankúyer oqıtiwshılardan biri bolǵan. Utkir Ismailov 1947-1951-lıllarda Nizamiy atındaǵı Tashkent Mámleketlik pedagogikalıq institutın ayrıqsha pitkergen. Ol miynet jolın 1956-jılı paytaxt oblastı, Qarasuw rayonındaǵı 14-orta mekteptiń oqıtıwshılıǵınan baslaydı. Bolajaq alımnıń umtılıwshańlıǵı hám bilimliligi Yagyo Ǵulomovtıń itibarına tez ilinedi. Utkir Ismailov 1963-jılı "Tómengi Zarafshannıń neolit mádeniyatı" temasındaǵı kandidatlıq dissertaciyasın, al 1978-jılı bolsa "Orta Aziya mezoliti" degen doktorlıq dissertaciyasın Novosibirsk Arxeologiya institutında qorǵadı. Alım 1963-1964-jıllarda Tashkenttegi Tariyx hám arxeologiya institutınıń kishi ilimiy xızmetkeri, 1964-1970-jıllarda úlken ilimiy xızmetker, 1970-2000-jıllarda bólim baslıǵı lawazımlarında isledi. Házirgi kúnde Ilimler akademiyası Arxeologiya institutınıń Tashkent bóliminiń baslıǵı lawazımında islep keldi. Ol Orta Aziyada birinshi bolıp, Samarqandta ashılǵan Ózbekstan Ilimler akademiyası Arxeologiya institutında basshı lawazımlarınan birinde islep keldi. Ol óz kásiplesleri menen birgelikte Samarqand Arxeologiya institutın qáliplestiriwde, "Samarqand Arxeologiya mektebin" shólkemlestiriwde belsendi qatnastı. Ol Qızılqum shóllerinde hám Surxan, Tashkent, Ferǵana tawlarında, Rossiyanıń ataqlı paleolit makanı – Kostenkovodan baslap tap Uzaq Sibir

keńisliklerine shekem bolǵan aymaqlarda kóplegen arxeologiyalıq izleniwler alıp barǵan. Alım 2000 jıldan Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń akademigi bolıp tabıladı.

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Úlketanıw qanday dereklerge tiykarlanadı?

2. Úlketanıwda arxeologoya pániniń áhmiyeti qanday?

3. V.L.Biyatkinniń arxeologiya salasındaǵı izertlewleri haqqında ne bilesiz?

4. Ózbekstanda arxeologiyanıń rawajlanıwına tiyisli qanday maǵluwmarlarǵa iyesiz?

5. Ózbek arxeologlarınan kimlerdi bilesiz?

6. Akademik Ya.G.Ǵulomov ilimiy mektebi haqqında nelerdi bilesiz?

Tayanısh sózlerdiń túsindiriliwi

**Materiallıq estelikler** – insan tárepinen jaratılıp, bizge shekem saqlanǵan biz, balta, taǵınshaqtay zatlıq nárseler, buyımlar.

**Mádeniy qatlam** – ótmishtiń belgili bir dáwirlerine tán adamlardıń turmıs qálpi n ótkergen ornı

## 3-tema. Mámleketimizde alǵashqı hám áyyemgi dáwirdiń úyreniliwi

**Reje**

1. Úlkemizdiń áyyemgi dáwiriniń úyreniliwi.

2. Jerge menshik qatnaslarınıń qáliplesiwi hám rawajlanıw dáwiri.

**Tayanısh sózler:** alǵashqı jámáát dáwiri, mustye mádeniyatı, sońǵı paleolit, eneolit, bronza dáwirindegi úlkemiz, kelteminarlıqlar ılashıǵ'ı, Tazabaǵjap mádeniyatı, Zamanbaba esteligi, zardushtiylik dini estelikleri, Topıraqqala, Balalıqtóbe, Varaxsha, Fayoztóbe, Panjikent estelikleri, úlkemiz' jańa dáwirde, Islam mádeniyatı paytaxtı, diniy konfessiyalar.



14. Shahrisabzdegi Aqsaray arxitekturası haqqında nelerdi bilesiz?

15. Bibixanım meshiti haqqında nelerdi bilesiz?

16. Iyshanqala arxitekturalıq kompleksi haqqında qanday maǵlıwmatlardı bilesiz?

17. Dishanqala arxitekturalıq kompleksi haqqında qanday maǵlıwmatlardı bilesiz?

**Tayanish sózlerdiń túsindiriliwi**

**"Devonu lugotit at túrk"** – Mahmud Qashqaridiń shıǵarması/

"**Ullı Temurdıń ómiri hám xızmeti"** – Ryui Gonsales de Klavixonıń shıǵarması.

**Koshona** – saltanatlı kórkem imarat, saray, qorǵan, kóshki

**Koshin** – imarattiń bezeliwi ushın arnawlı qollanılatuǵın sırlı, mort keramika ıdıs.

**Peshtoh** – medrese, meshittey kórkem imaratlardıń kiriw bólimindegi ústi biyik etip kóterilgen yarım dóngelek kórkem bólegi. Peshtoq diywallı imaratlar kórinisindegi úlken orın iyeleydi, olarǵa saltanat, gózallıq baǵıshlaydı.

**Raboq** – imarattıń ishi yaki aldındaǵı yarım sheńber etip islengen bólekleri. Tóbesi súyir, dóńgelek formasında jasalǵan tekshe, jolaqsha, taxmon.

## 4-tema. Tariyxıy úlketanıw hám turizmdi rawajlandırıwda arxivtanıwdıń ornı

**R e j e**

1. Arxivler haqqında ulıwma túsinink, olardıń qáliplesiwi.

2. Ózbekstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik arxivi

maydani 52 ga, b.e.sh III-II ásirlerde Xorezmshaxlardiń paytaxt-qalasi «Aqshaxan» boldi, degen arxeolog Ǵ.Xojaniyazovtiń pikiri bar. Aqsha xan qaladan b.e.sh II ásirge tuwra keletuǵin Úlken-xram yaki ibadatxana ashildi. Aqshaxan qala-paytaxt qurilisi ushin qaliń eki qatar diywallar menen qorshalǵan. Aqshaxan qalaniń sońǵi jasi b.e.sh II ásir bolǵan. Qala-paytaxt ishindegi biybaha orinlar 27 jildan berli ashilmaqta. Qalaniń diywalari, qorǵaniw minarlari 15 metrlik boldi. Qala sirtinda 32 metrlik keńlikte suw toltirilgan qandek bolǵan. Qalaǵa arnawli trubalardan ishke suw alip barilǵan.

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Turizmniń jámiyettegi ornı nelerden ibarat hám ol qanday ózgesheliklerge iye?

2. Turizm forması boyınsha qanday túrlerge bólinedi?

3. Seyil, sayaxat túsinikleri bir birinen ne menen parıqlanadı?

4. Turizmniń tiykarǵı túrleri haqqında nelerdi bilesiz?

5. Piyada júriw, tawda júriw, jar taslarǵa shıǵıw, shama menen tabıwday turizm túrleriniń bir birinen parqı nede?

6. Turizmniń qanday baǵdarları bar?

7. Xalıq aralıq turizm haqqınadaǵı túsiniklerińizdi aytiń.

8. Úlkemizde xalıq aralıq turizmdi rawajlandırıw haqqında qanday maǵlıwmatlarǵa iyesiz?

9. Xalıq aralıq turizmniń qanday túrleri hám formaları bar?

10. Mámlekettiń ekonomikasında hám jámiyetlik-siyasiy turmısta xalıq aralıq turizm qanday orın iyeleydi?

11. Ekoturizm degen ne?

12. Ózbekstan arxitekturası ózine tán qanday ózgesheliklerge iye?

13. Jurtımızdaǵı tariyxıy-arxitekturalıq esteliklerdiń xalıq aralıq dárejedegi mártebesi qanday?



Algashqı jamáát dáwiri eń dáslepki adam zatınıńpayda bolıwınan tap Jámiyettiń klasslarǵa ajıratılıwına shekem bolǵan uzaq dáwirdi óz ishine aladı.

Dáslep adamlar urıw-aymaq hám shańaraq degen nárseni bilmesten algashqı (pada) bolıp jasaǵan. Bul qurallar qolda turpayı etip, gertip islegen bir-eki túrden aspaǵan tas qurallar bolǵan. Bul dáwir adamları tastan qural jasap, onı isletip hám qurallardı jetilistirip barǵan sayın ózleri de rawajlanıp barǵan. Óndiris texnikası jaǵınan bul dáwir eń dáslepki paleolit (áyyemgi tas, b.e.sh. 1 mln. - 100 nıń jıllıqlar) dáwiri dep atalıp, miynet qurallarınıń rawajlanıwı basqıshı jaǵınan oldyvay, shell, ashell dáwiri dep ataladı; bul dáwir paeolit dáwiriniń tómengi hám orta basqıshın quraydı. Bul dáwirlerde jasaǵan zinjantrop (Afrika adamı), pitekantrop (maymıl tárizli), sinantrop (qıtay adamı), geydelberg (germaniya adamı) tipindegi adamlardıń dúzilisi jaǵınan házirgi kelbettegi adamlarǵa biraz uqsap ketedi eken. Olar pada-pada bolıp jasap, mayda haywanlar, jánlik, hár túrli miywe hám ósimlik tamırların jep kún keshirgen. Olar sóylewdi bilmegen.

Eń dáslepki peleolit dáwirine tiyisli estelikler Qubla Túrkmenstanda, Tashkent walayatı Ahangaran rayoni; Kólbulaqta, Ferǵana oypatınıń Sux rayonındaǵı Selenǵur makanınan tabılǵan . Selenǵur makanındaǵı adamlar bunnan shama menen 1 mln. jıl aldın jasay baslaǵan. Qaraqum shólinde de ashel dáwiriniń geypara quralları tabılǵan. Demek, bunnan shama menen 400-500 mıń jıllar aldın Orta Aziyada, sonday-aq, Ózbekstanda ashel quralların isletken alǵashqı, pada halatındaǵı adamlar jasaǵan. Bul dáwirde tas qurallarınıń túri hám isleniw texnikası ádewip jaqsıanǵanlıǵı sebepli adamlar aǵashtıń ushın ushlı etip islew hám de súyekten ásbap islewdi úyrendi. Qol miynetiniń salıstırmalı joqarıraq qáliplesken bul dáwiri orta paleolit (b.e.sh. 100-400 mıń jıllıqlar)da mustye mádeniyatı dáwiri dep ataladı. Bul dáwirde neandertal adamı jasaǵan. Bular alǵashqı pada halınan urıw-aymaq qatnaslarına ótiwge jaqınlasıp,

biraz sóylesiwdi de úyrene baslǵan. Bul dáwir adamları jámáát bolıp, iri-iri haywanlardı awlaw, bir jerde uzaq jasawı arqasınan keyin ala pada halatınan urıwshılıq tártibine wóte baslaǵan.

1938-jılı Surxandáryadaǵı Baysın tawında jaylasqan Tesiktas úńgiri tekserilgende bul jer mustye dáwirinde jasaǵan adamlardıń makanı bolıp shıqtı. 1946-jılı Samarqand walayatı Urgut rayonı "Amanqutan úńgiri"de sol dáwir adamlarınıń makanı hám tas quralları tabıldı. 1954-jılı Fergána walayatı Qayraqqum sólinde de bir neshe jere mustye dáwiri miynet qualları tabılǵan. Keyingi jıllarda bir qansha jańa estelikler tawıp tekseriliwi sebepli Ózbekstan paleolitiniń mustye dáwiri hár tárepleme úyrenildi. Mustye makanları Tashkent walayatı Shırshıq oypatındaǵı Zojakent hám Obirahmat úńgirlerinde, Ahangaran oypatında Kólbulaqta, Buxara walayatı Úshtutta, Ferǵana oypatı Qalasha hám Sux átiraplarında tawıp tekserildi.

Mustye dáwiriniń aqırlarına kelip awda qollanılatuǵın qurallardıń kóbeyiwi, uzaq átiraptaǵı xalıq penen baylaısıwdıń nátiyjesinde belgili bir orında áhmiyetli halda jasaǵan bir topar adamlardıń ortasında tuwǵan-tuwısqanlıq múnasibetleri baslanadı.

Izertlewshilerdiń esaplap shıǵıwına qaraǵanda, bul dáwirdiń pitiwi 40 mıń jıllar aldın júz bergen, endi tómengi hám orta paleolit tamam bolıp, joqarı paleolit dáwiri baslandı.

Joqarı paleolit (b.e.sh. 40-12 mıń jıllıq)te urıwshılıq sharayatında aw hám balıqshılıq ónimleri kóbeyip barǵan hám dáw, peri, jin hám qudaylar haqqında hár túrli ápsanalar shıǵarıla baslaǵan. Ózbekstanda joqarı paleolit dáwiriniń derlik barlıq basqıshlarınıń mádeniyatınan derek beriwshi makanlar Tashkent walayatindaǵı Shoyimkópirde, Baysın tawlarında, Mashay úńgirinde, Amir Temur úńgirinnen tabılǵan. Bunnan basqa Samarqand walayatında 5-6 makan, sonday-aq, Samarqand qalası say boyında, al Surxandárya walayatında bolsa 15



joybar boyınsha qurılǵan. Onıń menen shuǵıllanǵan qurılısshı topar wákilleri ózlerinen burınǵı diniy dástúr, kórkem-óner, arxitektura qurılıs tariyxı menen jaqsı tanıs bolıwları menen birge sol dáwirdegi kúshli rawajlanǵan shıǵıs mádeniy oraylarındaǵı kórkem-ónerden xabardar bolǵan. Oǵan, qala qurılısı isine áiyemgi Mesopotamiya hám Vavilon úlgileriniń paydalanılıwı ayqın dáliyl boladı.

Qoyqırılǵan qala – bunnan 2500 jılǵa shamalas burın qurılǵan. Qoyqırılǵan qala Qaraqalpaqstan Respublikası Tórtkúl` qalasınan 22 km arqa-shıǵısta jaylasqan. Qala ilimde birinshi ret 1938-jılı anıqlanıp, 1952-1957-jıllarda arxeologiyalıq jaqtan tolıq qazıp izertlengen.

Hákim ata – Ilimiy dereklerde Hákim atanıń tiykarǵı atı Sulayman Baqırǵaniy. XII ásirde jasap ótken belgili diniy ǵayratker, shayır Sulayman Baqırǵaniy - Hákim ata mazarı moynaq rayonı aymaǵında jaylasqan. Onıń qábiri ústinde bir neshe reet, yaǵnıy XII, XIV, XVI hám XIX ásirlerde maxbaralar tiklenedi. Allaqul xan (1826-1843jj) dáwirinde tiklengen sońǵı maxbara 1935, 1946-jıllardaǵı suw tasqınında qulaǵan. Házirgi turǵan maxbara 1979-jılı tiklengen. Ol Xoja Axmed Yassawiy medresesin tamamlaǵan, onıń daslepki shákirtlerinen, óziniń ustazınıń poeziyalıq dástúrlerin dawam etiwshi úlken shayır adam bolǵan. Onıń «Baqırǵan kitabı» XIX ásirde bir neshe reet basıp shıǵarılǵan. 1848 hám 1898-jılları Qazan baspasında jarıq kórgen Sulayman Baqırǵandiń úlgileri tiykarında 1991-jılı Tashkente «Ezuvchi» baspasında «Baqırǵan kitabı» basıp shıǵarılǵan. Kitapqa onıń jigirmadan aslam qosıǵı, júzden aslam hikmetleri kirgizilgen.

Aqshaxan qala. 1995 jildan berli «Qaraqalpaqstan-Avstraliya» xaliq araliq arxeologiyaliq ekspeditsiyasi jumis alip barmaqta. Aqshaxan qalasi Qaraqalpaqstan Respublikasi Beruniy rayoni aymaǵinda jaylasqan. Aqshaxan atamasi Koblan hám Shorabatir dástaninda ushirasadi. Aqsha xan ob`ektiniń

arqalı háwlige ótiledi. Háwliniń atirapı aldı yarım dóngelek ójireler menen oralǵan. Bezewinde gansh oyımshılıǵı hám quramalı naǵıshlar qollanılǵan.

Qamashi suw háwizi – suw saqlanatuǵın háwiz. Ol Qashqadárya walayatında, 1892-jılı qurılǵan. Bas jobası keń haywanlı, gúmbezi tegis bashqıshlı. Gúmbezdegi tesikler arqalı ishine jaqtılıq túsedi. Háwizge kiriwdegi aylanbalı tekshe arqalı túsiledi. 1913-jılıda ońlawdan shıǵarılǵan.

**Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxıy- mádeniy estelikleri.**

Shılpıq – Qaraqalpaqstan Respublikasının oraylıq bóleginde Sultan Ways xalıq arasında Qarataw dep atalıp ketken taw dizbeklerinde ornalasqan. Úlkemizdiń Ámiwdár`ya rayonı aymaǵında jaylasqan bul esteliktiń ilimge belgili táreplerinen, belgisiz tárepleri kóplew. Estelikte ekinshi jáhán urısınan burın Ya.G.Gulyamov hám S.P.Tolstovlar al, 1960-jıllardıń aqırında tariyx ilimleriniń kandidatı Yu.P.Manilovlar arxeologiyalıq izertlew jumısların alıp baradı. Nátiyjede toplanǵan arxeologiyalıq derekler tiykarında Shılpıq biziń eramızdıń I-IV-VII-VIII, IX-XI ásirlerge tiyisli estelik ekenligi anıqlandı. Shılpıqtıń tómengi eni 150-130m, biyikligi 30-33 metr. Tábiyǵıy tóbeshik basına qurılǵan sheńber túrindegi qurılıs.

Nazlımxan sulıw – Oraylıq Aziyanın orta ásirlerdegi Ismayl Samaniy, Xoja Axmed Yassawiy, Muxammed Tekesh, Sultan Sanjar, Gór Ámir, Biybixanım sıyaqlı dúrdana arxeologiyalıq qurılısları menen bir qatarda turatuǵın xalqımızdıń biybaha esteligi. Qaraqalpaqstan Respublikası Xojeli rayonı aymaǵında jaylasqan. Ulıwma maydanı 30x30m bolǵan.

Topıraq qala – Oraylıq Aziyada eń kórnekli estelik. Topıraq qala Qaraqalpaqstan Respublikasının Ellikqala rayonı aymaǵında jaylasqan. Onıń planı meridian boyınsha sozılıp jatırǵan geometriyalıq tuwrı tórt múyeshlikten (500x350m) ibarat bolǵan eki qatar qalıń qorǵan diywallar menen qorshalǵan. Estelik antik hám erte orta ásirlerge tiyisli. Qala aldın ala tayarlanǵan sızılma



ke jaqın paleolit makanları, Tashkenttiń dógereginde 3-4 makan tabılǵan. Bulardıń ishinde Shoyımkópir hám Mashay úńgirleriniń estelikleri adamlardıń ótmish ómiri haqqında belgili bir maǵlıwmatlardı beredi. Joqarı paleolitte jasaǵan adamlardıń ásbap-ánjam hám makanları kóp tabılǵan bolsa da, jaqsı úyrenilgeni Samarqand makanı bolıp tabıladı. 1939-jılı ashılǵan bul estelikte Ózbekstan Ilimler akademiyası hám Samarqand Mámleketlik universitetininiń D.N.Jev basshılıǵındaǵı arxeologlardıń ilimiy saparı nátiyjesinde 1958-jılı qaziw isleri alıp barıldı. Samarqand makanı úsh mádeniy qatlamanan ibarat bolıp, onnan bir neshe oshaq qaldıqları hám tas qurallar: pıshaq tárizli plastinkalar, keskishler, oq jay, úshlı qırǵıshlar, oyıs júzli tas qurallar hámda haywanlar: jabayı at, kiyik, túye, qoy, qaramal súyekleri tabıldı. Bulardan basqa, Samarqand makanında joqarı paleolit adamnıń eki tómengi jaǵı da tabıldı. Bul Tesik tastan tabılǵan neandertal balanıń qaldıǵınan keyingi ekinshi siyrek tabılma bolıp, ol sońgı paleolitke tiyisli bolsa da genetiklıq jaqtan Tesiktas adamı menen baylanıslı esaplanadı. Olar kóbirek ańshılıq, termeshilik penen kún keshirgen.

Joqarı paleolit dáwirine tiyisli tas qurallar Buxara walayatındaǵı Úshtut awılınıń átirapında, Tashkentke jaqın bolǵan Bozsuw 1, Bozsuw 2 makanlarında, Ahangaran oypatındaǵı Kóbulaq makanında hám basqa jerlerden tabılǵan.

Paleolit tamam bolıp mezolit dáwiri (b.e.sh.12-7 mıń jıllıq) baslandı. Mezolit orta tas dáwiri bolıp, ayyemgi tas dáwiri (paleolit) menen jańa tas dáwiri (neolit)niń arasında ótkeń dáwir bolǵanı ushın usınday ataladı. Bul dáwirde adamlar oq jaydı oylap taptı, ańshılıq bir qansha ańsatlasa basladı, birinshi ret iyt úy haywanı sıpatında qolǵa úyretildi. Tábiyatta muzlıqlar yerip, ıqlım jıllılandı. Mezolit dáwirine tiyisli Mashay (Surxandárya), Obishir (Ferǵana oypatı), Qosılıw, Bozsuw (Tashkent)day makonlar izertlengen.

Orta tas dáwiri, yaǵnıy mezolit dáwiri jaqsı úyrenilgen bolıp, bul dáwirde jasaǵan ata-babalarımız alǵashqı kórkem ónerdiń karamatların jarata baslaǵan. Al bularǵa bolsa tiykarınan úńgirlerge hám jar taslarǵa qızıl boyaw járdeminde yaki oyımshılıq usılında súwretlengen ań awlaw islerin baqlaw arqalı isenim arttıramız. Bunday estelikler Surxandárya walayatı Zaraytsay jırasında, Jizzax walayatı Teketas elatında, Nawayı walayatı Sarmishsay hám araungursaylarda, Tashkent walayatı Parkent, Shatqal taw dizbeklerinde, Xolakenttiń átirapında hám de Andijan walayatı Xojaabat rayonı aymaǵında Imamata úńgiri jaylasqan taw dizbeklerinde tawıp úyrenilgen. Olardıń arasında Zaraytsay, Teketas ham Imamata esteliklerindegi súwretler, ásirese, dıqqatqa sazawar. Zaraytsay jırasındaǵı súwretlerde jabayı buǵalardı awlaw kórinisi qızıl boyawlar járdeminde ayqın kórsetip berilgen.

Basqa bir kóriniste ańshılar topari jabayı buǵalardı hám taw eskilerin qorshap alıp atırǵanı, oq jaydı atıp atırǵanı súwretlengen. Bul jerdegi kórinislerden birinde onnan artıq ańshılar jabayı buǵa hám atxarlar padasına wóq jaylardan oq atıp atırǵanlıǵı súwretlengen. Ortadaǵı kórinerli jerde hayaldıń súwreti úlken etip salınǵan. Súwretlerde iytler de bar. Bul, gúmansız, adamnıń qolına úyretilgen dáslepki haywannıń súwretleniwi bolıp tabıladı.

Mezolit dáwirinde jaratılǵan súwretlew óneri shıǵarmalarınıń arasında Xojaabat rayonı aymaǵındaǵı Imamata úńgiriniń ishinen tawıp úyrenilgen shıgarmalar da ayrıqsha ajıralıp turadı. Solardan biri, jar tasqa oyıp islengen qońır reńli kóriniStegi súwret bolıp, ondá shaqları bir neshe ret qayırılıp ketken bir-birinen úlken bolǵan atxarlar hám olardıń ortasında jáne de kózge kórinerli etip islengen dúldil at súwretlengen. Al bul bolsa mezolit dáwirine tiyisli tabılǵan dáslepki siyrek súwretlerden sanaladı. Aymaǵımızda mezolit dáwiri sızılǵan jar taslardaǵı súwretler – áyyemgi súwretlew óneriniń bunday estelikleri ǵárezsizlikke erisken Ózbekstannıń alǵashqı jámáát tariyxın háqıyqıy



tómengi qabatta sabaqqa tayarlanatuǵın xana hám meshit, joqarısında ójireler jaylasqan. Háwli átirapındaǵı ójireler aldında segiz qırlı, bezekli aywanlı.

Kókgúmbez meshiti – Qarshi, 1590-1991-jıllarda namazgah usılında qurılǵan háwli kórinisindegi gúmbezli imarat. Aldıńǵı jaǵınan arkalı ibadatxanaǵa kiriledi. Qaptal xanaları aq gúmbez benen, ibadatxana qosgúmbez benen bastırılǵan. Sırtqı gúmbezi kók parket penen qaplanǵan, ishki gúmbez haywanlı baǵal ústine ornatılǵan. Bezewlerinde jasıl, feruza, aq reńli parket hám sırlanǵan gerbish qollanılǵan.

Langar ata ansambli – Qashqadárya, XV-XVI ásirlerde qurılǵan meshit hám mavzoleylerden ibarat. Meshit tórtmúyeshli jobalı keń aywanlı eki gúmbezli imarattan ubarat. Ibadatxana parket hám quramalı naǵıslar menen kóz tartarlı etip bezelgen. Mavzoley kiriwi – gúmbezli, tegislengen gerbishler menen qaplanǵan, “bandak” hám “mavj” usılinda terilgen. Gúmbezi óz ara tuwrı kesilisken tórt yarım dóńgelekke tayanǵan.

Xoja Qurban medresesi - Qarshida, XVIII ásirde qurılǵan. Medrese kvadrat formalı. Bas jobası keń háwlili,onnan gúmbezli oraylıq bólmege ótiledi. Kishi háwliniń átirapı ójireler menen oralǵan. Darsxanadan oraylıq bólmege tutasıp jaylasqan.

Shamsiddin kulal mavzoleyi Shahrisabzde . Dor uttilovatta jaylasqan. Bul jerde Amir Temurdiń piri Shayx Shamsiddin kulal jerlengen (1370). Maqbara bir bólmeli, gúmbezi saqlanbaǵan. Ishindegi qábir mramor tastan, oyma naǵıs penen jilwalı etip bezelgen.

Shermuhammed medresesi Qarshida, shama menen XVII-XVIII ásirlerde tiklengen. Medrese tórtmúyeshli jobada, bas kórinisi bes xanadan ibarat. Orayında úlken bólme, eki qaptalında sabaqqa tayarlanatuǵın xana  jaylasqan, múyeshlerinde gúldásteler islengen. Gúldástelerdiń tóbesi panıslı. Keń bólme

waqtında joqarı baha bergen. Shınında da Aqsaray Orta Aziya arxitektura ónerinin eń joqarı hám ulıǵlanatuǵın úlgisi bolıp tabıladı.

Dor us-siyodat (Sayyidlar úyi) hám Dor ut-tilovat (Tilovat úyi) kompleksi – Shahrisabzde jaylasqan bolıp, XIV-XV ásirlerde Amir Temurdiń ózi hám áwladları ushın qurdırǵan meshit, medrese hám mavzoleyleri kompleksinen ibarat. Amir Temur ózi ushın da mavzoley qurdırǵanı haqqında rawayat bar. Arka gúmbezli keń bólme, onıń qaptal tárepinde meshit, górxanalar, ziyaratxana bolǵan.

Dor ut-tilovat ansambldiń ekinshi bólegi esapalanadı. Bul jerde dáslep Amir Temur atası Taraǵaydıń piri bolǵan iri din ulaması Shamsiddin Kulalǵa atap mavzoley qurdırǵan. 1374-jılı atasına atap qurdırǵan mavzoleyge tabıtı kóshirilgen. Qus usılında meshit tiklengen. Mırza Uliǵbek atası Shahrux atınan meshit (Kók gúmbez, 1435-1436) qurdırıp, Gúmbezi Sayidon ansamblin qáliplestirgen.

Jáhángir mavzoleyi – Shahrisabzde 1379-1380-jıllarda úrgenshli arxitektorlar Xorezm dástúrleriniń usılında tiklegen dep shamalanadı. Mavzoley Dor us-siyodat ansambliniń bir bólegi bolıp, bul jerde Amir Temurdıń tosattan qaytıs bolǵan 22 jaslı tunǵısh uli Jáhángir Mırza hám ekinshi ulı Umarshayx Mırzalar jerlengen delinedi. Mavzoleydiń gúmbezi segiz qırlı konus gúmbez formalı, gúmbez túbi de 16 qırlı, bezeklerinde sırlanǵan gerbish hám parketler qollanılǵan.

Gumbazi Sayidon (Sayidlar gúmbezi) – Shahrisabiz, 1437-1438-jıllarda tiklengen mavzoley. Háwli planlı, segiz qırlı negizdiń ústine, biyik gúmbez astı hám gúmbez qurılıp parket penen qaplanǵan. Mavzoleydiń ishinde Amir Abdul Muoniy, Muhammed Sayid hám Maǵrufjan Abul Muoniy ulları jerlengen.

Bekmir medresesi – Qarshi, 1903-jılı qurılǵan. Medreseniń bas kórinisi qublaǵa qaraǵan, bas arkasınıń eki qaptalına gúldáste islengen. Eki qabatlı,



úyreniwde oǵada bahalı tariyxıy hújjet bolıp xızmet etedi. Mine usınday makanlar haqqında maǵlıwmatlar toplawdı oqıwshılarǵa wazıypa etip beriw, gúrrińler jazıw, rawayatlardı jıynaw tapsırmalardı beriw olardıń sanasıda watansúyiwshilik tuyǵısınıń qáliplesiwinde áhiyetli faktor boladı.

Neolit (b.e.sh. 6-4 mıń jıllıq) dáwirine ótiw, tiykarınan, tastı tegislew hám tesiw usılların ádet etiwden baslanadı. Diyxanshılıq hám sharwashılıqtıń payda bolıwı bul dáwirdiń eń áhmiyetli ashılıwı esaplanadı. Orta Aziyadaǵı diyxanshılıq orınlarına Joytun (Ashxabattıń qasında), Kelteminar, Hisor mádeniyatınıń atları menen baylanıslı makanlar kiredi.

Neolit dáwiri adamlarınıń úlken tabıslarınıń qatarına keramika ıdıslardı jasaw hám toqımashılıqtı úyreniwler de kiredi. Olardıń kópshiligi bul dáwirde dárya, kól hám teńizdıń jaǵalarında, kópshiligi qumnıń ústinde ılashıq qurıp jasaǵan. Bular tiykarınan otırıqshı xalıq bolıp, kóbinese ańshılıq hám balıqshılıq penen kún keshirgen. Sonıń ushın keramika ıdıslardıń túbi tegis emes, jumalaq yaki máyektiń ushına uqsas bolǵan. Ózbekstanda Baysın tawlarındaǵı Mashay, Amir Temur úńgirleri, Ózboy átirapında hám Qaraqalpaqstandaǵı Jambasqala átiraplarında neolit dáwiri mádeniyatınıń qaldıqları tabılǵan. Bul makanlardıń ishindegi eń dıqqatqa ılayıǵı Ámiwdáryanıń tómengi quyarlıgındaǵı Aqshadárya ózeni boyıdaǵı Kelteminarlılardıń ılashıǵı bolıp tabıladı.

Professor S.P.Tolstov basshılıǵındaǵı Xorezm arxeologiyası ilimiy saparı 1937-jılı izleniw jumısların alıp barıp, Qubla Qaraqalpaqstandaǵı Qızılqumnıń ishinde qalıp ketken áyyemgi abat jerlerde oǵada kóp hám áhmiyetli esteliklerdi tawıp tekserdi. Bul esteliklerdiń arasında eń áyyemgi Kelteminarlılardıń ılashıǵı bolıp, ondá sońǵı dáwirlerdiń estelikleri de jaqsı saqlanǵan.

Qızılqum shólindegi qum tóbelikleri arasında Jambasqala degen qırdıń ústinde eramızdıń 3-4 mıń jıllar aldın salıńǵan qorǵan bar. Sol qorǵannıń qubla tárepiniń yetegınde shamalda buzılıp unırap atırǵan taqırlardıń astı kúl,

keramika sınıqları: mayda tas qurallar hám basqa nárseler kórinip qalǵan. 1940-jılı sol orın qazılǵanda, ol jer qumnıń tóbesi tegislenip, qadashalar hám qamıstan júdá úlken ılashıq salınǵanlıǵı anıqlandı.

Professor S.P.Tolstovtıń boljawı boyınsha, dep jazadı marhum akademik Ya,Ǵ.Ǵulomov, bul ılashıqta 100-200 adam ana urıwı shańaraǵı quramında jasaǵan. Ilashıqta qumlı jer oyıp islengen 20 dan artıq oshaq bolǵan. Hár bir oshaqtıń átirapında balıq súyekleri, kiyik, jabayı shoshqa, qırǵawıl, suw quslarınıń, úyrek, gáz máyekleriniń qabıqları, jabawı jiyde tuqımları, shaqmaqtastan jasalǵan mayda pıshaq tárizli ásbaplar, tastı tegislep islengen burǵı tárizli ásbap, keramika sınıqları hám usıgan uqsas nárseler kóp bolǵan. Bul jerde ele metall, úy haywanları, qolda yegiletuǵın eginniń qaldıqları joq edi.

Metalldıń joqlıǵı, úy haywanları hám diyxanshılıq belgileriniń bolmawı – bular ele ana ruwı basqıshında jasaǵanlıǵınan derek beredi.

Úlkemizde eneoit (b.e.sh. IV-III mıń jılıq) dáwiriniń baslarına kelip adamlardıń turmısında, jámiyetlik-siyasiiy turmısında ayırım ózgerisler júz bere basladı. Adamlar tas penen birgelikte mıstan da paydalaıwdı úyrendi

Orta Aziyaıń arqa-shıǵıs aymaqlarında hám Aralboyındaǵı adamlar sharwashılılıq, balıqshılıq hám ańshılıq penen kún keshirgen. Buxara tegisligindegi Levlakon, Besbulaq, Panjikent qasındaǵı Sarzm, Túrkmenstannıń Qaraqum shóli hám Kopedaǵtıń eteklerindegi Anov 1-2, Namazgoh 1-3 makanları eneolit dáwirine tiyisli bolıp, qániygeler tárepinen izertlengen.

Bronza dáwiri b.e.sh. III-II mıń jıllıqlardı óz ishine aladı. Bul dáwirge shekem adamlar tábiyattaǵı bar nárselerdi uslap hám terip, tirishilik etip kelgen. Olar sharwa baǵıwdı, egin egiwdi de bilmegen. Ańshılıq hám balıqshılıqtıń rawajlanıp barıwı nátiyjesinde adamlar áweli mistı hám keyinirek mısqa qalayını qosıwdan payda bolǵan jez (bronza)di islete baslaǵan. Bul dáwirge tiyisli makanlarǵa Surxandárya walayatıdaǵı Soplotepa, Jarqutan, Buxara walayatı



Iskandar kópir – walayatta jaylasqan bul kópir 1577-1598- jıllarda qurılǵanı shamalanbaqta. Áyyemgi sawda jolı (Termiz-Chaǵaniyon hám Hisor) Bandixansaydıń ústine qurılǵan. Ulıwma uzınlıǵı 70 m den artıq, biyikligi saydıń túbinen betine shekem 12,1 metr. Ústi úsh bólimnen ibarat: jolawshı hám transport ótetuǵın jol, suw otiwi ushın nawa qurılǵan.

**Tashkent walayatı tariyxıy-arxitekturalıq estelikleri.**

Anarbibi mavzoleyi – Tashkent walayatı Zangiata qábiristanında jaylasqan bolıp, XIV ásirdiń aqırı – XV ásirdiń baslarında qurılǵan siyrek arxitekturalıq estelik bolıp tabıladı. Rawayatlarǵa qaraǵanda Zangiatanıń hayalı Anbarbibi (Qanbar ana) niń qábiriniń ústine qurılǵan.

Zahgiata kompleksi – Tashkentten 16 km qublada bolıp XIV ásirdiń aqırı – XX ásir baslarına shekem qurılǵan siyrek memorial estelik bolıp tabıladı. Sufiylik úgitlewshisi sayx Ayxoja ibn Tashxoja (shama menen 1160-1165-1258) húrmetine usılay atalǵan. Bul mavzoleydi Amir Temur qurdırǵanlıǵı haqqında rawayatlar bar.

**Qashqadárya walayatı tariyxıy-arxitekturalıq estelikleri.**

Aqsaray – Shahrisabzde 1380-1404-jıllarda Amir Temur qurdırǵan úlken saray, saltanat. Aqsaraydan bizge shekem tek úlken arkanıń eki sheti hám saraydıń háwli maydanınıń bezeklerinen bir bólegi ǵana jetip kelgen. Tariyxshılardıń jazıwı boyinsha, Aqsaray turaq jay hám jámáát imaratı – kanceliyariya sıpatında qurılıp, bólmeler sırtqı háwli átirapında jaylasqan. Saraydıń fontanlı háwizleri bolǵan. Aqsaray diywallarına qaplanǵan terilgen parketler hám sırlı keramikalar tınıq boyawlar (fiolet – kókshil, ashıq jasıl – jasıl reńler, zer suw hám basqalar)dan tartımlı naǵıslar islenip kóz tartarlıq etip bezelgen. Saraydıń kiriwine “Kim biziń kúsh-qúdiretimizge isenbese, qurdırǵan imaratlarımızǵa baqsın” qatarları Saqıpqıran Amir Temur tárepinen Aqsaray kiriwine bitilgen. Imarattıń qúdiretine Zahiriddin Muhammed Babur da óz

da hámme nárse tayar etip qoyılǵan hám barlıq zárúrli isler ushın juwapker tayınlanǵan boladı. Miyman adamnan úy iyesi quwanıp, kewili ashılıp ketedi eken".

**Surxandárya walatınıń tariyxıy-arxitekturalıq estelikleri.**

Said Atalıq medresesi – Surxandariya walayatında jaylasqan bul estelik XVI ásirde Said Atalıq tárepinen qurdırılǵan. Bas bólegi arkalı, eki qabatlı, ójireleri bar.

Sultan Saodat kompleksi – X-XVII ásirler dawamında qurılǵan bolıp, Termezlik saidlar áwladları jerlengen mavzoleylerdiń jámlemesinen ibarat. Termizdiń janında jaylasqan bul estelikke 20ǵa jaqın mavzoleyler kirgen.

Jarqorǵan minarası – XII ásirdiń basında qurılǵan bul arxitekturalıq estelik walayattıń Jarqorǵan rayonı Minar awılında jaylasqan. 8 qırlı tırnaqtıń ústine yarım sheńber formasında 16 qırlı etip qurılǵan. Házirgi biyikligi 21,6 metr, diametri bolsa 5,4 metr. Onı Saraxslıq arxitektor Ali ubn Muhammed 1108-1109-jıllarda qurǵanlıǵı jazıp qoyılǵan.

Hakim at-Termiziy kompleksi – IX-XV ásirlerge derek bul tariyxıy estelik Termizde jaylasqan bolıp, mavzoleyler, meshit (XI ásir), mazar (XV ásir) hám basqa imaratlardan ibarat. Bul jerde ullı danıshpan, injener Abu Abdullah Muhammed Hakin at-Termiziy mavzoleyi bar.

Qırıqqız qorǵanı – IX-X a'sirlerge derek Termizde jaylasqan, bul estelik eń birinshi orta ásirlerdegi baylardıń qalanıń sırtındaǵı qorǵansaray bolǵanlıǵı shamalanbaqta. Qam gerbishten tiklengen bul imarattıń tórt múyeshinde tórt minara – burjlar bolǵan. Bizge shekem bir qansha qıyralǵan halında jetip kelgen.

Zul Kifl mavzoleyi – Termizqiń qasında jaylasqan bul estelik IX-X ásirlerge derek boladı. Ondá meshit, górxana hám olarǵa tutasqan eki xanalı imarat jaylasqan.



Zamanbabanı, Xorezm aymaqlarındaǵı Tazabaǵjap mádeniyatınday esteliklerdi mısal etip kórsetse boladı.

Bekkem ornaspaǵan diyxan hám sharwalardiń mádeniyatı birinshi ret Xorezmde sol Kelteminar ılashıǵı átirapında anıqlanǵanı ushın Tazabaǵjap mádeniyatı dep atalǵan. Derlik usınday túrdegi mádeniyat Moxondárya basseyninde tawılıp úyrenilgen. Moxondárya Zarafshan dáryasınıń kewip qalǵan bir tarmaǵı bolıp, Qaraqum makan ornınıń arqasındaǵı izleri elege shekem joǵalip ketpegen hám onıń jaǵalarında sol alǵashqı dáwirdiń awılları hám qoyımshılıqlarınıń izleri bar. Bul jerler professor Ya.Ǵ.Ǵulomov tárepinen 1950-jıldan baslap tekserile baslaǵan.

Buxaranıń Qarakól rayonınan 15 km dey arqa-batısında Zamanbaba kóliniń boyında sol dáwir xalqınıń úlken qábirstanı tawılıp tekserildi. Qábirlerde meyitlerdiń ayaq-qolın búgip, eńkeytip, shep tárepke jambaslatıp kómgen. Usınday etip 41 qábir ashılıp úyrenilgen, olardan geyparalarında yer-qatını birge jerlengen. Ol zamanda ana urıwı dáwiri bolıp, ata urıwı húkimdar bolǵan hám yerkektiń xojalıqtaǵı hám shańaraqtaǵı mártbesi artqan, qatını oǵan jeke menshik bolıp gárezli bolǵan dáwir edi. Sonıń ushın er adam ólse, qatını da óltirilip birge kómiw ádet bolǵan. Bunday halat, tiykarınan, qáwim baslıqları kómilgen qábirlede ushırasadı. Qábirlerde ıdıslar, oqlar, zebi-ziynet buyımları, hátteki jez aynalar meyittiń aldına qoyılǵan. Láhát etip kómiw sol waqıtta ámelde bolǵan. Soǵan jaqın bir jerden tabılǵan ekinshi bir qábirstanda meyitlerdi joqarıdaǵıday eńkeytip kómgen. Tabılǵan súyeklerdiń qasında jez sırǵalar, bahalı taslardan marjanlar, jez bilezikler tabılǵan.

Namangan walayatı Chust qalasınıń qasınan "Buvana mazar" degen jerden de usınday awıl tabılǵan. Ol jerdegi xalıq átiraptaǵı bulaq suwlarınan paydalanıp, diyxanshılıq etip, otırıqshı halda awıl-awıl bolıp jasaǵan. Custlıqlardıń keramika ıdısları Túrkmenstan otırıqshı diyxanlarındaǵı sıyaqlı

boyawlı, túrli-tuman bolǵan. Jezden quyma buyımlar kóp qollanılǵan. Qam gebishlerden jertóle uyler qurıp jasaǵan. Bul awıldıń xalqı bunnan shama menen 3 mıń jıl aldın temir dáwirine ótiwde de sol jerde kún keshirgen. Tap usınday awıl Andijan walayatı Qorǵantóbe rayonındaǵı Dalvarzintepe de tabılǵan. Bulardıń hár ekewide birdey tárizde bolıp, bul halat jez dáwirinde Ferǵana saylarınıń suwınan paydalanıp diyxanshılıq etiwshi otırıqshı diyxanlardıń awılı kóp bolǵan degen juwmaqqa keliwge imkan beredi.

Chust, Dalvarzin hám Kushuktepade alıp barılǵan arxeologiyalıq qazıwlardan Chust madeniyatın jaratqan áyyemgi diyxanlar átirapı diywallar menen qorshalǵan bekkem awıllarda paqsa yaki qam gerbishlerden qurılǵan úylerde jasaǵanlıqları belgili boladı. Máselen, áyyemgi Chust awılınıń qaldıǵında uzınlıǵı 286 metr eni 2-3 metr hám biyikligi 1,5 metr bolǵan sırtqı ditwaldıń qaldıqları tabılǵan. Usınday dáwir qaldıqları Dalvarzinde de 200 metr aralıqta tabılıp, onıń eni 4,6 metr, biyikligi 2,5 metr keledi. Dalvarzintepa átirapı diywal menen qorshalǵan ark qaldıǵı tabılıp, diywaldıń uzınlıǵı 130 metrge hám biyikligi 2,5 metrge teń. Dalvarzintepanıń shıǵıs bóliminde hátteki 80 metr aralıqta, eni 4 metrli tas jol ashıldı. Bulardan basqa, bul jerde bir neshe tórt múyeshli paqsa diywallı úyler de tabılǵan.

Bunnan 3000 jıl aldın adamlar temirdi otta eritiw jolın tawıp, onı qollana baslaǵan. Bul dáwirde óndiris bir adamnıń miynetinen keletuǵın dáramat onıń bir ózin baǵıwǵa ǵana emes, al bir neshe adamdı baǵıwǵa jeterli bolatiǵinday dárejege jetken.

Orta Aziyada patriarxat qúshılıq qatnaslarınıń ayırın kórinisleri Parfiya, Greciya, Baxtriya hám de Kushanday mámleketlerdiń húkimdarlıǵı zamanında payda bolǵan. Bul dáwirde qorgánlardı qurıw, suwǵarıw kanalların qazıw, ónermentshilikte, qalanıń turmısı, jol isleri, ishki hám sırtqı sawda hám de kórkem ónerde sezilerli joqarılaw júz bergenligi, klasslıq qatnaslardıń



húkimdarı Kaykaus bolǵan eken. Samarqand qalasın Shamar (isimli) ardaqlı amir qurǵanmish hám ol Tubba ámirlerinen bolıp, Turkistanǵa kelip qalǵan. Sonnan keyin onı(qalanı) “Shamar-kand” degen, yaǵnıy “Samar awılı”. Kelip-kelip “Samarqand” dep atalıp qalǵan. Geybir tariyxshılardıń aytıwları boyınsha, Shamar – Barish Abu Karb ibn Ifriqish ibn Abraha bolıp, uzaq Túrkistan úlkesin basıp alǵan tubbalıqlardan edi. Aytıwlarına qaraǵanda, Samarqandqa jetip kelgende, qanshelli tırıssa da onı basıp ala almaǵan. Samarqand hákiminiń bir qızı bolıp, sol jurttıń hámmesine húkimi ótetuǵın edi. Shamar onı hár túrli wádeler berip aldadı hám kóp sawǵa-sálemler menen onıń aldına elshi jiberip, mınanı aytadı: “Seni dep bul úlkege keldim. Maqsetim: júklerim, qımbat bahalı nárselerimdi hám ǵaziynemdi usı jerde qaldırıp, Shin (úlke)ge barıw bolıp tabıladı”.

Qız onıń hiylesinen gáplette qalıp, olardıń júkleri hám qımbat bahalı nárselerin qalaǵa kiritiwge ruxsat berdi.

Shamar tórt mıń sandıqqa qurallanǵan áskerlerdi jaylastırıp, qalaǵa jiberedi. Sandıqlar qalaga alıp kirilgennen keyin, olarǵa yarım túnde, qońıraw dawsın esitiw menen dárhal sandıqlardan shıǵıwına kelisilgen edi. Belgilengen payıtta qalanıń sırtınan Shamardıń láshkerleri hújim etti. Sandıqtaǵılar qılıshların alıp shıǵadı. (Shamar) usı hiylesi menen qalanı’ basıp aldı hám qıyratıp, (tıp-tıypıl) qazıp tasladı. Sonday soń (xalıq) “Shamar kand” (“Shamar qazdı”),-degen eken.

Ekinshi rawayat. “Masolik al-mamolik” shıǵarmasınıń avtorı (Al-Istarxiy) óz kitabında jazadı: “Kúnlerdiń birinde Samarqand Suǵdıǵa jetip barǵanımızda bir háwlini kórdim. Onıń yesigi diywallarına shegelep qoyılǵan edi. Bunıń sebebi nede dep sorasam, olar: “Júz jıl boldı, bul esik ashıq turıptı, tunde de, kúndizde de bul esikti jappaǵan”. Usınday da bolıp qaladı eken, júz yaki onnan kóp atlılar tosattan kelip qalıwları múmkin edi. Sonday waqıtta da úy iyesiniń táshwishleniwine hajet joq. (Sebebi keletuǵın) adamlar hám olardıń júkleri ushın

Ansamblde jaylasqan 20 dan artıq imarat xalıq kórkem ónerinıń siyrek dúrdanası sıpatında mámlekettiń qadaǵalawına alınǵan. 2006-jılı bul jerde Mámleket tárepinen qayta ońlaw isleri juwmaqlandı.

Uluǵbek observatoriyası – Mırza Uluǵbektiń Pármanı menen 1428-1429 – jılları Samarqand qalasınıń Kuhak (Shopanata) tóbeliginde boy tiklegen. Ol dóńgelek formasında bolıp, úsh qabatlı, biyikligi 30,4 metrden ibarat bolǵan. 1908-jılı arxeolog V.Vyatkin qarabaxana halındaǵı observatoriyanıń qaldıǵın tariyxıy hújjetler tiykarında izlestirip tapqan.

Observatoriya orta ásirlerde ásbap-úskenesi boyınsha da teńsiz bolǵan. Uluǵbektiń ataqlı shıǵarması "Ziji Koraganiy" mine usı jerde jazılǵan. Observatoriya Uluǵbek óltirilgennen keyin (1449) qıyratılǵán. Házirge shekem az bólegi saqlanǵan.

Házireti Xizr meshiti – XIX ásirdiń ortalarında Afrasiyabtıń qublasında qurılǵan bul imarat ápsanalıq ólmeytuǵın shaxs Házireti Xizr atı menen baylanıslı. Imarat áyyemgi meshittiń tırnaǵınıń ústine tiklengen. Keyin ala imaratqa qosımsha aywan (1899), dárwazaxana (1919) qurılǵan. Meshit 1913-jılı (usta Abduqadir Boqiev basshılıǵında) hám de 2006-jılı mámleketimiz tárepinen qayta ońlanǵan.

Mahdumiy Azam kompleksi – Samarqand qalasına jaqın bolǵan Aqdárya rayonında jaylasqan bolıp, 1542-jılı qaytıs bolǵan Mahdumiy Azamnıń qábiriniń átirapında XVI-XIX ásirlerde tiklengen. Bul jerde meshit, dárwazaxana, shillexana hám ójireler, gerbishli minara, háwiz, sonday-aq, Mahdumiy Azam hazirası (qábiri) jaylasqan. Samarqand hákimi bolǵan Yalangtoshbiy Bahadir shańaraǵınıń mazarı da usı jerde jaylasqan.

Samarqand haqqında bizge sheken kóplegen rawayat hám ápsanalar jetip kelgen bolıp, olarda aytilıwı boyınsha, áyyemgi zamanlarda Maverennaxrdıń paytaxtı Samarqand bolǵan eken. Aytıwlarına qaraǵanda, onıń birinshi



kesinleskenligi kórinedi. Bunday halat tek Xorezmde tabılǵan arxeologiyalıq zatlardan ǵana emes, al pútkil Orta Aziyada ótkerilgen hám ótkerilip atırǵan izertewlerden de ayqın kórinip turadı.

Júdá ayyemnen-aq diniy isenim adamlardıń ómirinde áhmiyetli rol oynaǵan. Zardushtiylik (zaroostrizm) – otqa sıyınıw dininiń rawajlanıwı Iranda emes, Orta Aziyada bolǵanlıǵı arxeologlat tárepinen dálillendi. Jıl sanawımizdan bir neshe ásir burıngı esteliklerdi tekseriw bul saladaǵı mashqalalardı aydınlastırdı. Sebebi, akademik Ya.Ǵ.Ǵulomov 1936-jılı Xorezmniń Mańǵıt rayonındaǵı Qubba tawınıń astında zardushtiylerdiń qábirstanın taptı. Ondá úlken qam gerbishlerden qurılǵan 60 metrli tar imarattıq qaldıǵınıń ishinen adamlardıń súyekleri tabılǵan. Súyekleri álle qáyerlerden jıynap, imarattıń ishine taslay berilgen. Keyin ala ayırım adamlardıń súyeklerin keramikadan jasalǵan arnawlı qutılar – ostadonlarǵa salıp, sol imarat – nausta saqlaytuǵın bolǵan.

Arxeologlar zardushtiylerdiń muqaddes kitabı sanalǵan "Avesto"da da áyyemgi grek jaziwlarında aytılǵan máresimlerge dus kelgen. "Avesto"da aytılıwınsha áyyemgi zardushtiyler meyitti jerge kómiwi, suwǵa taslawı, wotta jaǵıwdı úlken gúna dep esaplaǵan. Sonıń ushın meyitti uzaqtaǵı jańlańash tik jarlardıń ústine aparıp taslaǵan. Onı jırtqısh haywanlar hám quslar jep ketkeninen keyin onıń súyekleri uzaq waqıt quyashtıń nurı tásirinde qaldırılıp tazalanǵannan keyin terip alınǵan hám "naus"ta saqlanǵan. Súyeklerdi ossuariylerde saqlaw ádeti keyingi zamanlarǵa shekem, yaǵnıy Orta Aziyada islam dini keńnen tarqalǵanǵa shekem dawam etti. Bunday túrdegi súyekler salıńgan keramika qutılar házirde de Orta Azyanıń kóplegen jerlerinen tabılmaqta.

II ásirde Kushan mámleketi budda dinin Hindstannan Orta Aziyaǵa hám Shıǵıs Túrkistanǵa tarqatıp, onı mámleketlik din dárejesine kótergen. Ózbekstan

, ásirese, onıń túslik rayonlarında hám Shıǵıs Túrkistanda tabılǵan kóplegen buddizm estelikleri sol dáwirge qaraslı bolıp tabıladı.

III ásirde Iranda moniy dini payda bolǵan, biraq ol uzaq saqlanbadı, onıń táreptarları Orta Aziya hám Shıǵıs Turkstanǵa qashıp ótip, kóbirek sawda jolınıń boyındaǵı qalalarda bul dindi tarqattı.

Geypara arxeolog alımlar Orta Aziyada tabılǵan súwretler hám músinshilik esteliklerindegi súwretlerdiń quramalılıǵına qarap, olardı moniy dini menen baylanıstırıwǵa háreket etedi. Bul dáwirde, birinshiden, qáwimlerdiń otırıqshılıqqa ótip, suwǵrılatuǵın jerlerde jaylasıwı kúsheygen bolsa, ekinshiden, qulshılıq aristokratiyalıq jámáátleri óz ishinen ıdırap, bir pútin awıllar qul iyesi aristokrat – "diyxan"larǵa gárezli bolıp qaladı. Bul jer iyeleriniń búrtikleri edi.

Egin maydanlarınıń kóbeyip barıwi, atap aytqanda, suwǵarılatuǵın jerlerdiń keńeyiwi, awıllardıń kóbeyiwi, jerdiń ónimdarlıǵın arttıwı, jasalma tóginlerdiń jaratılıwı, suwdı biyik jerlerge kóterip shıǵarıwshı shıǵırlardıń hám suw digirmnlarınıń oylap tabılıwı, paxta eginleriniń tarqalıwı, miywe sortlarınıń jaqsılanıwı jolındaǵı tabıslarınıń hámmesi zamananıń óndiris kúshlerin kúsheytip jiberdi, al bul bolsa jerge iyelik qatnslarınıń qáliplesiwine alıp kelgen jańa jámiyetlik waqıya boldı.

III ásirden baslap kóshpelilerdiń Mawaraunnaxrǵa, OrtaAziya eki dárya aralıǵına kirip keliwi kúsheydi. Nátiyjede qalalarda tınısh turmıs daǵdarısqa ushıraydı hám olar qıyralıwǵa bet burıp ekonomikalıq turmıs, tiykarınan, ayırım oypatlarǵa, awıllarǵa kóshedi. Jer aristokratiyası – "diyxan"lar awıllrǵa, salmalrdıń basına kelip, dala háwlilerin saladı. VI ásirge kelip, olar túrk xızmetkererinen qurallı jigitler – xızmetkeler saqlap, átiraptaǵı awıllardıń xalqın óz paydasına isletip, kúnin kóredi. Usınday etip biziń dáwirimizdiń I ásiriniń 25-jılınan tap IV ásirdiń 50-jıllarına shekem húkim súrgen kúshli Kushan



lik minara bar. Medrese arkasında Yalangtosh Bahadirdi uluǵlawshı arıslan súwretlengen bolıp, imarat sonıń ushın da Sherdor medresesi dep atalǵan.

Tillaqari medresesi – Yalangtoshbiy Bahadir tárepinen 1641-1646-jıllarda qurdırılǵan. Medrese hám Jomei meshitke mólsherlengen bul estelik registon ansambliniń bir qáliptegi kóriniske iye bolıwın támiyinleydi. Háwliniń batısındaǵı meshit óz waqtında zerli naǵıslar menen bezetilgen (negizinde kishi medrese bolǵan bul imarat keyin ala Tillakori medresesi atın alǵan).

Ruhobad mavzoleyi – XVI ásirdiń 80-jıllarında Samarqandta Shayx Burxoniddin Soǵarjiyge atap qurılǵan imarat. XIX ásirde onıń aldına meshit, minara, dárwazaxana tiklengen. Estelik Gori Amir mavzoleyiniń arqa bóliminde jaylasqan.

Ishratxana – Samarqandtaǵı arxitekturalıq estelik bolıp, ol haqqında asharat xana (yaǵniy arabsha on bólme) degen pikir de bar. Bul mavzoley 1464-jılı Sultan Abu Saidtıń zayıbı Habiba Sultanbeka tárepinen mezgilsiz qaytıs bolǵan qızı Sohib Dáwletbekenıń esteligine qurılǵan. Imarat jer silkiniwden qattı ziyan kórgen. Ol Shıǵıs arxitekturasınıń jańa usil úlgilerinen biri bolıp esaplanadı.

Shahizinda ansambli – XI-XV (XX) dawamında Samarqandta qurılǵan tariyxıy estelikler jámlemesinen ibarat. Afrasiyab tóbeligin iń qublasında jaylasqan qábiristandaǵı mazarlar, meshit, medrese, qábir hám minaraday imaratlardı óz ishine alǵan. Olardıń eń ayyemgisi Qusam Ibn Abbos (Muhammed s.a.v. payǵ'ambardıń ámekileri Abbastıń ulı, Samarqandqa 676-jılı Islam daniniń úgitleniwi ushın arab basqınshıları menen birge kelip, usı jerde óltirilgen hám jerlengen) bolıp xalıq arasında Shahizinda (pars-tájikshe "Tiri shah") atı menen tanılǵan. XI ásir Tamǵosh Buǵraxan medresesi qurılǵan. Kópshilik qurılıs isleri XIV-XV ásirlerde orınlanǵan bolıp, bul jerde Tuǵli Tekin mavzoleyi, Amir Temurdiń sińlisi Shirinbeka oqa hám apası Turqan oqa mavzoleyleri, sonday-aq, láshkerbasılarınan Amir Burunduq mavzoleyi bar.

menen tanılǵan. Ol Orta Aziyadaǵ'ı eń iri jome meshit bolıp, háwlisiniń maydanı 63,8x76,0 m. Meshittiń ulıwma maydanı bolsa 167x109 m. Múyeshlerinde biyik minaralar bolǵan. Jer silkiniwler imarattı jemirgen. Estelikte sońǵı arxiteltura tabısları hám de názik bezew óneri usıllarınan keń qollanılǵan.

Amir Temur mavzoleyi – Gori Amir atı menen atalıwshı bul siyrek arxitekruralıq esteligi Samarqandta XV ásir baslarında (1404) Amir Temur pármanı menen onıń 1403-jılı ayanıshli nabıt bolǵan aqlıǵı Muxammed Sultan esteligine qurılǵan.

Mavzoleyge Amir Temur qábiri, onıń eki ulı (Shahruh hám Miranshah), eki aqlıǵı (Muhammed Sultan hám Mırza Uliuǵbek) hám basqalardıń qábirleri qoyılǵan. Mavzoley óziniń qurılıs hám ishki bezeliwi menen dúnyadaǵı eń ataqlı arxitekturalıq dúrdanalardan biri esaplanadı.

Registan ansambli – XIV-XVII ásirlerde Samarqandtıń Registan ("Reg" – parsı-tájikshe – qum, Registon – qum orın-maydan) maydanında qurılǵan arxitekturalıq esteliklerdiń jámlemesinen ibarat. Ondá Uluǵbek, Tillaqori hám Sherdor medreseleri jaylasqan.

Uluǵbek medresesi – Mırza Uluǵbek tárepinen 1417-1420-jıllarda qurılǵan. Imarat eki qabatli, tórt múyeshli bolıp, maydanı – 81 x 56m. 50 ójiresi bar. Orta Aziyada eń jetik hám gózzal, iri medrese esaplanadı.

Sherdar medresesi – Samarqand hákimi Yalangtoshbiy Bahadir tárepinen 1619—1636-jıllarda qurılǵan. Yalangtosh Bahadır 1578-jılı 15-avgustta Nurata hákimi shańaraǵında tuwılǵan bolıp, Ashtarxaniyler dáwirindegi áskeriy-menshik iyesi dáwletlileriniń iri wákili bolǵan.

Sherdar medresesi Uluǵbek medresesiniń qarsısında bir kósher sızıǵında jaylasqan bolıp, ol da eki qabatlı. Arkası uzınlıǵı 12,5 m , eki qaptalında 31 m



mámleketi tarqatılıp, hár qaysı qala átirapında oypatta ayırım-ayırım ǵárezsiz húkimdarlar payda boladı hám olardıń basında "diyxan"lardıń wákili turadı.

Házirgi Tashkent, Samarqand, Buxara, Jizzax, Ferǵana oypatındaǵı hám basqa kóplegen qalalar átirapındaǵı suwǵarılatuǵın jerlerde biyik-biyik "aq tóbe"ler bar. Arxeologiyalıq qazılmalar, bulardıń hámmesi jer iyeleri qam gerbihten saldırǵan dala háwileriniń qarabaxanalarınan ibarat bolıp, "diyxan"lar jasap ótkeń jerjeriniń qaldıqları ekenligin kórsetti. Akademik Ya.Ǵ.Gulomovtıń baqlawları boyınsha , bunday dala háwlileriniń qaldıqları házirge shekem saqlanıp qalǵanlıǵın kórsetedi. Jerge iyelik qatnaslarınıń qáliplesiw dáwiri urıslar, xalıq qozǵalańların bastıriw ushın keskin sharalardı kóriwi natiyjesinde birqansha wayranshılıqlar, qırǵın urıslar bolıp, pútin aymaqlar waqıtsha bosap qalǵan. Usıǵan qaramastan, wondiris kúshleriniń rawajlanıwında belgili bir jıljıwlar boldı. Bunday ilgerilewlerdi mádeniyat salasında da kóriw múnkin. Máselen, Xorezmde Topıraq qala dala háwlisin qazıwda ol jerden "Patshalar zalı" dep atalǵan zal tabılgan. Zaldıń qorshagán diywallarına sandıqtay teksheler islenip, olardıń hár birine hár túrli kelbettegi adamlardıń háykelleri ornatılǵan. Háykeller oǵada joqarı talǵam menen islengen. Professor S.P.Tolstov "Bul zalda Xorezmde Afriǵ shańaragına tiyisli patshalardıń háykelleri ata-babalarınıń ruwxına sıyınıwı sıpatında kórsetilgen",-dep aytadı. Bul jerde háykellerde basqa, hár túrli boyawlı diywal súwretleri de bolıp, ondáǵı kórinislerde teńiz tolqını, balıqlar, jırtqısh haywanlar sazende qızlardıń súwreti hám basqa nárseler súwretlengen. Bul sarayda Xorezm shaxlarınıń jazba esap-sanaq arxivi de tabılǵan bolıp, bular áyyemgi Xorezm jazıwı menen taqtaǵa hám terige jazılǵan.

1938-jılı VI-VII ásirlerge tiyisli Xorezm pullarındaǵı jazıwlar járdeminde olardıń kóplegen miynetleri anıqlanǵan. Ulıwma, Topıraqqaladan tabılǵan arxiv jazıwı ilimge júdá kóp jańalıqlardı bergen.

1934-jılı Samaqandtıń qasındaǵı Muǵtóbeden Panjikent hákimi Divashtichtiń VIII ásirge tiyisli arxivi tabılǵan. Atxivtegi soǵdsha hám arabsha xatlar tiykarınd soǵd jazıwınıń ózgeshelikleri anıqlandı, al bul bolsa ilimge ádewir anıqlıq kiritti. Al buǵan Xorezm arxiviniń qosılıwı bolsa Orta Aziyadaǵı sol zamannıń turmısı hám mádeniyatına tiyisli kóp máselelerdi anıqlawdıń imkanın berdi.

Keyingi jıllarda Surxandádriya walayatı "Balalıqtepa" degen jerdi qazıw barısında onıń bir zalınıń diywalları adamnıń súwretleri menen bezelgen ibadatxana ekenligi beligili boldı. Ondá zebi-ziynetli kiyim kiyip, qollarında qımbat qadaqlardı uslaǵan hám iltipat penen álleqanday bir isharat kórsetip turǵan yerkek ham hayaldıń súwretleri gúmansız, moniy sektasınıń ibadatxanasında ótkerilip atırǵan máresimnen derek beredi. Bul imarat ásirdiń aqırlarına tiyisli dep tabıldı. Áyyemgi Panjikent qarabaxanası marhum professor A.Yu.Yakuvobskiy basshılıgıında qazılǵanında ol jerde de VII-VIII ásirlerge tiyisli usınday imarat tabılǵan. Diywallarına boyawlı súwretler salınıp, olarda jerlew máresimi bázmi hám basqa diniy máresimler súwretlegeń

Topıraq qala, Balalıqtepa, Varaxsha, Fayoztepa, Panjikentlerden tabılǵan súwretlerdiń kórkemligi hám súwretlerdiń baylıgı jerge iyelik qatnasları dáwiri mádeniyatınıń óz zamanasında ádewir rawajlaǵanlıgın hám menshik iyeleriniń dáwirinde dástúrli túrde rawajlanıp kelgen súwretlew óneriniń bul dáwirge kelip háwij alǵanlıǵın tastıyıqlaydı. VIII ásirde arablardıń basıp alıwınan keyin bunday kórken ónerge de úlken áhmiyet berilgen. Bul dáwirde sawda–satıq hám ónermentshilik, atap aytqanda, ıdıslardı sırlaw hám názik shiyshe buyımların islew texnikası rawajlanǵan.

Qalalardın áyyemgi, jerge iyeliktiń eń dáslepki dáwirlerindegi hám sońǵı ásirlerdegi tariyxıy topografiyası, arxitekturalıq estelikleri hám basqa orta ásir qurılısları házirgi kúnge shekem ádewir jaqsı úyrenildi. Góne Urgensh, Marv, Buxara, Xiywa, Samarqand hám basqa bir qatar qalalardıń tariyxına



sali'wshi, shayır, alım hám shayx Najmiddin Qubranıń atı menen baylanıslı. Mavzoley Najmiddin Qubraniń qábiri jaylasqan úlken bólme, bir neshe qábirleri bolǵan kishi bólme hám ziyaratxanalardan ibarat.

Najmiddin Qubra 1145-jılı Xiywanıń janındaǵı házirgi Sayot awılında tuwılǵan. Onıń negizgi ati Ahmad inb Umar ibn Muhammed al-Xivaqiy al-Xorezmiy bolıp, Abuljanob – onıń kunyası, Najmiddin – ataǵı, Qubra laqabı bolǵan. Najmiddin – dinniń juldızı degeni, Qubra – ullı degeni boladı.

Ataqlı Ázerbayjan jazıwshısı M.Oxundov: "Watansúyiwshi – óz watanınıń jetikligi jolında óz watanına muhabbatı sebepli iygiliklilik túwe, janın da ayamaytuǵın, xalqı hám watan azatlıǵı, parawanlıǵı ushın" ózin qurban etiwshi insan bolıp tabıladı" dep jazǵan edi. Shayx Najmiddin Qubra mártligi bul pikirdiń jarqın dáliyli bolıp tabıladı. Gáp sonnan ibarat, monǵollar Xorezm topıraǵına bastırıp kirgende, ol muridlerin tuwılǵan jurtlarına jónetip jiberip, ózi qalanı qorǵawǵa atlanadı. Shákirtleriniń birge ketiw haqqındaǵı usınısına juwap berip: "men usı jerde sheyit bolaman, maǵan Xorezmdi taslap ketiwge ruxsat joq ",-deydi hám qolına shamshir alıp, qoynına tas toltırıp alıp, jawǵa qarsı shıǵadı. Olarga tas atadı, bir neshewin nayza menen urıp jıǵadı. Dushpanlar oǵan oq jaydan oq atadı oqlardan biri shayıqtıń kókiregine kelip tiedi. Sheyit bolıp baratırǵan payıtta ol dushpannıń qolınan bayraqtı julıp alıp, onı sonday etip qısıp uslaǵan boladı, on adam bolıp ta onıń qolınan bayraqtı tartıp ala almaǵannan soń, barmaqların kesiwge májbúr boladı. Shayxtıń bul mártligi jawdı da hayran qaldırǵan. Bul waqıya, mine, neshe asirler ótse de, tilden-tilge ótip, ápsanaǵa aylanıp, xalıq ushın úlgi deregine aylandı.

**Samarqand walayati tariyxıy- arxitekturalıq estelikleri.**

Bibixanim meshiti – Orta Aziya arxitektura óneriniń eski úlgisi, saltanatlı imarat bolıp, Amir Temurdiń pármanı menen 1399-1404-jıllarda qurılǵan. Xalıqtiń arasında Amir Temurdiń jubayı Bibixanim (negizi Saraymulkxanim) atı

Biraq xannıń ólimi sebepli minaranıń qurılısı juwmaqlanbastan qalǵan. Minaranıń tiykarı diametri 14,2 metr, biyikligi 26 metr. Muhammed Aminxan medresesi eki qabatlı, bas tárizli bes gúmbezli miyan saray, meshit, darsxana hám basqa qosımsha xanalardan quralǵan. Medrese Xiywaniń eń saltanatli hám iri bilim dárgayı esaplanǵan.

Allaqulıxan medresesi- Xiywadaǵı arxitekturalıq estelik bolıp, 1834-1835 jıllarda 3 metr bálentliktegi jasalma tóbeshikte qurılǵan. Medrese qarsısında Xojamberdibay medresesine uqsas etip qurılǵan. Imaratta 99 eki qabatlı qatar ójirejeler, qısqı meshit hám sabaq oqıtılatuǵın xana jaylasqan. Jáne eki minara da bar.

Amir Tóre medresesi – 1870-jılı Muhammed Rahimxan II niń aǵası Amir Tóre qurdırǵan bolıp, Iyshan qalada jaylasqan. Aldı tárepinen eki, qalǵan tárepleri bir qabatlı. Ójirelerden sırtta eki gúmbezli bólme hám jazǵı meshit jaylasqan.

Abdullaxan medresesi – Iyshan qalanıń shıǵıs dárwazasınıń aldında jaylasqan bul estelik 1855-jıl Qutlımurat Inaqxannıń ulı Abdullaxanǵa atap anası qurdırǵan. Kvadrat planlı, arka arqalı úsh gúmbezli saraydan háwlige ótiledi. Bul jerde ójireler, meshit jaylasqan.

Islamxoja merdesesi hám minarası – Xiywada jaylasqan bul estelik Ispandiyarxannıń wáziri hám qayın atası Islamxoja tárepinen XX ásirdiń baslarında (1908-1910) qurdırılǵan. Medrese bir qabatlı, ondá 42 ójireler jaylasqan. Bul jerdegi meshitlerdiń gúmbezleri jilwalı boladı. Medrese menen qaptallasıp qurılǵan minaranıń biyikligi – 44 metr, tiykarıniń diametri – 10 metrge jaqın. Minara saltanatlı hám kórkem islengen bolıp, negizinde Xiywanıń nıshanasına aylanıp qalǵan.

Najmiddin Qubra mavzoleyi – XVI ásirdiń 30-jıllarında qurılǵan bolıp, Túrkmenstan aymaǵında jaylasqan. Sufizmdeǵi Kubrabiylik aǵımınıń tiykarın



baǵıshlanǵan arnawlı miynetler maydanǵa keldi. Bulardan basqa, Samarqandta Gori Amir movzeleyi qábirleri ashılıp, Uluǵbek observatoriyasınıń qayta tikleniwi (1941, 1948 1967), Shahrisabzde Amir Temur tárepinen salınǵan bir imarattıń 1933-jılı ashılıwı hám basqa izertlewler kópshiliktiń itibarın ózine tarttı. Al Uluǵbek obsevatoriyası 1908-jılı tabılıp, bul esteliktiń jer ústindegi kórinisiniń qanday bolǵanliǵı belgisiz edi. Observatoriya 1948-jılı V.V.Shishikin basshılıgında qazılıp, onıń qanday bolǵanlıǵı anıqlandı.

Solay etip, respublikamızda alıp barılǵan arxeologoyaǵa tiyisli izertlewler sebepli xalqımızdıń uzaq ótmishi, óndirisi hám suwǵarıw, mámlekethilik, ilim hám mádeniyat salasınıń ásirler dawamında arttırǵan tájriybeleri ashıp berildi.

Sońǵı jıllarda Yahyo Ǵulomov basshılıǵında úyrenilgen mánzil – Obirahmat úngiri bolıp tabıladı. Obirahmat úńgiri Tashkentten 10 km arqa-shıǵısta, Shatqal hám Paltov dáryasınıń oń jaǵasında jaylasqan. 1962-1970-jıllarda onı R.H.Sulaymanov 10 m tereńlikte qazıp, 21 mádeniy qatlamǵa ajırattı (Sulaymanova, 1972). Demek mákan jay alǵashqı adamlar ushın úzliksiz tárızde turaq jay bolıp xızmet etken.

Házirgi kúnde Obirahmat úńgiri esteliginde 1998-jıldan Rossiya-Ózbekstan , 2007-jılan Ózbekstan -Rossiya hám Belgiya qospa kompleks ekspediciyaları birgelikte izertlewlerdi dawam ettirmekte. Bul jerde “2003-jılda ótkerilgen izertlew islerinin nátiyjesinde 16 mádeniy qatlamnan arxeologiyalıq materiallar menen birge adamnıń súyekleri tabıldı. Bular 6 tis súyekleri, 1 qulaq súyegi hám maydalanıp ketken bas súeginiń qalqıqları bolıp tabıladı. Bul súyek 8-9 jaslı balaǵa tiyisli bolıp, tis hám bas súyekleriniń qaldıqlari homa supins, qulaq súyegi neandertal adamdiki bolıp shıqtı. Súyek qaldıqlarınıń ústinde tiykarınan, Avstriyanıń Insburg medicina orayında, Novosibirsktegi Yadro fizikası, Germaniyanıń Maksa Planka atındaǵı institutlarında izertlewler ótkerildi. Nátiyjede, homa spins adamı, yaǵnıy házirgi zaman adamına uqsagán

revolyuciyaıq jol menen payda bolmasatn, al evolyciyalıq jol menen neandertal adamınan kelip shıqqan degen juwmaqqa kelindi. Sebebi usı waqıtqa shekem ilimde homa sapiens birden payda boldı hám b.e.sh. 20 000 jıllıqqa kelip, neandertal adamlar qalmadı homa supins adamı rawajlanıp ketti, degen pikir bar edi. Ózbekstan arxeologiyasında bunday ashılıwlardı, álbette, Yahyo Ǵulomov baslaǵan islerdiń nátiyjesi, dep biliw kerek. Házirgi kúnde usı qospa ekspediciya Kólbulaq makan jayında is alıp barmaqta. Eń dáslepki paleolit dáwiri estelikleri Tashkent walayatınıń Ahangaran dáryası jaǵalarında da esapqa alınǵan. Bular Qızılalmasay hám Kólbulaq estelikleri bolıp tabıladı"[1].

Keń kólimde respublikamızda alıp barılıp atırgan arxeologiyalıq izertlewler sebepli Ózbekstan arxeologiyasınıń derlik hámme dáwirlerine: paleolit, mezolit, neolit, eneolit, bronza hám temir dáwirleri hám de antik dúnya hám orta ásirlerge tiyisli júdá kóp túrli-tuman ájayıp maretiallıq mádeniyat estelikleri tawıp tekserildi. Usı salada ámelge asırılǵan tekseriwdiń nátiyjesinde toplanǵan bay hám qımbatlı materiallıq derek Ózbekstan xalıqlarınıń áyyemgi tariyxın bayanlaw imkanıń berip gána qalmastan, al orta ásirler tariyxı, sonday-aq, qalalardıń jasın anıqlawǵa da úlken járdem beredi.

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Úlkemizdiń eń áyyemgi dáwiri arxeologlar tárepinen qanday úyrenilgen?
2. Úlkemizde ana urıwı (matriarxat) dáwiri qanday etip dawam etken?
3. Kelteminarlıqlardıń ılashıǵı haqqında nelerdi bilesiz/
4. Úlkemizde ata urıwı (patriarxat) dáwiri qashan qáliplesken?
5. Metalldıń óndiriske engiziliwi nelerge alıp kelgen?

Tayanısh sózlerdiń túsindiriliwi

**Arxeologiya** – latınsha arxays - áyyemdi, logos - ilim, áyyemgi dáwirdi úyreniwshi ilim yaki "áyyemtaniw" ilimi degeni.

[1] Islomov Ó., Mirsoatova S. Ózbekiston ibtidoiy arxeologiyasini órganishda akademik Yahyo Ǵulomovning roli. T., 2009. Б. 19.



Raboti Malik (Shah rabati) - Ulli Jipek jolındaǵı eń áyyemgi hám úlken karwan saray bolıp, shama menen 1069-1079-jıllarda qurılǵan. Buxara-Samarqand jolında, Nawayı qalasınıń qasında jaylasqan.

**Xorezm walayatınıń tariyxıy- arxitekturalıq estelikleri.**

Kuhna Ark – Xiywada jaylasqan bul estelikte Anushaxannıń ulı Arangxan tárepinen 1686-1688-jıllarda Kurinishxana qurılǵan. Imaratta qurılısta XIX ásirde dawam etken. Ondá tórt háwli bolıp, ıqsham qabıllaw sarayı, garem, zarbxana, jazǵı hám qısqı meshitler qurılǵan.

Iyshan qala(ishki qorǵan) – negizi – b.e.sh. V ásirden, joqarı bólegi biziń dáwirimizdıń XVIII-XIX ásirlerin óz ishine alǵan. Maydanı 26 gektarǵa jaqın. Átirapı diywal menen oralǵan bolıp, onıń uzınlıǵı 2,1 km bolǵan 4 bezetilgen dárwazaǵa iye. Qorǵannıń biyikligi 7-8 km, qalıńlıǵı 3-4 m. Shamalap hár otız metr aralıqta sheńber burj – minaralar kóterilip turıptı. Qorǵanda ásirler dawamında qurılǵan ansambller bolıp, saraylar, hákimshilik hám turaq jay imaratları, medreseler hám usınday imaratlar bar. 1842-jıl Dishan qorǵan qurılısı juwmaqlanǵannan keyin, ishki bólegindegi qorǵan "Iyshanqala" dep atala baslaǵan.

Dishanqala (Sırtqı qorǵan) – Xiywanıń sırtqı bólimi bolıp, 1842-jıl Muhammed Yoqub Mehtar basshılıǵında qalanıń 6 km uzınlıqtaǵı átirap-qorǵan diywalı qurıladı. Sol payıttan bul aymaq "Dishaqala" dep atala basladı. Diywalları arasındaǵı burj-minaralar ornatılǵan hám de 10 bekkem dárwazası bar. Qalanıń tiykarǵı xalqı jasaǵan bul jerde Nurillabay sarayı hám kóplegen arxitekturalıq estelikler jaylasqan.

Muhammed Aminxan medressi hám minara – Medrese Iyshan qalada jaylasqan bolıp, 1852-1855-jıllarda Muhammed Aminxan qurdırǵan. Medreseniń janında Kelte Minar jaylasqan. Xan óz rejesi boyınsha Medrese-minaranı Xiyawadaǵı eń úlken hám gozzal ansambl etiwdi mólsherlegen edi.

Tim hám toqlar – XVI ásirde qurılǵan bul qurılıs Buxaradaǵ'ı eń iri sawda oraylarınan biri esaplanadı. Qaladaǵı eń iri imaratlardan 4 ewi: Toqi zargaran, Toqi telpak furushon, Toqi sarrofon hám Abdullaxan gúmbezi saqlanıp qalǵan.

Uluǵbek medresesi – 1417-jılı Mırza Uluǵbek tárepinen qurdırılǵan. Uluǵbek medresesiniń dárwazasınıń arkasına "Ilim alıw hár bir musılman hám muslimanıń minnetidur" degen sózler jazılǵan.

Chashmayi Ayyub mazarı – XII ásirge derek bul estelik qaladaǵı mádeniyat hám dem alıw baǵınıń ornına jaylasqan. Ayyemgi batıs imarattıń qasında XIV ásirde jáne eki imarat qurılǵan. Bul imarattıń yesiginiń tóbesine Amir Temurdiń ózi qurdırǵanlıǵı haqqında maǵlıwmat jazıp qoyılǵan.

Chor Minar – onı xalifa Niyazqul medresesi dep te ataydı. Ol XIX ásirdiń baslarında (1807) quramalı arxitekturanıń úlgisi bolıp, jayıq aywan túrindegi meshit, bir qabatlı medrese, háwiz hám arkadan ibarat. 4 biyik mezanası (tóbeshigi) bar. Olar minaraǵa uqsaydi, sonıń ushın da Chor Minor dep atalǵan.

**Nawayı walayatı tariyxıy- arxitekturalıq estelikleri.**

Abdullaxan bandi – walayattıń aymaǵındaǵı suw saqlaǵıshı hám plotinası. XVI ásirdiń 80-jıllarında Buxara húkimdarı Abdullaxan II (1557-1598) qurdırǵan. Eski Oqshob awılı qasındaǵı Beklarsay jırasında jaylasqan. Plotinanıń uzınlıǵı tiykarında – 73 metr, joqarısında – 85 metr, al biyikligi bolsa 14,5 metr. Shama menen 2,2 mln kub metr suw jıynalǵan.

Qasim shayx mazarı – XVI-XX ásirlerge derek estelik. Dáslep din ǵayratkeri Qasim shayx (1571-jılı qaytıs bolǵan) ushın mazar qurılǵan. Shayx qaytıs bolǵannan keyin qaptal bólmege qoyılǵan. Qábir mramorlanǵan. Abdullaxan II XVI ásrdiń 80-jıllarında mazar qurdırǵan. 1910-jılı dógeregi diywal menen qorshalıp, qosımsha imaratlar salınǵan.



**Selúnǵur** – alǵashqı tas dáwirine tiyisli Ferǵana oazisinen tabılǵan áyyemgi adamlardıń makanjayı.

**Tesiktas** – Orta tas dáwirine tiyisli Surxandáryadaǵı Baysın tawlarınan tabılǵan makanjay.

**Zardusht** – usı attaǵı din tiykarshısınıń atı.

**Naus** – ostadonlar saqlanatuǵı orın.

**Ostadon** – qaytıs bolǵan adamnıń súyekleri saqlanatuǵın ıdıs

**Diyxan** – eń dáslepki orta ásirlerde úlken jer iyesi (XI-XII ásirlerden bolsa awıldıń ápiwayı jámáát aǵzası)

**Degrezlik** (quyıwshı)– quyıwshılıq kásibi

## 4-tema. Úlkemizde orta ásirler hám jańa dáwirdiń úyreniliwi

### Reje

1.Mamleketimiz aymaǵında orta asirler dawirine tiyisli izleniwler. Olardın dereklerde beriliwi.

2. Ulkemiz jana dawir tariyxına baylanıslı izleniwler ham dereklerdin uyreniliwi.

Orta Aziya hám Ózbekistannıń áyyemgi hám orta ásirlerdegi tariyxın úyreniwde ilimiy tekseriw institutlarınıń kitapxanalarında, mámleketlik tariyx arxivinde, úlketanıw muzeylerinde saqlanıp atırǵan rásmiy hújjetler hám jazıwlardıń áhmiyeti júdá úlken. Biraq olardı tabıw, úyreniw hám óz ornında paydalanıw júdá qıyın. Bul izleniwshiden tereń bilim, joqarı qániygelilikti, qunt hám sabırlılıqtı talap etedi.

Huqıqıy hújjetlerdi, jámiyette úlken abıroyǵa iye bolǵan shaxslar ortasındaǵı alıp barılǵan jazıwlardı bir jerden, anıqraǵı bir yamasa eki miynettiń ishinen, bir muzey yamasa arxiv fondınan tawıp bolmaydı. Olardı barlıq muzey, arxiv hám fondlar ishinen tabıw múmkin.

Huqıqıy hújjetler (patsha hám xanlardıń pármanları, jarlıqları, inayatnamalar, raxnamalar, waqıpnamalar hám basqa) Ózbekistandaǵı hám Qaraqalpaqstanda tariyx hám úlketanıw muzeylerinde, qániygelesken ilimiy tekseriw institutları hám universitetlerdiń kitapxanalarında, sonday-aq, mámleket tariyx arxivlerinde saqlanadı. Máselen, Ózbekistan Respublikası Ilimler Akademiyası Shıǵıstanıw institutınıń qoljazbalar fondında usınday hújjetlerden 3,5 mıńlaǵanı saqlanadı.

Orta Aziya xanlıqları: Buxara, Xiywa hám Qoqand xanlıqlarınıń mámleketlik arxivi 1865, 1876 jıllardan keyin yaǵnıy xanlıqlar rus armiyası tárepinen basıp alınǵannan keyin, Rossiyaǵa alıp ketildi, muzey hám kitapxanalarda saqlandı. Olardıń sosial-ekonomikalıq turmısqa tiyisli bir bólegi, 1960-jıldan keyin Tashkentke Ózbekistan Oraylıq tariyx arxivine qaytarıldı.

Xiywa xanlıǵınıń arxivi hám onıń materialları tiykarında XX ásirdiń 60-jıllarında azlı-kópli ilimiy isler alıp barıldı. Biz bul jerde Xiywa mámleketlik arxivi ústinde kóp is alıp barǵan P.P.İvanov, M.İ.Yuldashev, A.K.Borovkov, Yu.E.Bregel, A.Shayxova hám basqad izertlewshilerdi názerde tutpaqtamız.

Orta Aziya xalıqlarınıń sosiallıq-ekonomikalıq hám siyasiy tariyxın úyreniwde Qoqand xanlıǵı mámleketlik arxiviniń áhmiyeti úlken. Bul arxiv hám óz waqtında (1876-jıldan keyin) Sankt-Peterburgqa alıp ketilgen hám imperator muzeyi (házirgi Shıǵıstanıw institutı) hám Sankt-Piterburg xalıq kitapxanası fondlarında jaylastırılǵan edi. Bul arxivke tiyisli hújjetler professor A.L.Troitskaya tárepinen úyrenilip katalogi Moskvadan shıqqan. / Troitskaya L.A. Katalog arxiva Kokandskix xanov XIX veka. M. 1968./ İri tariyxshı alım R.N.Nabiev óziniń baslı miynetlerinen birin jazıwda usı arxivte saqlanǵan hújjetlerden paydalanǵan.

Buxara xanlıǵınıń mámleketlik arxivi eń eski mámleket arxivlerinen biri esaplanadı. Onıń bir bólegi, Buxara Rossiya diplomatiyalıq hám sawda múnásibetlerine tiyisli bólimi Moskvada «A'yyemgi hújjetler Oraylıq



jıllarda qurılǵan dep shamalanadı. Anıq geometriyalıq ólshemler hám diywaldıń qalınlıǵı 1,8 metrge shekem bolǵanlıǵı sebepli bul estelik mıń jıldan berli jaqsı saqlanıp turıptı. Rawayatlarǵa qaraǵanda mavzoley Ismail Samaniy tárepinen atası Axmad ibn Asad ushın qurılǵan. Bul tariyxıy estelik xalıq aralıq YuNESKO dizimine kiritilgen.

Kukaldash medresesi – 1578-jılı qurılǵan bolıp, Labihawiz maydanında jaylasqan. Orta Aziyada eń úlken medrerselerden biri bolıp, 160 ójiresi bar. Bul estelik Abdullaxan húkimdarlıq dáwirinde qurılǵan.

Labihawız – XVII ásirde qurılǵan bolıp, uzınlıǵı 42 metr, eni 36 metr, terenligi 5 metrge shamalas bolǵan háwizden ibarat maydansha. Ol 1620-jılı qazılǵan. Sawda maydanlarınan biri bolǵan.

Masjidi kalon (úlken meshit) – juma namazı oqılatuǵın bul meshit 1514-jılı qurılgan bolıp, úlkenligi boyınsha Samarqandta Bibixanım meshitinen keyin ekinshi orında turadı.

Meshittiń ulıwma maydanı bir gektar (127x78). Háwliniń galeriyası 288 gúmbez benen qaplanǵan, olardı 200 ústin kóterip turadı, 7 esigi bar. Bul qurılıs ta siyrek arxitekturalıq esteliklerinen biri bolıp tabıladı.

Maǵoki Attor meshiti – XII-XVI ásirler dawamında qurılıp ońlanǵan bul qurılıs qalanıń orayında jaylasqan bolıp, ilgeridegi átirler sawda ornına qurılǵanlıǵı sebepli Maǵoki Attor dep atalǵan.

Mir Arab medresesi – 1530-jılı qurılǵan bolıp, qalanıń oraylıq bóliminde jaylasqan. Bul jerde yamanlıq Shayx Abdulla (Mir Arab) hám onıń tuwısqanları jerlengen. Estelik sonıń ushın da Mir Arab dep atalǵan.

Sitorai Mohi Xosa kompleksi – XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında qurılǵan bolıp, Amir Alimxannıń sarayi esaplanadı. Qaladan 4 km aralıqta jaylasqan.

dárwazaxana hám de tórt bólekli kepterxana bar. Komplekste Pir Siddiq mavzoleyi de jaylasqan.

Patsha Pirim kompleksi – XV-XX ásirlerge derek Ferǵana esteligi. Ápsanalıq sárkarda Shah Jalildiń qábiriniń ústine qurılǵan mavzoley dep shamalanadı. Onıń átirapındaǵı basqa imaratlar keyin ala qurılǵan. Bul jerde dáslep arka hám gúmbezli dárwazaxana, mavzoley hám qábirler, shertek minara, ójireler (XV-XVI ásirler) hám de keyin ala meshit qurılǵan (XX ásir).

Xalfa Tilla kompleksi – XX ásir baslarına derek bolıp, Qoqanda jaylasqan. Bul jerde eki háwli, háwizli baǵ, meshit hám Xalfa Tilla qábiri bar. Ójire ústinli, meshit kórkem bezelip qurılǵan.

Gerbishli meshit – XX ásirdiń baslarında Qoqanda pisken gerbishten qurılǵan. Ójireler hám áywannan quralǵan. Aywanı naǵıslı. Házir bul jerde kitapxana jaylasqan.

Madarixan mavzoleyi – 1825-jılı Qoqanda qurılǵan. Madarixan (xannıń anası) qasına xan áwladına derek hayallar qoyılǵan. Házir mavzoleydıń arkalı gúmbezli bólmesi, múyeshindegi eki minara saqlanǵan.

Dahmayi Shahan (Shahlar qábiri) – XIX ásirge derek Qoqan esteligi bolıp tabıladı. Bul jerde Narbotabiy hám onıń áwlarları jerlengen qábir – saǵanalar bar. Meshittiń aywanı naǵıshlı.

**Buxara walayatı tariyxıy- arxitekturalıq estelikleri.**

Abdulazizxan medresesi – 1652-jılı qurılǵan bul medrese kórkem bezewlerge bay bolıp, Orta Aziya arxitekturasında ayrıqsha orın iyeleydi.

Balahawiz meshiti – 1712-jılı qurılǵan bolıp, Buxara arkasınıń qarsısında jaylasqan. Sonday-aq, bul jerde ójireler (XIX ásir), aywan, minara (1911-1917) hám háwiz qurılǵan.

Ismayl Samaniy mavzoleyi – IX-X ásirlerge derek Orta Aziya arxitekturasınıń ájayıp hám tákirarlanbas úlgisi bolıp tabıladı. Ol 892-907-



Mámleketlik arxivi»nde saqlanbaqta. Bul hújjetler Buxara, Xiywa hám Balx xanlıqlarınıń Rossiya, Hindistan hám basqa mámleketler menen bolǵan siyasiy hám ekonomikalıq baylanıslar tariyxın úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

Belgili Qusbegi arxivide házir Ózbekistan mámleketlik tariyx arxivi fondında (N İ-126) saqlanadı. Bul arxiv xanlıqtıń sosiallıq-siyasiy tariyxı, ekonomikası hám basqa máselelerin úyreniwde kerekli derek rolin atqaradı. Lekin bul fond ele jaqsı úyrenilmegen, fondtıń ayırım hújjetlerinen P.P.İvanov., A.A.Semenov, M.A.Abduraimov, Q.M.Mirzoev hám X.Turaev paydalanǵan.

Shiǵistaniwshi alim V.V.Bartold izertlewleri boyinsha Ferdawsiy «Shaxnama» shiǵarmasin jaziwda suǵdlar hám saklar jasaǵan Shashda (Tashkent) jasawshi bir diyxan toplap bergen maǵliwmatlardan paydalanǵan.

«Shiyrin hám sheker» dástaninda Siyavush obrazin kóriw múmkin. X ásirde jasaǵan tariyxshi Narshaxiy orta ásirlerde Buxarada Siyavushqa baǵishlanǵan qosiqlar bar ekenligin atap kórsetedi. Siyavush obraziniń Turan ápsanawiy qaharmani Afrasiyab obrazina kútá jaqinliǵi da tosattan emes. Ózbek Folklorinda belgili bolǵan Afrasiyab tuwrali (oni Alp Artung dep te ataǵan) ráwiyatlar XI ásirge tiyisli túrkiy tilles dereklerde ushirasadi. Ol haqqinda maǵliwmatlar ataqli lingvist alim Mahmud Qashǵariydiń «Devonu luǵatit turk» hám Yusuf Balasaǵuniydiń «Qutadǵu bilig» shiǵarmalarinda saqlanǵan. Mahmud Qashǵariy Alp Er Tungaǵa baǵishlanǵan marsiyaniń úzindilerin xaliq awzinan jazip alǵan. Abdurauf Fitrat bul marsiyani tártipke keltirip, «Eń eski túrk ádebiyati úlgileri» (1927) kitabinda basip shiǵaradi.

Alp Er Tunga óldimi
Emon dune qoldimi
Zamona uchun óldimi,
Endi yurak yirtulur

Xaliq arasinda keń tarqalǵan hám súyikli janrlardan biri - epik shiǵarmalar dástanlar bolip, olar biziń dáwirimizge shekem uzaq ótmish zamanlardan awizeki poeziya dástúrleri sebepli jetip kelgen. Dástanlardi abaylap saqlawda baqsilardiń orni bar. Ataqli baqsi hám shayirlardan Ergash Jumanbúlbil uli (1868-1936), Fozil Yuldash uli (1872-1955), Muhammad Jamrad uli Pulkan (1874-1941), Islam Nazar uli (1874-1953), Abdulla shayir Nurali uli (1870-1975), Kurvan Ismail uli (1869-1940) siyaqlilar kútá bay epik miyras qaldirǵan.

Ózbek xalqiniń uzaq ótmishtegi shet el basqinshilarina qarsi qaharmanlarsha gúresi «Yusuf hám Axmet», «Malikai Ayer», «Intizor», «Raxon arab», «Orzigul», «Shirin va shakar», 40 jaqin Góruǵli tsikline kirgen bir qatar qaharmanliq hám romantikaliq dástanlarda sáwlelendirilgen. Bunday ájayip awizeki dóretiwshilik úlgileri Orta Aziya túrkiy xaliqlari ortasinda kútá keń tarqalǵan. Barliq epikaliq shiǵarmalarda xaliqtiń sosiallıq teńsizlik, ádalatsizliq, zulim hám zorawanliqqa qarsi sheksiz jek kóriwshiligi ańlatilǵan.

Qaraqalpaqlarda «Alpamis» dástani Folklorist Abubakr Divaev tárepinen Jiyemurat jiraw Bekmuxammedovtan jazip alinǵan. «Edige» dástani birinshi mártebe qaraqalpaq folkloristi Qálli Ayimbetov tárepinen jazip alinip, Moskvada bastirip shiǵarilǵan. «Qiriq qiz» dástani birinshi mártebe folklorist Sádirbay Máwlenov hám Shamurat Xojaniyazov tárepinen 1940-jili Qurbanbay jirawdan jazip alinǵan.

Folklorliq shiǵarmalardi jiynaw tariyx ushin úlken áhmiyetke iye. Ózbekstanniń birinshi Folkloristi, professor X.Zarifov 1927-jilda joqari qaraqalpaqlar arasinda bolip, qazaqlar menen qaraqalpaqlar ortasindaǵi etnikaliq baylanislar tuwrali maǵliwmatlar beredi. Onda Jiydeli Baysinda 4 san qaraqalpaq 6 san qazaqlar jasaǵan. Qaraqalpaqlarda Orman biy degen bek bolǵan. Oniń tek qizi bolǵan. Oniń biy boliwina qarsiliq bolip, qazaqlardan biy kótergen. Solay etip, olar qaraqalpaqlardiń jaylawin basip alip, bul jer Jayiq dep atalǵan» delinedi. Bul Ormambet haqqinda Folklorist Q.Ayimbetov hám



Ata Valiyxantóra meshiti – XX ásir baslarında arxitektor Mulla Qırǵız joybarı hám basshılıǵında Namanganda qurılǵan. Dárwazası ústinli. Tiykarǵı úlken bólme qabırǵalı úlken gúmbez benen bastırılǵan.

Mavlanbaba mavzoleyi – 1809-jılı Namanganda qurılǵan. Shayır Mavlonbaba qábiriniń qublaraqta ústin-gúmbezli ziyaratxana tiklengen. Kiriwiniń eki qaptalında minara – qorǵan minara tiklengen.

Xoja Amin mavzoleyi – XVIII ásirge derek Namangandaǵı arxitekturalıq estelik. Ústinli hám gúmbezli, bir bólmeli ibadatxanadan ibarat. Ondá oyma keramikalardıń sheberlik isletiliwi ózbek arxitektura mektebinde ózine tán jarqın bet asha alǵan.

**Ferǵana walayatı tariyxıy- arxitekturalıq estelikleri.**

Xudayarxan sarayı – Qoqanda XIX ásirdiń ekinshi yarımında qurılǵan. Dáslep xan sarayı, keyin ala saray xızmetkerleri jasaytuǵın 100 ge jaqın bólme, zallar hám de bir qansha háwli qurılǵan. Házirge shekem saraydıń shıǵısındaǵı dárwazaxana, onıń eki qaptalındaǵı bólmeler saqlanǵan.

Narbutabiy medresesi - XVIII ásirde Qoqanda Narbutabiy húkimdarlıǵı dáwirinde qurılǵan. Bir qabatlı shertek kórinisli, tórt múyeshine minaralar tiklengen. Kiriwdiń oń tárepinde gúmbezli meshit qurılıp, kórkem etip bezelgen.

Miyan Háziret medresesi – XVIII ásirge derek Qoqan esteligi bolıp, kóp háwlisi bar. Medresege arka gúmbezli dárwaza arqalı kiriledi. Kóp ústinli meshit te qurılǵan.

Kamal qazı medresesi – XIX ásirde Qoqanda qurılǵan. Arkalı dárwazası bar. Háwlisiniń dógereginde ójireler, meshit hám aywan bar.

Sayd Ahmadxoja medresesi – XIX ásir aqırında Marǵılanda qurılǵan bolıp, háwlisinde ójireler, aywanlı mehit jaylasqan.

Kepterli kompleksi – XIX ásirde derek Marǵılan tariyxıy esteligi bolıp esaplanıp, ondá meshit, minara, mavzoley hám onıń háwlisi, gúmbezli

## Andijan walaytı tariyxıy- arxitekturalıq estelikleri.

Gúmbez medresesi – jergilikli baylardan Abdulhamidjan buyırtpası boyınsha 1872-jılı Andijanda qurılǵan. Eki qabatli ójireler, meshit hám sabaq bólmelerinen ibarat. Házir bas kórinisinde kórkem gúmbezli imarat hám eki qabatlı ójireler saqlanǵan.

Ataqozı medresesi – XX ásirdiń baslarına derek bul estelik Andijanda qurılǵan. Ol bas kiriwdegi gúmbezli dárwazaxana, meshit-aywan, eki qabatlı ójireler hám minaradan ibarat. 1971-1975-jıllarda ońlanıp, oǵan úlketanıw muzeyi jaylasqan.

Jáhánabad meshiti – 1921-jılı jergilikli bay Madalibaba buyırtpası boyınsha Isabay hajı basshiliǵinda qurilǵan. Meshit 1989-jılı qayta ońlanǵan.

Jome meshiti – Andijanda XIX ásirdiń aqırlarında qurılǵan. Ol medrese, meshit, minaradan ibarat bolıp, minarasınıń biyikligi – 32 metr. Imaratqa 5 dárwaza arqalı kirilgen.

## Namangan walayatı tariyxıy- arxitekturalıq estelikleri.

Ǵayibnazar medresesi – XIX ásirdiń aqırlarında Namanganda tiklengen estelik. Medreseniń bas kórinisi ústinli, múyeshlerine minara islengen. Keyin ala oǵan qosımsha isler orınlanǵan. Al házir bolsa ondá mádeniyat úyi jaylasqan.

Lutfulla Mavlana kompleksi – XX ásirdiń baslarında Namanganda tiklengen. Bul jerde meshit, medrese, minara, ibadatxanaday imaratlar jaylasqan. 13 metr biyiktegi minara da bar. Ol feruza reńli parket penen bezelgen. Meshittiń bir bólegi (aywan) saqlanıp qalǵan.

Sırlı meshit – XIX ásirge derek Namanganda jaylasqan estelik. Ishki bólme hám eki tárepli aywannan ibarat. Háwlisinde háwiz bar.

Shadoq meshiti – XVIII ásirge derek walayatta jaylasqan estelik. Ishki ójire hám úsh tárepi aywanlı. Gózzal etip bezelgen.



A.Karimov Nurabilla jirawdan «Ormambet tólewiniń» 243 qatarin jazip aladi. Ol tariyxta bolǵan shaxs. XVI ásirde Noǵay ordasiniń ataqli biyi bolǵan. Ol haqqinda hár qiyli ráwiyatlar bar.

Ótmishtegi xalqimizdiń turmisi hám sosiallıq turmisi kútá keń tarqalǵan awizeki janr-xaliq qosiqlarinda keń súwretlenedi. Olarda belgili tariyxiy waqiyalar beriliwi múmkin. Misali:

«Úylerimiz Shomanaydiń boyinda
Bizge bir qirshimay túynek jibersin
Ata-anasi bermeymiz dese,
Úsh bólip, óziniń payin jibersin»

siyaqli qaraqalpaq awizeki dóretiwshiligindegi qosiqlarda tariyxiy haqiyqatliq súwretlenedi. Bul jerde misali XIX ásirdegi «Shomanay arna» daǵi suwsizliq súwretlengen.

Uliwma alǵanda awizeki xaliq dóretiwshiligine kiriwshi mifler, ráwiyatlar, ápsanalar, qosiq, dástan hám t.b. tariyx ushin úlken áhmiyetke iye.

Ózbekstanda ǵárezsizlikke erisilgennen keyin, mámleket turmısınıń barlıq salalarında – jámiyetlik-siyasiy, ekonoikalıq hám mádeniyat shaqaplarında baslanǵan reformalar, izleniwler sebepli qısqa múddetlerde ul’ken nátiyjelerge erisildi, iri jaratıwshılıq isleri ámelge asırıldı.

Házir jurtımızda 130 dan artıq millet hám elat wákilleri bir shańaraqtıń perzentlerindey tatıw hám inaq bolıp jasamaqta. Respublikamızda izbe-izlik penen ámelge asırılıp atırǵan milletler aralıq tatıwlıq siyasatınıń tiykarında hár túrli millet hám elatqa tiyisli puqaralar ushın óz ata-babalarınıń tilin, mádeniyatı hám úrp-ádetlerin rawajlandırıw ushın barlıq shart-sharayatlar jaratılǵan. Úlken dóretiwshilik, jaratıwshılıq isleri ǵárezsizlik dáwirine tán pazıyletke aylanıp barmaqta. Qala hám awıllardıń abadanshılıǵına úlken itibat qaratıla baslandı.

Watanımızdıń paytaxtı Tashkent ásirese, buǵan ayqın mısal bola aladı.

Ullı jipek jolının orayında jaylasqan paytaxtımız óz salawatı, miyman doslıǵı, hár túrli millet hám elat wákillerine húrmet-itibarı menen atın shıǵarǵan. Eski tariyxtıń guwalıq beriwinshe, bul aymaqta birde-bir milletler aralıq soqlıgısıwlar júz bermegen, qala puqaralarınıń arasında udayı tatıwlıq bekkem bolǵan.

Al XX ásir bolsa jáhán siyasatı áleminde "Tashkent ruwxı" degen atama júzege kelgen. Bul ruwx qolda qural menen uzaq jıllar dawamında bir-birine qarsı murasasız shayqas alıp barǵan mámleketler basshılarınıń tikkeley Tashkent qalasında jarasıp, tınıshlıq pitimine qol qoyıwlarında, hár túrli materikler hám mámleketlerdiń wákilleri qatnasıwında tınıshlıqtı bekkemlewge qaratılǵan mártebeli ushırasıwlar, xalıq aralıq kórkem óner, turizm, ádebiyat, kino festivalları ótkerilip turılıwinıda óz kórinisin taptı. Ǵárezsizlik dáwirine kelip bul dástúr tek evolyuciyalıq túrde ǵana dawam ettirilip qoymastan, al ol jańasha tús alıp, óziniń progresiv kórinisinde kózge taslanbaqta. Tashkent – jer sharınıń hár túrli zonaları, yaǵnıy: Aziya, Afrika, Latın Amerikasınan keletuǵın sayaxatshılar, kino ónerpazları, jazıwshılar mudamı ushırasıp turatuǵın sayaxat (tirizm) qalasına aylanıp barmaqta.

Ǵárezsizlik jıllarında qalamızdıń xalıq aralıq dárejedegi mártebesi arttı. Búgingi kúnde paytaxtımız Tashkentte BMSH niń, YUNESKO, YUNISEF tey xalıq aralıq shólkemlerdiń wákilxanaları, 40 tan aslam mámlekettiń elshixanaları iskerlik kórsetpekte. Jurtımız hár túrli aymaqlarda ǴMA, Oraylıq Aziya respublikaları, túrkiy tillerde sóylesiwshi mámleketler basshılarınıń joqarı dárejedegi ushırasiwların, hár túrli xalıq arlıq ánjumanlardı ótkeriw dástúrge aylanıp qalǵan. Bul jerge kelgen miymanlar, olar sayxatshı boladıma yaki máamlekettiń bashisı, watanımız Samarqand, Buxara, Xiywa, Shahrisabz, Qoqanday eń gózzal orınlardı, tariyxıy esteliklerdi ziyarat yetpesten ketpeydi.

Paytaxtımız doslıq hám tınıshlıq qalası sıpatında xalıq aralıq hám aymaqlıq mashqalalardı tınıshlıq jolı menen sheshimin tabıwǵa qaratılǵan kelisim



tárepinen 1541-1542-jıllarda qurılǵan. Mavzoley 1960-jılı ońlanǵan. 2007-jılı bolsa qaytadan tolıq ońlanǵan.

Usı átirap-aymaqta kórkem túrinde jańa Jomei meshit hám minara hám de Islam dinine derek bolǵan kóplegen kitap-qoljazbalardı ózinde jámlegen kishi muzey ashıldı. Bul mizey ózinde Islam dúnyasında muqaddes dep sanalǵan Quraniy Karimniń siyrek nusqasi – Usman Mushafidi saqlap atırǵanlıǵı menen de oǵada itibarǵa ılayıq esaplanadı.

Kukaldash medresesi – qalanıń házirgi Shorsuw maydanında jaylasqan bolıp, 1551-1575-jıllarda mámleketlik ǵayratker Kukaldash tárepinen qurılǵan.

Shayx Zayniddin baba mavzoleyi – 1214-jıli Shayx Zayniddinge atap salińǵan estelik, onıń qasında jaylasxan shillexana XII-XIII ásirlerge, mavzoleydiń ornında bolǵan ibadatxana XIV ásirge derek.

Shayx Xovand Tahur mavzoleyi – Nawayı bas koshesinde jaylasqan bolıp, Shayx Umar Boǵistaniydıń ulı – Shayx Xovand Tahurǵa atap salınǵan.

Qaldirǵashbiy mavzoleyi – bul mavzoley XV ásirdiń birinshi yarımında qurılǵan arxitekturalıq esteligi bolıp, Shayx Xovandi Tahur mavzoleyinen arqaraqta. Mavzoleydi kim qurǵanlıǵı hám oǵan kimniń jerlengenligi belgisiz. Rawayatlarǵa qaraǵanda, bul jerge Qaldirǵashbiy degen abıroylı tulǵa, basqa bir rawayatta Qaldirǵosgbibi degen qıpshaq malikası jerlengen. Mavzoleydiń 12 qırli sırtqı gúmbezi 1970-jılı ońlanǵan.

Yunusxan mavzoleyi – Nawayı bas kóshesinde jaylasqan. Mavzoley XV ásirde jasaǵan Tashkenttiń hákimi Yunusxan (1416-1478) esteligi ushın ulları tárepinen 1487-1502-jıllarda qurılǵan. Onı 1584-jılı Yunusxannıń genje balası Ahmed Alshaxan ońlagan. 2008-jılı bolsa Mámleketimiz tárepinen qaytadan ońlanǵan.

úyreniw jolında ádewir nátiyjeli izertlewler bar. Olar menen jaqınnan tanısıw adamlar ushın, ásirese, talaba-jaslarda ana-Watanǵa degen muhabbat, óz talabalarınıń miynet erligi menen maqtanıw sezimlerin qáliplestiredi.

Ótmishten biziń házirgi dáwirimizge shekem saqlanıp kiyatırǵan "ziya"day iygilik kóplegen tariyxıy–arxitekturalıq esteliklerdiń úlgileri xalqımızdıń miyrası – jurtımızdıń kórki bolıp, mámleletimizdım' kúsh-qúdiretinde, rawajlanıwımız ushın ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligi hámmemizge ayan. Sol sebepli de xalqımızdıń ardaǵındaǵı hám dúnyanıń moyınlawına sazawar bolǵan biytákirar tariyxıy–arxitekturalıq estelikleri, esteliklerimizdi abaylap saqlawımız zárúr. Sebebi olar biziń udayı úyrenip, úgit-nasiyat etetuǵın materiallıq-mádeniy menshigimiz de boladı.

Tómende ayırım walayatlar, sonday-aq, qalalardaǵı tariyxıy–arxitekturalıq esteliklerinen úlgilerdi keltirip ótemiz.

**Tashkent qalasındaǵı tariyxıy- arxitekturalıq estelikler.**

Abulqasım medresesi – 1850-jılı Abulqasım shayx qurdırǵan. Háwlisiniń átirapında orta saray, meshit hám medrese, ójireler, tórinde "Muyi Muborak" ójiresi (xonaqohi) jaylasqan. Házir ol Ózbekstan  Milliy baǵı aymaǵınıń quramińda.

Baraqxan medresesi – Zerqaynar kóshesinde jaylasqan estelik. Baraqxan medresesi kompleksiniń úshinshi basqıshın XVI ásirdiń ortalarında Baraqxan qurdırǵan.

Jomei meshiti – házirgi Uyǵır kóshesiniń boyında jaylasqan bul estelik XV-XVI ásirlerde tiklengen. Meshitti dáslep 1451-jılı Xoja Aqrar Valiy saldırǵan.

Kaffali Shoshiy mavzeleyi – bul arxitekturalıq esteligi Zerqaynar kóshesinde jaylasqan bolıp, Házireti Imam (Xastimom) atı menen tanılǵan imam Abu Bakir Muhammad ibn Ali ibn Ismoil al-Kaffol ash-Shoshiyge atap qurdırǵan. Dáslepki movzeley saqlanbaǵan. Kaffol Shoshiy mavzeleyi arxitektor Ǵulom Husayn



sóylesiwlerin tabıslı ótkeriwdi támiynlep kelmekte. Ásirese, uzaq jıllar dawamında qırǵın urıslar alıp barılıp atırǵan Afganstanda tınıshlıq ornatıw máselesiniń sheshimin tabıwda birinshi Prezidentimiz Islam Abduǵanievish Karimov baslaması menen Tashkentte ótkerilgen "6+2" toparınıń joqarı dárejedegi ushırasıwı júdá úlken xalıq aralıq áhmiyetke iye. Bunı usı ushırasıwda qabıllanǵan "Tashkent deklaraciyasi"na BMSH Bas Assambleyası tárepinen adamzattın táǵdiri hám keleshegine qatnası bolǵan áhmiyetli hújjet statusınıń beriliwi de tastıyıqlaydı. Usı múnasibet penen BMSH Tashkentke "Tınıshlıq elshisi" abroylı ataǵın berdi.

Búgingi kúnde jáhánniń kóplegen iri qalaları jurtımızdıń qalaları menen tuwısqanlasqan. Birinshi ret 1973-jılı AQSH tıń Sietl qalası menen Tashkent usınday doslıq baylanısın ornatqan edi. Qalamız búgingi kúnde Geraiyanın Berlin, Belgiyanıń Kortreyk, Qıtaydıń Shanqay qalaları menen bekkem doslıq baylanısların ornatqan. Sietllik amerikalıqlar Tashkent boylap seyil etip, Ózbekstan  paytaxtın aralasa, belgiyalılar ol jerde jaylasqan Kortreyk qalasindaǵı ullı babamız – jáhán medicina iliminiń tiykarın salıwshılarınan biri Abu Ali ibn Sinanıń salawat tógip turgán haykelin tamashalap, esteligine húrmet kórsetedi.

Jurtımız paytaxtı Tashkent qalasında Gyote institutınıń Konrad Adenaer qorınıń bólimleri tabıslı iskerlik alıp barmaqta. Diniy keń peyillilik jurtlaslarımızdıń áhmiyetli paziyletlerinen biri bolıp tabıladı. Paytaxtımız da ata-babalarımızdıń isenimi – Islam dini menen birgelikte basqa kóplegen diniy konfessiyalar da óz iskerliklerin erkin dawam ettirmekte. Atap aytqanda, qalada 5 rus Proslavie shirkewi, prostentlar, xristianlar, katolikler, yahudiyler, lyoteranlar, ulıwma 17 konfessiya – diniy mákemeler islep turıptı. Bunday keń peyillikte Tashkentte bolǵan Rossiya episkopı Aleksey II de júdá joqarı baha bergen.

Islam dininiń muqaddes bayramları - Ramazan hám Qurban haytı kúnleri Tashkenttegi provaslav diniy shólkemleri basshıları muftimizdi bayram menen

qutlıqlasa, Rojdestvo hám Pasxa kúnleri Ózbekstan musılmanlar mákemesi baslıqları provfslav dinine isemin kórsetetuǵın qalalaslarımızdı múbárek áyem menen qutlıqlaydı. 2000-jılı jurtımızda jánánniń hár túrli konfessiyalarına tiyisli diniy mákemelerdiń basshılarınıń joqarı abroylı ánjuman ótkergenligi de tosınnan emes. Bulardıń barlıǵı jurtımızda jasap atırǵan hár túrli millet wákilleri ortasındaǵı tınısh-tatıwlıqtıń turaqlı bolıwında, ullı keleshekke qaray háreket etip atırǵan xalqımız benen arzu-maqsetlerdiń birligindegi áhmiyetli faktor esaplanadı.

Ǵarezsizlikke erisken dáslepki kúnlerden-aq Tashkentte Respublika Internacionallıq mádeniyat orayı shólkemlestirilgenligi mine usı iygilikli maqsetlerge xiızmet etedi.

Házirgi waqıtta bul oraydıń átirapında 110 milliy mádeniyat orayları uyımlsaqan. Olardıń wákilleri paytaxtta ótkeriletuǵın bayram hám saltanatlarda óz mádeniyatların kórsetiw imkaniyatına iye. Bulardıń hámmesi jurtmızda bolıp atırǵan tınıshlıq, milletler aralıq tatıwlıqta úlken ámiyetke iye.

Ózbekstanda jasayshı hár túrli millet hám elattın wákilleri m'mleketimizde teń huqıqlı puqaraları esaplanadı. Olar mámleketimiz parlamenti – Oliy Majliske deputat etip saylanǵan, húkimetimizdıń joqarı sıylıqlarına iye bolǵan. Milleti hár túrli, biraq Ózbekstan dı óz ana Watanı dep biliwshi Tashkentte jasap atırǵan puqaralar da mámleketiizdiń jámiyetlik-siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy turmısında belsendilik penen qatnasıp kelmekte.

Biz jurtlaslarımız G.Pugachenkova, U.Islamov, A.Asqarov, Yu.Buryakov, M.Filanovish, E.Rtveladze, A.Sagdullaevtay ataqlı áyyemdi úyreniwshi alımlarımızdıń úlkeniń ótmishine baǵıshlanǵan izertlwlerin qádirleymiz, Ózbekstan bayraǵın xalıq aralıq jarıslarda biyiklerge kótergen Rustam Qosimjanov, Liliya Cheryazova, Oksana Chusovitina, Muhammarqodir Abdullaev, Abdulla Tangriev hám basqalardıń erisken tabısları menen orınlı ráiwshte maqtanamız



tabıladı. Sol sebepli de olar xalıqtıń bahası joq mádeniy miyrası, ótmish qádiriyatlarımız esaplanadı. Olarda ásirlerdiń tájriybesi, ata-babalarımız-danıshpan alımlar, kórkem óner hám dóretwshi insanlar, joraqı sheberlik iyeleri bolǵan ustalar dóretiwshilik miynetiniń jámlesken kórinisi, mazmun-maǵanası ayqın tárizde sáwleleniwin tapqan. Jurtımızdıń barlıq aymaqlarında jaylasqan xalqımızdıń mádeniy miyrasınıń siyrek úlgileri, ásirese, Ashıq aspan astındaǵı muzey qalalar esaplanǵan Buxara, Samarqand, Xiywaday qalalardaǵı kóplegen tariyxıy-arxitekturlıq imaratları mámleketimizdiń turizm dúrdanalarınan esaplanadı.

Bizińshe, úlkemizde jaylasqan tariyxıy-mádeniy estelikler óziniń tómendegi ayırım belgileri menen ayrıqsha itibarlı bolıp tabıladı:

- birinshiden, arxitektura qurılısları – aymaqta jasaǵan ata-babalarımızdıń aqıl-oyları, jaratıwshılıq ideyası, joqarı sheberligi, kórkem óneri, arxitekturalıq tájriybeleri hám de húkimdarlardıń óz dáwirinde alıp barılǵan mádeniy siyasattan derek beriwshi tariyxıy-materiallıq úlgiler ekenligi;

- ekinshiden, tariyxıy imaratlardıń uzaq ásirler dawamında qáliplesip barıwında jańasha qurılıs usıl hám kórinisler menen barǵan sayın bayıp barǵanlıǵı;

-úshinshiden, arxitekturalıq qurılıslardıń (olar gá úlken, gá kishi kólemlerde bolsın) negizgi mazmun-maǵanasın áweli insanlardı iygilikke, olardıń ortasındaǵı ullı qádiriyatlardı ornatıwǵa qaratılǵanlıǵı;

- tórtinshiden, úlkedegi ámelde bolǵan tariyxıy-mádeniy estelikler mámleketimizde rawajlanıp baratırǵan ishki turizm hám xalıq aralıq turizmniń keleshegin belgilewde áhmiyetli ekenligi menen de áhmiyetli bolıp tabıladı.

Úlkeniń tariyxın hám turizmdi úyreniwde tariyxıy–arxitekturalıq esteliklerdiń áhmiyeti úlken. Arxitektura óneri hám oniń menen tıǵız baylanıslı bolǵan xalıq ámeliy kórkem óneri, sonıń ishinde, naǵısshılıq, oymashılıq, qańiltırshılıqtay salalarında xalqımızdıń hár túrli dáwirlerde erisken dóretiwshiliginiń úlgilerin

Aral teńiziniń boyında ekoturizmdi rawajlandırıwdıń strategiyalıq wazıypaların ámelde orınlaw ushın tómendegi taktikalıq wazıypalardı orınlawǵa tuwrı keledi:

- aymaqta tábiyattı qorǵawǵa, ekoturizm máplerine say keletuǵın walayat dárejesindegi hám Respublika kólemindegi húkimet qararların qabıllaw;

- aymaqtaǵı Joqarı oqıw ornı, orta arnawlı oqıw orınlarında ekoturizm boyınsha maman kadrlardı tayarlaw;

- ekoturizm boyınsha xalıq aralıq hám ishki turizmniń mútájliklerine say keletuǵın turli ónimlerdi islep shıǵarıw;

- ekoturizmniń tolıq informaciya-reklamaların, ekoturizm baǵdarların, ekoturizmniń ekskursiya baǵdarlamaların tayarlap, turizm bazarına shıǵarıw.

Aral teńizi boyı aymaqlarında ekologiyalıq turizmdi rawajlandırıwdıń strategiyalıq hám taktikalıq wazıypaların orınlawdaǵı dáslepki isler bul orınlardaǵı barlıq ekoturizm obyektleriniń jetik dizimin dúzip shıǵıw hám olardıń jetik anıqlaması, sıpatlaması hám mańızın aydınlastırıp kórsetiliwi kerek. Bul wazıypanı basqarıw aymaqtaǵı universitetler hám turizm kolledjleriniń juwapkershiligine júkleniwi maqsetli hám nátiyjeli boladı.

Ulıwma alǵanda, Ózbekstanda ekologiyalıq turizmdi rawajlandırıw ushın joqarıda aytıp ótilgenindey, úlken imkaniyatlar bar bolıp, óziniń keleshegi bar bolǵan táreplerine iye.

## Ózbekstannıń tariyxıy-arxitekturalıq imaratları hám mádeniy estelikleri.

Ózbekstan arxitekturası xalıqtıń milliy miyrasınıń quramlıq bólegi bolıp, tek xalqımızdıń maqtanıshı hám dańqın ǵana emes, al ulıwma jáhán mádeniy miyrasında áhmiyetli orın tutıwı menen ajıralıp turadı.

Tamshıda quyashtıń sáwlelengenindey hár bir tariyxıy derek - ol shıǵarma yaki tariyxıy qurılıs boladima, óz dáwiri haqqında biziń búgingi hám keleshek áwladlarǵa sózsiz gúrriń etip beriwshi tımsalǵa bay estelik úlgileri bolip



**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Úlkemizde bolıp ótkeń orta ásirler dáwiri turmısınıń ózgeshelikleri haqqında aytıp berin.

2. Úlkemizde jerge iyelik yeriw qatnasları qashannan hám qanday qáliplesip bardı?

3. Jańa dáwirdegi ilimiy izertlewler haqqında nelerdu bilesiz”

4. Úlkemizdegi jańa dáwir haqqında qanday maǵlıwmatlarǵa iyesiz?

Tayanısh sózlerdiń túsindiriliwi

**Diyxan** – eń dáslepki orta ásirlerde úlken jer iyesi (XI-XII ásirlerden bolsa awıldıń ápiwayı jámáát aǵzası)

**Degrezlik** (quyıwshı)– quyıwshılıq kásibi

## 5 - tema. Jazıwlar tariyxı

### R e j e

1. Áyyemgi jazıw túrleri.

2. Piktografikalıq jazıw usılları. Olar haqqında túsinik.

3. Mixxat jazıwları. Izertlewshiler tárepinen mixxat jazıwlarınıń jıynalıwı hám eń dáslepki oqılıwı.

4. Aramey jazıwı.

5. Áyyemgi Suǵd jazıwı

6. Ayyemgi Xorezm jazıwı.

**Tayanısh sózler:** Piktografikalıq jazıw, áyyemgi shıǵıs jazıwiları, Sopoltepa jazıwı, Jarqutan jazıwı, Ǵaz esteligi jazıwı, Aramey, Baqtriiya jazıwları, Soǵd jazıwı, áyyemgi Xorezm jazıwı.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I.A.Karimovtıń tikkeley baslaması menen xalqımızdıń jańa tariyxın jaratıwǵa kirisildi hám bul boyınsha bir Qatar unamlı isler ámelge asırıldı. Ásirese, sońǵı jıllarda Ózbekstan arxeologları tárepinen bir Qatar ilimiy ashılıwlar islendi. Solardan biri, Ózbekstan aymaǵındaǵı eń áyyemgi jazıw

nusqalarınıń tabılǵanlıgı esaplanadı. Usı jańalıq Ózbekstan aymaǵında adamzat civilizaciyasınıń eń dáslepki oshaqlarınan biri ekenligin kórsetetuǵın asa áhmiyetli mádeniy-zatlıq dálil bolıp tabıladı. Jazıwlardıń payda bolıwı insan oy-pikiriniń siyrek bir karamatı bolıp, olar áweli jar taslarǵa, keramika hám de metal bóleklerinde hám, eń sońında, qaǵazlarda túsirilgen halatta bizge shekem jetip kelgen.

Eń dáslepki jazıw usılı ilimde piktografikalıq belgiler dep ataladı. Onı shumerlikler b.e.sh. IV mıń jıllıqta oylap tabılǵan. Shumer piktografikalıq jazıwı áweli súwret túrinde payda bolǵan. Insanlar tábiyatta bar bolǵan hám ushırasatuǵın nárselerdiń súretiniń járdeminde óz pikirlerin bildirgen. Bunda haywanlar hám ósimliler dúnyası, tábiyattaǵı zatlar, planetamızdıń joldasları súwretlerinde eń kóp paydalanılǵan.

Piktografikalıq belgili jazıwlar Áyyemgi Shıǵıstı'ń kóplegen aymaqlarında, sonın, ishinde, Áyyemgi Hindstan, Iran, Qıtay hám Orta Aziyanıń qubla walayatlarında tabıldı. Surxandárya oazisiniń bronza hám eń dáslepki temir dáwiriniń estelikleri – Jarqutan, Ǵazdan sońǵı jıllarda keramikalarǵa túsirilgen belgiler tabılǵan bolıp, bul zatlıq dereklerdi eń dáslepki civilizaciya oshaqlarınan tabılgan piktografikalıq belgiler jazıwlarına Salıstırıw nátiyjesinde olardıń uqsaslıǵı esapqa alındı.

Jarqutan keramikalarına túsirilgen belgiler ótkir úshlı ásbap penen tırnap jazılǵan. Ol ápiwayılıǵı, zoolatrikalıq sıpatı menen Shumer, Áyyemgi Iran piktografikalıq jazıwların tákirarlaydı. Óziniń forması hám jazılıw usılına qarata Jarqutan jazıwları Sahdad, Tuǵalaq, Gonur piktografiya mektebine júdá jaqın ekenligi baqlanadı. Al bul bolsa jarqutanlıqlardıń bronza dáwirinde Qubla Túrkmenstan hám Iran xalqı menen júdá jaqın mádeniy hám ekonomikalıq baylanısta bolǵanlıǵın tastıyıqlaydı.



mánzillerge sayaxatshılar tek piyada yaki túye hám atlarda ǵana emes, al samolyot hám vertolyotlarda da alıp barılıwı múmkin. Bunday ekologiyalıq aymaqlarǵa sayaxatshılar hám izertlewshilerdi qatnastırıwdıń tómendegi jolları bar:

1. Xalıq aralıq kólemde ekologiyalıq máseleleri menen shuǵıllanatuǵın shólkemler menen birgelikte jáne de kúsheytiw arqalı tiyisli baǵdarlama hám usınislar menen shıǵıw.

2. Internetke joqarıda kórsetilgen ekoturistlik aymaqlar haqqında maǵlıwmatlar beriw hám áhmiyetli jámiyetlik-ekonomikalıq, mádeniy landshaftlardı sáwlelendiriwshi fotokórinis hám súwretlerdi shıǵarıw.

3. Xiywa qalasına yaki basqa turistlik mánzillerge sayaxat uyımlastırıw yaki kóriwge keliwi kútilip atırǵan turistlerge joqarıda sanap ótilgen ekoturistlik aymaqlar boyınsha baǵdarlardı usınıs etiw.

Usıǵan baylanıslı joybarlardıń ústinde islew hám onı dawam ettiriw tek tómengi Ámiwdárya aymaqlarına ǵana emes, al pútkil Ózbekstan , Oraylıq Aziya mámleketleri ushın da jámiyetlik, ekonomikalıq hám mádeniy tárepten qaraǵanda qolaylı hám áhmiyetli esaplanadı. Aral teńizi boyı aymaqlarında ekologiyalıq turizmdi rawajlandırıwda onıń strategiyalıq wazıypaların anıqlap alıw talap etiledi.

Bul wazıyplar tómendegiden ibarat boladı:

- Xorezm walayatı hám Qaraqalpaqstan Respublikasında ekoturizmdi aymaqlıq turizm salasında mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan baǵdar dep qabıllaw;

- bul tábiyiy aymaqlardı ekologiyalıq taza saqlawǵa tiykarlanǵan ekoturizndi rawajlandırıwdıń aymaqlıq baǵdarlamasın islep shıǵıw.

tiykarǵı wazıypalarınan biri sol buzılgan tábiyat komplekslerin qayta tiklew bolıp tabıladı.

Aral máselesi zamanımızdıń eń aktual mashqalalarınan birine aylanǵan. Ózbekstannıń ekoturistlik mánzilleriniń ishinde Aral boyı basseynleri usi tárepten itibarǵa ılayıq bolıp, bul haqqında toqtap ótemiz. Aral hám Aral boyı sıyaqlı daǵdarıslı ekologiyalıq aymaqlarǵa qızıǵıwshı sayaxatshılardıń sanı artıp barmaqta, biraq onı ekologiyalıq kóz qarastan durıs uyımlastırıw kerek.

Aral teńizi basseyinin ekoturistlik aymaqqa aylandırıw qanday ámeliy áhmiyetke iye ekenligi tómendegilerde óz kórinisin tapqan:

- hár bir tábiyiy-geografiyalıq orın biytákirar ekoturistlik imkaniyatlarǵa, yaǵnıy ózine tán aymaqlıq belgilerine iye. Ekonomikalıq nátiyjelilik kóz qarasınan qaralǵanda ekoturizmdi tariyxıy turizm menen birge alıp barıw, atap aytqanda, Xiywa qalasına kóriwge kelgen shet ellik sayaxatshılarǵa tábiyat hám insan "ónimi"ne aylanǵan ekoturistlik mánzillerdi kórsetiw;

- shet el alımları, izertlewshilerdi usı aymaqlarǵa baslap keliw, olardıń bul boyınsha shıǵaratuǵın ilimiy juwmaqların mámleket tárepinen talqılaw hám wogan tiyisli ilajlardı ámelge asırıw arqalı ekologiyalıq mashqalalardı jeńillestiriwge erisiw.

Aral teńiziniń qurǵap qalǵan bolegi, Ústirt tegisligin ekoturistlik orayǵa aylandıriwdıń ilimiy tiykarı sıpatında tómendegilerge itibar beriw tiyis boladı:

- bul jerge uyımlastırılǵan sayaxattıń máńızında tábiyattı qorǵaw jatadı;

- ekologiyalıq qáwipke aylanǵan aymaqqa degen bolıwı múmkin bolǵan unamsız tásirlerdi jeńillestiriw;

- keń jámiyetshiliktiń ekologiyalıq sanası hám mádeniyatın kóteriw.

Aral boyı aymaǵındaǵı daǵdarıslı halat tiykarǵı ekologiyalıq faktor esaplanadı. Turistlik baǵdarlar bir payıttıń ózinde Araldıń qurǵap qalǵan hám onıń sezilerli tásirine ushıraǵan aymaqlardı da qamtıp alıwı zárúr. Bul



Jarqutanda piktografikalıq jazıwlardıń, Qaratepa hám de Fayoztepada áyyemgi Baqtriiya, braxma hám ixaroshtxi jazıwlarınıń tabılıwı, gúmansız Orta Aziyanı jazıw payda bolǵan aymaqlardıń qatarına qosıwǵa tolıq imkan beredi. Solay etip Orta Aziya Mesopatamiya, Iran, Hindstan, Egipet hám Qıtaydan keyin turatuǵın civilizaciya woshaǵı sıpatında jáhán tariyxına kirdi.

Adamzat tariyxında shumerler b.e.sh. IV mıń jılliqta – búgingi kúnnen altı mıń jıllar aldın piktografikalıq jazıw usılın oylap tapqan.

Piktografikalıq jazıw usılı. Ingliz arxeologı J.Koper, X.Nissen hám L.Vulle sońǵı jıllarda áyyemgi Shumerdiń bir Qatar esteliklerinde izertlew alıp barıp, shumerliklerdiń tariyxın jáne de aydınlastırdı. Olar Diyalı "atı" orayı Kutu qalası (házirgi Tel-Asmar esteligi), Sippar "atı' orayı Kish qalası (Tel-Uxaymir), Kesh "atı" orayı Abu salabix esteligi, Niffer, Fira estelikleri, Eredu, Ubayd sıyaqlı kóplegen esteliklerden piktografikalıq jazıwdı taptı.

Shumerlikler ózleri aytpaqshı bolǵan sózlerin súwret penen ańlatıp kórsetken. "Quyash" sózi qustıń súwretin sıziw menen boldirilgen bolsa, "tuwıw" sózin qus hám máyek súwreti menen, "kóriw" sózin kózdiń súwreti menen, "jılaw" sózin kóz hám suw kórinisi járdeminde ańlatqan. Mesopotamiyada bul jazıw uzaq waqıt qollanılıp kelgen. Piktografikalıq jazıw usılı Uruq mámleketi dáwirinde payda bolǵan bolsa, waqıttıń ótiwi menen jetilisip barǵan. Bul jetilisiw tildiń rawajlanıwı, jámiyetlik turmıstıń ósiwi menen bir qatarda ósip barǵan.

Tel-Asmar esteliklerinde súwret penen birge baylanıstiriwshı hám belgili bir dawıslardı ańlatiwshı arnawlı belgilerdiń payda bolǵanlıǵın kóremiz. Abu-Xabba esteligi piktografikalıq jazıwlarda buwın belgileriniń qálipleskenligin kóriw múmkin. Bul jerde súwretlerdiń arasında buwın ańlatiwları qollanılǵan.

Larsa, Ur, Eredu esteliklerinde piktografikalıq jazıwlardıń jáne de jetiiskenligi baqlanadı. Bul esteliklerde súwret tolıq sızılmastan, eń itibarlı

táperleri kórsetilgen. Máselen, haywanlardıń tek bas bóleginiń súwretleniwi baqlanǵan, olar da tek sızılma halında ǵana súwretlengen.

Áyyemgi Akkad esteliklerinde piktografikalıq súwretlewler sonday dárejede sızılma jolı menen kórsetip berilgen, olar shege yaki sınanıń kórinisine iye bolǵan hám usınday etip mixxat jazıwlarına tiykar salınǵan.

**Áyyemgi Qıtay piktografikalıq jazıwı**. Búgingi kúnge shekem In civilizaciyası jazıwlarına baǵıshlanǵan 1200 den artıq ilimiy monografiyalar baspa juzin kórgen. Olardan tek 1 mıń belgi-jazıw ǵana oqılǵan. Bul jazıwlar In civilizaciyasınıń hár túrli dáwirlerge tiyisli bolıp, jetilsip barǵan. Atxeologlar sırlı jazıwdıń házirgi Xenan hám Lunshan esteliklerinen keramikaǵa túsirilgen belgi-tımsal (simvol) tabıldı. Usı dereklerdiń tiykarında Dun Cz—bin b.e.sh. III mıń jıllıqta Qıtayda eń dáslepki jazıw payda bolǵan degen teoriyanı kóterip shıqtı . Ásirese, Go-Mo-Jo izertlewlerinen soń áyyemgi qıtay jazıwınıń payda bolıw tariyxı óz shehsimin taptı. Onıń izleniwleri boyınsha, áyyemgi Qıtay jazıwına bunnan 5-6 mıń jıllar aldın tiykar Salınǵan bolıp, eń áyyemgi Yanshao mádeniyatına tiyisli Banpo esteliklerinen tabılǵan keramikalarǵa túsirilgen belgiler bolıp tabıladı.

**Sapallıtóbeniń piktografikalıq jazıwları**. Sapallıtóbe keramikalarına túsirilgen belgilerdi akademik Ahmadali Asqaraov jámlep baspadan shıǵarǵan. 1969-1973-jıllarda Sapallıtóbede 29 belgi sızılǵan ıdıslar tabılǵan. Olardı A.Asqarov formalarına qarap 8 toparǵa ajıratqan[1]. Birinshi topar belgileri yarım ay kórinisinde bolıp, bunday 4 belgi tabılǵan. Ekinshi topar belgileri kerilgen jay formasında bolıp, usı belginiń ortasına tuwrı sızıq tartılǵan. Úshinshi topar belgileri irgeles turǵan eki sızıqtan ibarat bolıp, olardıń tabılǵan sanı 6. Tórtinshi topar belgileri atanaq formasında, olardıń tabılǵan sanı 4. Besinshi topar belgileri bir ıdısta súwretlengen bolıp, eki sheńberdi birlestiriwshi tuwrı

[1] Асқаров А.А. Сапалитепа. Т.: 1973.



3. Ámeliy turizm – ol (tábiyat boylap) sayaxattıń barlıq túrlerin, tábiyat qoynında dem alıw hám ondá háreketleniwdiń hár túrli quralların óz ishine aladı.

Házirgi waqıtta Ózbekstan ǵa keliwshi 50 jastan asqan sayaxatshı(turist)lardıń 41% i zawıqlı tábiyat hám qorıqxana aymaqlarına, 26% jaslar bolsa respublikamızdıń ekologiyalıq mashqalalı orınlarına keliw tileklerin bildirmekte.

Jáhán sherikligi tárepinen ulıwma tán alınıp atırǵan máselelerden biri jergilikli, aymaqlıq hám jáhán kóleminde ekonomikanıń barlıq salaların, atap aytqanda, xızmet salasınıń jetekshi tarmaqlarınan biri bolǵan turizm, sonday-aq, onıń áhmiyetli quramlıq bólegi bolǵan ekoturizmniń úzliksiz rawajlanıwına erisiw bolıp tabıladı.

Úzliksiz rawajlanıw bolsa ekologiyalıq mashqalalardıń sociallıq hám ekonomikalıq mashqalalar menen birden bir sistemada turıwı, olardı adamzat jámiyeti iskerliginiń barlıq shaqapshalarında jaqın ámeliy birge islesiw arqalı sheshimin tabıwı múmkin ekenligin kórsetedi. Al bunda bolsa mámleketimizdiń barlıq aymaqlarında turizmniń zamanagóy, keleshegi bar baǵdarlarınan biri – ekoturizmdi rawajlandırıw aktual wazıypalardan biri bolıp esaplanadı.

“Ózbekstannıń dem alıw hám den sawlıqtı tiklew imkaniyatları, - degen edi birinshi Prezidentimiz Islam Karimov, - sayaxat marshrutların pútkil jıl dawamında qabıllawǵa sharayat jaratadı”. Shınında da usı salanı rawajlandıriwdıń mámleketimizde úlken imkaniyatları bar. Turistlik aymaqtıń jilwasın kórsetiwshi tiykarǵı faktorlar bul Ózbekstannıń ekzotikalıq tábiyatı, bay landhsaftı, haywanat hám ósimlik dúnyasınıń ren-báreńligi bolıp tabıladı. Tek gózzal tábiyat kórkem orınları ǵana emes, al tábiyiy process hám hádiyseler yaki insanlardıń xojalıq iskerligi (antropogen faktor) tásirinde buzılgán tábiyat kompleksleri (landshftlar yaki orınnın tábiyiy kórinisi hám halatı) de ekologiyalıq turizmniń obyekti bola aladı. Sebebi, ekologiyalıq turizmniń

dizbekleri) ekoturizmde óz ornına iye. Haywanlardıń Qızıl kitapqa kirgen siyrek túrleri, quslar, ósimlik hám jánlikleri bar qorıqxanalardaǵı haywanat álemi menen tanısıw sayaxatshılar ushın ayrıqsha áhmiyetke iye.

Paytaxtımız Tashkentte 1990-jılı jańadan qurılǵan 69 aymaqtaǵı Haywanat baǵlarında 415 túrdegi 5000 bastan artıq haywanlar saqlanbaqta. Al 1998-jılı bolsa Tashkent baǵı Ullı Britaniyada baspadan shıǵarılǵan "Jáhánniń eń jaqsı haywanat baǵıları" kitabınıń dizimine kiritilgen. Oǵan qońsılas aymaqta bolsa Ózbekstan IA Botanika baǵı jaylasqan bolıp, oǵan 1992-jılı tiykar salınǵan. Baǵdıń kollekciyasında 6000 nan artıq terek, ósimlik, gúllerdiń túrleri bar.

Tábiyat boylap seyil-sayaxatta bolatuǵın adamlar ushın yaki ekoturizm ıqlasbentleriniń moynında ózine tán úlken juwapkershilik turadı. Ol da bolsa adamlardıń tábiyatqa hám ondáǵı janzatlarǵa álpeshlep qatnasta bolıwdı, yaǵniy ekologiyalıq mádeniyattı basshılıqqa alıw menen baylanıslı talaplar hám de usıǵan tiyisli minnetlerdi óz ishine aladı. Solay etip ekologiyalıq turizmde tómendegiler inabatqa alınsa maqsetke muwapıq boladı:

- biz jasap turǵan ortalıqqa zıyan keltirmew;
- ekologiyalıq jaqtan bilim-pikirge iye bolıw, yaǵnıy, tábiyat penen qatnasta bolıw kónlikpesin iyelew;
- orınlarda jámiyetlik-mádeniy, ekologiyalıq ortalıqtıń jaqsı saqlanıwına itibar beriw;
- ekoturistlk tamashalaw ámelge asırılıp atırǵan orın-aymaqtıń ekonomikalıq nátiyjeliligine erisiw.

Ekologiyalıq turizm óz ózgesheliklerine qarata tómendegi bir qansha túrlerge bólinedi.

1. Ilimiy turizm – tábiyattı izertlewdiń.hár túrli kórinisleri, turizm boyınsha dala-orınlardı baqlaw hám ilimiy izertlew islerin alıp barıw.

2. Tábiyat tariyxınıń túrleri – bul qorshaǵan ortalıqtı biliw, tariyxıy estelikler hám jergilikli mádeniyattı úyreniw.



sızıqtan ibarat. Usı belgilerdi "arba" kórinisinde dep alıw múmkin. Altınshı topar belgileri forması jaǵınan birinshi topar, yaǵniy yarım ay kórinisndegi belgilerge uqaydı. Olardıń sanı 6. jetinshi topar belgileri "A" háribin esletedi. Úsh tap usınday belgi tabılǵan. Segizinshi topar belgileri jılan formasın esletedi. Keramikada súwretlengen belgiler qanday pikirlerdi ańlatatuǵını házirshe belgili emes.

**Jarqutan piktografikalıq jazıwı**. Áyyemgi Shıǵıs eń dáslepki qalalarınıń ekonomikalıq tiykarı tiykarınan diyxanshılıq penen baylanıslı bolǵan. Sonday eken, gúnde járdeminde jer aydawdı kórsetiw piktografikalıq belgi-jazıwda ańlatılıwı kútilgen kórinislerden biri esaplanadı. Tap usınday ańlatpa Jarqutan piktografikalıq belgileri de baqlanadı. Bul belgilerdiń haqıyqatında da gúnde ekenligin Egipet piktogrammasında súwretlengen gúndeniń suwretinen bilse de boladı[1]. Jarqutan qábirlerinde bronzadan jasalǵan "záńgi" nusqasınıń ushırasıwı júdá kop ret baqlanǵan[2]. Sapallı mádeniyatı piktografiyalıq belgi-jazıwlardıń Qubla Túrkmenstan, Oraylıq Aziya, Uran, Xarappa mádeniyatlarında tarqalǵan piktografiyalıq jazıwlar menen uqsaslıǵı sol xalıqlar menen jaqın mádeniy baylanıslardıń bolǵanlıǵınan derek beredi.

**Ǵaz esteligi piktografiyalıq jazıwı**. Sherabad oazisindegi Ulanbulaqsay óziniń baslanǵısh aǵımlarında Dabılsaydıń ońjaǵalawında Dabılqorǵan estelgi jaylasqan. Bul estelikke baslanǵısh temir dáwirinde tiykar salınǵanlıǵı haqqında 1974-jılı akademik E.V.Rtvladze tárepinen esapqa alınǵan[3]. Usı estelikten baslanǵısh temir dáwirine tiyisli karamikalar jámlenbesi hám tastan jasalǵan uǵir (keli) tabılǵan. Bul tabılma Ózbekstan aymaǵında jazıwdıń payda bolıwı haqqında jańa maǵlumatlar beredi. Idıstıń sırtqı tárepinde 13 piktografiyalıq belgili jazıwlar jámlenbesi jaylasqan. Keli parsı tilinde "hovana" dep atalgan.

[1] Асқаров А.А. Сапалитепа. Т.: 1973. Б. 25.
[2] Асқаров А.А. Древнеземледельческая культура эпохи бронзы юга Узбекистана. Т.: 1983, С. 13-37
[3] Ртвеладзе Э.В. Разведочное изучение памятников на юге Узбекистана. Древняя Бактрия. Л.: 1974. С. 34.

“Hovano” termini zardushtiyliktegi din basıları – “hovan”lar menen baylanıstırıladı. Keliniń sırtındaǵı súwretleniwlerde zardushtiylik máresimine tiyisli waqıyalar kórsetilgen bolıwı múmkin ekenligin aytıwǵa boladı.

**Mixxat jazıwları**. Mixxatlar Aldınǵı Aziyanıń eń áyyemgi jazıw usılı bolıp, olar vertical, gorizontal hám iymek sızıqlar kórinisinde kórsetilgen. Onı da dáslep shumerlikler oylap tapqan. Onnan soń babiloniyalıqlar mixxat jazıwın ózlestirgen hám rawajlandırǵan. Akkad, Xett mámleketinde, Urartuda, siriyalılar hám ossuriyalıqlarda da mix kórinisindegi jazıwdan paydalanǵan. Bunnan soń iranlılar, tabiyiy halda, Orta Aziyalıqlar da usı jazıw túrinen paydalanǵan. B.e.sh. 2 mıń jıllıq ortalarında mixxatlar xalıq aralıq diplomatiyalıq jazıwǵa aylanǵan[1]. Áyyemgi Shıǵıstıń qala-mámleketi húkimdarları bir-biri menen bolgán baylanıs xatların, alǵashqı kodeksleri hám sawdagerler tovarlarınıń harx-bahaların da mix tárizli jazıwlarda jazǵan[2].

En áyyemgi mixxatlar Shumer, Akkad, Urday Mesopotamiyanıń qala qarabaxanaları hám saraylardın úyreniw barısında kóplep tabılǵan. Olar, tiykarınan, keramika bóleksheleri, ılay fofmalarına, jar taslarǵa, terilerge túsirilgen. Áyyemgi zaman tariyxshıları Geradot, Strabon mixxatlardı “Ossuriya háripleri”, al Afenet bolsa “Xa;dey háripleri” dep ataǵan. B.e.sh. VII ásirde Ossuriyada háripli jazıwdı oylap tabılǵanınan keyin miztarizli jazıwlar umıtılıp ketken. Mixxatlardıń úyreniliw tariyxı, oqılıwı yaki “qayta tiriliwi”niń tariyxı da ádewir qızıqlı.

XVII ásirde Italiyalı sayaxatshılar pútkil jáhán boylap turistlik sayaxat jasaǵan. Usınday sayaxatshı hám sawdagerlerden biri Pyetro Della Valle Iranǵa keledi. Ol ómiriniń 12 jılın Shıǵısqa – Turkiya, Egipet, Palastin, Iraq, Siriya hám Iranǵa sayat etiwge baǵıshlaydı . Ahamoniy shahanshahı Doro qurdırǵan

[1] Чориев З.У., Шайдуллаев Ш.Б., Аннаев Т.Ж. Ўзбекистон худудида ёзувнинг пайдо бўлиши ва тараққиёти. Тошкент, 2007. Б. 8.
[2] Дьяканов И.М. Люди города Ура. Москва, 1990. С. 28.



Túrkmenstan mámleketleri menen shegaralas. Ózbekstan aymaǵı Ullı Britaniya, Italiya, Norvegiya, Finlandiyaday mámleketlerdiń aymaǵınan úlkenirek, al Shvecariya aymaǵınan bolsa 10 esege artıq bolıp tabıladı. Mámleketimiz ulıwma maydanınıń shama menen 71% bólegin tegislikler, al qalǵan bólegin bolsa taw hám taw aldı aymaqları quraydı.

Ózbekstannıń ekzotikaǵa mol tábiyati óziniń adamdı lal qaldıratuǵın dárejede reń-báreńligi, haywanat hám ósimlik dúnyasınıń bay ekenligi, jıl dawamında quyashlı kúnlerdiń kóp bolıwı, qolaylı tábiyatı menen birgelikte ekologiyalıq turizmniń ıqlasbentleri, tábiyattıń shaydaların ózine tartıp kelmekte. Házirgi kúnde mámleketimizde qumlı barxanlardan baslap tap gúlstan oypatlarına shekem, toǵayzarlardan baslap tap biyik taw jaylawların ózinde súwretlep bere alatuǵın siyrek hám ájayıp tábiyat landshaftların qamtıp alǵan 9 iri qorıqxanalar (Nurata, Zamin, Surxandárya, Zarafshan, Hisor, Qızılqum, Baday-Toǵay, Kitob, Chatqal), 2 qánigelestirilgen “Jeyran” ekologiyalıq orayı Buxara walayatında (1976 jıldan) iskerlik kórsetpekte.

Qorǵalatuǵın tábiyiy aymaqlardıń ulıwma maydanı 20520 kv. km yaki Ózbekstan aymaǵınıń 5,2% in quraydı (Ózbekstanda ekoturizmdi rawajlandırıw koncepciyası, Ekologiya xabarnaması, 6-san, 2007). Ózbekstan qorıqxanalarında 350 túrdegi haywanlar hám 700 túrli ósimlikler qorǵawǵa alınǵan.

1993-jılı Chatqal qorıqxanası YONESKO nıń xalıq aralıq biosfera komitetiniń tarmaǵına kiritilgen. Ózbekstanda jámi qorǵalatuǵın aymaqtıń ulıwma maydanı 2 mln ga yaki mámleket aymaǵınıń 4,5% in quraydı. Bulardıń barlıǵı jurtımızda salaǵa degen itibardıń kúshliligin, onıń keleshegi tiykarlı faktorǵa iye ekenligin kórsetip turıptı. Sonıń menen birge Ózbekstandaǵı toǵaylı aymaqlar (Kaspiy-Aral boyı toǵaylar aymaǵı, Toǵay wormanı, Arshazar toǵayı), tawlı aymaqlar (Shimgan, Nurata, Hisar tawları, Pamir-Alay taw

sıpatında sayaxatshılardıń dıqqat-itibarın ózine barǵan sayın kóbirek tartıp barmaqta.

Qániygelerdiń pikiri boyınsha, jáhán turizmi bazarında ekoturizmniń úlesi 10-20% ti quramaqta. BMSH tárepinen 2002-jıldı "Ekologiyalıq turizm jılı" dep atawı da biykarǵa emes bolıp, salanıń keleshegin iń dúnya boyınsha tán alınıp atırǵanlıǵına ayqın mısal bola aladı.

Ekoturzm degen ózi ne? Onı ingliz tilinde ecological tourism yaki ecoturizm, yaǵniy tábiyat boylap sayaxat dep talqılanıwı múmkin.

Insan udayı tábiyattıń qaysi bir ortalıǵında, yaǵniy onnan ajıralmaǵan halda jasaydı. Sonday-aq, ondá gózzal tábiyatqa berilgenlik, onıń qoynında seyil etiwge, tábiyattıń reń-báreń "karamatlar"ın: ósimlik álemi, haywanat dúnyası, sonday-aq, uzaq-jaqın ótmishte bizge shekem saqlanıp qalǵan tábiyiy ekologiyalıq ortalıq hám de basqa kórinislerdegi tábiyiy-tariyxıy esteliklerdi tamashalawǵa qunt bar. Bulardıń barlıǵı salanıń kelesheginde áhmiyetli bolıp esaplanadı.

Mámleketimizde ekoturizm ushın tiykarǵı faktor bolatuǵın usınday ortalıq hám bolmıstıń kópligi hám olardıń reń-báreńligi sebepli de usi turistlik salanı jedel pátler menen rawajlandırıwdı dáwirdiń ózi talap etpekte.

2004-jıldıń yanvar ayıńıń maǵlıwmatı boyınsha Ózbekstan  xalqınıń sani 30492,8 mıń adamnan ibarat boldı.

Aymaqta jaylasqan Ózbekstannıń maydanı 448,9 mıń kv.km. Eń biyik noqatı teńiz qáddine qarata – 4688 metr – Hisor tawınıń Qoldirgi taw dizbegindegi Hazreti Sultan shıńı bolıp tabıladı. Eń tómengi noqatı bolsa – Oraylıq Qizılqumdaǵı Mıńbulaq shuqırlıǵı-kishi oypatı bolıp – 145 metrden ibarat. Mámleketimizdiń arqa hám qubla shetki noqatları arasındaǵı aralıq – 925 km. Batıs bóliminen shıǵıs bólegine shekem bolsa -1400 km den ibarat. Mámleketimiz: arqa hám arqa-batısında Qazaqstan, shıǵısında Qırǵızstan, qubla-shıǵısında Tájikstan, qublasında Awganstan, túslik-batısında bolsa



saray diywallarına túsirilgen sızıq tárizli bitikler onıń itibarın tartadı. Jazıwdıń bóleklerin "turistlik sawǵa" sıpatında Evropaǵa alıp ketedi. XVIII ásirde Shumer, Ossuirya, Persepol, Suza qalalari qarabaxanalarınan Evropaǵa kóplegen mixxat jazıwlar turistler arqalı tasıp alıp ketilgen. Sayaxatshılar olardı úyleriniń eń kórinerli jerlerine saqlaǵan. Birinshi ret daniyalı alım Karsten Nibur mixxat jazıwların toplaw, olardan nusqalar alıw hám oqıw isleri menen shiǵıllanǵan. Persepol mixxatların tolıq oqıwǵa miyasar bolǵan alım Georg Grotefen boldı. Ol 27 jasında 1802-jılı Persopol sarayında túsirilgen mixxtlardıń sırın ashadı.

Ingliz sayaxatshısı G.Roulinson bolsa parsı mixxat jazıwların, ásirese, Behustun jar tas bitiklerin oqıydı. Behustun bitikleriniń buwınlı jazıw ekenligin dálilleydi. Onıń úlken xızmetlerinen biri, dúnya boylap sayaxatlarda bolıp, ossurya mixxatların oqıǵanlıǵı hám "ossuryatanıw" ilmina negiz sa;lǵanlıǵı bolıp tabıladı.

**Aramey jazıwı**. Áyyemgi Shıǵısta Aramey jazıwınıń payda bolıwı smit qáwimleri uyımına kirgen Arameyler menen baylanıslı boladı. B.e.sh. VII-VI ásirlerde úyreniw ushın qolaylı bolǵan 22 háripten ibarat aramey jazıwı Aldıńǵı Aziyada húkimdar bolǵan akkad, shumer hám Urartu mixxatlarınıń qollanılıwın keskin kemeytken. Aramey jazıwınan, ámeldarlar ózleriniń hákimshilik hám mámleket islerin rásmiylestiriw ushın paydalanǵan. Orta Aziyada Aramey xatınıń eń áyyemgi úlgisi b.e.sh. VoIV ásirlerge tiyisli esaplanadı.

**Áyyemgi Baqtriiya jazıwı**. Baqtriiya – Orta Aziyanıńáyyemgi tariyxıy-mádeniy úlkelerinen biri bolǵan. Baqtriya jazıwınıń rawajlanıwında Aramey jazıwınıń ornı áhmiyetli bolıp, b.e.sh. II ásirde Aramey-Baqtriya jazıwı júzege kelgen. Góne Termiz (Tarmita) átirapındaǵı Fayoztepa ornındaǵı buddizm ibadatxanası L.I.Albaum tárepinen (1969-1976-jıllarda) izertlengeninde ásirimizdiń I ásirine tiyicli aramey-baqtriya jazıwı tabılǵan.

2004-2006-jılları arxeolog T.Annaev basshılıǵında Fayoztepa ibadatxanasın qayta úyreniw barısında keramikanıń sırtına túsirilgen dáwiriy jáǵınan b.e.h. I ásir – bizı asırimizdiń 1 ásir aralıǵına tiyisli eki xattı'n, bóleginiń tabılıwı Aramey-Baqtriya jazıwı qáliplesip, rawajlanıp barıw proceslerin bir qansha aydınlastırdı. Baqtriya Ózbekstannıń tariyxında áyyemgi til hám jazıwdıń rawajlanıwında ayrıqsha orın tutadı.

"Baxtrya jazıwı hám tili"niń tariyx, tiltanuıw hám shıǵısatnıw ilimlerine kiritiliwi ataqlı nemec alımı V.Xenniń atı menen baylanıslı. Qániygeler Baqtriya xatın eki, yaǵnıy mártebeli hám de kursiv kórinisleri bar bolǵanlıǵın aytadı. Ózbekstan aymaǵında eń dáslepki baqtriya jazıwları 1962-jılı arxeolog B.Ya.Stavinskiy basshılıǵında Góne Termizdiń Qaratepa úńgir tárizli budda ibadatxanalarınıń jámlemesin úyreniw dawamında anıqlanǵan. Bul jazıwlar III-IV ásirlerge tiyisli bolıp, al keramika sırtındaǵı baqtriya jazıwları bolsa II ásirge tiyisli esaplanadı.

*Eń ayyemgi baqtriya jazıwları*

*esapqa alınǵan estelikler*

| | |
|---|---|
| Mirzaqultepa | b.e.sh. I ásir – ásirimiz I ásirler |
| Fayoztepe | ásirimiz I ásir |
| Kempirtepa | ásirimiz II ásir I yarımı |
| Qaratepa | ásirimiz II – IV ásirler |
| Ayıtam | ásirimiz II – III ásirler |
| Zartepa | ásirimiz III-IV ásirler |
| Dalvarzintepa | Qushon dáwiri |
| Qatinrabot | Qushon dáwiri |
| Hayitobodtepa | ásirimiz IV _ V ásirler |

V-VIII ásirler dawamında Baqtriya jazıwı Baqtriyanıń órnına payda bolǵan Toharitstonda keń tarqalǵan hám úlkeniń rásmiy xatı esaplanǵan.



Respublikası birinshi Prezidenti "Ullı jipek jolın qayta tiklewde Ózbekstannıń qatnasıwın háwij aldırıw hám respublikada xalıq aralıq sayaxattı rawajlandırıw boyınsha is ilajlar haqqında"ǵi pármanı qabillandı (1995). Usı tiykarda "Ózbekturizm" milliy kompaniyası "Ullı jipek jolı" ótkeń tariyxıy mánziller boylap 200 den artıq turistlik baǵdarlapdı islep shıqtı. Olar tiykarǵı sayaxat zonaların qamtıp aladı hám Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa hám de Ferǵana oypatı qalaları boylap wótedi. Sonday-aq, arxeologiyalıq-mádeniy esteliklerdi ónlaw hám abadanlastırıw boyınsha is ilajları belgilendi. WTO menen birge islesip, Samarqand hám Xiywada usı temaǵa baǵıshlanǵan májilisler ótkerildi. Samarqandta WTO nıń "Ullı jipek jolı" wákilxanası ashıldı (2004). Al bul bolsa Ózbekstannıń áyyemgi baǵdardıń orayı sıpatında iskerlik kórsetiwde áhmiyetli rol oynaydı.

"Ullı jipek jolı" baǵdarında Qubla-Shıǵıs transport magistralınıń qurılıwı Oraylıq Aziya, sonıń ishinde, Ózbekstanda turizmdi rawajlandırıw ushın katalizator wazıypasın atqardı. Bul magistral Yaponiya, Qıtay, Hindstan, Armenstan, Gruziya, Azerbayjan, Pakistan, Iran hám Evropa mámleketlrin óz ishine qamtıp alǵan. Usı tranasport liniyasınıń áhmiyetli bólegi Transkavkaz koridorı (TRASEKA joybarı) esaplanıp, ol 1996-jıldan baslap iskerlik kórsete basladı.

Ekspertlerdiń pikiri boyınsha, ol "Ullı jipek jolı"nıń rawajlanıwına unamlı tásir kórsetedi, sebebi Ózbekstan hám Túrkmenstannıń tiykarǵı marshrutlarında janar may quyıw shaqapshaları, úy-jay, ustaxanalar, awqatlanıw hám telekommunikaciya úskeneleriniń qurılısı jána turistlik zonalardıń qáliplesiwine, sonday-aq, turistlik avtotransportlardı júklew isleriniń jedellesine alıp keledi.

Ekologiyalıq turizm. Házirgi waqıtta jáhándegi kóplegen mámleketlerdiń ekonomikasında turizm jetekshi orınlardan birine aylanǵan bolıp, onıń tiykarǵı tarmaqlarınan biri bolǵan ekoturizm bolsa salıstirmalı eń keleshegi bar sala

sonday-aq, áyyemgi kárwan jolında jasap atırǵan Orta Aziya xalıqlarınıń bay mádeniy tariyxın keń túrde izertlew islerin baslawǵa tiykar saldı.

Ózbekstannıń geografiyalıq ornı turizmdi rawajlandırıwda Oraylıq Aziya mámleketleriniń ishinde ádewir qolaylı ekenligin aytıp ótiw kerek. Bul boyınsha Respublikamızdıń birinshi Prezidenti I.A.Karimov óz miynetinde, "Ámiwdárya hám Sırdariya aralıǵında jaylasqan Ózbekstan  xalıq aralıq baylanıslardı jolǵa qoyıw kóz qarasınan hám óziniń rawajlanıw keleshegi jáǵınan biraz qolaylı geografiyalıq-strategiyalıq mártebege iye. Áyyemgi zamanlarda Shıǵıs hám Batıstı baylanıstırıp turǵan Ullı jipek jolı Ózbekstan  aymaǵı arqalı ótkeń. Bul jerde sawda jolları tutasqan, sırtqı baylanıslar hám hár túrli mádeniyatlardıń birin-biriniń bayıtıw processi jedellik penen ótkeń. Búgingi kúnde de Evropa hám Jaqın Shıǵıstan Aziya – Tınısh okeanı zonasına alıp baratuǵın jollar usı jerde kesisedi"[1]- dep jazgán edi.

Ózbekstan  aymaǵı áyyemgi "Ullı jipek jolı"nıń orayında jaylasqanı ushın hár tárepleme jedel rawajlandı. Qıtay hám Evropanı baylanıstırǵan kárwan jolları ótkeń orınlarda sawdegerlerge, sayaxatshılarǵa qolaylıq jaratıw maqsetinde kárwan saraylar, suw saqlaǵıshlar, rabat (toqtap ótiw orınları) qurılǵan. Jolawshılar Paykent karwansarayları, Buxaranıń qasındaǵı Raboti Malik, Mırzashóldegi Sardobaday qurılıslarda dem alıp, jolların dawam etken. X ásirde házirgi Ózbekstan  aymaǵında 10 mıńnan aslam kárwansaray, al XVI ásirde bolsa 400 (geypara dereklerde 1000) nan artıq suw saqlaǵıshlar hám rabatlar bolǵanlıǵı esapqa alınǵan.

1994-jılı Tashkent hán Samarqandta jáhán turistlik shólkemi (WTO)niń "Jipek jolı" joybarın islep shıǵıw boyınsha xalıq aralıq májilis ótkerildi. Ondá Ózbekstan  usı áyyemgi baǵdardıń orayı etip belgilendi. Ózbekstan

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқорарлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т.: Ўзбекистон, 1997. Б. 227-228.



**Áyyemgi Suǵd jazıwı**. Zarafshan oazisi hám Qashqadárya basseyinin óz ishine alǵan Suǵd úlkesi b.e.sh. VI ásirde ahmaniyler Iran jazba dereklerinde Suǵd yaki Suǵudu formasında tilge alınadı. V ásirden Ullı Jipek jolı (Buxara, Jetisuw, Monǵoliya hám Qıtay) hám onıń shaqapları (Ferǵana baǵdarı) boylap suǵdiyler awıllarǵa hám sawda shaqaplarına tiykar sala baslaǵan. Ullı Jipek jolı hám onıń shaqapshaları boylap suǵd tili hám jazıwı da keń tarqala baslaǵan. Jetisuw, Xutan hám Monǵolstan aymaqlarında suǵd jazıwlarınıń tabılıwı bunıń dálili bolıp tabıladı.

Suǵdiyler úsh túri: suǵd, manoxey hám siriya jazıwlarınan paydalanǵan. Olar VII – VIII ásirlerdiń baslarında ózleriniń álipbesin 23 háripten ibarat dep esaplaǵan. Olardıń 27 sı kelip shıǵıwı hám álipbe qatarına jaylasıwı boyınsha Aramey álipbesiniń túp nusqasına barıp taqaladı.

1932-1933-jıllarda A.A.Freydman basshılıǵında Muǵ qorǵanın úyreniw dawamında 74 teri, qaǵaz hám tayaqlarǵa jazılǵan suǵd hújjetleri tabılǵan.

**Áyyemgi Xorezm jazıwı**. Xorezmde jazıw Aramey álipbesi tiykarında qáliplesken. Áyyemgi Xorezm mámleketiniń paytaxtı – Topıraqala tekserilgende III ásirge tiyisli Xorezm patshalarınıń arxivi tabılǵan. Topıraqqala sarayındaǵı patsha arxivinde 1947-1949-jıllarda S.P.Tolstov basshılıǵında Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciya aǵzaları 8 terige jazılgán ham 19 tolıq bolmaǵan taxtashalarǵa bitilgen xatlar hám mıńnan artıq ılayda saqlanıp qalǵan hárip hám sóz bóleklerin tabıwǵa erise alǵan.

Al Tókqala esteliginde bolsa 1959-1962-jıllarda A.V.Gudkova tárepinen sırtına xorezm jazıwları túsirilgen ostadonlar qazıp ashılǵan.

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Mixxat jazıwları haqqında nelerdi bilesiz?

2. Sayaxatshılar mixxat jazıwların qanday maqsetlerde jıynaǵan?

3. Qıtay piktografikalıq jazıwları haqqında nelerdi bilesiz?

4. Jarqutan piktografikalıq jazıwların anıqlawda izertlew islerin alıp barǵan ózbek alımlarınıń iskerligi haqqında aytıp berin.

5. Goz esteligi piktografikalıq jazıwları haqqında nelerdi bilesiz?

Tayanish sózler túsindirmesi

**Mixxat** – Aldınǵı Aziyanıń eń áyyemgi jazıw usılı.

**Aramey jazıwı** – Perfiya, Baqtriya, suǵd, xorezmlik ámeldarlar tiykarınan mámleket hám hákinshilik islerinde paydalanǵan jazıwdıń túri.



Saodat (X-XII ásirler) ansambli, Qaratepa (II-IV ásirler),Fayoztepa (I-III ásirler) estelikleri, Ferǵana oypatındaǵı Xudoyarxan (1870) qorǵanı, Said Ahmad hoji (XIX ásirdin bası) medresesi mine usılardıń qatarına kiredi.

Bulardın barlıǵı respublikamızda xalıq aralıq turizmniń, sonday-aq, diniy hám tanısiw turizmin jedel rawajlandırıwdıń keleshegin kórsetip turıptı.

**Ullı jipek jolı.** Shıǵıs hám Batıs mámleketlerin oz ara baylanıstırǵan áyyemgi kárwan jolı usılay atalǵan. Bul atama usı kárwan jólında uzaq jıllar dawamında tasılǵan qımbat bahalı shiyki zat – Qıtay jiregi menen baylanıslı. Ullı jipek jolı ataması aylanısqa nemis izertlewshi alımı Fon Rixtgofen tárepinen 1877-jılı kiritilgen.

Ullı jipek jolınıń kelip shıǵıw tariyxı uzaq ótmishke barıp taqaladı. Bronza dáwiri basllanbastan-aq, Jámiyettiń qáliplesip barıwı dawamında hár túrli aymaq-zonalardı baylanıstıriwshı arnawlı jollar júzege kelgen. Olar Orta Aziya hám Áyyemgi Shıǵıs mámleketleri ortasındaǵı sawda, mádeniy baylanıslardıń qáliplesip barıwında áhmiyetli orın iyelegen. Ásirese bul process b.e.sh. 1 mıń jıllıq ortalarınan – ásirimizdiń XVI ásirine shekem jedel hárekette bolıp, Qıtay hám Orta Aziyanı Kishi Aziya, Iran, Hindstanday mámleketler menen jaqınnan baylanıstırıp turdı. Usı jol arqalı alıp barılǵan sawda, ekonomikalıq, mádeniy baylanıslar sebepli mámleketlerdiń turmısı ádewir rawajlandı.

Ullı teńiz ashılıwları hám Batıs mámleketlerinde jipek islep shıǵarıwdıń jolǵa qoyılıwı menen, XVI ásirge kelip bul kárwan jolındaǵı qatnaw toqtadı.

Aymaǵımızda Ullı jipek jolın jańa tariyxıy sharayatlarda tiklew, uzaq-jaqındaǵı mámleketler menen óz ara mápli birge islesiwdi rawajlandırıw boyınsha bir qansha isler ámelge asırıldı. 1987-jılı YONESKO mádeniy rawajlanıw boyınsha BMSH niń ulıwma jáhán on kúnliginde "Jipek jolı – qatnas jolı" xalıq aralıq baǵdarlamasın qabılladı. Bul baǵdarlama Shıǵıs hám Batıs ortasındaǵı mádeniy hám ekonomikalıq baylanıslardı jáne de bekkemlew,

ózine tán tákirarlanbas tariyxıy-mádeniy ansambller, atxitekturalıq estelikler, tábiyiy qorıqxanalar hám basqa turistlik áhmiyetke iye bolǵan obyektlerdi qamtıp alǵan. Bul boyınsha, yaǵnıy Ózbekstan ıózinıń turistlik obyektlerinnıń potencialı boyınsha jáhánde ulken abıroyǵa iye.

Ózbekstanda siyasiy turaqlılıqtıń támiynlengenligi hám 1996-jıldan baslap jalpı ishki ónim hám de real sektorda ónim islep shıǵarıw kóleminiń úzliksiz ósip barıwı, inflyaciya dárejesiniń bir qálipteligi, xalıqtıń nominal hám real dáramarlarınıń kólemindegi ózgerisler xalıq aralıq turizmdi rawajlanıwı ushın qolaylı shart-sharayatlardı júzege keltiredi.

Ózbekstanda turizmniń rawajlanıwına unamli tásir kórsetiwshi faktorlardan jáne biri kóp ásirlik rawajlanıwdı ózinde sáwlelendirgen ózine tán mádeniy miyrastıń ámelde bar ekenligi hám respublikamız diniy-tariyxıy esteliklerge bay ekenligi menen baylanıslı. Joqarıda aytıp ótilgendey, respublikamısdıń aymaǵında 4 mıńnan aslam atrxitekturalıq estelikleri hám esteliklerdiń bar bolıp, olardıń kópshilik bólegi YUNESKO tárepinen qorgaladı. Samarqandtaǵı Uluǵbek observatoriyası (1428-1429), Shahi Zinda arxitekturalıq kompleksi (XI-XII ásirler), Haziret Xizr meshiti (XIX ásir ortaları), Bibixanım jome meshiti (1399-1404), Uluǵbek (1417-1420), Sherdor (1619-1635/36), Tillakori (1641-1647) medreseleri, Ruhobod (1380), Gori Amir (1404) movzeleyleri, Xoja Axror (XV-XX ásir) ansamblleri, Tashkenttegi Kukaldosh (XVI ásir) medresesi, Hazreti Imam (XVI-XX a;sir, 2007-jılı qayta tiklendi) kompleksi, Buxaradaǵı Samoniyler (IX-X ásirler) movzeleyi, Chashmayi Ayyub (XII ásir – 1380 yaki 1384/85) mavzoleyi, Abdullaxan (1588-1590) medresesi, Gavkushon (XVI ásir), Labi Havuz (XVI-XVII ásirler) ansamblleri, Sitoray Mohi Xosa (XIX ásirdiń aqırı – XX aásirdiń bası) kompleksi, Xiywadaǵı Muhammed Aminxan (1852-1855) medresesi, Shahrisabzdegi Aqsaray (1380-1404), Jome Kók Gumbaz (1434-1435) meshitleri, Termizdegi Qırqqız (IX-XIY ásirler) qorǵanı, Hakim at-Termiziy (X-XV ásirler) arxitekturalıq kompleksi, Sultan



## II bap. TARIYXIY ÚLKETANIW HÁM TURIZMNIŃ RAWAJLANIWINDA ETNOGRAFIYA, TOPONIMIKA, ARXIVLER HÁM MUZEYTANIWDIŃ ROLI

### 1-tema. Tariyxıy úlketanıw hám turizmde entografiyanıń áhmiyeti

**R e j e**

1. Etnografiya hám úlketanıw.

2. Ózbek xalıq etnografiyasın úyreniw boyınsha turistlik baǵdarlar hám olardı jetilistiriw.

3. Ǵárezsizlik dáwirinde milliy qádiriyatlarǵa itibar. Nawırız.

**Tayanısh sózler:** dástúr, qádiriyat, bayram, máresim, urıw-aymaq, xalıq, elat, etnikalıq topar, ózbek xalqı, materiallıq estelik, ruwxıy mádeniyat, ullı tulǵalar, zebi-ziynet buyımları, milliylik, milliy dástúr, turistlik sayaxat, turistlik bagdar, turizmdegi dawamlı baǵdar.

Etnografiya hám úlketanıw. Etnografiya ataması áyyemgi grekshe (etnos – xalıq, granxio – jazıw) xalıq haqqındaǵı ilim bolıp, ol xalıqtı úyrenishi, táriyiplewshi pán yaki xalıqtanıw páni dep júritiledi. Etnografiya jer júzinde jasawshı barlıq xalıqlardıń payda bolıwı dáwirinnen baslap tap házirge shekem basıp ótkeń tariyxıy-mádeniy rawajlanıwǵa tayanıp, olardıń ekonomikalıq, materiallıq hám ruwxıy, jámiyetlik hám shańaraq turmısı, turmıs qálpi, úrp-ádeti hám jámiyetlik sanası hám etnikalıq belgilerin tereńnen úyreniwshi pán bolıp tabıladı. Etnografiya xalıqlardıń óz ara kelispewshilikleri, ulıwmalıǵı hám uqsaslıǵın, olardıń ózine tán tárplerin izertleydi hám úlkeniń tariyxın úyreniwde áyırıqsha áhmiyetke iye boladı.

Etnografiya geypara alımlar tárepinen etnologiya dep te atalmaqta. “Etnos” joqarıda aytıp ótilgendey, xalıq, al “logos” bolsa sóz yaki ilim degeni bolıp, xalıq haqqında pikirlewshi, sóylewshi yaki xalıqtı táriyiplewshi ilim degendi bildiredi. Bul eki pán ortasında shegara bolmastan, al biri ekinshisin tolıqtıradı.

Demek, etnografiya – dúnya xalıqlarınıń mádeniyatın, turmıslıq ómirin, kelip shiǵıwı (etnogenezi)n, jaylasıwın (etnikalıq geografiyası), mádeniyatınıń

tariyxı hám de óz ara baylanıs hám qatnaslarıń úyreniwshi tariyxıy pán sıpatında maydanǵa kelgen.

Etnografiyalıq bilimler ásirler dawamında toplanıp kelgen oǵada bay hám ráń-báreń maǵlıwmatlardı ózlestirip, belgili bir juwmaq hám teoriyalar, kóz qaraslardıń sisteması hám baǵdarların keltirip shıǵardı.

Dáslep, etnografiyalıq ilimiy jámiyetler, arnawlı shıǵarmalar, toplamlar payda boldı. Nátiyjede XIX ásir ortalarına kelip, ayırım pán salası – etnografiyanıń tuwılıwı ushın sharayatlar jaratılǵan edi.

Etnografiya sózi ilgeride de geyde tilge alınǵan bolsa da, biraq ilimdi ańlatpaǵan edi. Dáslep bul atamanı XVII ásir baslarında nemec jazıwshısı Chogan Zummer paydalanǵan, al keyin bolsa XVIII ásirdiń aqırı XIX ásir baslarında (1808) arnawlı jurnallar usı atamada basıp shıǵarıla baslaǵan.

“Etnografiya” sózi ataqlı francuz tábiyattanıwshısı hám fizigi Jan Jak Amper tárepinen 1830-jılı usınıs etilgen edi. Rossiyada “etnografiya” ataması XIX ásir baslarında geyde ushırasıp turǵan, al keyin bolsa rásmiy túrde pán dep tán alınǵan. 1845-jılı Rossiya geografiya jámiyeti etnografiya bóliminiń shólkemlestiriliwi buǵan birden-bir dálil bolıp tabıladı.

Etnografiyalıq bilimlerdiń payda bolıwı, oǵan tiyisli zárúr maǵlıwmatlardıń toplanıwı, dáliyllerdiń ańlap alınıwı aytarlı bir waqıtlarda payda bolǵan. Máselen, ayırım qońsı qáwim, elat hám xalıqtıń túrmıslıq ómiri, mádeniyatı, úrp-ádetleri , etnikalıq ózgesheliklerin úyreniw olardı anıq turmısınıń ámeliy mútajliklerin qanaatlandırıwdıń talabı menen jújege eklgen. Uzaq-jaqın qońsılar menen sawda-satıq qatnasların ornatıw, sonday-aq, maqset hám sharayattıń jeteginde olarǵa qarsı tabıslı urıslar alıp barıw ushın da, biribshi gezekte, etnografiyalıq bilimlerge iye bolıw júdá hám zárúr bolǵan. Mine usınday sebepler etnografiyalıq bilimlerdiń payda bolıwnda áhmiyetli rol oynaydı.



**3-keste**

**Sayaxatshılardıń sıpatlaması**




Joqarıdaǵı qarar hám pármanlardıń tiykarında qısqa waqıt ishinde respublikamızdıń kóplegen aymaqlarında tariyxıy, diniy estelikler, ullı tulǵalardıń qábirleri, qábirstanlari, meshit-medreselerdi qayta tiklew hám ońlaw isleri keń kólemde ámelge asırıldı. Bul tikkeley turistlik obyektlerdıń kóbeyiwine hám jaqsılanıwına alıp keldi.

BMSH niń 1972-jılı qabıllangán konvenciyasında xalıqlardıń siyrek esteliklerin abaylap saqlawga kelisilgenligi belgili. Házirgi kúnde dúnya boyınsha 500 den artıq mádeniy estelikler ayırım dizimge alınǵan bolıp, olar

ortalıq adamdı lal qaldıradı. Bulardıń bári – sayaxatshılardıń bul jaqqa keliwi ushın jaqsı tiykar boladı”[1]

Ózbekstan óz ǵárezsizligin bekkemlew, ekonomikanı rawajlandırıwda jáhánniń tájiriybesinen keń paydalanıp atırǵanıń aytıp ótiw tiyis boladı. Bul orında turizm salasın rawajlandırıwǵa mámleket tárepinen úlken imkaniyatlar jaratılmaqta. Atap aytqanda, birinshi Prezidentimiz I.A.Karimovtıń 1995-jılı 2-iyunde shıǵargán “Ullı jipek jolın qayta tiklewde Ózbekstan Respublikasınıń qatnasıwın háwij aldırıw hám respublikada Xalıq aralıq turizmdi rawajlandırıw haqqında”ǵı pármanı mámleketimizde turizmdi rawajlandıriwda dáslepki qádemlerden biri boldı.

Sonday-aq, turkiy tilles mámleketler baslıqlarınıń 1996-jıl oktyabr ayında Tashkent qalasında ótkerilgen IV ushırasıwında birinshi Prezidentimiz “Ullı jipek jolın tiklew, aǵartıwshı turizmdi rawajlandırıw, túrkiy tilles m’mleketlerdıń mádeniy miyrasın qayta tiklew, saqlaw hán turaqlı rawajlandırıw” baǵdarlamasın birgelikte islep shıǵıw, maqsetli sayaxat baǵdarların keńeytiw hám sayaxattıń tiyisli infrastrukturasın rawajlandırıw haqqında usınısların berdi[2]. Bulardan basqa 1998-jılı 15-aprelde qabıllanǵan “2005-jılǵa sheken bolǵan dáwirde Ózbekstanda turizmdi rawajlandırıw mámleketlik baǵdarlaması” haqqındaǵı Ministrler Kabinetiniń qararı hám de 1999-jılı 20-avgustta shıǵarǵan “Turizm haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikası nızamı turizmniń keleshektegi perspektivasın belgilewde úlken áhmiyetke iye boldı.

---

[1] Ахмедов Э. Ўзбекистон шаҳарлари мустақиллик йилларида. Тошкент: Ибн Сино, 2002. Б. 85-86.
[2] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқорарлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. Т.: Ўзбекистон, 1997. Б. 308-309.



Etnografiya páni hár túrli xalıqlardıń házirgi dáwirdegi turmısın úyreniwde sociologiya hám geografiyaǵa múrájáát etedi. Sonday-aq, arxeologiya, antropologiya, folklor, tiltanıw, psixologuya, paleografiya, numizmatika, Toponimika, din tariyxı menen tikkeley baylanıslı boladı. Sońǵı jıllarda salaǵa derek pánlerdiń jańa tarmaqları – etnosociologiya, etnopsixologiya, etnolingivistika, etnikalıq anrtopologiya, etnodemografiyalar payda boldı. Bulardan basqa, etnografiyalıq izertlewlerde jazba derekler, geografiyalıq hújjetler, materiallıq hám turmıslıq materiallardan da paydalanıladı.

Jer júzindegi ámelde bolǵan úsh-tórt mıńnan artıq millet, xalıq, elat hám qáwim etnoslarınıń kelip shıǵıwı, etnikalıq ulıwmalılıǵı hám ózine tán ózgesheliklerin úyreniw eń aktual máselelerden biri esaplanadı. jaslarımız óz xalqınıń ótmish tariyxı hám mádeniyatın jaqsı biliwleri shárt. Sebebi, usı arqalı olarda óz Watanı hám xalqına muhabbat, jáhán xalıqlarına qarata húrmet sezimi qáliplesedi.

Jáhándegi xalıqlar belgili bir aymaqlarda jaylasqan. Biraq tili yaki turmıslıq-mádeniy tárepten jaqınlıǵı menen ajıralıp turatuǵın ayırım elatlardıń óz ara aralasıwı processi udayı júz berip turǵan, etnikalıq tárepinen shegaralas xalıqlar arasında da, bul process , ásirese, kúshli bolǵan.

Adamlar qaysı urıw, qáwim, elat, xalıq, milletke tiyisli enkenligi menen de bir-birinen ádewir parıqlanadı. Adamlardıń eń ayyemgi birligi urıw (qáwim) bolıp tabıladı. Bunday birlik, tiykarınan, alǵashqı jámáát dáwirinde payda bolǵan. Urıwshılıq tuwǵan-tuwısqanlıqqa tiykarlanǵan bolıp, hár bir urıwdıń adamları bir-biri menen xojalıq hám jámiyetlik jaqtan óz ara baylanısqan. Barlıq urıw aǵzaları birgelikte miynet etedi. Olardıń jámiyetlik ómiri, turmısı hám qáliplesip baslaǵan óz mádeniyatı da bar.

Adamlardıń urıw (qáwim)ǵa qarata joqarı birligi – qáwimler bolıp tabıladı. bul birlik bir qansha urıwlardıń birlesiwinen payda boladı. Bul birliktiń tiykarı da álǵashqı dáwirge tán boladı.

Hár bir qáwim kem-kemnen óz tili yaki shebası, jasaw makanı menen bir-birinen parıqlanatuǵıb bolıp qalǵan. Hár qaysı qáwim mashqalaların arnawlı keńeste heshimin tapqan. Bul keńes qáwimge birlesken urıwlardıń baslıqlarınan ibarat bolıp, olardıń eń kekseleri qáwim keńesiniń baslıǵı etip saylanǵan. Eń akrual máseleler mine usı ulıwmaqáwim keńesinde óz sheshimlerin tapqan.

Adamlardıń qáwimnen keyingi birligi elat, xalıq bolıp, ol úlkemizde áyyemgi, yaǵniy antik dáwirde dúzile baslaǵan. Jerge menshiklik dáwiri kúsheygen. Hár bir elattıń óz atı, tili, mádeniyatı hám ózine tán ruwxıy ózgeshelikleri qáliplesedi. Ulıwma birden-bir ana jer, jurt payda boladı, belgili bir ekonomikalıq baylanıs, qatnaslardıń birligi payda boladı. Ekonomikalıq hám aymaqlıq miynettiń bólistirliwi júzege kele baslaydı. Elatlar birlesip, milletler quraladı.

Etnografiya urıw, qáwim, elat (xalıq), milletti bir atama etnos – atı menen júritiw qabıl etilgen. Demek, házir jáhán xalqı óz jámiyetlik-ekonomikalıq hám siyasiy kelip shıǵıwına qarap hár túrli etnoslar (urıw, qáwim, elat (xalıq), millet) tan ibarat.

Házirgi dáwirde bir neshe elat yaki xalıqtıń jaqınlasıwı hám uyımlasıwı nátiyjesinde payda bolǵan etnikalıq birlikler (amerika, afrika xalıqları) makroetnoslar delinedi. Jergilikli xalıq yaki millettiń ishinde geyrapa ózgeshelikleri (dialekti, materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı, diniy elesletiwleri) menen ajıralıp turǵan mayda etnografiyalıq toparlar bolsa mikroetnoslar delinedi. Geypara xalıqlar diniy isemini tiykarında ózine tán mikroetnoslar hám makroetnoslardıń birligi menen de parıqlanadı. Máselen, pútkil Qubla Aziya xalıqları feodal dáwirinde payda bolǵan induizm átirapındaǵı hár túrli tildegi xalıqlardı birlestirgen makroetnoslar bolsa, Fillipin xalqınıń bir bólegi islam dinine iseniwshi maro dep atalıwshi elat bolıp tabıladı. Irandaǵı gerblar (zaroastrizm) táreptarları yaki Qıtaydaǵı musılman (ungan) lar mikroetnos sıpatında arnawlı etnogtafiyalıq toparlardı dúzedi.



Pútkil jáhánde tez pátler menen rawajlanıp atırǵan turizm jaqın keleshekte kórsetiletuǵın xızmet salalarınıń arasında eń aldıńǵı orınǵa shıǵıp alıwı múmkin. Házirdiń ózinde jáhán kóleminde sonday mámleketler bar bolıp, olar tiykarınan turizmniń rawajlanıwı esabınan jasaydı, rawajlanadı, bayıp baradı. Ayırım mámleketlerde turizmniń rawajlanıwınan túsetuǵın dáramat mámleket milliy dáramatınıń derlik yarımın quraydı. Turizmnen túsken dáramat esabınan Andorra, Lixenshteyn, Monako, San-Marinoday kishkene mámleketler ózin zárúr jasaw inamları menen támiynlep ǵana qalmastan, al baylıǵın kóbeytedi. Bunday mámleketlerde turizm ekonomikanıń tiykarı esaplanıp, milliy dáramattıń 20% nen 50% ne shekemin beredi

Xalıq aralıq turizmdi rawajlandırıw boyınsha Avstriya, Shvecariya, Skandinaviya mámleketleri úlken tájriybege iye. Keyingi jıllrda bul áhmiyetli salada Qıtay, Malayziya, Izrayl, Turkiyaday mámleketler de úlken islerdi ámelge asırmaqta.

Ózbekstan  turizm salasın hár tárepleme rawajlandırıw ushın bir qatar imkaniyatlarǵa iye bolıp, óziniń qolaylı geografiyalıq ornı, jánnettegidey tábiyiy sharayatı sebepli jáhán mádeniyatında ózine tán orın iyeleydi hám de siyrek arxitexturalıq estelikleri menen bir qatar mámleketler menen bellese aladı. Shiyrin-sheker shiyki miyweleri, qawın-ǵarbızları, hár-túrli ózine tán milliy taǵamları hám oǵada gózzal dástúrleri, úrp-ádetleri, ashıq júz hám miymandos xalqı menen pútkil dúnya xalqınıń itibarın ózine qaratpaqta.

Ózbekstan  xalıq aralıq turizmniń rawajlanıwı haqqında Aziya boyınsha jáhán turizmi shólkeminiń aymaqlıq wákili Xarish Varmannıń tómendegi sózlerin esletip ótiw orınlı boladı. “Tashkent, ulıwma Ózbekstan , deydi ol, - mende úlken tásir qaldırdı. Ózbekstan  hám onıń áyyemgi qalaları turizmdi rawajlandırıw ushın úlken imkaniyatlarǵa iye ekenligi kózge taslanadı. Xalıqtıń bay mádeniyatı, kóp ásirlik tariyxı, arxeologiyalıq obyektleri, arxitektura estelikleri, zawıqlı tábiyat hám eń áhmiyetlisi – ıssı, doslıq miymandarshılıq

Jáhán ekonomikasında xalıq aralıq turizmniń roli ham áhmiyeti jıldan-jılǵa artıp barıp, ol jáhándegi eń kóp daramat keltiretuǵın tiykarǵı salalardıń birine aylanıp barmaqta.

Sóńǵı jıllarda globallasıw hám xalıq aralıq integraciya processleriniń tereńlesiwi turizmniń rawajlanıwına unamlı tásir kórsetpekte. XX ásirdiń sońǵı shereginde jáhán ekonomikası hám xalıq aralıq ekonomikalıq qatnaslarda júz bergen túpkilikli ózgerislerdiń nátiyjesinde mámleketlerdiń ortasındaǵı sawda-ekoninomikalıq, ilimiy-texnikalıq hám mádeniy baylanıslar sezilerli dárejede jedellesti. Jáhánniń hár túrli mámleketlerinde ekonomikalıq rawajlanıwdıń jetilisiwi adamlardıń hár túrli maqsetlerde bir mámleketten ekinshisine qatnap turıw kóleminiń keńeyiwin talap etedi. Al bul bolsa turizmdi milliy ekonomikanıń eń keleshegi bar tarmaqlarınan birine aylandırmaqta.

Pútkil jáhan turistlik shólkemi (PTSH) maǵlıwmatları boyınsha házirgi waqıtta jáhán jalpı milliy ónimininń 11 % i, investiciyalardıń 10 %i, jáhán tutınıw óniminiń 11% i, salıq túsimleriniń 5% i turizm salasına tuwrı keledi[1]. XX ásir 90-jıllarınıń baslarınan házirgi waqıtqa shekem salaǵa kiritilgen investiciyalardıń ortasha jıllıq ósiw páti 30% ti quradı hám 16 jumıs ornınan biri turizm tarmagınıń úlesine tuwrı keledi. **Jáhan eksportında turizm neft hám neft ónimleri hám avtomobiller eksportınan keyin úshinshi orındı iyeleydi**[2].

Turizmniń rawajlanıwı ushın jumsalatuǵın sarp-qárejetler basqa salalarǵa jumsalatuǵın sarp-qárejetlerge qaraǵanda ózin tezirek aqlaydı. Sonıń menen birge turizm ekonomikanıń ózine tán tarmaǵı yaki dáramat deregi ǵana bolmastan, al mámleketlerdiń arasındaǵı sırtqı siyasiy baylanıslardı hár tárepleme rawajlandırıw, doslıq qatnaslardı jaqsılaw, hár túrli mámleketler hám xalıqlardıń mádeniyatı, kórkem óneri, dástúrli úrp-ádetleri menen jaqınnan tanısiw imkaniyatın beredi.

[1] Пузакова Е.П. Международный туристический бизнес. Москва: ПРИОР, 2001. С. 3.
[2] Балабанов И.Т., Балабанов А.И. Экономика туризма. Москва: Финансы и статистики. 2000. С. 3.



Etnoggafiyada jáhán xalıqları tómendegishe sıpalanadı”

1. Etnografiyalıq.
2. Antropologiyalıq.
3. Lingivistikalıq (til boyınsha).
4. Diniy.
5. Xojalıq mádeniy tipler yaki tariyxıy-mádeniy walayatlar.

Geografiyalıq jaqtan sıpatlaw qaǵıydası jáhándegi xalıqlardı óziniń aymaqlıq jaylasıwı, ayırım toparlardıń jasaw orınlarına qarap belgilenedi. Etnografiyada házir tómendegi geografiyalıq sıpatlaw múmkin:

1. Avstraliya hám Okeaniya xalıqları.
2. Amerika xalıqları.
3. Afrika xalıqları.
4. Aziya xalıqları.
5. Evropa xaliqları.

Geypara elatlar tariyxıy-geografiyalıq elatlarǵa qarata “Kavkaz xalıqları” yaki “Oraylıq Aziya xalıqları” dep júritiledi hám parıqlanadı. Lekin geografiyalıq sıpatlaw tek aymaqtaǵı xalıqlar menen ǵana shegaralanıp qalǵan xaliqlardıń, ayırım etnikalıq toparlardıń tolıq kelip shıǵıwı, kelbetin biliwge imkan bermeydi.

Rasa – adamlardıń kelip shıǵıwı, gewdesiniń dúzilisi hám kelbeti uqsas bolǵan tariyxıy jaqtan shólkemlesken aymaqlıq belgileri bolıp tabıladı. Francuz alımı F.Berne 1675-jılı “rasa” túsinigin adamga qarata berinshi ret qollanǵan. 1735-jılı shved tábiyattaniwshısı K.Linney adamnıń sırtqı fizikalıq parıqları tiykarında insanniń rasaların sıpatlaǵan.

Áyyemgi xalıqlar denesiniń terisi, shashınıń reńi, betiniń dúzilisi, bas súeginiń forması, murın, yeriniń dúzilisi, kózleriniń reńi, keńligi yaki qısqalıǵı, yekeklerdiń beti hám denesinde túktiń barı-joqlıǵı, qan gruppası hám

basqa táreplerine qarap bir-birinen keskin parıqlanǵan. Sol sebepli de ilimpánniń sońǵı tabıslarına tiykarlanıp xalıqlar úsh iri rasaǵa bólinedi:

1. Evropoid (Evroaziya) rasası. Bul rasaǵa derek adamlar dene terisi aq yaki qarashadan kelgen, shashaları tuwrı yaki buyra, tolqın tárizli, yerkeklerdiń beti hám bedeninde túkleriniń kópligi, murınları kishi, tar, yerinleri juqa, orta boyli hám basqa bir qatar ózine tán rasalıq belgilri menen ajıralıp turadı. Eyropoid rasasındaǵı adamlar dúnya xalqınıń kópshiligin qurap, olar tiykarınan Arqa hám Qubla Evropada, Arqa Hindstanda, Latın Amerikasında jasaydı.

2. Monǵoloid (Aziya, Amerika) rasası. Bul rasaǵa derek adamlardıń denesi sarı yaki aq qońır (biyday reń), shashlari tuwrı, qattı, beti hám bedeninde túgi az, kózleri qısıq, bet súyegi (qabaǵı) bórtip shıqqan. Olar Arqa hám Shıǵıs Aziyada, Arqa hám Qubla Amerikada jasaydı.

3. Negriod (afrikan) rasasına negrler, bushmenler, gontentotlar, negroid hám evropoid aralaspasınan payda bolǵan epiof tipi, sudanlıqlar, mulatlar kiredi.

Etnoslardıń qáliplesiwinde hám olardıń parıqlanıwında til tiykarǵı rol oynaydı. Til birligine qarap ayırım xalıq hám elatlar anıqlanadı, kóbinese, til tiykarında at beriledi. Lingvistik sıpatlaw tariyxıy-siyasiy úyreniw arqalı anıqlanadı. Ádette kelip shıǵıwı birdey bolǵan xalıqlardıń tilleri jaqın boladı.

Jáhándegi tiller óziniń genesologiyalıq (kelip shıǵıwı) hám morfologiyalıq (sóz dúzilisi) jaqınlıǵına qarap tómendegi iri toparlarǵa bólinedi:

1. Hind – Evropa toparı (buǵan Evropanıń ádewir bólegi, Arqa hám Qubla Amerika, Arqa Hindstan, Iran xalıqları kiredi).

2. Altay toparı (túrk, monǵol, tungus-manjur toparları).

3. Qıtay-Tibet toparı (Shıǵıs hám Qubla-Shıǵıs Aziya xalıqları).

4. Malayya – Polineziya toparı (Tınısh hám Hind okeanı atawlarında jasaytıǵın xalıqlar).

5. Dravid toparı (Qubla Hindstan xalıqları).



integraciyalasıw, Ózbekstannıń mádeniy-tariyxıy hám ruwxıy miyrasın jáhán sherikligne úgitlew hám de sayaxatshılarǵa xızmet kórsetiwdiń sapasın jáhán úlgileri dárejesine jetkeriwge qaratılǵan is ilajlardı óz ishine aladı. Bul nızamlı hújjetler Respublikada turizm salası hám onıń infrastrukturasın rawajlandırıw boyınsha kóplegen is ijajlar menen birge bir qatar mashqalalardıń sheshimlerin de kózde tutadı. Turizm salasınıń básekige shıdamlılıǵın arttırıwdı támiynleytuǵın shárt-sharayatlardı jaratıwda mámlekettiń rolin arttırıw, turizmniń rawajlanıwınıń jáhán ámeliyatında jámlengen aldıńǵı tájiriybesin, usılları hám qurallarıń milliy ekonomikamızǵa engiziw usılardan esaplanadı.

Házirgi dáwirde respublikamızda milliy turizmniń úzliksiz rawajlanıw mashqalalarınıń sheshimin tabıwdıń teoriyalıq, metodikalıq hám ámeliy úyreniwlerdi islep shıǵıw, turistlik ónimlerdiń bazarın qáliplestiriw, usı salanıń iskerligin tártipke salıwdıń ekonomikalıq usılların hám onı basqarıwdıń shólkemlesiw strukturaların, turizmdi rawajlandırıwdıń ekonomikalıq mexanizmin jetilistiriw áyırıqsha áhmiyetke iye boladı.

Xalıq aralıq turizmniń insanlardıń úlkeler menen tanısıw, zawıqlanıw, dem alıw, bos waqtın kewilli ótkeriw, den sawlıǵın tiklew, dúnya sport jarıslarına qatnasıw, ruwxıy dúnyasın bayıtıwday úrp-ádet hám turmıs qálpin biliw ushın umtılıwda ayrıqsha orın iyeleydi. Ótmishke názer salatuǵın bolsaq, adamzat hár dayım makanda óziniń háreket sheńberin ózgertip, jańa-jańa jerlerdi ashqan, turmıs qálpin bayıtqan hám jámiyetlik qatnaslardıń jáne de rawajlanıwı, jetiklesiwi ushın umtılǵan. Al bul bolsa shaxstıń qáliplesiwi hám jetik bolıwına unamlı tásir kórsetip, bunda turizm, ásirese onıń xalıq aralıq baǵdarı sheshiwshi áhmiyetke iye bolǵan. Xalıq aralıq turizm júdá kóp qırlı bolıp, onıń quramlıq bólimleri bolǵan miymanxana, awqatlanıw, transport, sawda, dem alıw hám seyil etiw orınları hám basqa kóplegen salalar, processler bir-biri menen tıǵız baylanısadı hám háreketke keledi.

sayaxatshılardı qabıllawǵa imkaniyat beredi"[1] - dep aytıp ótkeń edi. Turizmniń tiykarın siyrek táriyxıy shart-sharayatlar, áyyemnen Orta Aziyada jasap ótkeń xalıqlardıń oyanıw dáwirinen baslap mádeniy hám etnikalıq miyrasın dúziwshi kóp sanlı tariyxıy-atxitekturalıq estelikler, kurortlar, dem alıq úyleri, seyil-sayaxat obyektleri, milliy baǵ hám qorıqxanalardıń zamanagóy shaqapshaları shólkemlestirildi. Sonıń menen bir waqıtta respublikada turizmniń házirgi rawajlanıw dáwirindegi dárejesi onıń ámeldegi potenciyalınan nátiyjeli paydalanıw imkaniyatın bermeydi.

Ózbekstan óziniń turistlik imkaniyatları boyınsha Oraylıq Aziyada 1-orında, al dúnya boyınsha bolsa 10-15 –orında turadı.

Xalıq aralıq hám "Ózbekturizm" Milliy kompaniyası ekspertleriniń bahalawı boyınsha búgingi kúnde mámleketimizdiń óz turistlik potenciyalınıń tek 12-15 % in ǵana paydalanıp kelmekte.

Joqarıdaǵılardı esapqa alıp, Respublikamızdıń birinshi Prezidenti I.A.Karimov turizm salasın rawajlandırıw hám onıń imkaniyatlarınan nátiyjeli paydalanıw aktual wazıypalardan biri ekenligin ayrıqsha aytıp wótedi. "Turizm ápiwayı etip aytqanda dúnyanı túsinip, dúnyanı ańlaw, sonıń menen birge dúnya saxnasına shıǵıw degeni boladı… Tashkent, Samarqand, Buxara hám Xiywaday qalalarımızdıń 2500-3000 jıllıq tariyxı bar. Bul júdá úlken ruwxıy baylıq. Onı sayaxattı rawajlandırıw jolı menen materiallıq baylıqlarǵa aylandırıw múmkin"[2]. Rawajlanǵan mámleketlerde turizmnen alınatuǵın valyuta túsimleri pútkil eksport kóleminiń 10-35 % in quraydı. Turizm salası ushın jedel rawajlanıw tán bolıp, bir qatar mámleketlerde jıllıq ósiw pátleriniń joqarı (24% ke shekem) bolıwı menen sıpatlanadı.

Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidentiniń sońǵı jıllarda turizmge tiyisli jáiyalanǵan pármanları hám Ministrler Kabinetiniń qararları milletler aralıq baylanıslardı keńeytiw hám bekkemlew, xalıq aralıq turistlik bazarǵa

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т., 1998. Б. 252.
[2] Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлида. Т.4. Тошкент: Ўзбекистон, 1996. Б. 282-283.



6. Semit – Xamit (soixom) toparı (Qubla – Batıs Aziya, Arqa Afrika xalıqları).

7. Monkxmer toparı (Hindi – Qıtay xalıqları).

8. Bantu toparı (Qubla Afrikanıń otırıqshı xalıqları)

9. Ural toparı (Evropanıń geypara mámleketleri, Rossiyanıń Evropa bólegi, Sibirdiń ayırım rayonlarındaǵı xalıqlar).

10. Kavkaz toparı (Kavkaz artında jasawshı xalıqlar).

Hár bir úlken til toparı óz náwbetinde ayırım til toparlarına hám shaqapshalarına bólinedi. Máseleln, Alay til toparına tiyisli túrkiy tiller toparı ózbek, qazaq, ajerbayjan sıyaqlı tillerinen ibarat.

Jer júzinde jasaqshı xalıqlar ózleriniń uzaq dáwir ishinde qáliplesip kelgen ulıwma turmıs qálpi, xojalıq-mádeniy ózgesheliklerinıń tariyxıy birligi hám óz ara baylanıslıǵı, birdey jámiyetlik rawajlanıw hám ulıwma yaki jaqın tábiyiy geografiyalıq ortalıq tiykarında ayırım shaqaplarǵa bólinedi. Bunday parıqlanıw etnografiya páninde xojalıq-mádeniy altın sipatlama delinedi.

Eń dáslepki alǵashqı dáwirde payda bolǵan, biraq kóp kontinentlerdiń ıssı tropikalıq hám subtropikalıq ıqlımlı úlkelerde tarqalǵan. Oraylıq Afrikadaǵı pigmeyler, Shri Lankadaǵı beddalar, Hindstannıń ayırım mayda etnikalıq toparları, Qubla Amerika wormanzatlarında jasawshı geypara qáwimler ańshılıq hám jıyın-terim xojalıq-mádeniy tiplerdi quraydı.

Xalıqlardıń materiallıq mádeniyatı (úy-jay, baylanıs quralları, úy ruzıgershilik buyımları, kiyim bezekleri) tolıq emes ruwxıy mádeniyattıń (dini, úrp-ádetleri, xalıq dóretiwshilikgi úlgileri) jaqınlıǵı hám ulıwmalıǵına qarata olar tariyxıy-etnografiyalıq walayatlarǵa da bólinedi. Máselen, Volga, Kamaboyı, Orta Aziya xalıqları hár túrli tillerde sóylese de, óz ara materiallıq hám ruwxıy mádeniyattıńjaqınlıǵı yaki birdeyligi sebepli ayırım tariyxıy-etnografiyalıq walayatlar birliginen ibarat.

Ózbekstannıń Ferǵana, Zarafshan oypatları, qubla walayatlar (Qashqadárya, Surxandárya) da ayırım tariyxıy etnografiyalıq aymaq bolıp tabıladı. Xalıqlardıń uzaq tariyxıy dáwirdiń ishinde belgili bir tábiyiy-geografiyalıq hám jámiyetlik-ekonomikalıq sharayat tiykarında qáliplesip kelgen ózgeshelikleri xozalıq-mádeniy tiller sıpatlamasında óz kórinisin tapqan.

"Ózbek" etnoniminiń kelip shıǵıwı Dashti qıpshaqda dúzilgen Aq Worda hám Shayban ulısında , yaǵnıy Sırdárya, Aral teńizi hám Volga boylarınıń aralıǵında keń aymaqta kóship júrgen, XVI ásirden baslap ózbekler dep atalatılıp kelgen túrk-monǵol qáwimleri menen baylanıslı. Bul qáwimler XV ásir dawamında oǵada zor áskeriy-siyasiy kúshke iye bolǵan mámleket dúzilip, XVI ásirdiń baslarınan Muhammed Shaybaniyxan basshılıǵında Orta Aziyaǵa, sonıń ishinde Ózbekstan aymaǵına bastırıp kiredi hám ornalasa baslaydı. Ayırım izertlewshiler ózbek xalqınıń kelip shıǵıwınıń tariyxın usı basip' aliwshılıq dáwiri menen baylanıstırıp, ózbek xalqınıń qáliplesiwi XV-XVI ásirden baslanadı, degen derlik nadurıs pikirde bolıp kelgen edi. Iri alımlar, olardan S.P.Tolstov, A.Yu.Yakubovskiy, Ya.Ǵulomov, A.Asqarov, B.Ahmedov, I.Jabbarov hám basqalar ózbek xalqınıń baslanǵısh yadrosi Orta Aziyada áyyemgi dáwirde jasaǵan áyyemgi suǵdiyler, xorazmiyler, sak qáwimleri hám urıw-aymaqshılıqtan otırıqshi diyxanshılıqqa ótip sart atın alǵan, túrkiy tilde sóylewshi chigil, qarluq, yaǵmo, yuxsi, arǵuday rodlardan ibarat ekenligin, ózbek elatınıń qáliplesiwi tiykarınan XI-XII ásirlerde tamamlańanlıǵın hám XVI ásirdın baslarında payda bolǵanıń kóshpeli Shaybaniy ózbekleri ózbek xalıqlarınıń áyyemgi yadrosına aralasıp ketip, oǵan tek óziniń atın bergenligi tiykarlı dáliyller menen dálillep berilgen.

Orta Aziya, sonıń ishinde, Ózbekstan aymaǵında Rossiya Ilimler akademiyasınıń hám Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń kóp jıllıq nátiyjeli isleriniń aqıbetinde ózbeklerdiń áwlad-babaları áyyemnen otırıwshı turmıs



(1998). Mámlekette iskerlik korsetip atırǵan "Sayram turizm", "Dolerws tur", "Otel Prient star", "Sitora interneyshnl", "Maverennaxr" day hár túrli tiptegi turistlik shólkemleri XTTA nıń shólkemlestiriwshileri boldı. Ózbekstan hám shet eldegi shólkemler menen birge islesip atırǵan XTTA nıń házirgi kúnde 50 den artıq aǵzası bar (2006). XTTA aǵzalarına turistlik iskerlik kórsetiw licenziyasın uzaytıw, sayaxatshılardı miymanxanalarǵa jaylastırıw, temir jol hám hawa jollarında alıp júriwlerine jeńillikler belgilengen.

Turizm salasındaǵı qatnaslardı huqıqıy jaqtan tártipke salıw, turistlik iskerlik penen shuǵıllanıwshı subyektler ham sayaxatshılardıń huqıqları hám de nızamlı mápleirin qorǵaw maqsetinde Ózbekstan Respublikası "Turizm haqqında"ǵı nizamı qabıllandı (1999). Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Turizm iskerligin licenziyalaw haqqındaǵı Nızamdı tastıyıqlaw haqqında"ǵı (2003-jılı 11-noyabr) qararı turizim menen shuǵıllanıwdı qálegen subyektlerge qolaylıq jarattı. 2006-jılda mámlekette 326 jeke turistlik shólkem iskerlik kórsetti.

**Ózbekstanda xalıq aralıq turizm.** Ózbekstanda xalıq aralıq turizm ushın sharayatlar. Bazar qatnaslarına ótiw dáwirinde respublikada júz berip atırǵan tereń siyasiy hám jámiyetlik-ekonomikalıq ózgerisler milliy ekonomikanıń áhmiyetli hám keleshegi bar salalarınan biri bolǵan turizm iskerliginde de óz kórinisin tappaqta.

Ózbekstan xalıq aralıq turizmdi rawajlandırıwda óziniń mártebesine hám joqarı basekilesligin támiyinlewde salıstırmalı ústinlikke iye bolǵan mámleketlerdiń qatarına kiredi. Mámleketimizdiń birinshi Prezidenti I.A.Karimov "Ózbekstan seyil-sayaxatlardı rawajlandırıw ushın ájayıp imkaniyatlarǵa iye bolıp tabıladı. Samarqand, Buxara, Xiywaday ózbek qalaları pútkil dúnyaǵa tanılǵan. Respublika aymaǵında tórt mıńnan kóbirek arxitekruralıq estelikleri bar… Tábiyat-ıqlım sharayatları qısı-jazı

mıń shet ellik turist sayaxatqa keldi. Ózbekstan puqaralarınan 380,9 mıń adam shet elge turistlik sayaxatqa shıqtı. Sonday-aq, mámlekettiń ishki turizminen 334,1 mıń adam paydalandı.

Mámlekette "Ózbekturizm" milliy kompaniyası qáwenderliginde rus hám ingliz tillerinde "Turizm Uzbekistana" (Tourism of Uzbekistan) jurnalı basıp shıǵarıldı hám kompaniya óziniń www.Uzbektourism.uz veb saytına iye.

**Qısqı turistlik zona.** Mámlekettegi qolaylı qısqı turistlik zona Tashkentten 80 km arqa-shıǵısta, Chatqal taw dizbekleriniń jan bawırlarında jaylasqan. XX ásirdiń 70-jıllarında bul makanda qurılıs hám tegislew isleri alıp barıldı. Házirgi kúnde bul zonada bir-birine jaqın "Chimgan sanatoriyası" (te'ńiz qáddinen 1500 m biyiklikte) "Charbaq sanatoriyası" (teńiz qádinen 890 m biyiklikte) salamatlıq orayları hám taw shańǵı sport orayı bolıp, dem alıwshılardıń dekabr-aprel aylarında qısqı sport túrleri menen shuǵıllanıp, qıstıń kórinisinen miyirin qandırıp den sawlıqların tiklewi ushın sharayat jaratılǵan. Xızmet kórsetiw shaqapshalarında hár túrli markadaǵı shańǵı, shana sıyaqli ushıw quralları ijaraǵa beriledi. Bunday qurallarda ushıw ushın teńiz qáddinen 1500-4100 m biyiklikte, uzınlıǵı – 300, 500, 800, 1500 hám 3000 m, qiyalıǵı 25-52$^{o}$ bolǵan hár túrli tiptegi trassalar qurılǵan. Dem alıwshılar biyiklikke kanat jol, bugel kótergish, jáne de biyigirekke vertolyotlardıń járdeminde shıgıwları múmkin. Makanda 700 den artıq orınǵa iye miymanxana hám kottedjlar, 100 adamǵa mólsherlengen restoran, kafeler, diskoteka, sport zalları, sawna hám basqa xızmet kórsetiw shaqapshaları bar.

**Jeke turizm**. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Sayaxat shólkemleriniń iskerligin jetilistiriw haqqında"ǵı qarari (1998-jıl 8-avgust) mámlekette turizm isin jáne de jetilistiriw , kishi hám orta turistlik shólkemlerdiń xızmet kórsetiw bazarın jadellestiriw hám de shet el investiciyaların turizm salasına tartıwdı jedellestiriwge qaratıldı. Usı qarardıń tiykarında Tashkentte "Jeke turistlik shólkemler associyaciyası" (XTTA) dúzildi



keshirgeni, iri suwǵarıw qurılıslarına tiykarlanǵan diyxanshılıq, ózine tán ayırım mádeniyatqa iye boolǵanlıǵı dálillendi. Bul halat geypara izertlewshilerdiń Orta Aziya xalıqları misli bir tariyxıy xalıq emes, olardıń mádeniyatı Iran hám basqa mámleketlerdiń mádeniyatına ǵarezli, bul úlkede ótmishte tek kóshpeli, jabayı qáwimler jasaǵan, degen hár túrli dawaların pash ettı hám pushqa shıgardı. Sebebi, rasalıq "teoriya"nı úgitlewshi bazı bir alımlardıń uzaq ata-babaları alǵashqı mádeniyatqa endi erisip úlgergen bir payıtta áyyemgi Xorezmde Chirikpabat, Bobishmolla, Qoyqırılǵanqala, Topıraq qaladay esteliklerden qazıp tabılǵan ájayıp arxitekturalıq, kórkem óner hám de jazıwdıń dúrdanaları, Balaliqtepa hám Panjikent, Afpasiyabta oylap tabılǵan hár túrli máresimlerdi súweretlegen reń-báreń súwretler, Varaxshanıń gózzal gansh haykel hám bezekleri, pútkil áyyemgi dáwir ishinde qurılǵan salabatlı qala hám qorǵanlar, iri suwǵarıw qurılısları ózbek hám basqa Orta Aziya xalıqlarınıń uzaq ótmishte ózine tán ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwına iye bolǵanlıǵın ayqın kórsetip turıptı.

Ózbek xalqınıń etnogenezi hám etnikalıq tariyxı, xalıq, millet bolıp qáliplesiwin akademik Ahmadjan Asqarov óz isertlewlerinde anıq maǵlıwmatlar menen ilimiy jaqtan tyikarlap beredi[1]. Hár bir xalıqtıń etnogenezi hám etnikalıq tariyxınıń ajıralmas bir bólegi bolıp tabıladı. Sonday-aq, ózbek etnogenezi hám etnikalıq tariyxı da Ózbekstan xalıqları tariyxınıń quralıq bólegin quraydı. Etnologiya pánindegi ilimiy koncepciyaǵa muwapıq, hár bir xalıqtıń kelip shıǵıw tariyxı úsh basqıshtan ibarat bolatuǵını belgili. Birinshi basqıshta qońsılas, aymaqlıq jaqtan jaqın, hár túrli til hám shebalarda sóylewshi qáwim hám elatlardıń ekonomikalıq hám mádeniy baylanısları tuykarında etnomádeniy jaqınlasıw, aralasıw hám etnikalıq qarısiw, yaǵnıy etnogenetikalıq processler

---

[1] Асқаров А. Ўзбек халқининг этногенези ва этник тарихи. Т.: Университет, 2007. Б. 56-75.

bolıp wótedi. Bul hádiyse hár bir xalıq tariyxında júdá uzaq dawam etetuǵın obyektiv tariyxıy process bolıp, onıń juwmagı áyne alınǵan xalıqtıń qáliplisiwine alıp keledi, yaǵnıy, etnogenetikalıq processtiń juwmaǵında xalıq qáliplesedi. Xalıq tariyxınıń etnogenez bóimi, onıń elat, xalıq bolıp qáliplesiwine shekem bolǵan dáwirdi óz ishine aladı. Etnogenezdiń baslanǵısh noqatı, onıń negizi qáwimnen baslanadı. Etnogenez juwmaǵında etnosqa tán bolǵan barlıq belgiler, etnikalıq belgiler izbe-iz júzege shıǵıp, jámlesken boladı. Al etnikalıq belgilerdi bolsa aymaqlıq birlik, anrtopologiyalıq tip birligi, etnikalıq at, ózlikti ańlaw, til birligi hám siyasiy uyım birligi quraydı.

Ekinshi basqısh, bul elat – xalıqtıń tariyxı bolıp tabıladı. Yaǵnıy xalıqtıń entogenezi juwmaqlanǵannan keyin, onıń qáliplesken xalıq tariyxı baslanadı. Ózbekstan  xalqınıń mısalında bul etnogenetikalıq process XI ásirge shekem dawam etedi hám ol Batıs Qaraxaniyler mámleketi sheńberinde XI-XII ásirlerde óziniń aqırına jetedi. Bunnan soń ózbek xalqınıń etnikalıq tariyxı baslanadı. Etnikalıq tariyx ta uzaq dawam etetuǵın etnomádeniy process bolıp, ol XIX ásirge shekem dawam etedi. Bul process óziniń belgili bir noqatına jetkennen keyin, onıń millet bolıp qáliplesiw processi baslanadı.

Úshinshi basqısh, miller tariyxınıń basqıshi bolıp, bul noqattıń jámiyetlik turmısta kózge kóriniwi jámiyette kapitalistlik wónidiris qatnaslarınıń baslanıwı menen júz berip baslaydı. Ózbek xalqını'ń millet bolıp qáliplesiw processi XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarınan baslap, tap házirgi kúnge shekem qáliplesiw processi dawam etip kelmekte.

Professor A.Yu.Yakibovskiy 1941-jili Tashkentte baspadan shiǵarılǵan "Ózbek xalqınıń payda bolıwı haqqında" degen shıǵarmasında ózbek etnogenezi Túrk haqanlıǵınan baslanadı, degen edi. S.P.Tolstov bolsa, Xorezmde alıp barǵan keń kólemdegi arxeologiyalıq, antropologiyalıq hám etnografiyalıq materiallarınıń jazba Derek-maǵlıwmatlar menenn salıstırıp úyrenip, "Qańlı



fakulteti, "Iskra" (sóńınan "Spartak") sport jámiyeti qasında shólkemlestirilgen turizm sekciyası úlken iskerlik kórsetken. Qaladaǵı 6-, 21-, 30- hám basqa mekteptiń oqıwshıları ózleriniń geografiya hám dene tárbiya oqıtiwshilarıńıń járdeminde kóp kúnlik turistlik júrislerde balsendi qatnasqan.

Respublikada 1963-jılı 296 turistlik sekciya ámelde bar bolsa, 1984-jılı olardıń sanı 1000 ǵa jetti, turistlerdiń sanı bolsa 23,7 mıńnan 50 mıńǵ;a shekem arttı. Júrislerde qatnasıwshilardıń sanı 80 mıńnan 160 mıńǵa shekem kóbeydi. Burınǵı awqam dáwirinde turizm islerin Oraydan turıp basqarıw, ámelge asırıwdıń mazmun-mańızı keńeslerdiń mápleri, ideologiyasınıń jeteginde bolǵanlıǵın ayrıqsha aytıp ótiw tiyis. Ózbekstanda turistler kelip kóretuǵın kóplegen tariyxıy-mádeniy estelikler, meshit hám medreseler aytarlıqtay ónlaw islerin talap etip, unıraǵan ahwalda edi.

**Ǵárezsizlik hám turizm**. Ózbekstanda ǵárezsizlik ornawı menen turizm isleri keńnen jolǵa qoyıla basladı. Onıń milliy rawajlanıwımızǵa baǵdarlanǵan huqıqıy hám ekonomikalıq tiykarları jaratıldı.

Endi bolsa turizm xalıq mápi, keleshegi ushın xizmet etetuǵın keleshegi bar salaǵa aylandı. Ózbekstan  Respublikası birinshi Prezidentiniń 1992-jılı 27-iyuldaǵi pármanı menen turizm salasındaǵı respublikanıń birden-bir siyasatın ámelge asırıwshı mámleket organı – "Ózbekturizm" milliy kompaniyası dúzildi. Onıń quramına tarmaqqa baylanısı bar bolǵan mámleket hám jámiyetlik shólkemler kiritildi, aymaqlıq bólimleri shólkemlestirildi.

Jáhán Turizm Shólkemi Bas Assembleyasınıń Bali qalasında (Indoneziya) 1993-jılı bolıp ótkeń X sessiyasında "Ózbekturizm" milliy kompaniyası oǵan tolıq huqıqlı aǵzası etip qabıllandı.

Ózbekstanda turistlik iskerlik penen shuǵıllanıwshı 408 firma hám kárxana bar. 14 mıńnan artıq orınǵa iye bolǵan 168 miymanxana (2006) iskerlik kórsetedi (2006-jıl). Respublikaǵa 2005-jılı dúnyanıń 117 mámleketinen 241,9

ayırım sport túri sıpatında kiritildi. Bunnan keyin turizm boyınsha sport masterleri hám masterlikke kandidatlar payda bola basladı.

50-jıllardıń aqırı – 60-jıllarda Putkil awqam háwesker “Spartak” sport jámiyeti hám onıń tómengi organlarında turizm isiniń janlandırılǵanın ayrıqsha aytıp ótiw kerek. Óndiris kárxanaları, sawda sistemaları, orta arnawlı oqıw orınlarında ǵalabalıq turistlik júrisler, slyotlar ótkeriw dástúrge aylandı. Tómengi jámáátlerdegi belsendi, tájiriybeli turistler Pútkil awqam turistler slyotına qatnasa basladı. 1963-jıldıń avgustında Issıkól hám Alma-atanıń qasında “Spartak” sport jámiyetiniń III Pútkil awqam turistler slyotı ótkerildi. Bul slyotqa Ózbekstan  saylandı komandasınan Tashkent hám Samarqand turistleri qatnastı. Olardıń arasında ózbek turisti R.Abdumalikov te bar edi.

Turizminiń barlıq túrleri boyınsha úgit-násiyat islerin alıp barıw, tariyxıy, mádeniy hám dem alıw orınları menen adamlardı tanıstırıwda “Turist” jurnalı (ol 1966-jıldan baslap shıǵa baslaǵan) iskerlik alıp bardı. Bunan basqa, turizmi haqqında júdá kóplegen ádebiyatlar, metodikalıq qollanbalar, maǵlıwmatnamalar da baspadan shıǵarıldı. 1960-1976-jıllarda Ózbekstannıń barlıq walayatları boyınsha turistlik marshrutlar, sayaxat jolları hám qollanbalar tayarlanǵan, piyada jú’riw, taw turizmine tiyisli ádebiyatlar jaratıldı. Sebebi, V.Racektiń “Chimgan”, “Orta Aziya jolları boylap”, A.Kolbinceptiń “Ózbekstan jolları boylap”,”Ferǵana oypatı boylap syaxat”, R.Abdumalikovtıń “Sayaxat betleri” hám basqalarr usılardıń qatarına kiredi.

1951-1960-jıllar dawamında Samarqand qalası hám walayat turizmi bir qansha rawajlanǵan. Hátteki turizm hám ekskursiya boyınsha universitet shólkemlestirilgen bolıp, ondá tek úlkeni gána úyreniw emes, al piyada júriw, taw turizmi boyınsha da shınıǵıwlar ótkerip turılǵan. Bul universitette tiykarınan turizm kadrlari – úlkeni úyreniw boyınsha instruktorlar, jámáátshi turistlik-belsendiler tayarlanǵan. Bunda Alisher Nawayı atındaǵı Ózbekstan Mámleketlik universitetiniń (házirgi Mámleketlik universiteti) geografiya



mámleketiniń quramında hám ol iyelep turǵan aymaqlarda ózbek xalqınıń eń dáslepki ata-babaları jasaǵan, bulardıń etnikalıq quramı hám tili bir túrli bolmaǵan”, degen ideyanı maydanǵa alıp shıǵadı. K.Shaniyazov bolsa, “Qańlı mámleketi hám qańlılar” hám de “Ózbek xalqınıń qáliplesiw processi” degen miynetlerinde mine usı udeyanı qatań jaqlap shıqtı. Ol Qańlı mámleketiniń ishinde b.e.sh. II – ásirimizdiń I ásirler dawamında derlik jańa, túrkiy tilles xalıq – qańǵar elatı payda boladı. Bul elat iraniy tilles xalıqlar menen túrkiy tilli qáwimlerdiń aralasıp, qarısıp barıwı nátiyjesinde dúzildi, degen juwmaqqa keledi.

Akademik A.Asqarov bul sáneni jáne de áyyemlestirip, onı sońǵı bronza dáwiri menen belgileydi. Alımnıń pikiri boyınsha, ózbeklerdiń eki tilde sóylesiwshi etnikalıq qatlamlardıń (suǵdiy hám túrkiy) qarısıwı nátiyjesinde payda bolǵanlıǵı hám olardıń eń dáslepki aralasa baslaw noqatı sońǵi bronza dáwirinde júz bergenligi aytıladı[1].

Etnikalıq process degen ne? Etnikalıq process dep etnikalıq birliklerdiń quramına kirgen, etnikalıq toparlar ortasındaǵı etnikalıq, ekonomikalıq-xojalıq hám mádeniy baylanıslardıń úzliksiz rawajlanıp barıwına aytıladı.

Ózbek xalqı etnogenetikalıq proceslериniń jedel keshken waqtı b.e.sh. III - ásirimizdiń V ásirleri dawamında Qańlı mámlektiniń sheńberinde juz berdi. Bul dáwirde hár túrli tilles etnikalıq toparlardıń bir-birine jaqınlasıwı, qosılısıw processleri jedel túrde ótkeń. Etnikalıq toparlardıń sırtqı kelbeti, tili, materiallıq hám ruwxıy mádeniyatında jaqınlasıw, minez-qulqında ulıwmalıq payda boldı. B.e.sh. II – ásirimiz I-II ásirlerinde Tańritaw arqa-shıǵıs aymaqlarında usunlardıń úlken topari, Qıtaydıń arqa-batıs zonalarında hám Qubla Sibirde jasaǵan xu, di, dinlin, tele hám basqa túrkiy tilles kóshpeli etnoslardıń úlken toparı Qańlı mámleketiniń aymaǵına kelip ornalastı. Mine usı dáwirde júz

[1] Асқаров А. Ўзбек халқининг этногенези ва этник тарихи. Т.: Университет, 2007. Б. 60-61.

bergen etnogenetikalıq processler, yaǵnıy Mavarounnaxr hám oǵan tutas aymaqlarda olardıń suǵdiyler, xorezmliler, baqtriyler, Ferǵana hám Shıgıstıń otırıqshı xalqı menen qarısıwı nátiyjesinde túrkiy tilles qanǵar elatı qáliplesedi. Bul etnos ózbek elatınıń qáliplesiwine tiykar salǵan eń áyyemgi iri túrkiy qatlamdı dúzgen.

Úlkemizde arablar basıp alıwınıń qarsańına tiyisli bolǵan bay estelikler, hár túrli haykel hám diywalǵa sızılǵan súwretler, oymashılıq bezewleri ájayıp kórkem óner dúrdanaları gána bolıp qalmastan, sol dáwirde jasaǵan xalıqtıń xojalıq iskerligi, etnikalıq dúzilisi, materiallıq hám turmıslıq ómiri, úrp-ádetlerin úyreniwde áhmiyetli hám birinshi dárejeli derek bolıp xızmet atqaradı.

Arablar basıp alıwınan keyingi ásirlerge tiyisli etnografiyalıq mágluwmatlar jergilikli hám arab jazıwı tiykarında jazılǵan sayaxatshıalrdıń shıǵarmaları bar. Ibn Hurdadbek Ubaydullah inb Abdullah (“Al-masolik ba al-mamolik” - “Jollar hám máleketler”, London: Pril, 1889), IX-XII ásir avtorlarınan Istaxriy (IX ásirdiń sońǵı sheregi – X ásirdiń 57-jıllarında jasap ótkeń), Ibn Havkal, Massudiy, Yoquttay iri geograf hám sayaxatshılar, jergilikli avtorlardan filosof, muzikatanıwshi Abu Nast Farabiy, ataqli enciklopedist alım Abu Rayxan Beruniy hám úlli táwip Abu Ali Ibn Sina, etnograf, tariyxshı alım Abu Said Abdulkarim ibn Muhammed izertlewlerinde hám de belgisiz avtor jaratqan “Xudud ul-olam” degen shıgarmalarda Ózbekstan  aymagındaǵı sol dáwirde jasaǵan xalıq haqqında geypara etnografiyalıq úzindiler keltirilgen. Shıńǵısxan húkimdarlıǵı dáwirinde monǵollardıń saltanatı misli kórilmegen dárejede keńeyip ketkenligi belgili. Olar basıp alǵan úkelerdi jawızlarsha taladı hám awıllardıń kúlin kókke suwırdı.

Orta Aziyada ózbek xanlıqları payda bolǵannan keyin oraylasqan rus mámleketi menen olardıń arasında turaqlı túrde sawda ham diplomatiyalıq qatnaslar ornatıla basladı. XVI ásirdiń ekinshi yarımında-aq Orta Aziyada



dizbekleri, olardıń tómengi tarmaqların kartaǵa túsirgen. Bular óz náwbetinde sol dáwirde hám keyingi waqıtlarda tawlar, dáryalar, kánlerdi úyreniwde, sonday-aq, topar bolıp sayaxatlar úyımlastırıwda ádewir xızmet wazıypaların ótegen.

1900-jılı Sankt-Petrburgta Rus taw jámiyeti shólkemlestirildi. D.N.Anishin, V.I,Vernadskiy, I.V.Mushketov, P.P.Semenov-Tyan-Shanckiy, B.A.Fedchenko hám basqalar onıń shólkemlestiriwshileri bolǵan. Bul jámiyet hár túrli baǵdarlar (marshrut) sızılma (sxema)lardı islep shıqtı hám Kavkaz, Alma-ata hám basqa orınlarda óz bólimlerin shólkemlestirdi.

Ataqlı tariyxshi N.K.Gupin, geolog A.P.Parpinskiy, jazıwshı D.N.Mamin-Sibiryak, sayaxathılar N.M.Prejevalskiy, N.A.Norden-sheld hám basqalar orınlardaǵı bul Jámiyettiń aǵzaları bilǵanlıǵın aytıp ótiw tiyis boladı.

**Keńes dáwirinde turizmniń awhalı**. Turizmniń jaqın ótmishte de bolıp ótkeń ahwalı menen tanısıwdan maqset sonnan ibarat boladı, burıngı keńes dáwirinde onıń dástúrleri hám tájriybeleri Ózbekstan  sharayatında da dawam ettirilgenin kórsetiwden ibarat. Keńes jıllarında turizm kommunistlik ideologiyaǵa sáykeslestirilgen. Turizm dem alıw, sayaxatta bolıw, tábiyattı qorǵaw formasına aylanıp, jıldan-jılga jetilisip barǵan. Dene tárbiyası hám sport, miynet hám qorǵaniwdıń áhmiyetli faktorlarınan bolıp qaldı. Fizikalıq mádeniyat háreketiniń rawajlanıwi; turizmdi hám dene tárbiyasınıń tiykarǵi quralına aylandırıldı.

1919-jılı Moskvada oqıwshılar ekskursiyasınıń Oraylıq Byurosı shólkemlestirilip, ol 30-jıllarǵa kelip oraylıq balalar ekskursiya-turistlik stanciyasına aylandırıldı.

Turistlik háreketin jáne de jetilistiriw hám húkimet qararına tiykarlanıp 1930-jılda Putkil awqam háwesker proletar turizmi hám ekskurciya jámiyeti (JPTE) dúzildi. 1949-jıli turizm Putkil awqam birden-bir sport klassifikaciyasına

**2-keste**




Tariyxıy maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, XIX ásirdiń birinshi yarımında rus sayaxatshıları Oraylıq Aziyanıń tariyxı, mádeniyatı, tábiyiy baylıǵı hám geografiyalıq ortalıǵın úyreniwge eń dáslepki qádemlerin qoyǵan. Ásirese, bul processler XIX ásirdiń ekinshi yarımı hám XX ásirdiń baslarında keń háwij alǵan. Buǵan tariyx, geografiya, botanika, etnografiya, arxeologiya hám basqa tarawlar boyınsha alımlar, áskeriy qániygeler qatnastırılǵan. Olardıń keliwleriniń maqseti kóp qırli processler menen baylanıslı bolıp, mańızı basıp alıw menen baylanıslı mápler tiykarǵı orında turǵan. Solardıń qatarında geografiyalıq ortalıq hám tábiyiy baylıqlardı úyreniw, olardı izlep tabıw da ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan. Bunday quramalı hám mashaqatlı is-ilajlardı shólkemlestiriw hám de ámelge asırıwda B.A.Fegchenko, P.P.Semenov-Tyan-Shanskiy úlken mártlik kórsetiwge, yaǵnıy olar Tyan-Sahan, Pamir-Alay taw



Rossiyaǵa 8 ret elshiler jshberilgen bolsa, XVII ásirde Xiywa xanlıǵınan 12 ret, Buxaradan bolsa 13 ret elshiler jiberilgen. Buǵan juwap retinde rus mámleketi de tapsırmalardan basqa, usı úlkeler haqqında hár túrli maǵlıwmatlar toplaw wazıypaları da tapsırıldı. Rus elshileriniń toplaǵan maǵlıwmatları házirgi kúnde de ilimiy jaqtan óz qunın joǵaltpaǵan. Bul saladaǵı baslamanı dáslep 1558-jılı Qıtayǵa Orta Aziya arqalı sawda jolın anıqlaw maqsetinde Moskvaǵa kelgen Angliya sawda kompaniyasınıń wákili Antoniy Jenkinson baslap berdi. Ol Moskva húkimetiniń járdeminde Astraxan hám Kaspiy teńIzi arqalı Xiywa hám Buxaraǵa barıp, Orta Aziya etnografiyası haqqında ádewir maǵlıwmatlardı topladı.

Rossiya menen Orta Aziyanıń ortasında qatnaslar, ásirese, XVIII ásirde Petr dáwirinde kúsheydi. 1720-jılı Buxaraǵa rus elshisi bolıp kelgen Florio Beneveni de Xiywaǵa barıp, Orta Aziyanıń geografiyası, tariyxı hám de etnografiyasına derekli bolgán maǵlıwmatlardı toplaǵan.

Xorezm xalqınıń XVII ásir ortalarındaǵı turmısı haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlardı 1740-1743-jıllarda Dmirtiy Gladishev hám Ivan Muravin basshılıǵındaǵı izerlewshilerdiń Aral teńizi hám Qıtay ilimiy saparınan hám de 1753-jılda Samara sawdageri Daniil Rukavinniń Xiywaǵa bolǵan sayaxatı dáwirinde toplaǵan materiallarınan alıw múmkin. 1774-jılı Orenburg shóllerinde qazaqlar tárepinen tutqınǵa alınǵan rus unter oficeri Filipp Efremov tutqınnan Qoqan, Margilan, Qashqar, Erkent, Tibet, Hind arqalı qashıp, kórgen-bilgenlerin jazıp qaldıradı. Sonday-aq, bul haqqında jáne 1781-jılı Buxaraǵa elshi bolıp kelgen Mendiyor Bekchurin hám 1794-1796-jıllarda Buxaraǵa sayaxat etken T.Burnashevtiń gúrrińleri bar. Sol dáwirdegi Xiywa xanlıǵına derekli bolǵan tariyxıy hám etnografiyaǵa derekli maǵlıwmatlar xannıń usınısı menen

Xorezmge kelgen kóz shıpakeri, mayor Blankennageldiń jazıp qaldırǵan eske túsiriwlerinde de bar.

Ózbek xalqına derek ernografiyalıq maǵlıwmatlardı toplaw, XIX ásirdiń birinshi yarımında N.N.Murayev, A.F.Negri ótkergen baqlawlar Orta Aziya xalıqları, sonıń ishinde, ózbeklerdiń etnografiyasın úyreniwdegi dáslepki ilimiy qádemler boldı.

1819-1820-jıllarda Xiywa xanlıǵına sayaxat etken kapitan N.N.Muravyev tárepinen jazıǵan shıǵarmanıń geypara baplarında tikkeley ózbeklerdiń tábiyatı, diniy isenimleri, úrp-ádetleri, maǵrifati, kiyim-kenshegi, úy-ruzıgeri, urıw-aymaqshilıǵınday etnografiyalıq maǵlıwmatlar jazıp qaldırılǵan. Ol boyınsha ózbekler tiykarınan tórt tiyreden: qıyat-qońırat, uyǵır-nayman, qańlı-qıpshaq, mańǵıttan ibarat; hár bir tiyre óz betinshe hákin-inaqqa iye, biraq olardıń eń úlkeni qıyat-qińırat inaq bolıp tabıladı. Onıń kórsetiwi boyınsha, Xiywa xanlıǵındaǵı áyyemgi ózbekler kóshpeli bolǵan. Olardıń kópshiligi qara úylerde jasaǵan, biraq bay urıwlasları otırıqshı sart sıyaqlı úlken paqsa diywal menen oralǵan úylerge iye bolǵan.

1820-jılı Buxaraǵa jiberilgen A.F.Negri basshılıǵındaǵı diplomatiyalıq missiya qatnasıwshıları E.A.Eversman, X.P.Yakivllev, Budrin hám polkovnik G.Meendorflardıń kitap hám eske túsiriwleri bay tariyxıy etnografiyalıq maǵlıwmatlarǵa iye. G.Meyedorftıń hár túrli tillerde basılıp shıqqan "Oernburgten Buxaraga sayaxt" degen kitabında Buxara xanlıǵınıń geografiyalıq ornı, jámiyetlik-siyasiy ahwalı, mámleket dúzilisi, xalqı hám onıń kásip-kari, suw xojalıǵınıń suwǵarıw sisteması, ónermentshili, ishki hám sırtqı sawda, shanaraq hám hayal-qızlar turmısı haqqında qımbat bahalı maǵlıwmatlar keltirilgen. Bul boyınsha, ásirese, 1833-1841-jıllarda Orenburg gubernatorınıń arnaqlı tapsırmasına muwapıq islegen talantlı jazıwshı, folklorist, etnograf,



- ekstremal turistlik baǵdar (Chimgan, Ferǵana oypatı taw janbawırları, Aral boyı, Buxara hám Nawayı walayatlarınıń tegislikleri boylap) tábiyiy qıyınshılıqlardı jeńip ótiw názerde tutıladı;

- ruwxıy turistlik baǵdar (Tashkent, Samarqand, Buxara hám basqa walayatlardaǵı) tariyxıy-diniy esteliklerdi ziyarat etiw menen baylanıslı;

- hawa jolları turistlik baǵdarı (Ózbekstan qalaları hám Germaniya, Gollandiya, Italiya, Rossiya, Qıtay, Yaponiya shet el mámleketlerindegi) gózlengen mánzilge samolyotta alıp barıw menen baylanıslı. Sonday-aq, mámleket boylap mádeniy seyil – tanısıw, sport-sayaxat, dawalanıw, maqsetli, dem alıw turistlik baǵdarı ham basqalar bar.

Turizmniń tariyxı XIX ásirdiń baslarına barıp taqaladı. Dáslep Angliyadan Franciyaǵa uyımlasqan sayaxat shólkemlestirilgen (1815-jıl). Turizmniń tiykarın saliwshı dep esaplanıwshı ingliz ruwxanıyı Tomas Kuk 1843-jılı birinshi temir jol sayaxatın shólkemlestirdi. Sonnan keyin ol óziniń jeke turistlik kárxanasın dúzdi hám 1866-jılı dáslepki sayaxatshılıq toparların AQSH qa jiberildi.

**1-keste**

**Turizmniń túrleri hám kórinisleri**

| Qarjı tárepi | Shólkemlestiriw tiykarları | Sayaxattıń dawamlılıǵı | Máwsimliligi | Demografiyalıq | Kórinisleri |
|---|---|---|---|---|---|
| Socialliq | Jónelis tiykarinda toparlarda | Qisqa múddetli | Jil dawaminda | Óspirim hám mektep jasindaǵilar | Piyada, atta, túyede, velosiped, mashinada |
| Sawda-satiq | Óz qálewi boyinsha | Uzaq múddtli | Máwsimler boyinsha | Orta hám jokari jastaǵilar hám de nuraniylar | Taw, tegislik, úngir, ataw, suw jaǵalawlari, suw asti, kosmos, qala h.t.b. |

jetip barıw bolıp tabıladı. Yaǵniy belgisiz hám tanıs emes orınlardı tabıw tiykarǵı iskerlik esaplanadı. Turizmniń bul túrinen piyada júriw, taw turizmi hám basqa salalar boyınsha ótkerilgen arnawlı jarıslar (slyotlar) da keń paydalanıladı. Avtomobil, motocikl, velosiped sıyaqlı kóliklerde júrip sayaxat etiw de turizmde áhmiyetli orın iyeleydi. Tez aǵısli dáryalarda qayıq, eskek, sal hám usınday qurılmalarda otırıp sayaxat etiw de ámelde bar. Bunıń ushın úlken tayarlıqlar, fizikalıq arnawlı sheberliklerge iye bolıw talap etiledi.

Juwmaq sonnan ibarat boladı, turizm óz mańızına qarata kóplegen túrlerge bólinedi. Olardıń mazmunı shuǵıllanıwshılardıń fizikalıq jetikligin arttırıw menen bir qatarda olarda watandı súyiwshilik hám maqtanısh, miynet súygishlik, óz ara birge islesiw hám doslıq sıyaqlı insanıylıq paziyletlerin tárbiyalawǵa xızmet etedi.

**Tiykarǵı turistlik baǵdarlar.**

"Ózbekturizm" milliy kompaniyası sayaxat etiw túrine qarap tómendegi turistlik baǵdarlardı islep shıqtı:

- klassikalıq turistlik baǵdar (Tashkent – Samarqand – Buxara. Xiywa – Tashkent, Tashkent – Samarqand – Buxara – Shahrisabz – Tashkent) eń ayyemgi estelikler hám tariyxıy-mádeniy esteliklerge barıw menen baylanıslı:
- arxeologiyalıq turistlik baǵdar (Qaraqalpaqstan, Samarqand, Surxandárya aymaqları boylap) eń áyyemgi arxeologiyalıq nárseler tabılǵan hám sol gezde qazıw-izlestiriw isleri alıp barılıp atırǵan orınlar menen tanısıwdı maqset etip qoyadı;
- ekologiyalıq turistlik baǵdar (Shatqal taw dizbeklerinde dem alıw hám dawalanıw sanatoriyleri, Zamin hám Buxara walayatlarındaǵı qorıqxanalar) ayrıqsha qorǵalatuǵın tábiyiy aymaqlar hám insan salamatlıǵı ushın paydalı orınlarǵa sayaxat penen baylanıslı;



shıpaker, ádebiyattanıwshı, arnawlı leksikograf V.I.Daldiń, alıp barǵan ilimiy isleri dıqqatqa ılayıq esaplanadı.

Shet el avtorlarınan biri – parsı tilin jaqsı bilgen ingliz sayaxatshısı Aleksandr Boris 1831-1832-jıllarda Buxarada turıp, áhmiyetli siyasiy, ekonomikalıq, áskeriy hám etnografiyalıq materiallar jıynaydı. Boris jazıp qaldırǵan sayaxatnamada ózbekler haqqındfa oǵada qızıqlı maǵlıwmatlar bar. 1840-1850-jıllar ishinde Qazaqstan hám Orta Aziya xalıqlarınıń etnografiyasın ilimiy jaqtan úyreniwde aǵalı-inıli Nikolay hám Yakov Xanikovlardıń xızmetleri úlken boldı. Ya.Xanikovtıń 1851-jılı baspadan shıǵarılǵan "Aral teńizi hám Xiywa xanlıǵı kartasına túsindirme" degen shıǵarmasındaǵa ayrıqsha itibar berilgen.

Etnografiyaǵa tiyisli áhmiyetli maǵlıwmatlar 1843-jılı Xiywa xanlıǵına diplomatiyalıq missiya aǵzaları menen kelgen polkovnik G.I.Danilevskiy. F.N.Baziner shıǵarmalarında da keltirilgen.

Sol dáwirlerde ataqlı shıǵıstanıwshı alım V.V.Grigoryev Orenburgte jasaǵan hám Rossiyada birinshi bolıp Shıǵıs xalıqları tariyxı kursın oqıta baslaǵan. Onıń 200 den artıq ilimiy isleriniń arasında Orta Aziya xalıqları, sonıń ishinde, ózbeklerge tiyislileri de bar. A.Vamberi (vengr) ózbek urıwları haqqı'nda aytıp, birinshi bolıp "ózbek" sóziniń kelip shıǵıwı haqqında pikirlew júritken. A.Vamberi 32 ózbek qáwimleriniń dizimin beredi hám olardıń kiyim-kenshekleri, awqatları, oyın hám muzika ásbapları, úrp-ádetleri hám diniy máresimleri haqqında gúrriń etedi.

Jazba hám etnografiyalıq dereklerge qaraǵanda ózbek elatı dáslep 24 (XV ásir), sońın ala 32 (XVI-XVII ásirler), aqırında 92 urıwdan quralǵan. Kekselerden ózbek urıwlarınıń sani qansha dep soralǵanda olar "92 bov" yaki "92 baǵ" dep juwap beredi.

Negizinde ózbek urıw-qáwimleriniń sanı haqıyqatında júdá kópshilikti quraydı. XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarına kelgende urıw-qáwimlerdiń kópshiligi óz tuwǵan-tuwısqanların umıtıp, ózlerin ózbek dep atay baslaǵan.

Etnograf B.X.Karmisheva "Túrkistan hám Ózbekstan niń qubla rayonlarınıń etnikalıq tariyxı ocherkleri"[1] kitabında XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında usı zona ózbeklerin úsh toparǵa bólgen. Birinshi topargá wotıqıqshı xalıq (olar urıw-qawimlerge bólinbegen) – olarǵa shıǵataylar, xojalar, qarshılıqlar kirgen. Ekinshi topar – áwelgi qáwimler Movaraunnaxrdıń otırıqshı jergilikli xalqı menen aralasıp ketpesten, yarım kóshpeli halatında saqlanıp qalǵan hám urıw-qáwimlerge bólinbegen eski túrk-monǵol qáwimleri bul jerlerge monǵollar basıp aliwshılıǵı dáwirinde kelip qalǵan túrk-monǵol qáwimleri. Olarǵa túrk, karluq, halasha, noǵay, mirishkorlar kirgen. Úshinshi toparǵa derekli keyingi qáwimler bolsa Movaraunnaxrǵa XV ásirdiń aqırında Shaybaniyler menen birge Dashti Qıpshqatan kelgen hám bul jerge XVI ásirdiń baslarında pútkilley ornalasıp alǵan ózbek qáwimleriniń áwladları – olarǵa qońırat, júz, laqay, semiz, kesatir, durman, nayman, saray, mıń, qańlı, yobu, keneges, qovshin, jalayır hám basqalar kirgen.

XVI-XIX ásir ortalarına shekem bolǵan dáwirdiń ishinde jergilikli avtorlar tárepinen jaratılǵan tariyxıy shıǵarmalarda geypara áhmiyetli etnografiyalıq úzindeler bar. Talantlı tariyxshı, shayır, muzikataniwshı Xapız Tanish Buxoriydıń "Andullanama", tariyx, medicina hám ádebiyat salasında tanılǵan mámleket ǵayratkeri Abulǵazitdiń bir neshe tillerge awdarma islengen "Shalarayi turk" hám de "Shajarayi tarokima" shıǵarmaları bar. Ataqlı ózbek tariyxshıları Shermuhammed Munis, Muhammed Rizo Agahiy hám Muhammed Yusup Bayoniyler "Firdavs ul-iqbol", "Riyoz ul-davla", "Zubda ud-tavorix", "Jomie ul-voqeoti sultaniy", "Gulshani davlat", "Shohidi iqbol", "Shajarayi

[1] Кармишева Б.Х. Туркистон ва Ўзбекистон жанубий районларининг этник тарихий очерклар. М.: Б. 197.



estelikler menen tanısiwǵa, den sawlıǵIın bekkemlew ushın dem alıwǵa degen mútáji hám qızıǵıwların itibarǵa alǵan halda turizm kóp tarmaqlı sala bolıp tabıladı.

Olardıń eń tiykarǵı túrlerin tómendegilerge ajıratıw múmkin:

1. Piyada júriw sayaxatı.
2. Tawlarda júriw sayaxatı.
3. Jar taslarǵa órmelep shıǵıw sayaxatı.
4. Shamalap tabıw sayaxatı.
5. Tez aǵıslı dáryalarda eskek esiw sayaxatı.
6. Kóliklerde (avtomoto, velosiped hám basqa) júriw sayaxatı.

Bul túrler forması boyınsha bir-birinen túpkilikli parıqlanıp, tártip-qaǵıydaları, ózgesheliklerine qarap sport salaları da dep esaplanatuǵının aytıp ótiw tiyis.

Piyada júriw sayaxatında onıń formalarına (bir kúnlik, kóp kúnlik) qarap aralıqlar belgilenedi hám olarǵa belgili bir dárejede talaplar qoyıladı.

**Taw turizmi** (tawda júriw sayaxatı) piyada júriw sayaxatınıń dawamı bolıp tabıladı. Yaǵnıy bunda barlıq háreketler tákirarlanadı. Tek kategoriyalıq (sońǵılıqta dárejeleri: 1.2..3.4.5.6.) boyınsha basqa turizm túrlerinen parıqlanadı. Anıǵıraq etip aytqanda, biyikligi 1,5-2 km (teńiz qáddine qarata) tawlarǵa shıǵıw, ótkellerden ótiw, tez aǵıslı suwlardan keship ótiwdey quramalı háreketler orınlanadı.

**Jar taslarǵa órmelep shıǵıw turizmi** piyada júriw hám taw turizmi menen tikkeley baylanıslı. Tek jar taslar, jar taslarǵa órmelep shıǵıw (arqanlar, qorǵanıw quralları hám basqa) menen ǵana parıq qıladı. Yaǵnıy belgili bir aralıqtı piyada basıp ótiw, gedergiler, ótiwlerden asıp otıw halları bunda da qollanıladı. Basqa turizm túrlerinen ózgeshe halda, bunda karta, sızılma, kompas, quyash, ay, juldız hám basqa qurallardan paydalanǵan halda maqsetke

2. Ózi jasap turǵan orınlardıń tariyxı, rawajlanıwı hám xalqınıń turmısın úyreniw (biliw).

3. Qorshaǵan ortalıq, tábiyat kórinisleri menen tanısıw, xalıq jasaytuǵın dıqqatqa ılayıq orınlardı úyreniw.

4. Shuǵıllanıwshı (qatnasıwshı)lardıń den sawlıǵın jaqsılaw ushın piyada geziw, dem alıw, qolaylı orınlarda shınıǵıwlar, oyınlar ótkeriw.

5. Diniy maqsetlerde muqaddes ziyaratlaw orınları hám basqa tariyxıy esteliklerdi ziyaratlaw, barıp kóriw hám basqalar.

6. Ilimiy izleniwler (qániygeler) alıp barıw hám basqalar.

Bul seyiller bilim (túsinik) hám ámeliy kónlikpeler payda etiw jolında tálim-tárbiya wazıypasın da óteydi. Sonıń menen birgelikte qatnasıwshılardıń densawlıǵın jaqsılaw, fizikalıq jetikligin arttırıwǵa xızmet etedi. Demek turizm forma hám mazmunı jaǵınan tárbiyalıq hám de salamatlastırıwshı ózgesheliklerin ózinde jámlegenligi menen áhmiyetke iye.

Seyil (ekskursiya) etiwde qatnasıwshılardıń belgilengen jerge jetip barıwı, koliklerge miniwi hám túsiwleri, seyil-sayaxat mánziline kiriw hám tikkeley seyil-sayaxatlarda qatnasıw barısında piyada júriw tiykarǵı orındı iyeleydi. Sebebi erkin túrde hár tur’li iskerliklerdi atqarıw – júklerdi kóterip júriw, sharayatlarga qarap tez yaki áste júriw, toqtap turıw, geyde bolsa jelip-juwıriwǵa da tuwrı keledi. Bunday ámeliy háreketler sayaxatshılardıń den sawliǵın jaqsılawǵa kómeklesedi.

Juwmaqlap aytqanda, turizmniń kóliklerde seyil-sayaxat hám piyada júriw formaları mazmun hám mańızı jaǵınan óz ózgesheliklerine iye. Olardı maqsetli túrde uyımlastırıw hám ótkeriwde juwapker xızmetkerlerdiń juwapkershiligi itibarǵa ılayıq bolıp tabıladı.

**Turizmniń túrleri**. Turizm mazmunı boyınsha keń qamtıwǵa iye bolǵan jámiyetlik-tárbiyalıq ózgesheligi bar bolǵan process esaplanadı. Insanlardıń kóbirek ámeliy iskerligin talap etip, olardıń tábiyat kórinislerine, tariyxıy



Xoreznshahiy”, “Xorezm tariyxi” day shıǵarmalarında XVII ásirdiń II yarımınan baslap tap XX ásirdin baslarına shekem Xorezm hám qońsılas jurtlarda júz Bergen tariyxıy waqıyalar sheberlik penen súwretlenedi. Óziniń bay mazmunı, jámiyetlik-ekonomikalıq hám siyasiy maǵlıwmatlarınıń kóp ekenligi hám reń-b’reńligi menen ajıralıp turıwshı bul tariyxıy miynetler sol dáwirdegi ózbek xalqınıń etnografiyasın úyreniw ushın áhiyetli derek bolıp tabıladı.

Ózbek xalqınıń etnografiyasın úyreniw menen shuǵıllanıwshı N.P.Ostroumov, N.C.Lukoshindey izertlewshiler úlkedegi eziwshi hákinshiliktiń wakilleri bolıp, óz shıgarmalarında patshashılıqtıń túpkilikli máplerin, siyasatın úgitler edi. Usıǵan qaramastan, olardıń shıǵarmalarında jergilikli xalıqtıń turmısı, mádeniy ómirine derekli bir qansha dıqqatqa múnasip maǵlıwmatlar ushırasadı.

Orta Aziya boyınsha V.V.Radlov, A.P.Fedshenko, A.L.Kun, M.A.Middendofrtay izertlewshiler úlken hám nátiyjeli miynet etken. V.V.Radlov Orta Aziya xalıqlarınıń tili, geografiyası haqqında maǵlıwmatlar toplaǵan. Orta Zarafshan oypatı boylap sayaxatta bolıp, qızıqlı gúrrińler jazǵan.

A.P.Fedchenko hám óz jubayı menen ózbek xalıq etnografiyasına derekli júdá kóp maǵlımatlardı torlaǵannan keyin “Qoqan xanlıǵında” degen shıǵarmasın jazǵan.

Ilimiy jámiyetler hám dógereklerdiń ishinde ózbek etnografiyasıń úyreniw Rus geografiya jámiyeti hám onıń Túrkistan bólimi, Túrkistan arxeologiya ham etnografiya háweskerleri jámiyetiniń Túrkistan bóliminiń iskerligi ayrıqsha itibarǵa ılayıq.

Orta Aziyada 1920-1924-jıllarda wórketilgen xalıqtıń diziminiń alıwdı shólkemlestiriwshisi hám belsendi qatnasıwshısı I.P.Magidovish dıqqatqa minasip is atqardı. Ol ózinin; xalıq ortasındaǵı toplaǵan tariyxıy etnografiyaǵa derekli maǵlıwmatlarǵa tiykarlanıp, ózbek xalqı qáwimleriniń dizimin jasadı. Xalıqtı úyreniw komissiyası aǵzası I.I.Zarubin de ózbek etnografiyası haqqında

materiallardı toplap, bazı bir maqalaların járiyaladı. Sol jıllarda ájayıp geograf hám etnograf professor N.G.Mallickiy óziniń bayanatları hám ilimiy geografiyalıq shıǵarmalarında ózbeklerdiń urıw-aymaǵı hám olardıń etnografiyasına tiyisli óz sıpatlamaların bildirgen.

Ózbekstan aymaǵında urıstan aldıńǵı jıllarda iri etnografiyalıq islerdi ótkeriw dáslep Orta Aziya Mámleketlik universitetinde, Áyyemgi estelikler hám kórkem ónerdi qorǵaw komitetinde, sonday-aq, Tashkent, Samarqand hám Buxara muzeylerinde oraylasqan edi. Keyin ala 1943-jılı dúzilgen Ózbekstan Ilimler Akademiyası, sonıń ishinde, Tariyx hám arxeologiya institutınıń etnografiya bólimi etnografiyaǵa tiyisli izertlewlerdiń orayı bolıp qaldı.

Mámleketler awqamında jasawshı barlıq xalıqlariniń, sonıń ishinde ózbeklerdiń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı, xalıq kórkem óneri hám folklorınıń ózgesheliklerin anıqlaw ushın olardıń etnografiyasın úyreniw 1917-jıldan keyingi dáwirlerde júdá keń háwij aldı.

Xorezmde sherek ásirden kóp waqıttan berli is alıp barǵan S.P.Tolstov basshılıǵındaǵı etnograflardıń ilimiy saparı Ózbekstan xalıqlarınıń turmısı hám mádeniyatın úyreniwde jańa bet ashıldı. Bul ilimiy sapar tiykarınan áyyemgi Xorezm mádeniyatınıń esteliklerin úyrendi hám etnikalıq tariyxın tekserdi. Urıstan keyingi dáwirde ilimiy sapardıń quramında Ózbekstan etnografiya toparları dúzildi. Bul toparlardıń aldına oypattaǵı házirgi ózbek xalqınıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatın hár tárepleme úyreniw wazıypasın qoydı. Ilimiy sapardıń aǵzaları kóp jıllar dawamında alıp barılǵan óz isleriniń nátiyjelerin bir neshe tomnan ibarat kitaplarda bayan etip berdi.

Ózbek xalqı etnografiyasın úyreniw salasında erisilgen tabıslar jergilikli izertlewshilerdiń ulıwmalastırılǵan iri ilimiy shıgarma jazıwǵa jeteledi. Jergilikli avtorlar tárepinen tayarlanǵan maǵlıwmatlar 1972-jıldan baslap , Ózbekstan etnograflarınıń ilimiy toplamında járiyalana basladı. 1917-jıldan aldın hám onnan keyin toplanǵan kóplegen maǵlıwmatlar, ótkerilgen ilimiy saparlar



tawǵa shıǵıw, suw turizmi, avtoturizm, piyada júriletuǵın turizm, sport turizmi hám basqalar).

Ózbekstanda turizm salasına basshılıqti "Ózbekturizm" milliy kompaniyası (1992-jılı 27-iyulde dúzilgen) alıp baradı. Kompaniyanıń tiykarǵı wazıypası turizm infrastrukturasın rawajlandırıw, shet el investiciyasın kiritip, zamanagóy turistlik komplekslerdi jaratıw, jańa turistlik baǵdarlardı islep shıǵıw, xızmetlerdiń sheńberin keńeytiw hám basqalardan ibarat.

Turizm ámeliy háreketlerdi talap etetuǵın óz belgilerine qaraǵanda fizikalıq tárbiyanıń áhmiyetli qurallarınan biri bolıp esaplanadı. Sonıń menen bir waqıtta, tálim-tárbiyalıw belgileri boyınsha pedagogikaliq process te bolıp, Jámiyettiń ruwxıy-mádeniy rawajlanıwında áhmiyetli orınǵa iye. Yaǵniy sayaxatlardıń dawamında bilim hám ámeliy sapasın jaqsılaw hám de turmıs qálpin qáliplestiriw imkanı júzege keledi.

Seyil (ekskursiya) aldına qoyılǵan maqsetlerdiń tiykarında shuǵıllanıwshılardıń jası, jınısı, jámiyetlik iskerligi hám salamatlıǵına qarap uyımlastırıladı. Olardıń eń tiykarǵı baǵdarları tómendegishe:

1. Mektep jasına shekemgi balalar tárbiya mákemelerindegi seyiller.
2. Mektep oqıwshılarınıń seyil-sayaxatları.
3. Orta arnawlı, kásip óner tálimi oqıwshılarınıń seyil-sayaxatları.
4. Joqarı oqıw orınları talabalarınıń seyil-sayaxatları.
5. Miynet jámáátleri xızmetkerleriniń seyil-sayaxatları.
6. Xalıq jasaytiǵın orınlarda seyil-sayaxatları.
7. Shet el mámleketlerinen kelgen miymanlarınıń seyilleri.

Seyillerdi shólkemlestiriwdiń tiykarǵı maqset hám wazıypaların tómendegishe kórsetiw múmkin:

1. Tariyxıy hám mádeniy esteliklerdi tamashalaw hám olardıń tariyxın úyreniw.

Karl VI ǵa hám ingliz karoli Genrix IV penen udayı baylanısta bolǵan. Onıń elshisi 1403-jılı Parijge kelgen. Ispaniyalı Klabixonnıń "Ullı Temurdiń ómiri hám xızmeti" kitabında Maverennaxrdaǵı jámiyetlik turmıs hám sayaxatshılardıń Temur mámleketine umtılıwı sáwlelengen.

**Turizm salasınıń kadrların tayarlaw**. Ǵárezsizlik dáwirine kelip Ózbekstanda turizm, sonday-aq, salanıń kadrların tayarlawǵa úlken áhmiyet berilmekte. Ózbekstan  Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Ózbekstanda turizm salası ushın kadrlar tayarlaw sistemasın jetilistiriw is ilajları haqqındaǵı (1999-jıl 2-iyul) qararı tiykarında Tashkent ekonomika universitetinde Xalıq aralıq turizm fakulteti, Tashkent, Samarqand hám Buxara turizm kolledjleri ashıldı. Minstrler Kabinetiniń "Samarqand ekonomika ham servis institutın shólkemlestiriw haqqıda"ǵı qararı (2004-jıl 26-mart) menen iskerligin qaytadan ámelge asırǵan joqarı oqıw ornında da turizm fakulteti is basladı. Sonday-aq, mámleketimizdegi basqa geypara joqarı oqıw orınları hám orta arnawlı oqiw orınlarında da turizm salası ushın kadrlar tayarlanadı. Xızmetkerlerdıń qániygeligin arttırıw hám qayta tayarlawdı "Ózbek turizm" milliy kompaniyasına qaraslı Respublika ilimiy-konsalting oqıw orayı ámelge asıradı. 2005-jılı oray tárepinen 51 gid, 201 gir-awdarmashı, 90 turistlik operator tayarlanǵan, 140 qániygege qániygeligin arttırıw oqıw shınıǵıwları, 190 xızmetkerge seminar-trening uyımlastırılıldı. Bul boyınsha alıp barılıp atırǵan is ilajlar hám islerdiń barlıǵı Ózbekstanda turizmniń keń háwij alıwı ushın járdem beredi.

**Turizmimń formaları**. Házirgi dáwirde turizm dúnyanıń kópshilik mámleketlerinde ǵalabalıq tús alǵan. Ádette, turizm turistlik shólkemler arqalı turistlik marshrutlar boyınsha uyımlastırıladı. Turizmniń júdá kóp túrleri hám formaları bar (ishki, xalıq aralıq, háwesker turizm, uyımlasqan turizm, jaqın jerge sayaxat, uzaqqa sayaxat, bilim dárejesin keńeytiw maqsetinde turizm,



etnografiyaǵa derekli hár bir buyımlardıń toplanıwına imkan berdi. Házirgi kúnge shekem toplanǵan bul bay zatlar Respublikamız muzeylerinde, ásirese, Tashkent, Samarqand, Xiywa, sonday-aq, Moskva hám Sankt-Peterburg muzeylerinde saqlanıp kelinbekte.

Xalıq mádeniyatı degende keń maǵanada etnostıń turmısındaǵı barlıq qádiriyatlar túsinilse de, onıń túpkilikli maǵanadaǵı negizin xalıqtıń dástúrleri quraydı. Olardıń geyparaları haqqında toqtap ótemiz.

Dástúr – tariyxıy rawajlanıw barısında tábiyiy hám jámiyetlik mútájlikler tiykarında júzege shıǵatúǵın, ata-babalardan áwladlarǵa miyras bolıp ótetuǵın, adamlardıń mádeny turmısına tásir kórsetetuǵın jámiyetlik hádiyse bolıp tabıladı. Dástúr ózine tán jámiyetlik qáǵıyda sıpatında adamlardıń sanasına sińgen (ulıwma yaki belgili bir topar tárepinen) qabıllanǵan tártip hám qaǵıydalardıń jámlemesi esaplanadı[1]. Máresim ataması salıstırmalı tar túsinik bolıp, ol sol xalıq turmısınıń belgili bir salalarında keń xalıq qatlamı tárepinen qabıllanǵan, kóbinese tımsal sıpatına iye bolǵan hám belgili bir adamlar kópligi tárepinen arnawlı uyımlastırılǵan kóshege shıǵıwlardan ibarat. Sonday-aq, máresim insan ómiriniń materiallıq hám ruwxıy turmısınıń talap hám mútájligi sebepli újege kelgen hám keletuǵın hádiyse bolıp tabıladı. Hár qanday máresim anaw yaki mınaw xalıqtıń belgili bir tariyxıy rawajlanıwı basqıshındaǵı jámiyetlk-ekonomikalıq hám de siyasiy hám de mádeniy rawajlanıw dárejesin kórsetiwshi tiykarǵı belgilerin ózinde jámllegen halda payda boladı hám jasaydı[2]. Basqasha aytqanda máresim – ulıwma tárepten qabıllanǵan tımsal háreketlerge iye bolǵan turmıslıq is ilaj bolıp tabıladı.

Úrp-ádetler degende adamlardıń turmısına sińip ketken, belgili bir múddette qaytalanıp turatuǵın is háreketler, kópshilik tárepinen qabıllanǵan minez-qulıq

[1] Аширов А., Атаджанов Ш. Этнология. Тошкент, 2008. Б. 132.
[2] Аширов А., Атаджанов Ш. Этнология. Тошкент, 2008. Б. 132.

qaǵıydalarınıń kónlikpesi túsiniledi. Demek, máresim hám úrp-ádetke berilgen qısqasha túsiniklerden de kórinip turǵanınday, úrp-ádet túsinigi xalıq turmısınıń barlıq salaların óz ishine qamtıp alsa, máresim túsinigi bolsa tek turmıstıń belgili bir salalarına ǵana baylanıslı boladı. Úrp-ádet bir waqıttıń ózinde bir shaxs yaki kópshilik tárepinen orınlanıwı májbúriy qaǵıyada bolsa, máresim belgilengen shaxslar tárepinen orınlanıwı zárúr bolǵan is háreketler. Jası kishinniń ulkenge birinshi sálem beriwi yski kópshilikke azshılıqtıń sálem beriwi yaki miymanlarǵa ayrıqsha húrmet, bayram qarsańında jaqınları, kekse qariyalardıń awhalınan xabar aliwday kórinisler ózbeklerge tán bolǵan milliy úrp-ádetleri bolıp tabıladı. Milliy úrp-ádet bolsa, matam máresiminde hásiret penen, shashların jayıp qayǵılı ahwalda matam aytımların aytıp jılaw ádeti bul matam máresiminde qatnasıp atırǵan ayırım adamlardıń wazıypasına kiredi. Úrp-ádetler menen máresim arasındaǵı óz ara parıqtı olardıń ishindegi tımsal háreketlerdiń qollanılıwı dárejesi arqalı da ańlap alıwı múmkin. Sonıń ishinde, úrp-ádet óz ishsine tımsal yaki tımsal bolmaǵan háreketkrdi qamtıp alsa, máresim tek tımsal halatlardaǵı is háreketlerdi qamtıp aladı. Qalaberse, úrp-ádetler belgili bir xalıq ushın tiykarınan, bir túrdegi ózgermeytuǵın qaǵıyda , norma bolsa, máresim bir túrdegi xalıqtıń sheńberinde keskin parıqlanıwına da iye boladi. Hár qanday máresim úrp-adet esaplanadı, biraq hár qanday úrp-ádet máresim esaplanbaydi[1]. Máresimler eki úlken topraǵa – shańaraq-turmıslıq hám máwsimlik máresimlerge bólinedi[2]. Olar: a) shańaraqta perzenttiń tuwılıwı hám onıń tárbiyası menen babylanıslı bolǵan úrp-ádet hám máresimler; b) neke – toy máresimleri; v) shanáraq aǵzasın sońǵı jolǵa shıǵarıp salıw, yaǵniy jerlew hám kewil aytıw menen baylanıslı úrp-ádet hám máresimler.

[1] Саримсақов Б. Маросим фолклори. Тошкент, 1998. Б. 13.
[2] Аширов А., Атаджанов Ш. Этнология. Тошкент, 2008. Б. 134.



Óndiris – miynet etiw processiniń jetilisiw, ań awlaw hám urıs quralların jaratıwdıń jańa usılları adamlardıń uzaq jerlerge barıp ań awlap, miynet etiwine, usı tiykarda eń qolaylı hám unamlı orınlardı tańlap, dem alıwı, hátteki otırıqshi bolıp qalıwına alıp kelgen. Solay etip dáryalar, kóller, teńizlerde ań awlaw, seyil ótkeriw ushın kemeler sóǵıp, olardan maqsetli paydalanǵan. Bul salada Xristofor Kolumbtıń Amerika kontinentine barıp qalıwı (ashıwı), hár túrli sayaxatshılardıń Hindstan, Afrika, Avstraliya hám basqa kontinentler, mámleketlerge barǵanlıǵı tariyxtan belgili.

Áyyemgi Ózbekstan zamininiń gózzal tábiyatı, eski qalalardaǵı estelikler, dúnya civilizsciyasına úlken úles qosqan danıshpanlardı jetistirip bergen makanlar jáhán xalqın, sayaxatshılardı ózine tartıp kelgen. Aleksandr Makedonskiy (b.e.sh. IV ásir) menen kelgen grek aǵartıwshıları úlkeniń tábiyatına hám turmıs qálpine tiyisli qızıqlı estelikler jazǵan. Qıtaylıq sayaxatshı Chjan Cyan (b.e.sh. II ásir) Ferǵana oypatınan baslap Qızılqum shóllerine shekem bolǵan aymaqlardı gezip shıqqan. Sonday-aq, Qıtaylıq Syuan Czan (VI ásir), Italiyalı Marko Polo (XIII ásir), Arabstanlı Yuqut Hamaviy (XIII ásir), Marakkolıq Abu Abdullah ibn Batuta (XIV ásir), Ispaniyalı Rui Gonsales de Klavixo (XV ásirdiń basları), Germaniyalı Iogann fon Shultberger (XIY-XV ásirler), Ullı Britaniyalıq Entoni Jenkinson (XVI ásir), Vengriyalıq Armeniy Vamberi (XIX ásir) ler dúnyanı gezgen, eski jurtımızda bolǵan hám kórgen-bilgenleri haqqında estelikler jazıp qaldırǵan.

Sonday-aq, Turan zamininiń ataqli adamları da dúnyanı aralap, saparlarınıń tásirleri tiykarında bahalı shıǵarmalar jazǵan. Abu Rayxan Beruniydiń hind eline saparınan keyin jaratılǵan "Hindstan" (1030), Zahiriddin Muhammed Baburdıń "Baburnama" (1518/19-1530), Abdurauf Fitrattıń Turkiyaǵa sayaxatınıń esteliklerin óz ishine alǵan "Sayyhi hindi" (1912) shıǵarmaları usılardıń qatarına kiredi. Maverennaxrda eń dáslepki sayaxatshılardıń saparları Amir Temur hám temuriyler dáwirinde jadellesken. Amir Temur Francuz koroli

kanizekleri menen maqpal otawda jasap, átiraplarına seyil etiwleri biykarǵa emes. Sebebi bunnan bir neshe mıń jıllar aldın Baysın-QońIırat elatları usi mánzil jaylarında jasap, tábiyattıń bawırında onıń saqıy inamlarınan miyirimlerin qandırǵan. Bayshubarday atlardıń tuqımın kóbeytken. Tawdıń janbawırlarında qoy baǵıp, oypatlarda arpa-biyday egip, dıyxanshılıq penen shuǵıllanǵan. Bulardıń barlıǵı insanlardıń salamat bolıp jasawı, shańaraqta perzentlerin kamalına jetkerip tárbiyalawǵa faktor sıpatında xızmet etken.

Dıqqatqa ılayıq táreplerinen jáne biri sonnan ibarat, jáhánge atı jayılǵan jerleslerimiz Abu Nasr Farabiy, Al Xorezmiy, Ibn Sina, Mahmud Palwan, Amir Temur, Alisher Nawayı, Mirza Babur hám basqa ullı danıshpanlardıń miynetleri, ilimiy miyraslarında áyyemgi ata-babalarımızdıń jámiyetlik-mádeniy ómirinde sayaxatlardıń tutqan ornı haqqında kóp márte toqtap ótilgen. Nawayı, Babur hám basqalardıń shıǵarmalarında berilgen súwretlerde ańshılıq, taw hám dárya, kóldiń jaǵalarında, baǵda dem alıw kórinisleri súwretlengen. Sayaxatlardıń adamlardıń salamatlıǵın jaqsılawı, ómirin uzaytıw, fizikalıq hám dóretiwshilik qábiletlerin arttırıwdaǵı ornı jırlanǵan. Maxmud Qashqariy óziniń "Devonu loǵotit at túrk" kitabın jazıw ushın Túrkistan úlkesin piyada hám kóliklerde gezip shıqqan. Onıń sayaxatshılıq iskerligine tyisli ilimiy-izertlew isleri tek óz dáwirinde ǵana emes, al keyingi mıń jıllıqlar dawamında Turan úlkesinde qádirlenip keldi. Ásirese talaba-jaslar M.Qashqariydiń ómiri haqqında, onıń shıǵarmaların jaqsılap úyrense paydasız bolmaydı.

Eń áyyemgi adamlar jasaw ushın aw hám miynet qualların jaratıwǵa háreket etken. Usınday etip jabayı haywanlardı awlaǵan, olardı qolǵa úyretip miynet penen shuǵıllanǵan. Ań awlaw mánzilleri hám dem alıwǵa qolaylı bolǵan orınlarda belgili bir belgi (tor)lerdi qoyǵan. Zárúr bolǵanda mine usınday orınlarǵa kelip dem alǵan, hár túrli oyınlardı ótkerip jarıslar shólkemlestirgen.



Máwsimlik máresimlerge, yaǵnıy qısqı, báhargi, jazǵı bir qúrkim máresimlerdi tómendegishe sıpatlaw múmkin:

1. Qısqı máresimler. Bul máresimlerge gáp-geshtek, birinshi qar jawǵanda ótkeriletuǵi; "qar jawdı" degendey máresimler kiredi.

2. Báhárgi máresimler. Buǵan dáslep "shaxmaylar" – dalaǵa qos shıǵarıw máresimi, jerge da\slepki tuqım shahiw máresimi, "Nawrız", "sumalak seyili", "sust qatın", "ılay tutıw", "hasher (kómek)"tey máresimler kiredi.

3. Jazǵı máresimler."Shay mama", "qawın seyili", "júzim seyili"ndey máresimler.

4. Gúzgi máresimler. "Oblo bereket", shamal shaqırıw" hám "zúráát bayramı" ları kiredi.

Etnograf Ahmad Asirov diniy máresimlerdi de ayırım máresimler dep dizimge kiritedi. Al oǵan bolsa, hayıtlar, mavlud oqıtıw, bibimushkulkushot, bibi shárshembi máresimleri kiredi.

Ózbek xalqı ázelden qáliplesip kelgen ullı qádiriyatlardıń miyrasxorı bolıp tabıladı. Oǵan tán bolǵan "miyman kútiw", "úlkenge húrmet, kishige izzet", "mehir-aqıbetlilik"tey kóplegen paziyletler, "askiya"day kórkem ónerdiń túrleri menen dúnya xalıqlarınıń itibarı ózine qaratqan hám alǵısına minasip bolǵan. Úlkemizdiń qolaylı tábiyiy sharayatlarına iye ekenligi (topıraǵınıń ónimdarlıgı, jıl dawamında quyashlı kúnlerdin kóp bolıwı hám basqa) bul diyarda jetistiriletuǵın diyxanshılıq ónimleri, tirishilik ónimleredıń kaloriyalılıgı, mazalı bolıwı hám jaǵımli kórinisin támiyinleydi. Máselen, "Samarqand nanı", "Quva anarı", "Xorezm qawını"nday kóplegen ónimlerdiń dańqı házirgi kúnde de shet ellerde tanılǵan.

Ózbekstannıń usınday ózine tán tábiyatı, bul jerde jetistiriletuǵın tirishilik ónimleri, xalqımızdıń eń ázleiy hám bay dástúrleri hám de qádiriyatları hár qanday adamnıń itibarın ózine tartadı. Bulardıń barlıǵı úlkede sayaxat-turizmniń rawajlanıwı ushın áhmiyetli faktorlardan esaplanadı.

Ózbek xalqı etnografiyasın úyreniw boyınsha turistlik baǵdarlar hám olardı jetilistiriw.

Turistlerdiń sayaxatı hám saparlarınan jarqın tásir qaldırıw hám aǵartıwshılıq informaciya alıwları mútájliginen kelip shıǵıp, biz eń áweli áyyemde "Ullı jipek jolı" ótkeń qalalar hám mánzilxanalardı óz ishine aliwshı turistlik baǵdarlardı kórip shıgámız.

Jurtımızda shet elden keletuǵın rásmiy hám rásmiy bolmaǵan miymanlar, turistler sır emes, ózbek xalqınıń úrp-ádetleri, ırımları, dástúrleri, tariyxıy estelikleri, toy hám aza máresimleri, bayramları, Ramazan hayt, Qurban hayt, Nawırız ulıwma xalıqlıq bayram, xalıq seyilleri, Súmelek, Halim, kókpar, arqan tartısiw, bes tastay milliy oyınlarımızǵa ázelden qızıǵıp kelgen, Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa hám Ferǵanaday qalalar bolsa turistlik oraylar esaplanadı.

Evropanıń ayırım mámleketlerinde galabalıq tús alǵan turistlik xızmetler kórsetiwdiń awılǵa tán bolǵan formaların respublikamızda rawajlanidırıw múmkin. Bul baǵdarda túri turistlerdi awıllarǵa yaki ayırım úylerge jaylastırıw , awqatlandırıwın shólkemlestiriw menen baylanıslı. Sonıń menen birge, turistlerge awıl xojalıǵı islerin baqlaw yaki olarda tikkeley qatnasıw imkaniyatı beriledi. Turistler awıl yaki qalashadan baza sıpatında paydalanıp, usı aymaq boylap sayaxatlarǵa shıǵıwları múmkin. Balıqshılar jasaytuǵın awıllar hám qalashalarda jergilikli xalıq ta turistlerdi óz úyine jaylastırıwı hám olarǵa balıq awlawda qatnasıw imkanın beriwi múmkin. Tirizmniń bul túrin shólkemlestiriw ushın texnikalıq járdem talap etiliwi múmkin. Al bul bolsa turizm rawajlanıp atırǵan aymaqlarda xızmetlerdi oraylastırılǵan sistemada shólkemlestiriw zárúr ligin júzege keltiredi.

Ekologiyalıq baǵdarlar milliy turistlik ónimniń jedel pátler menen rawajlanıp atırǵan túrleinin biri esaplanadı. Ekologiyalıq tiruzm qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw



kemedegi adamlardı qutqarıwday mártlikleri menen bir qatarda Yaman úlkesinen Armanlardıń jurtına (Shopur arqalı) kelip qalıwı, tawlarda seyilde bolıwı, Shirinniń jamalın kóriw maqsetinde jumır taslardı oyıp salma qazıwı hám basqa kóplegen basınan keshirgenleri óz kórinisin tapqan. Farxadtıń Chin (Qıtay) mámleketinen Armanlar jurtına sayaxat etip keliwi áyyemgi ata-babalarımızdıń sayaxatshılıq iskerliginen derek beredi.

Apsanalıq seyil-sayaxatlar "Góruǵlı" dúrkimindegi onlaǵan dástanlarda jırlanǵan, yaǵniy Awezxan, Xasanxan, Rawshanxan, Rustem hám basqa onlaǵan unamlı qaharmanlar tımsalında "ushqır atlar"da tawdan-tawǵa ushıp ótip, dárya hám qalın putalıqlardıń ústinen sekirip ótiwindey waqıyalar talqılanǵan. Bunda asqan shabandozlıq sheberligi arqalı jigitlerdiń hár qanday gedergilerge shıdam beriwi hám olardı jeńip shıǵıwı kórsetiledi. Xalıq awız eki dóretiwshiliginde keltirilgen bunday simvollıq tımsallar arqalı ata-babalarımızdıń Watandı qorǵaw, el-jurt xızmetin atqarıw, mashaqatlı miynetleriniń nátiyjesinde óz súygenine jetisiwi, ata-ananı qádirlep, olardı álpeshlegenliklerin túsiniw qıyın emes.

Jámiyetlik-tárbiyalıq jaqtan qaraǵanda áhmiyetli bolǵan bunday dástúrli seyil-sayaxatlardıń barısında tek házirgi kúnlerimizge shekem ǵana saqlanıp qalǵan bolmastan, al olar jańa dáwir talab-mútájlikleri tiykarında barǵan sayın rawajlanıp barmaqta, qádiriyat sıpatında turmısta óz ornın tawıp, kóp qırlı jańasha formaları hám mazmunı menen bayıtıp barılmaqta.

"Alpamıs" dástanı xalqımızdıń turmısına sińip ketkenligin biykarlap bolmaydı. Ondá el-jurt arı ushın hám súygen yarı jolında bolǵan tınımsız gúresler, juwırıp-jeliw, geyde piyada júriw, tawlardan asıp ótiw, dáryalardan keship ótiw, kóldiń boylarında dem alıw, palwan-alplar menen gúreske túsiwdey keń qamtıwǵa iye bolǵan ámeliy iskerlikler sayaxattıń mazmunına say keledi.

Dástanda kórsetip ótilgenindey, Asqar tawı, Ayna kóli, Shilbir shóli hám basqa atamalardıń keltiriliwi, Ayna kóldiń jaǵasında Barshınaydıń óz

walayatlardaǵı basqa tariyx muzeylerinde abaylılıq penen saqlanıp hám kórsetilip kelinbekte.

Eń ayyemgi ata-babalarımizdıń jámiyetlik-mádeniy turmısı, sayaxatlar haqqında bazı bir pikirlerdi bildiriw múmkin boladı. Sırdárya, Zarafshan, Ámiwdárya hám basqa kishi dáryalardıń baslanıwı , orta bólegi hám olardıń sońǵı shaqaplarınıń átirapında wómish ata-babalarımız ómir' súrgen. Olar sharwa menen shuǵıllanıp, jıldıń máwsimlerine qarap udayı kóship júrgen. Bunda shańaraq aǵzalarınıń da tikkeley birge júriwine tuwrı kelgen. Al bul adamlardıń, tiykarınan jaǵıslar, jaylawlar, tawlı jerlerde piyada, kóliklerde (at, ǵashır, ógiz, eshek hám basqa) júriwin talap etken. Kishiniń de, úlkenniń de bunday sharayatlarda fizikalıq jaqtan shınıǵıwına tuwrı kelgen. Tawma-taw, jaylawma-jaylaw kóship júriw, qısqı paytlarda ózleriniń otırıqshi mánzillerinde jasawı dáwirinde qasqır, túlki, kiyik, arxar (jabayı qoy), keklik, qırǵawıl, bódene awlaw menen shuǵıllanıp, epshillik, shaqqanlıqqa iye bolǵan. Tábiyiy halda bunday ań awlawlarda tiykarınan orta jastaǵılar, jigitler, óspirimler hám hátteki jas balalar da qatnasqan.

Tariyxıy maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda biyik tóbelerdiń ústine, geyde tegis jaylawlarda da taslardı jıynar mula (belgi) jasaǵan. Mulanı jasawdaǵı tiykarǵı maqset, ań awlaw orınlariń belgilep qoyıw bolǵan. Sonday-aq, kim birinshi bolıp tawǵa shıqsa – qádem tiymegen jerlerge eń birinshi ret jetip barsa, estelik ushın mula jasaǵan. Hátteki mulalarǵa olardı jasawshı yaki ullı adamlardıń atların bergen. Xantańri (Qıtay), Kazbek , Elburs (Kavkaz)tay shıńlar da usınday tárizde atalǵan bolıwı itimal.

Ullı babamız , poeziya múlkiniń sultanı haziret Alisher Nawayınıń "Farxad hám Shiyrin" dástanında da sayaxatlarǵa baylanıslı bolǵan máseleler óz kórinisin tapqaqanlıǵınıń guwası bolamız. Dástanda "Teńiz saparı, boran hám ayralıq" (XXVIII bap) bóliminde Farxadtıń suwda júziwi, apatqa ushıraǵan



mashqalalarına táshiwishte bolǵan, jergilikli ekologiya hám mádeniyattıń halatı haqqında kóbirek biliwdi qálegen adamlarıń arasında ásirese tanılǵan. Turizmnin, bul túrin rawajlandırıwda puxta qadaǵalaw alıp barıw menen birge iskerlikti ekologiyalıq talaplarǵa úylesimli túrde baylanıstırıw zárúr. Maman gidlerdiń bar bolıwı, sonday-aq, sapar orınlarında tábiyattı qorǵaq is ilajların qatań ámelge asırıw úlken ahmiyetke iye boladı.

Stacionar turizm, eger miynet dem alısına shıqqanlar hám napaqadaǵılar óz qarjıların usı jerde jumsawların esapqa alsaq, jergilikli xalıqqa úlken payda keltiriwi múmkin. Biraq sonıń menen birge, turizmniń bul tıri belgili bir mashqalalardı keltirip shıgárıwı, atap aytqanda, úlken maydandaǵı qurılis múnasibeti menen jergilikli infrastrukturanıń zorıǵıwı, jergilikli ózine tánliktiń joǵalıwına, qurılıstıń aqılǵa uǵras emes (ekologiyalıq mashqalalartdı keltirip shıǵaratuǵın) usıllarınıń qollanılıwına alıp keliwi múmkin.

Etnikalıq hám stalgiyalıq emes baǵdarlar da milliy tiristlik ónimlerdi rawajlandırıw jollarınan biri esaplanadı. Bul turistlik ónimlerdiń atamalarınıń ózinde-aq saparǵa túrtki beriwshi faktorlar bar. Turizmnin, bul túri kóp orınlarda ájayıp potencialǵa iye. Bunday saparlarǵa atlanǵan turistler, qáde retinde, dástúrli turustlik obyektler hám xızmetlerden paydalanadı. Soǵan qaramastan, ayırım hallarda arnawlı gidler xızmetin shólkemelstiriw de ózine tán baǵdarlardı islep shıǵıwdı talap etedi.

Diniy turistlik baǵdarlar respublkamızda milliy turistlik ónimdi rawajlandırıwda júdá ayrıqsha áhmiyetke iye. Diniy ziyaratshılardı jaylastıriw hám olardı basqa obyektler menen támiyinlew ádette ózine tán ózgesheliklerine iye boladı. Biraq, turistlik iskerlik subyektleri sıpatında, ziyaratshılar da jergilikli xalıq ushın qosıımsha dáramat deregi esaplanadı.

Joqqarıda sanap ótilgen turistlik baǵdarlardı shólkemlestiriw hám islep shıǵıwda tek milliy turistlik ónimniń rawajlanıwına ǵana áhmiyet berilip

qoymastan, al sonday-aq, turislerdiń itibarın tartıw ushın qızıgıwshılıq tuwdıratuǵın obyektlerdin bar bolıwı, tábiyiy-ıqlımiy shart-shatayatlar, respublikanıń belgili bir aymaqların turistlik baǵdarlarǵa say keltirilgenligi, sonday-aq, belgili bir qalalar hám xalıq jasaytuǵın punktlerdiń jámiyetlik-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi, sonıń ishinde, abadanshılıq, injenerlik támiyinlew dárejesi, sırtqı hám ishki transport baylanıslarınday faktorlar da esapqa alınıwı tiyis.

Usınday baǵdarlardiń senariy rejesin dúziwde milliy turistlik ónimdi rawajlandırıw, Respublika boylap qızıqlı sayaxatlardı shólkemlestiriw, turistlik iskerliktiń barlıq túrleri: aǵartıwshılıq ekskursiyalar, dem alıw, bos waqıttı mazmunlı ótkeriwlerdi esapqa alǵan halda islep shıǵıladı.

Milliy turistlik wonim hám turistlik sayaxatlardı rawajlandırıw scenariy rejelerin islep shıǵılıwı menen tikkleley baylanısli halda, Respublikada “Miyras” milliy baǵdarlaması da islep shıǵılǵan bolıp, ol Ózbekstandaǵı barlıq (áyyemnen baslap tap házirge shekem bolǵan) mádeniy miyras esteliklerdi saqlaw, úyreniw, tiklew hám úgitlew ilajların óz ishine aladı.

Ózbekstanda tawlar, dáryalar, kóller, sahralar, toǵaylar hám ań ańlaw ushın mólsherlengen arnawlı aymaqlar júdá hám kóp. Al olar arqalı bolsa turistlik baǵdarlardıń 100 den artıq túrlerin shólkemlestiriw múmkin. Házirgi kúnde tek respublika shólkemleriniń ózi gána arnawlı turistlik baǵdarlardıń 34 túrin shólkemlestirilgen. Respublikada tawlar boylap sayaxat, túelerde, atlarda sayaxat, balıq awlaw, velobaǵdarlar, ekologiyalıq turlarday arnawlı turistlik baǵdarlar rawajlanbaqta. Ózbekstan aymaǵında bul baǵdarlar menen shuǵıllanıwshı arnawlı firmalar bar. “Osyo-travel”, “Glavoxota”day shólkemler usılar qatarında turadı. Respublika boyınsha eń kóp turistlerdi ózine qabıllap atırǵan turistlik baǵdarlarǵa tómendegiler kiredi: “Baysın tawları hám úńgirleri”, “Sarıshelek kólleri”, “Keklik awlaw”, “Quslardı awlaw”, “Taw



biri. Turizm degende fizikalıq shaxslardıń jasaw orınlarınan salamatlastırıw, bilimlendiriw, kásiplik-ámeliy yaki basqa maqsetlerde berilgen orın (mámleket)da haqı tólenetuǵın iskerligi menen shuǵıllanbaǵan halda uzaǵı menen 1 jıl múddetke saparǵa ketiwi (sayxat etiwi) túsiniledi.

Turizm (sayaxat) piyada hám kóliklerde júriw, tariyxıy hám basqa dıqqatqa ılayıq orınlarda seyil-tamashalaw, baqlaw, kóz tartarlıq sanatorialarda dem alıw, sap hawa, quyash nurları hám tınıq suwlarda shınıǵıw degeni bolıp tabıladı. Bolıp ótetuǵın jámiyetlik-mádeniy hám tárbiyalıq processlerde qorshaǵan ortalıqtı úyreniw, belgili maqsetler jolında qoyilǵan wazıypalardı orınlaw, hár túrli qatlamdaǵı adamlar menen mámilede bolıwǵa tuwrı keletuǵını tábiyiy. Sol sebepten de áyyemgi ata-babalarımız ań awlaǵan hám de hár túrli shınıǵıwlardı orınlap barıw barısinda, eń áhmiyetlisi, fizikalıq sıpatlardı (shaqqanlıq, tezlik, epshillik, shıdamlılıq ham basqa) da jetilistirip barǵan. Bul haqqında xalıq awız eki dóretiwshiliginde táriyplengen hár túrli rawayatlar, ápsanalar hám gúrrińlerdegi dáliyller, pikirlewler de guwalıq beredi. Olardan geypara úlgilerin mısal sıpatında kórsetiw múmkin.

Chatqal, Nurata, Sarıasiya hám Túrkistan taw dizbekleri arasında tegis hám jıltır taslarǵa oyıp sızılǵan súwretler (formalar) arasınan ań awlaw kórinisi, hár túrli jabayı haywanlardı nayza menen túyrew, oq jaydan atıw, adamlardıń juwırıwı, haywanlar menen shayqas, nayza, oq jay hám basqa qurallarıń isletiw jolları júdá ayqın kórsetilgen.

Surxan oazisindegi Dalvarzintepa, Samarqandtaǵı Afrasiyab hám basqa aymaqlarda alıp barılǵan arxeologiyalıq qazıw isleriniń tabılma zatlarında sayaxatta bolıw, qalalarda sawda uyımlastırıw, kóz tartarlıq orınlarda dem alıw, túye, at, ǵashırlarǵa júk tiyep, olardı piyada jeteklep barıw, geyde olarǵá minip júriwdey ámeliy háreketler súwretlengen. Bunday súwretli dáliyller Ózbekstan tariyxı Mámleketlik muzeyi, Kórkem óner muzeyi, Afrasiyab muzeyi hám

**Chokardiza** – qońsılas qorgán wordası.

## 3-tema. Ózbekstanda turizmniń rawajlanıwı.

**R e j e**

1. Turizmniń payda bolıwı hám rawajlanıwı.
2. Turizm salasiniń kadrların tayarlaw.
3. Turizmniń formaları hám túrleri.
4. Tiykarǵı turistlik baǵdarlar.
5. Keńes dáwiri turizminiń ahwalı.
6. Ǵárezsizlik hám turizm.
7. Ózbekstanda xalıq aralıq turizm
8. Ózbekstannıń tariyxıy-arxitekturalıq imaratları hám mádeniy estelikleri

**Tayanısh sózler:** seyil-sayaxat, turizmniń formaları hám túrleri, turizmniń baǵdarları, dıqqatqa ılayıq orınlar, tawlar, oypatlar, ataqli sayaxatshılar, kóliklerde júriw, turistlik zona, jeke turizm, sayaxat, tariyxıy mákánlar, qolaylı tábiyiy sharayat, islamiy estelikler, muqaddes ziyarat orınları, ziyaratxanalar, shet ellik sayaxatshılar, miymanxanalar, turizm kadrların tayarlaw, ullı jipek jolı, ekoturizm, tábiyat boylap sayaxat, sarmishsay, jaraqudıq, geopark, arxitektura, tariyxıy estelikler, mádeniy miyras, hákimshilik usıl, korkem óner, qádiriyat, medrese, meshit, minara, ústin, movzeley, diywal, óreler, aywan, gúmbez, gózzal jay, naǵıs, zebi-ziynat, arka, suw saqlaǵısh, estelikler jámlemesi.

Turizm - sayaxat, jámiyetlik-tárbiyalıq ózgesheliklerine iye bolǵan teoriyalıq hám ámeliy pán sıpatında oqıtiladı. Onıń jámiyetlik dúzim (formaciya)ler menen baylanıslı bolgan óz tariyxı hám rawajlanıw jolı bar.

Turizm ulıwma maǵanada seyil-sayaxatlar, keshirmelerdi ańlatadı. Sonıń menen bir waqıtta ol jámiyetlik-turmıs hám miynet processlerinde de quraladı.

**Turizmniń payda bolıwı hám rawajlanıwı**. Turizm (francuzsha tour – seyil, sayaxat), sayaxatshılıq – sayaxat (sapar) etiw: jeddel dem alıw túrlerinen



yeshkisin awlaw” hám basqalar. Bul túrler menen Jizzax, Namangan, Nawayı, Samarqand hán Ferǵanadaǵı walayat turistlik shólkemleri de shuǵıllalnadı[1].

Ózbekstan Orta Aziyanın qaq ortasında jaylasqan bolıp, ózine tán geografiyalıq hám ıqlimiy ózgesheliklerge iye. Mámleket aymaǵında júdá kóp miliy baǵlar hám qorıqxanalar bar. Jedel dem alıwshılar, keshirmelerdi hám sayaxatlardıń ıshqıpazları ushın bul jerde júdá kóp imkaniyatlar bar. Ornitologiya, qum barxanları hám túyede seyıl etiw ıshqıpazları ushın sheksiz qızılqum sahrası boylap turistlik baǵdarlardı shólkemlestiriw múmkin. Tawda seyil etiw hám alpinizm ıshqıpazları ushın bolsa salawatlı Tyan-Shan hám Hisar taw dizbeklerine dıqqattı qaratsa boladı. Suwda da dem alıw ıshqıpazlarına Orta Aziyanıń Shatqal, Aqbulaq, Ahangaran, Zarafshan, Sırdariya hám Ámiwdáryaday ájayıp dáryalardı boylap baǵdarlar usınıs etiledi.

Respublikada arxitekturalıq estelikleri tamashalaw hám Orta Aziya xalıqlarınıń kóp ásirlik tariyxı menen tanısıwdı óz ishine alıwshı aralas baǵdar eń ǵalabalıq baǵdarlardan biri esaplanadı. Al bul bolsa Buxara, Samarqand, Xiywa, Shahrisabzday áyyemgi qalalar boylap ekskursiyalardı óz ishine aladı. Baǵdardıń trek dep atalǵan bólegi Hisar tawlarına bes kúnlik sapar etiwdi názerde tutadı. Bunda ataqlı Amir Temur úńgirine ekskursiya úyımlastırıladı, áyyemgi haywanlardıń tasta qatıp qalǵan izleri barıp kóriledi, Hisar taw dizbeklerinen asip’ wótiledi hám Qızılqum sahrası boylap túelerde eki kúnlik sapar uyımlastırıladı. Bunnan basqa, úsh, tórt hám hátteki bes baǵdardan ibarat hár túrli aralas ekologiyalıq turlardı shólkemlestiriw imkaniyatları da júdá kóp. Ózbekstannıń hár túrli tábiyiy hám tariyxıy obyektleriniń bir-birine jaqın jaylasıwı buǵan imkaniyat jaratadı.

Ózbekstanda Aqsuw hám Karavshin aymaqlarında, Túrkmenstan taw dizbeklerinde, Sarıshelek kólindey ataqlı esteliklerdiń jaylasqanlıǵı da arnawlı

[1] Мирзаев Р. Солнце путешествует по миру чтобы рассеять. Ташкент. Шарк, 2005. Б.130.

turistlik baǵdarlardı rawajlandırıw ushın júdá qolaylı bolıp tabıladı. Kóplegen arnawlı turlardıń narqı shet mámleketlerdiń tap usınday turlarınıń narqınan bir neshe barabar arzan. Sol sebepli de olar kóplegen shet el qániygeleriin hám bunday turlarǵa qızıǵıwshılardı ózine kóbirek tartadı. Geyde Respublikanın ishinde bir túrli turlarǵa hár túrli narqlar belgilengen bolıp, al bul bolsa arnawlı turistlik baǵdarlar menen shuǵıllanıwshı turistlik shólkemlerdiń hár túrli mákemelerge boysınıwı menen túsindiriledi.

Respunlikaǵa keliwshi turistlerdi esapqa alıw tek Tashkent aeroportı boyınsha ámelge asırıladı. Biraq, bajıxana hám shrgara xızmeti basqa aeroportlarda da bar. Olar basqa mámleketlerden kelgen charteli reyslerdi qabıllaydı. Biraq konsullıq xızmetiniń nızamına muwapiq shet ellik turist vizaga iye bolǵan halda shegaradan avtobus, avtomobil hám temir jol transportı quralları arqalı ótiwi múmkin.

Turistler ótetuǵın tiykarǵı punktlerge tómendegiler kiredi: Qırǵızıstanda Krasnogorsk, Qazaqstanda Sarıaǵash, Tájikstabda Panjikent, Túrkmenstandaǵı Tashawızday. Bunnan basqa, Ózbekstan ǵa shet ellik turistlerdiń keliwi múmkin bolǵan avtomobil jolları da bar. Qazaqstan, Rossiya, Qırǵızstan, Tájikstan hám Túrkmenstannan hár jılı shama menen 5 mln nan artıq pezident bolmaǵanlar keledi.

Qońsılas mámleketlerden barlıq baǵdarlar boyınsha keletuǵın rezident emes isbilermenler, tuwısqanlarına kelgen miymanlar, qospa kárxanalardıń xızmetkerleri bolıwı múmkin. Jolawshı tasıw maǵlıwmatlarında jeke mashinasında keliwshiler esapqa alınbaǵan. Biraqta, olar tasılǵan jámi jolawshılardıń keminde 20% in quraydı. Mámleket boyınsha resident bolmaǵanlardıń analizin, shet ellik turistleri esapqa qospaǵanda, tómendegishe bahalaw múmkin: Qazaqstannan – 50-60%, Tájikstannan - 20-25%, Rossiyadan – 10-15%. Qazaqstannan keliwshi resident emeslerdiń úlesiniń kópligi



(1755) “Aral – kólde aral kóp bolǵanınan usınday atalǵan” degen pikirdi ortaǵa taslaydı. Shınında da aral teńizinde 300 den artıq arallar bolǵan.

Sultan Ways – Ámiwdáriuanıń oń jaǵalawındaǵı tawlar. Orta Aziyada Sufizm úgitshilerinen biri arab Ways Qarniy atı menen atalǵan (VII ásir). Sultan ataǵı oǵan keyin ala Orta Aziya xalıqları tárepinen berilgen. Taw dizbekleriniń qubla-batıs janbawırında Sultan Waystıń ziyaratxanası ápsanalıq qábiri bar.

Taylaq awıl – awıl, Shimbay rayónı. Endi tuwılǵan túyeniń balası, bir jasqa shekem bolǵan bota (botalaq), al bir jastan asqanı taylaq delinedi. Taylaq awıl – qaraqalpaqlardıń taylaq urıwınıń atı menen atalǵan.

Tarlı – Kegeyli rayonındaǵı kewip qalǵan ózen. Q.Abdimuratov bul toponimdi “Tarılı, tarıpaqal” dep túsindiredi.

**Temanı bekkemlew ushın sorawlar**

1. Toponimika túsinigi haqqında nelerdi bilesiz?
2. Mikro hám makrotoponimlerdiń parqı qanday?
3. Toponimikalıq maǵlıwmatlar qanday jıynaladı?
4. Toponimikanıń úlketaniwdaǵı áhmiyeti qanday?
5. Ózbekstan walayatları, Tashkent hám Qaraqalpaqstan toponimleri haqqında nelerdi bilesiz?

Tayanısh sózlerdiń túsindiriliwi

**Toponimika** – latınsha: monos – orın, onima – at, ulıwma, orınnıń atın úyreniwshi pán.

**AntroToponimika** – latınsha: antropo – adam, onima – at, adamnın atı, familiyası, laqabın úyreniwshi ilimniń tarmaǵı.

**Bixara** – sanskritshe: ibadatxana.

**Harda** – shegara, seti.

**Qoylıq** – oylıq, páslik.

**Tashkent** – tas qalası yaki tas penen oralǵan jer degen maǵanalardı bildiredi.

**Oykonimler** – qala, awıllardıń atları.

Jalǵız dáryası – Ámiwdárya (quyarlıǵı). dáryanıń keń jayılǵan deltasında toǵaylıqlar kóp. Sultan Ways tawlarınıń yeteginde Baday toǵay Mámleket qorıqxanası jaylasqan.

Qaraqalpaqstannıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Ayazqala – Beruniy rayonı aymaǵındaǵı arxeologiyalıq estelik. B.e.sh. IV-II ásirlerge derekli úsh qorgánnıń qarabaxanasınan ibarat. Bir neshe túrkiy xalıqlar folklorınıń qahramanı Ayaz atı menen atalǵan.

Arshan – awıl, Kegeyli, Shımbay rayonları. Qaraqalpaqlardıń manǵıt qáwiminiń quramında arshan urıwı bolǵan.

Atawawıl – awıl, Tórtkul rayonı. Jetkinshek qaraqalpaq tilinde "óspirim jas áwlad" degen maǵananı bildiredi.

Moynaq – qala, Moynaq rayonı orayı. Moynaq eki quramlıq bólekten ibarat: moyın – moyın, -aq kishireytiw qosımshası. Moynaq – "kishi moyın", "moyınsha" yaki "yarım ataw" degen maganalarǵa iye.

Nókis – qala, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń paytaxtı (qaraqalpaqsha – Nókis). Hukus, nókus, nekuz degen urıw bolǵan. Rawayat boyınsha , Hukus (nókis) – súrgin etilgen toǵız qızdıń ullarınan tarqalǵan adamlardıń áwladı bolıp, "toǵız adam" degeni (tájikshe nwh- toǵız, kas – adam) boladı. Bul tek rawayat ǵana. Toponimnıń etimologiyası elege shekem belgisiz.

Nókis urıwı Nikas ("jańa awıl") degen maǵananı ańlatadı dep aytıwshılar da tabıladı.

Aral teńizi – bul gidronimnıń kelip shıǵıwı haqqında bir qansha pikirler bayan etilgen. Xiywa xanı, iri tariyxshı alım Abulǵaziy Bahadurxan Ámiwdárya teńizine quyılatuǵın orındı, deltanı Aral dep ataǵan. Mine usı jerde arallılar degen elat jasaǵan. L.Berg óziniń "Aral teńizi" shıǵarmasında (1908) Aral sol jerde jasaǵan xalıq – arallılar atınan kelip shıqqan dep jazadı hám Richkovtıń



Ózbekstan aymaǵınıń ózine tán ózgeshelikleri hám júdá kóp jollardıń Watanımız arqalı ótiwi menen belgilenedi.

Turistlik baǵdarlardı rawajlandırıw ushın tiykarǵı faktorlardan biri, bul – salanıń kadrları, olardıń bilimi hám tájiriybe potencialı menen de baylanıslı boladı. Házirgi künde Respublikamızda turistlik baǵdarlardı rawjlandırıw ushın keń imkaniyatlardıń bar bolsa da bul boyınsh júdá kem baǵdarlar islep shıǵılǵan, bul baǵdarlar tiykarınan Ullı jipek jolı jaylasqan qalalarǵa qaratılǵan. Biraq Respublikamızda turistlerdiń keliwi hám dem alıwları ushın tariyxıy hám ekzotikalıq orınlar júdá kóp. Tek olardı qızıǵıwshılarǵa jaqınnan tanıstiriw maqsetinde tiyisli reklama-informaciyalardı járiyalap barıw hám de baǵdarlardıń sisteması hám turistlerdi sol orınlarǵa jaylastırıw jolları islep shıǵılıwı kerek.

Házirgi ǵárezsizlik hám milliy ózlikti ańlaw dáwirinde ózbek xalqınıń ótmish tariyxın úyreniwge bolǵan itibar barǵan sayın artıp barmaqta. Keyingi jıllarda Joqarı oqıw orınlarında "Tariyxıy úlketanıw hám turizm" boyınsha lekciya, ámeliy shınıǵıw hám óz betinshe jumıslarǵa ajıratılǵan sabaqlardıń saatların kóbeytiwdi dáwirdın ózi talap etpekte.

Bul temadaǵı 3 hám 4-rejelerdi talabalar tárepinen óz betinshe tayarlaw usınıs etiledi.

Temanı bekkemlew ushın sorawlar

1. Etnografiya pánininʻ izertlew obyektlerine neler kiredi?

2. Ózbek xalqınıń kelip shıǵıwı haqqında etnograf alımlar qanday pikirde?

3. Ózbek etnografiyasına ulken úles qosqan qaysı ózbek alımların bilesiz?

4. Ózbeklerdiń materiallıq mádeniyatı, úrp-ádeti, dástúrleri hám de turmıs qálpi haqqında ne bilesiz?

5. Etnogenez degen ne? Ol qalyınsha ótetuǵın process?

6. Etnikalıq tariyx degen ne?

7. Ózbekler qashan xalıq sıpatında qáliplesken?

8. Ózbeklerdin millet bolıp qáliplesiw processi haqqında neni bilesiz?

Tayanısh sózlerdiń túsindirmesi

**Etnografiya** - xalıqtanıw páni.

**Millet** – arabsha: xalıq – adamlardıń bir tilde sóylesiwi, bir aymaqta jasawı, ulıwma mádeniyat hám ruwxiyat birligi tiykarında tariyxıy dúzilgen birligi.

## 2-tema. Toponimika-Tariyxıy úlketanıw hám turizmniń tiykarǵı dereklerinen biri.

**R e j e**

1. Toponimika tiykarında úlkeniń tariyxın úyreniw.
2. Toponiomika maǵlıwmatların jıynaw usılı.
3. Taskneht qalası toponimleri.
4. Ózbekstan walayatları hám Qaraqalpaqstan toponimleri.

**Tayanısh sózler:** orinnıń atları, makro hám mikro toponimler, Toponimika tarmaqları, gidronim, dimunitiv, metafara, metonomiya, óz betinshe (bir ózekli) toponimler, toponomistler, etno toponim, moponimistler, etnitoponim, walayatlar toponimleri.

Toponimika tiykarında úlkeniń tariyxın úyreniw.

1917-jılǵa shekem Toponimika ayırım pám sıpatında úyrenilmesten, onıń wazıypasın tariyxiy geografiya páni atqarıp keldi. Toponimika geografiyalıq atlar, adamnıń atların úyrenetuǵın pán sıpatında maydamǵa keldi. Toponimikanı “zamin tili”, yaǵnıy “jer tili” dep te ataydı. Toponimika ataması latın tilinen alınǵan bolıp, topos – orın, onima – atı, yaǵnıy orınıń atın úyrenetuǵın pán degen maǵananı bildiredı. Ataqlı rus alımı N.I.Nadejdin bul pán haqqındaǵı pikirin ayqınlastırıwga háreket etip, “Jer – bul toponimler arqalı adamzattıń tariyxı bitilgen kitap bolıp tabıladı”, - deydi. Toponimler xalıq tili hám tariyxınıń ónimi esaplanadı. Geografiyalıq atlar Toponimikanıń úyreniw deregi bolıp esaplanadı. Toponimika 2 obyektten: mikro hám makro toponimlerden ibarat bolıp, mikro Toponimika – pánde úyreniliwi jaǵınan mayda obyektlerdi, makro Toponimika bolsa, ataqlı atlar, yaǵniy iri obyektlerdiń atların izertleydi.



Nasaf – Qarshi qalasınıń orta ásirlerdegi atı. Dáslep Istaxriy, Ibn Havkal, Muqaddasiy shıǵarmalarında tilge alınǵan. Dáslepki jergilikli atı Naxshab. Keyin ala, XIII ásirden Nasaf dep atalǵan. XIV ásirden Qarshi dep atala baslaǵan.

Chalqa – awıl, Diyxanabad rayonı. Dialektlerde adırlardaǵı sıpaday tegis maydan chalqa dep ataladı.

Chiraqshi – qala, Chıraqshi rayonı orayı. Chiraqshi qorǵanı XV ásirden aldın, Ubaydullaxan dáwirinde de bar edi. Áziz-áwliyelerdiń mazarlarında jasap, shıra jaǵıp, mazardı sıpırıp-tazalap turatuǵın qarawıl (shayx) shıraqshı delingen. Basqa bir maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, gilden shıraq jasaw menen shuǵıllanıwshılardıń qollawshısı bolǵan Shiraqshı ata atı menen atalǵan.

Shahrisabz – qala, Qashqadárya walayatı. Bul at teńgelerde XIV ásirlerde ushırasa baslaydı. Qalanıń ayy’emgi atı Kesh. XV – XVI ásirlerdegi hújjetlerde hám “Baburnama”da Kesh hám Shahrisabz atları qatarlasıp tilge alınadı.

Qarshi – qalanıń atı bolıp, Ózbekstannıń eń áyyemgi qalalarınan biri. Qala XIV ásirge shekem Naxshab dep atalǵan. Arablar bul jergilikli attı Nasaf dep ataǵan. Shıǵatay násilinen bolǵan Kepekxan (1309-1326) Qashqadárya oypatına ornasqan eski Naxshabtan eki parsek uzaqta ózine saray salǵan. Saray monǵol tilinde Qarshi dep atalǵan. Qarshi “shah qorǵanı” degen maǵananı da bildirgen.

Qaraqalpaqstan Respublikası toponimleri

Qaraqalpaqstan Respublikası quramındaǵı suveren Respublika biyligin 1992-jılı 9 –yanvarda alǵan. Maydanı 165,6 mıń kv km bolıp, elimiz’ aymaǵınıń 38% in quraydı. Ózbekstan aymaǵınıń arqa-batısında, Ámiwdáryanıń quyarlıǵında, Aral teńiziniń qubla jaǵalawında jaylasqan. Xalqı 1817,3 mıń adamnan ibarat. Onıń quramında 14 rayón bar. Paytaxtı – Nókis qalası (xalqı 307,6 mıń adam, 2017-jıl 1-yanvar halatı). Nókis – Tashkent qalalarınıń arasındaǵı aralıq 1215 km.

Qashqadárya oazisi áyyemgi mádeniyat oraylarınan biri bolıp tabıladı. Eń dáslepki orta ásirlerde Qashqadárya oazisiniń joqarı bólegi Kesh, tómengi bólegi Naxshab dep atala baslandı. Bizin dáwirimizdiń VI-VII ásirlerinde eski qalalarǵa daǵdarısqa ushırap, jańa qalalar payda bolǵan.

1220-1221-jıllarda Qashqadárya oazisindegi qala hám awıllar mońǵollar basıp aliwınıń nátiyjesinde qıyratılǵan. 1318-1326-jıllarda mońǵol xanlarınan Kepekxan saldırǵan saraydıń qasında Qarshi qalasına tiykar salındı.XIV-XV ásirlerde Amir Temur hám Mırza Uluǵbek dáwirlerinde Shahrisabz bir qansha monumental imaratlar – saray, meshit, movzeley hám basqa imaratlar qurıldı.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Balxi – awıl, Shahrisabz, Qarshi rayonları. Ózbeklerdiń keneges, qutshi, saray qáwimleri, túrkmenlerdiń yersarıday qáwimleri quramında balxi (balqi) uriwı dizimde alınǵan. Balxi – "balxlı", "Balx qalasınan kelgen" degeni.

Deshqon – awıl, Shahrisabz rayónı. De + shayx + on – "shayxlar awılı", shayx: 1) musılman ruwxaniyleri wákili; 2) qábirstan, ziyaratxana wákili.

Jenov – awıl, Kasbi rayonı. Parsısha juy (salma, anhor) hám nav (yangi) sózlerinen quralǵan.

Kitob - Qashqadárya walayatındaǵı qala. Kitob atı tájik tilinen alınǵan "kift" – iyin, "ob" – suw, yaǵniy "iyindegi suw" degen maǵananı bildiriwshi atama esaplanadı.

Kesh – Shahrisabz qalasınıń aldıńǵı atı. Dáslep "Xudud ul-olam"da Kesh, arab geograflarınıń sıǵarmalarında Kash, Kass formasında tilge alınǵan. V.V.Bertold qalanıń atı Kesh tárizinde aytılıwı durıs dep esaplaydı. Kesh kass, kattay sinonimlıq terminleren ibarat toponimler bolıp, "úy", "awıl", "turaq jay" maǵanaların ańlatadı.

Nayistan – awıl, Mirishkor rayonı. Nay "qamıs" maǵanasında. Nayistan – "qamıslıq", "toǵay" degeni boladı.



Házirgi waqıtta Toponimika tek iri obyektlerdiń: tawlar, toǵaylar, oypatlar, oazisler, qalalardıń atların ǵana emes, al kishi obyektlerdiń – máhálleler, jıralar, jarlıqlar, anhorlar hám kóllerdiń atların da úyrenbekte.

Antroponim sózi – latın tilinen alınǵan bolıp, antropo- adam, onoma – at, adamnın atı, laqabı, familiyası degen boladı; antroponimika – adam atların úyrenetuǵın pán tarmaǵı bolıp tabıladı.

Gidronim grekshe: girdo – suw, onima – atı, suw obyektlerinń, máselen, kanal, salma, anhor, dárya, say, jılǵa, tarmaq, bulaq, qudıq, teńiz, kól hám qoltıq, buǵaz, sarqıramalardın atların úyrenedi.

Diminutiv – latın tlinen alınǵan sóz bolıp, kishireytilgen formadan toponim jasaw degeni boladı. Ózbekstanda - cha hám – ak, geyde – ik affiksleri dimunitiv formadaǵı toponimlerdi jasaydı; bunday toponimler atlıqlardan (Xosorak, Xumdanak, Rudak), kelbetliklerden (Kókshe, Aqsha, Sarısha), etnonimlerden (Durmansha, Naymansha) jasalıwı múmkin. Geyde bolsa (úlken toponimge eliklep) at qoyılǵanda da dimunitiv formadan toponimler jasaladı, sebebi, Buxarasha, Samarqabdak, Baǵdadik, Registonak hám basqalar.

Metateza – latın tilinen metatecic – orın almastırıw, sózdegi seslerdiń orın almastıriw (Beshoǵoch – Bechogosh, Sayram – saryom).

Metafora – grekshe kóshiriw, sózdiń kóshpeli mániste qollanılıwı. Máselen, (Túyetas – úlken tas, Mıń bulaq – kóp bulaq), yetek – dáryanıń, tawdıń, saydıń yaki adamnıń yetegi, Murın – adamda, qayıqta hám basqalarda.

Metanimiya – grekshe: qayta ataw, at qoyıw, Toponimikada orınnıń atınıń qóńsılas obyekttiń atına ótiwi. Máselen, dáryanıń atınıń qalanıń atına aylanıwı (Zarafshan dáryası – Zarafshan qalası, Shirshiq dáryası – Shirshiq qalası), dárya atınıń tawdıń atına ótiwi (Kóksuw dáryası – Koksuw taw dizbegi, Vaxsh dáryası – Vaxsh taw dizbegi). Ózbekstanda metanimiya hádiysesi júda keń tarqalǵan.

Mikrotoponimiya – grekshe mikro – kishkene, onima – atı, kishi obyektler: bulaqlar, qudıqlar, dalalar, otlaqzarlar, jarlar, kishi tóbeshikler, kósheler hám

háttteki ataqlı atqa iye bolǵan ayırım tereklerdiń atları; mikrotoponomiya hám makrotoponomiya arasında belgili bit shegara joq, máselen, geypara izertlewshiler kóshelerdi mikroToponimikalar dep atasa, basqa birewleri makroToponimika dep te esaplaydı.

Urbanonimiya sózi de latın tilinen alıngan bolıp, urbanus – qala, xalıq jasaw punktleri; xutor, awıl, qalasha, stanciya, qalalardıń atların belgileytuǵın arnawlı pán esaplanadı.

Házirgi waqıtta toponimistler orınniń atların tek etomologiya hám semantikalıq jaqtan ǵana emes, al soz jasalıwı jaǵınan da talqılanbaqta. Antoponim - adamnıń atı, familiyası, laqabı (Mahmud Qashǵariy, Munis Xorezmiy), antroponomika – adamnıń ismi, familiyası, laqabın (máselen, Tashkenbay, Qoqanbay, Xojakól), etnoToponimika bolsa qáwim, urıw-aymaq, millet, xalıqtıń atına qoyılǵan ismlerdi (Qazaqbay, Qırǵızbay, Ózbekxan) úyrenetuǵın pán tarmaqları bolıp tabıladı. Sabır (Saburov) – túrkiy “sabr”, arabsha (sobir” (shıdamlı) sózlerinen alınǵan. Palwanov – túrkiy tillerde “palwan”, parsısha “Pahlavon” (batır, qańraman maǵanasında) sózlerden alınǵan, keyin ala russha –ov qosımshası qosılıp, Palwanov familiyası kelip shıqqan.

Dalvarzin, Qońırat, Nókis, Mitan hám basqalardı esapqa almaǵan halda, barlıq toponimler eki hám bunnan artıq quramlıq bóleginen (komponentlerden) ibarat. Bunday qaraǵanda, hesh qanday qosımshasız tek bir sózden ibarattay bolıp kóringen Jizzax, Qoqan, Yazyovon, Gálshaday toponimler negizinde eki komponentten dúzilgen.

Biraq Qarshi (saray, qorǵan), Hisar (qorǵan), Bixara (Buxara – ibadatxana), Shim (qorǵan), Yon (bándirgi), Yap (kanal) atları ayırım toponimler formasında ushırasadı. Al geyde bolsa Qum, izey, sıpaday geografiyalıq atamalar da hesh qanday qosımshasız toponimler payda etken. Biraq mine usınday bir ǵana geografiyalıq atamadan dúzilgen atlar, kóbinese, usı toponimlerdiń xalıq



Qaraqum ortasındaǵı gózzal bir oazis bolıp, bay tariyx hám mádeniy miyrasqa iye.

Xiywa – walayattaǵı ekinshi oraylıq qala. Xiywa xanlıǵınıń orayı bolǵan. Ápsanalardıń birinde aytılıwına qaraǵanda , Xiywaǵa Nux payǵambardıń ulı Som tiykar salǵan. Xiywa sózi huqıq degen maǵananı ańlatadı. Xorezmde bul sózdi Xivak dep ataw halları házirde ushırasadı. 1997-jılı qalanıń 2500 jıllıǵı keń kólemde nıshanlandı. Tariyxıy estelklerge bay bolǵan bul mákan “Ashıq aspan astındaǵı muzey” sıpatında xalıq aralıq kólemde moyınlanǵan.

Qataǵan – Qoskópir rayonındaǵı awıldıń atı. Parsısha joǵalǵan, kewip ketken, tawıp bolmaydı degen maǵanalardı ańlatadı.

Hazarasp – qalasha, Hazarasp rayonınıń orayı. Hazor – parsı tájik tilinde “mıń”, asp – “at”, yaǵniy mıń at degeni boladı. Hazarasp Xorezmniń qubla shegarasındaǵı qorǵan bolıp, ótmishte onda mıń atlı ásker saqlanǵan. Dushpan hújim etkendey bolsa, qorǵan birinshi bolıp soqqını ózine qabıllaǵan.

Hazarasp haqqında eń dáslepki maǵlıwmatlar Istaxriy, Ibn Havkal, Yuqut Xamaviydey izertlewshilerdiń shıǵarmalarında ushırasadı

Qashqadárya walayatı toponimleri

Qashqadárya walayatı 1943-jılı 20-yanvarda dúzilgen bolıp, maydanı 28,6 mıń kv km., xalqı 2895,3 mıń adamnan ibarat. Walayat Respublikanıń qubla-shıǵısında, shıǵıstan Hisor hám Zarafshan taw dizbekleri menen orap turadı. Quramında 13 awıl rayonı (Diyxanabad, Kasbi, Kitab, Koson, Mirishkor, Mubarak, Yangi Nishon, Shiraqshi, Shahrisabz, Yakkabaǵ, Qamashi, Qarshi, Ǵuzor), 12 qala (Beshkent, Kitob, Koson, Mubarak, Tallimarjan, Yangi Nishon, Shiraqshi, Shahrisabz, Yakkabaǵ, Qamashi, Qarshi, Ǵuzor), 4 qalasha (Diyxanabad, Miroqi, Nurstan, Eski Yakkabaǵ) bar. Hákinshilik orayı – Qarshi qalası. Qarshi – Tashkent qalaları arasındaǵı aralıq – 560 km.

menen Turannıń arasındaǵı Karwan jolınıń boyında bolǵan ham lolılar sol jerden Orta Aziyaǵa ótkeń. Multon – “lolı awıl”.

Xanabad – Xorezm walayatındaǵı kanal. Kanal Xorezm húkimdarı Muhammed Aminxan (1846-1855) dáwirinde qazılgan hám xannıń húrmetine mine usılay atalǵan.

Xanqa – qalasha, Xanqa rayonı orayı. Xanqa, xonaqoh - “zikirxana” sózinen alınǵan; Xanqa X ásirde Darxos dep atalǵan. V.V.Bertold xanaqoh parsisha xona sóziniń suǵdiyler tilinde aytılıwı degen.

Xorezm – Orta Aziyadaǵı eń áyyemgi atlarınan biri. Zardushtiylerdiń muqaddes kitabı “Avesto”da Xvairizam, áyyemgi parsı tilindegi jazıwlarında Xuvarazmi, b.e.sh. VI ásirde dóretiwshilik penen shuǵıllanǵan Gekatey shıǵarmasında Xorasmiya formasında tilge alınǵan. Geradot bul maǵlıwmatlardı jáne de tolıqtırǵan. Xorezm arabtanıwshı izertlewshilerdiń shıǵarmalarında xorezmiy tilinde Xvarizm formasında bayan etilgen.

Xorezm sóziniń maǵanası haqqında bir qansha pikirler bar, Orta ásir arab geograflarınan Muqaddasiy hám Yoqut Hamaviy shıǵarmalarında Xorezm sóziniń kelip shıǵıwı haqqında bir rawayat keltirilgen: patsha ashıw menen óz puqaralarınan bir qanshasın adamsiz uzaq úlkege jer awdarıwdı buyıradı, biraq ol jerde otın hám gósh (yaǵnıy Ámiwdáryada balıq) kóp edi. Músapirler bul úlkeni abat etedi hám Xorezm dep atadı (xvar – “gósh”, rezm – “wotın”).

Soǵdtanıwshı alım M.N.Bogolyubovtın pikiri boyınsha , Xorezm úsh quramlıq bólekten ibarat: xu – var (vara) – zim. Var (vara) áyyemgi xorezmiy tilde “diywal”, “shel”, “ǵaw”, “qorǵan”, “qura”, xu – “jaqsı”, solay etip, Xorezm “jaqsı qoralı úlke”, “ájayıp qorǵanları bar diyar” degen maǵananı ańlatadı.

“Xor” degeni áyyemgi suǵd tilinde “quyash”, “azm” - “úlke”, yaǵnıy Xorezm – quyashlı úlke degen maǵananı ańlatadı. Xorezm Ámiydárya menen



awzında qısqartılgan forması bolıp shıǵadı. Máselen, Qumawıl dep aytıwdıń ornına Qum; Zahariq dep aytıwdıń ornına Zaq Sıpatepa dep aytıp ǵana qoyıladı. Biraq hesh qanday qosımshasız tal, Pidana (yalpız), jantaq, túlkidey atlar maǵanası jaǵınan negizinde bul ósimlikler hám haywanlarǵa hesh qanday baylanısınıń bolmawı, kóbinese, tolıǵı menen basqa sózlerdiń fonetikalıq jaqtan ózgeriwi nátiyjesinde usı formaǵa iye bolǵan bolıwı múmkin.

Joqarıda aytılǵanlardan, tómendegidey juwmaqqa keliw múmkin Toponimika úsh principke tiykarlanadı: a) toponimlerdiń payda bolıw tariyxın úyreniw; b) toponimlerdiń geografiyaǵa derekli maǵlıwmatladı anıqlaw; v) tiykarǵı izlestirilip atırǵan toponimlerdiń barlıq atlardaǵıların ilimiy tiykarda ayırım-ayırım úyrenip, olardan juwmaq shıǵarıw bolıp tabıladı.

Geografiyalıq atlardı olardıń kelip shıǵıwı hám tariyxı menen baylanıslı halda úyreniw, olardı klassifikaciyalaw aytarlıqtay jaqın waqıtlardan baslanǵan. Bul salada ataqlı toponimist A.X.Vostokovtıń xızmeti salmaqlı boldı. Ol Rossiyadaǵı dárya atların olardıń aqırǵı qosımshalarına qarap toparlarǵa bóledi hám bul qosımshalar házir úlken maǵananı ańlatpasa da áyyemgi xalıqlardıń tilinde belguli bir maǵananı bildergen bolıwı kerek, degen juwmaqqa keledi. A.X.Vostokov pikiri XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarındaǵı geypara toponimistlerdiń shıǵarmalarında rawajlandırılǵan.

XX ásirdiń baslarında Toponimikalıq izerlewler ádewir keń qulash jaydı. Ekinshi jáhán urısınan aldıńǵı dáwirde alımlardan A.I.Sobolevskiy, N.Ya.Marr, S.V.Veselovskiy, V.V.Bartold. V.P.Semenov-Tyanshanskiy, V.G.Shastakovish Toponimika salasında, ásirese, nátiyjeli islerdi ámelger asırdı.

Orta Aziya, sonıń ishinde Ózbekstan  Toponimikasın úyreniw salásında V.V.Bertoldtıń xızmetlerin ayrıqsha aytıp ótiw kerek. Urıstan aldıńǵı jıllarda Toponimikanıń rawajlanıwında úlken bir ósiw dáwiri boldı. Al házir bolsa Toponimika salasında kóplegem alımlar jámáási is alıp barmaqta. Ásirese,

keyingi dáwirlerde T.Nafasov “Qashaqdárya Toponimikası”. I.Qodirova “Tashkent mikroToponimikası”, E.Begmatov bolsa antroToponimika – adam atların úyreniw salasında ilimiy isler alıp bardı.

Orta aziya, sonıń ishinde, Ózbekstan Toponimikaların úyreniw uzaq tariyxına iye. Ózbekstan Toponimikasın úyreniwde ataqlı rus shıǵıtaniwshı alımları hám tariyxshıları: V.L.Viyatkin, N.F.Sityakovskiy, L.N.Sobolev, S.P.Tolstov, P.P.Ivanov, M.E.Massov, O.A.Suxarev hám basqalar bul salada kólemli islerdi ámelger asırdı.

Respublika orınnıń atlarınıń kelip shıǵıwınıń tariyxın hám millet, qáwim, elat, urıq-aymaq atlarınıń kelip shıǵıwı tariyxın hám de geografiyaǵa derekli atamalardı úyreniwde Ya.Ǵ.Ǵulimov, A.Asqarov, R.N.Nabiev, A.R.Muhammedjanov, F.Abdullaev, S.Ibragimov, Ózbekstanda birinshi Toponimikalıq kartotekanı dúziwde qatnasqan X.T.Zarifov, etnonimler – U.Fozilov, M.Shoabdurahmanov, X.D.Daniyarov, R.Qunǵirov, A.Ashirov; geograftoponomistlerden X.Hasanov, S.Qoraevlerdiń isleri dıqqatqa ılayıq esaplanadı.

Toponimikalıq maǵlıwmatlardı jıynaw usılı

Toponimlerdi úyreniw maǵlıwmattı jıynawdan baslanadı. Bul is ádette Úlketaniw boyınsh izertlew alıp barıp atırǵan kishirek aymaq – awıl, keyin ala hákimshilik rayon hám walayat hám úlke kóleminde ámelge asırıladı. Isti baslawdan aldın shama menen is rejesin hám baǵdarlamasinıń islep shıǵılıwı zárúr. Usi tiykarda tayarlıq isleri alıp barıladı, sońınan dala izertlew islerine oqıwshı hám talabalar qatnastırıladı.

Úlketanıw menen shuǵıllanıwshı oqıtıwshılar Toponimikaǵa tiyisli ádebiyatlar menen jaqsılap tanısıp shıǵIıwları zárúr. Bul baǵdarda olarǵa tómendegilerdi usınıs etiw múmkin: V.A.Nikonovtıń “vvedeniy v toponomiku” hám “Kratkiy toponomisheskiy slovar” kitapları, X.Hasanovtıń “Orta Aziya orın atlarınıń teriyxınan”, Xodi Zariftin; “Liǵat hám termin jıynawshılarǵa járdem”,



Hákimshilik orayı – Urgensh qalası. Urgenshten Tashkentke shekemgi araliq – 1120 km.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Amiwdárya – Xorezm walayatı aymaǵı boylap aǵıp ótiwshi jalǵız dárya. Grek avtorlarınıń shıǵarmalarında Oks (Oksos) dep jazılǵan. Dáryanıń Arang, Raxa, Ranxa, Aranxa degen áyyemgi atları da bar. Jergilikli xalıq Ukuz, arablar Jayhun dep ataǵan. Geypara birewler bul at Tavrotta gúrriń etilgen Gikon dáryasına qarata qoyılǵan deydi. V.V.Bertold bolsa arablar Jeyhun hám Sahxun atların Arqa Siriyadaǵı Jayxan hám Sayxan dáryalarınıń atı menen ataǵan bolıwı kerek deydi. Tariyxshı Gardiziy Jayhun hár qanday dárya ushın túrles atlıq degen. Shınında da Zarafshan oypatında bir kanal Jayhun dep atalǵan.

Ámiwdáryanıń áyyemgi Iraniy atı Vaxsh (Vaxshob) bolǵan: Dáryanıń iri tarmaǵınan biri házir de Vaxsh dep ataladı, Abu Rayxan Beruniy Vaxsh xorezmliklerde suw qudayınıń perisi – malikanıń atı dep jazǵan.

Ámiwdáryanıń házirgi ati orta ásirlerde (VI ásireden) Omul (Omuy, Omuya) qalasınıń alınǵan deydi. Bul sóz ariylerden de aldınǵı amard xalqınıń atınan kelip shıqqan bolsa kerek deydi V.V.Bertold.

Alimlar Oks (geyde Akes) Ámiwdáryanıń áyyemgi túrkiy atı Ukuz sózleriniń ózi ekenligin anıqladı. Ámiwdáryanıń shaqapshalarınan biri de Ukuz dep ataladı (ukuz sóziniń negizgi maǵanası “dárya” degeni boladı.

Iyshan qala –Xiywa qalasınıń áyyemgi oraylıq bólegi. Iyshan qala – “ishki qala” degeni. Dishan qala bolsa XVII-XVIII ásirlerde Iyshan qala átirapında qurılǵan “sırtqı qala” degeni boladı. Xorezmnen basqa jerlerde qalanıń ishki bólegi arabsha madina yaki shahristan yaki darun “ishki qala”, al sırtqı bólegi bolsa rabod, berun (“sırtqı diywal”) dep atalıp kelgen.

Multon – awıl, Yangiariq rayonı. Orta Aziya evreyleri multoni de delinedi. Multon – Pakistannıń arqa-batısındaǵı bólegindegi qala, áyyemde bul qala Iran

Shatqal – dárya, Sharbaq suw saqlaǵıshı qurılǵanǵa shekem Shirshiq dáryasınıń bas tarmaqlarınan biri bolǵan. Shatqal – tegis emes jer, jıra, qırǵızsha shatqal – “eki tawdıń arasındaǵı jar saylıq” degeni boladı.

Yangiyol – qala. Aldıngı atı Qawınshi: qovshin etnonimi qawınshi bolıp ketken bolıwı múmkin.

Qańqa – Aqqorǵan rayonındaǵı awıl. b.e.sh. II ásirden biziń dáwirimizdiń IV ásirine shekem Sırdariya boyında bar bolǵan Qanǵ (Qanguy) mámleketiniń bas qalası alınǵan. Jáne Qanqa tepa degen tóbelik te bar.

Ǵazalkent – qala, Bostanliq rayonınıń orayı. H.Hasanovtıń pikiri boyınsha, Ǵazalkent toponimi ǵizil – “ǵozzal kózli” sózinen kelip shıqqan.

Fergána walayatı toponimleri

Fergana walayatı 1938-jıli 15-yanvarda dúzilgen. Mámleketimizdıń shıǵısında, Fergana oypatınıń qubla bóleginde jaylasqan bolıp, maydanı 67,7 mıń kv km, xalqı bolsa 3386,5 mıń adamnan ibarat. Quramında 15 awıl rayon (Baǵdad, Beshariq, Buvayda, Danǵara, Yazyovon, Altıarıq, Axunbabaev, Rishtan, Sux, Taslaq, Úshkópir, Fergana, Ózbekstan , Quva), 9 qala (Beshariq, Marǵilon, Rishtan, Fergana, Yaypan, Quva, Quvasay, Qoqan, Hamza), 10 qalasha (Baǵdad, Danǵara, Doslıq, Yuzovon, Muqimiy, Altiariq, Taslaq, Shimyon, Shorsuw, Yangi Marǵilon) bar. Hákimshilik orayı – Fergana qalası. Fergana – Tashkent qalalarınıń aralıǵı – 420 km.

Xorezm walayatı Toponimikası

Xorezm walayatı 1938-jılı 15-yanvarda dúzilgen. Mámleketimizdıń arqa-batısında jaylasqan, áyyemgi suwǵarıw mádeniyatına iye bolǵan walayat esaplanadı. Maydanı 6,1 mıń kv km. xalqı 1684,1 mıń adamnan ibarat. Quramında 10 awıl rayon (Baǵot, Gurlen, Urgensh, Xiywa, Xanqa, Shavot, Yangiariq, Yangibozar, Qoskópir, Hazarasp), 3 qala (Pitnak, Urgansh, Xiywa), 7 qalasha (Gurlan, Xonqa, Shalish, Shavat, Yangibozor, Qoskópir, Hazarasp) bar.



E.M.Mirzaev hám V.G.Mirzaevalardıń “Slovar mestnix geografoisheskix terminov” hám S.Qoraevtiń “Geografiyalıq atlardıń maǵanasın bilesizbe?”, “Ózbekstan  walayatları toponimleri” shıgarmaları bolıp tabıladı.

Toponimlerden at alǵan buyımlar, ósimlik, haywanlar sonshelli kóp, geyde olardıń etimologiyası haqqında oylap ta otırmaymız. Qoqan arba, Buxara qawını, Shust pıshaǵınday sózlerde sol orınnıń atları eske túsiwi múmkin. Biraq akademiya (Afinanıń qasındaǵı putazarlıq), vulkan (Tirren teńizindegi Vulkano atawınıń atınan), kofe (Afrikadaǵı Kaffa úlkesiniń atınan), Olimpiada (Greciyadaǵı eń biyik Olimp tawınıń atınan), Roman (Rim qalası atınan alınǵan) day sózlerdiń de negizinde toponimler ekenligin kóbinese qıyalımıga keltirmeymiz.

Kontinentler hám teńizlerdiń atlarınan payda bolǵan toponimler: Avstraliya – qubla qurǵaqlıq degeni, Evropa – ossuriy tilinde ereb – kún batıw, qarańǵılıq, batıs degen maǵananı bildiredi. Aziya – russha Aziya, qıtaysha Yasiya, yaposha Adziya degeni. Bul at dáslep Gomer dástanlarında tilge alınǵan. B.e.sh.V ásirde Gerodot Aziya dep házirgi Turkiyanıń batıs bólegin túsingen. Qullası, Aziya atı Orta teńiz jaǵalarına tán bolǵan ataqlı at bolıp tabıladı. Keyin ala bul at Shıǵıs jerlerine de jayılıp, ulıwmalasıp ketedi hám dáslep Tómengi Aziya, Ullı Aziya atları, XVIII-XIX ásirlerde Kishi Aziya, Orta Aziya, Oraylıq Aziya day ayırım bólimlerdi ańlatıwshı atlar payda boladı. Aziya atınıń maganası hár túrli túsindirilgen. Ossuriya tilinde Asu – kún shıǵıs tárep maǵanasın da ańlatadı. “Shıǵıs” maǵanasında da qollanılǵan.

Balqan – Evropadaǵı yarım ataw. Túrkiy tillerde Balqan – taw, tawlı jer degen maǵananı ańlatadı. Avstraliya – nemecshe: osterreyx: ost – shıǵıs, reyx – úlke, yaǵniy shıǵıs úlke degeni. Angliya – Batıs Evropadaǵı Ullı Britaniya mámleketiniń atı; V-VI ásirllerde continental Evropadan usı jerge júzip ótkeń angl qáwimleriniń atınan alınǵan.

Ósimlik hám haywanlardıń atınan alınǵan toponimler. Apelsin – gollandsha: qıtay alması degeni. Hazorasp – mıń at, Sarıaziya – bas digirman degeni.

Azıq-awqat atlarınıń toponimleri, lagman – qıtaysha: lag- uzın, man – qamır, "uzın qamır" degen maǵanalrdı bildiredi. Buterbrod – nemecshe gósh hám may degen maǵanalardı bildiredi.

Ishimliklerdiń atları: barjomi – mineral suw (Gruziyadaǵı kurorot qalasınıń atı), Tashkent mineral suwı (Tashkent qalasınıń atınan alınǵan) hám basqalar.

**Tashkent qalası Toponimikası**

Izertlewshi alımlar, arxeologlar tárepinen sońǵı waqıtlarda alıp barılǵan izertlewler nátiyjesinde qalanıń jası 2000 jıldan kem emesligi anıqlanıp, xalıq aralıq YONESKO tárepinenn tastıyıqlandı. 2009-jılı bolsa qalanıń 2200-jıllıǵı keń kólemde nıshanlandı. Solay etip áyyemgi hám nawqıran Tashkent qalası Shirshiq dáryasınıń jaǵasında bunnan 2200 jıl aldın payda bolǵan.

Tashkent – Respublikanıń paytaxtı, sanaatı joqarı dárejede rawajlanǵan, ilim menen mádeniyatı aldıǵı qatarda, júdá kóp xalıq aralıq ushırasıwlar, ánjumanlar, festivallar ótkeriletuǵın, qolaylı aymaqta jaylasqan qala. Sol sebepli de onı "Shıǵıs dárwazası", "Tınıshlıq elshisi" degen atlar menen ataydı. Qala reń-báreń hám kóplegen biytákirar arxeologiyalıq qurılıslardı ózinde jámlegenligi sebepli onı siyrek qurılıslardıń kórgizbesi qalası dep atalaıwı da tiykarlı boladı.

Tashkent teńiz qáddinen 440-480 metr biyiklikte jaylasqan bolıp, maydanı 327,9 kv km , xalqı 2352,9 mıń adam (2014-jıl yanvar ayı maǵlıwmatı). Onnan Bozsuw, Salar, Anhor, Qarasuw, Qayqovus, Bórjar, Aqtepa, Qaraqamıshtay iri kanallar hám júdá kishi suw tarmaqları aǵıp wótedi. Olardıń jámi uzınlıǵı shama menen 11114 km di quraydı. Qalada xalıqtıń jan basına tuwrı keletuǵın jasıl-kóklemzarlardıń kólemi 30 kv metrden artıq. Dúnya kóleminde alǵanda bunday kórsetkish Tashkentti eń iri paytaxt qalalardıń arasında aldıńǵı orınlarda turıwın



Tashkent úlkesi Qıtay dereklerinde Shi – "tas" dep, arab dereklerinde Shosh dep transkripciya etilgen.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Angren – walayat qaramaǵındǵı qala. Angren bul Ahangaran - "temirshiler" sóziniń buzılgan forması. Kópshilik bunı russha aytıwdıń aqıbeti dep esaplaydı.

Arashon – Ahangaran dáryasınıń tármaǵı. Gidronim sanskritshe rasayana sózinen kelip shıqqan bolıp, "ómir' tiregi", "qudaylar azıǵı" degeni boladı. Arashon shıpalı ıssı suwlı bulaqlardan ibrat.

Atǵinshi – awıl, Joqarı Shirshiq rayonı, ózbekler, qazaqlar hám basqa túrkiy xalıqlardıń quramına kirgen qáwim – arǵin. Atǵinshi – "arǵin qáwiminiń wakili", "arǵinlik" degeni boladı.

Buka – qala, Buka rayonı. Áyyemgi turkiy tilde buka – "palwan", buka degen urıw da bolǵan, máselen, ózbek qańlılarınıń buka-qańı urıwı esapqa alınǵan.

Burjar – Tashkentten ótkeń kanal, Anhor kanalınıń dawamı. Ilgeride Shiyebóri kóp bolǵanlıǵınan Burijar dep ataǵan degen pikir bar.

Burshmulla – awıl, Bustonlik rayonı. Burj – qorǵannıń diywallarınıń múyeshlerindegi yaki múyesh aralıǵındaǵı minara, akademik A.Muhammedjanovtıń pikirinshe, mula da "minara" maǵanasın bildirgen.

Keles (Kalas) – dárya, Sırdáryanıń oń tarmaǵı. Qazaq toponomisti E.Qoyshıbaev pikiri boyınsha, keles – "til suw", "uzın suw" degeni.

Obirahmat – awıl, Bostanliq rayonı. Awıldıń janında shıpa baǵıshlawshı bulaq bar. Obirahmat "Rahmet suwı" degeni.

Ahangaran – dárya, Sırdáryanıń oń tarmaǵı. |Mońgollar keliwinen aldıńǵı dereklerde Ilaq dáriysı dep atalǵan. Bul oypatta áyyemgi temirshilik rawajlanǵanı ushın dárya Ahangaran – "Temirshiler" dep atalǵan.

Tashkent walayatı toponimleri

Tashkent walayatı 1938-jılı 15-yanvarda dúzilgen bolıp, Respublikanıń arqa-batısında jaylasqan. Arqa hám arqa-shıǵısınan Qırǵızıstan Respublikası, Shıǵıstan Namangan walayatı, qublasınan Tájikstan Respubikası, qubla-batısınan Sırdárya walayatı menen shegaralas. Maydanı 15,6 kv km., xalqı bolsa 2775,9 mıń adamnan ibarat. Quramında 15 rayon (Bekabad, Buka, Bostanlıq, Zangiata, Aqqorǵan, Ahangaran, Parkent, Piskent, Tashkent, Joqarı Shirshiq, Yangiyol, Orta Shirshiq, Qibray, Tómengi Shirshiq), 17 qala, 18 qalashası bar.

Tashkent (Toshkand) degende házirgi Ózbekstan Respunlikasınıń paytaxtı bolıp esaplanǵan úlken qala ǵana emes, al usı atamadaǵı tariyxiy-mádeniy region, úlken aymaq, mámleket te túsinilgen. Sonıń menen birge qala hám de dógerek-átirap region tariyx dawamında hár túrli atamalar menen atalǵan. Tashkent oazisiniń eń áyyemgi atı Choch (Chochiston) eń birinshi ret joqarıda aytıp ótilgenindey 263-jılı Iran patshası Shopurdıń “Zardusht kabasi” tasında jazılǵan: Sonıń menen bir waqıtta Tashkent oazisin orap turǵan tawlar Choch dep atalǵan (Choch arabtanıw dereklerinde Shosh formasın alǵan). Qala hám átirap-aymaqtıń Toshkand dep atala baslaǵanına 10 ásirden astı. Choch jıl esabımızdıń dáslepki ásirlerinde Qanǵ (qanǵuy) mámleketiniń quramına kirgen, bir neshe ásir dawaminında bolsa elfatiliy mámleketiniń quramında bolǵan, XI ásir aqırlarında Túrk qaǵanlıǵı eftallardı qıyratıp, Maverennaxr menen birge Chochtı da óz qaramaǵına alǵan.

Jazba dereklerde Tashkent qalası hám walayatı haqqında maǵlıwmatlar eki mıń jıldan artıǵıraq dáwirdi óz ishine aladı. B.e.sh. shıǵıs dereklerinde Tashkent oazisi Yuni dep atalǵan hám Qanǵuy mámleketinniń quramına kiredi dep jazılǵan. Oazistiń orayı da Yuni qalası dep atalǵan. Tashkent oazisiniń en áyyemgi atı Choch bolǵan.



támiyinlegen. Bulardıń barshası paytaxt qalamızdıń ekologiyalıq sap bolıwı hám de tábiyiy jaqtan alǵanda gózzal kóriniste bolıwına xızmet yetpekte.

Paytaxtımız kóshe-kúyleriniń sanı boyınsha respublikamız qalalarınıń arasında birinshi orında turadı. Ondá 3 mıńnan artıq úlken-kishi kósheler bar. Tómende Tashkent sózi, qala obyektleriniń atları (urbonimler) hám de olardıń kelip shıǵıwı haqqında sóz baradı.

Tashkent toponimin “tas qala” dep túsindiredi. Usı sózde belgili bir maǵanada qalanıń tariyxı da óz kórinisin tapqan. Tashkenttiń júdá áyyemgi qala ekenligi anıq. Qalanıń aymaǵında tas ásirine derekli buyımlar tabılǵan. Tashkenttegi qábirstanlardıń birinde tabılǵan haftjush (bronza) aynalar, hár túrli mámleketlerdiń teńgeleri hám tabılǵan basqa dálilli zatlar qala tariyxınıń 2200 jıldan kem bolmaǵanınan derek berdi.

Tashkent qalası haqqında en dáslepki jazba maǵlıwmatlar eramızdıń dáslepki ásirlerine tuwrı keledi. Sebebi, qalanıń geografiyalıq ornıma derekli maǵlıwmatlar grek alımı Klavdiy Ptolemeydiń “Geografiyadan qollanba” shıǵarmasında ushırasadı. Ptolemey bul shıǵarmasında Jer sharınıń abat bólegin, yaǵnıy oykumenanı 26 kartada súwretlegen. Sol kartalardam biri Orta Aziya hám onıń átirapındaǵı úlkeler kórsetilgen. Mine usı kartada Qıtayǵa baratuǵın sawda jolınıń ústinde, Yaksart (yaǵnıy Sırdárya) basseyniniń shıǵısında Terri Lapideya degen orın kórsetilgen. Adamlar mine usı grekshe attı “Topıraq qorǵan” dep awdarma islep, Tashkentke meyil bergen.

Tashkent qalasınıń atı jazba dereklerde Choch, Cochiston, Shosh, Shoshkent formasında ushıraadı. Choch sózi de suǵd tilinde “tas” degeni boladı. Al Shosh bolsa Choch atınıń arabsha forması esaplanadı. Choch yaki Shosh degende Tashkent yaki onıń átirapları túsinilgen. X ásirde belgisiz avtor tárepinen parsı tilinde jazıp qaldırılǵan “Xudud ul-olam” (“Álem shegeralari”) shıǵarmasında mınanday delinedi: “Choch úlken walayat, xalıq jawınger, bay hám saqıy

esaplanadı. Bul jerde oq jay tayarlanadı. Binkat – Chochtıń paytaxtı. Bul úlken qala, sonıń menen bir waqıtta patshanıń saltanatı bolıp tabıladı".

Arabtanıwshı alımlardan Istaxriy, Ibn Havqal, Muqaddasiy hám basqalar (IX-X ásirler) Shosh walayatı haqqında jazǵanda onıń orayı Binkat qalası dep kórsetken. Binkat házirgi Eskixoja hám Chorsuw aralıǵında bolǵan. Binkat atıparsıda bolıp, "kórimli qala" degeni (bin – kórinis, kózge túsiw, kat – suǵdsha "qala, awıl, manzilxana" degen maǵanalardı bildirgen).

Ullı alım Abu Rayhan Beruniy óziniń "Qonuni Masudiy" shıǵarmasında "Binkat – bul Shashtıń paytaxtı, turkey tilde "Toshkand" greksheden arabshaǵa awdarma islense – "Burj al-hijora" (Tas minara)" dep jazǵan, Beruniydiń bul sózlerin basqa alımlar da tastıyıqlaǵan. Máseleln, ullı tiltanıwshı Mahmud Qashǵariy óziniń "Devonu juǵotit turk" shıǵarmasında "Trakan – Shoshtıń atı, onıń negizgi atı Toshkand" tastan qurılǵan qala degeni bolıp tabıladı", dep jazǵan. Demek, paytaxtımızdıń atınıń "Tashkent" kórinisinde birinshi ret Beruniy hám Qashǵariy shıǵarmalarında ushırasadı hám qala basqa atlar menen de atalǵan, aqırında házirgi atı jeńip shıqqan. Tashkent haqqındaǵı azlı-kópli maǵluwatlar XIV-XV ásirlerde Orta Aziyanıń siyasiy, áskeriy hám mádeniy turmısınan bayan etiwshi basqa shıǵarmalarda da aytıp ótilgen.

Tashkent áyyemnen hár túrli shet el basqınshılarınıń qısımına hám basqınshılarǵa dus kelgen. VI ásirde ol turk haqanlıgınıń quramında, VII ásirdiń baslarında bolsa arablar tásirine dus kelgen. IX-X ásirlerde Samaniyler mámleketi – X ásir aqırınan XIII ásirdiń baslarına shekem Qaraxaniyler hám Qaraqıtaylar quramında bolǵan. XIII ásirdiń basında Tashkentti Muhammed Xorezmshah basıp alǵan. Amir Temur hákimayat basına kelgennen keyin, Tashkent qalasında tikleniw isleri baslandı. XVI ásirdiń baslarında Shaybaniyxan monǵollardı jeńip, Tashkentti basqarıwdı óz tuwısqanları – Suiyinishxan hám Koshkinshixanlarǵa tapsıradı.



Baxshitepa – awıl, Shorshi rayonı. Baxshi sózi sankritshe "Budda qálenderi" degeni boladı. Bul sóz hár túrli dáwirlerde hár túrli orınlarda "mırza, xatker, úlken ámeldar, nayıb, xirurg, hazir, ańshı" maǵanaların ańlatqan. Házirgi ózbek tilinde baxshi: 1) badiyashı aqın: 2) yemshi, shaman, siyqırshıday maǵanalardı ańlatadı.

Bodava – awıl, Denov rayonı. Bodhavo – "samalı kúshli hawa", badhavo – "hawası jaman", "hawası jaǵımsız" degeni boladı.

Baybóri – awıl, Surxandárya rayonı. "Alpamıs" dástanınıń qaharmanlarınıń biri Baybóriniń atı menen baylanıslı.

Denov – qalasi, Denov rayónı orayı. Dáslep Sharafiddin Ali Yazdiydiń "Zafarnama"sında tilge alınǵan. Babur zamanında Chaǵaniyon dep te atalǵan. Dehi hav – "jańa awıl" degeni.

Obishir – awıl, Shorshi rayonı. Parsısha "sútke uqsaǵan aq reńli suw" maǵanasında. Sútli bulaq, Sútbulaq degen orınlar bar. Obshor bolsa – sarqırama.

Surxandárya – negizi Surxob – "qızıl suw" bolıp, keyin ala ózgerip ketken. Sebebi dáryanıń bas tárepi (Denov qalasına shekem) Qızıl suw dep ataladı. Dáryanıń surx urıwınıń atı menen atalǵan bolıwı da múmkin. Surxandárya orta ásirlerde Shǵanrid (awıl), arab geograflarınıń shıǵarmalarında Saǵonrud (al oypat bolsa Shaǵaniyon – Saǵoniyon) dep atalǵan.

Chaǵaniyon - Surxandárya oypatınıń orta ásirlerdegi atı. Dáslep "Xudu ul-olam"da aytılǵan. Arab geograflarınıń shıǵarmalarında (XI-XII ásir) Saǵaniyon formasında ushırasadı. Surxandárya oypatınıń bas qalası da Shaǵaniyon (parsısha dereklerde) dep atalǵan. Saǵaniyon qalası házirgi Denov qalasıniń qasında bolǵan.

Sherabad – qala, Sherabad rayonınıń orayı (Sherabaddárya Sherabad awılınıń atı menen atalgán). Qala XVII ásirde Ubaydullaxannıń nayibı, qońırat ruwınan bolgan Sherali tárepinen qurılǵanlıǵı ushın usınday dep atalǵan (V.V.Bertold).

walayatı menen shegaralanǵan. Quramında 8 rayon (Bayavut, Gúlstan, Mırzaabad, Aqaltiń, Sayxunabad, Sardaba, Sırdárya, Xovos), 5 qala (Gúlistan, Sırdárya, Shiyrin, Baxıt, Yangier), 6 qalasha (Bayavut, Diyxanabad, Doslıq, Paxtaabad, Sayxun, Xovos) bar. Orayı – Gúlistan qalası. Gúlistannan Tashkentke shekemgi aralıq – 120 km.

Walayattıń qısqasha toponomiyalıq sózligi

Bayavut – awıl, Bayavut rayonı. Bayavut – áyyemgi monǵol qáwimlerinen biri. Sonday-aq, Bayavut 92 ózbek urıwlarınan biri sıpatında, sebebi, XVI ásirde-aq Mulla Sayfiddin Axsikandiydiń bir urıwı da bayavut dep atalǵan. Bayavut monǵol tilinde "baylar" degeni.

Malik – awıl, Sırdárya rayonı. Malik atı shuli malik – "bi payan shól", "úlken shól", "sultan shól"dey maǵanalardı ańlatqan.

Sayxunabad – awıl, Sayxunabad rayonınıń orayı. Awıldıń atı. Sırdáryanıń arabsha ati Sayxun sózinen alınǵan.

Tuqbay – awıl, Xovos rayonı. Tuqbay – Júz qáwiminiń bir urıwınıń atı.

Usmanabad – awıl, Bayavut rayonı. Ataqlı mámleketlik ǵayratker Usman Yusupov (1906-1966) atına qoyılǵan awıl. U.Yusupov usı rayondaǵı Bayavut xojalıǵında bir neshe jıl direktor bolıp islegen.

Surxandárya walayatı toponimleri.

Surxandárya walayatı 1941-jiil 6-martta dúzilgen bolıp, maydanı 20,1 kv km. Xalqı 2308,3 mıń adamnan ibarat. Quramında 14 awıllıq rayon (Angor, Bandixan, Baysın, Denov, Jarqorǵan, Muzrabat, Altınsay, Sariasiya, Termiz, Uzun, Sherabad, Shorshı, Qiziriq, Qumqorǵan), 8 qala (Baysun, Denov, Jarqorǵan, Termiz, Sharǵun, Sherabad, Shorshı, Qumqorǵan), 7 qalasha (Angor, Doslıq, Kakaydi, Sariasiya, Sariq, Elbayon beketi, Hurriyat) bar. Orayı – Termiz qalası. Tashkentten Termizge shekemgi aralıq – 780 km.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi



XVII ásirdiń ortalarında Tashkent tórt daha (Sebzor, Kókshe, Besaǵash, Shaxantahur)ǵa bólingen bolıp, olardıń hár birin ayırım hákim basqarǵan. Qalanıń diywalınıń uzınlıǵı 14 km bolıp, 12 dárwazası bolǵan Olar Labzak, Taqtapul, Qarasaray, Saǵban, Shiǵatay, Kókshe, Samarqand, Kamalon, Besagash, Qoqan, Qashǵar, Kuymaslar bolıp tabıladı. XIX ásirdiń 30-40-jıllarında Tashkentte 40 qa jaqın qábirstan, 150 meshit, 26 medrese, 5000 ǵa jaqın dúkan, 200 den artıq máhálle, 500 ge jaqın háwiz, 1500 bazar taqtaları, 200 jaqın mavze (qalanıń shetlerindegi baǵ-háwlili máhálleler) bolǵan.

XIX ásirdiń ekinshi yarımında (1865) Tashkentti Rossiya áskerleri basıp alǵan edi. 1917-1991-jıllarda bolsa onıń jámiyetlik-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy turmısı burıngı awqam tásirinde qáliplesti. 1991-jılı ǵárezsizlik ornawı menen, Tashkent qalası ózine tán kórik hám mártebege iye bola basladı. Qısqa jıllardıń ishinde qalada ámelge asırılǵan hár túrli salalardaǵı úlken ózgerisler, jaratiwshılıq isleri onıń dárejesi hám mártebesin dúnya boylap keńnen jayılıwına alıp keldi.

Joqarıda aytıp ótilgenindey, 2007-jılı Tashkent Islam Konferenciyası shólkemi tárepinen (ISESCO) Islam mádeniyatınıń paytaxtı dep járiyalandı. Onıń búgingi arxitekturalıq kelbetinde tariyxıylıq hám zamanagóylik jámlesken boladı. Máńgi nawqıran qala dep atalıp atırǵan qalamız endi bolsa dúnyanıń bir qatar iri paytaxt qalalar minasip bolǵam megapolis biyligine iye boldı.

Qalanıń qısqasha taponomikalıq sózligi

Xadra – Tashkenttegi házirgi Xadra maydanı bolıp, Xadra – shegara, sheti degen maǵananı bildiredi. Bórjar – ilgeride bul jerde bóri yaki saǵal kóp bolǵanı ushın usı at berilgen. Taxtapul – bul sózdiń etimologiyası taqtay – aǵash, pul – parsı tilinde kópir, yaǵnıy taxqakópir degen maǵananı bildiredi. Qoylıq – Tashkent qalasınıń shegarasındaǵı orın. Professor X.Hasanov Qoylıqtı "tómenlik", "páslik" dep túsindiredi.

Saǵban – Kókshe dahası máhállelerinen biri. Sakbon "iyt baǵap" sózinen alınǵan delinedi. Keiyingi waqıtta Sagban arabsha suq – "bazar" hám parsısha bon – "qarawshi", "baǵıwshı", yaǵniy sukbon "bazar qarawılı" dep túsindirilmekte.

Tashkent – hámmege túsiniklidey bolıp kórinetigın bul toponimniń kelip shıǵıwı elege shekem úzik-kesil sheshimin tappaǵan. Tashkent dahası (demek qala) ye'n dáslep Choch (Chochiston) formasında Iran shahı Shopur I diń "Zardusht kabası" estelik bitiginde ásirimizdiń baslarında tilge alınǵan; Qıtay dereklerinde Shi, Chje-shi, Ta-shi-xan, orta ásirlerdiń baslarında Tarkan, keyinirek Binkat, arab dereklerinde Madinat ash-Shosh formalarında kórsetilgen.

Tashkent sóziniń etimoligiyası haqqında hár túrli pikirler bayan etilgen. Solardan eń kóp tarqalǵanı toponimniń Tosh (arabsha: fijara, grekshe: petros) sózi menen baylanıslılıǵı bolıp tabıladı; Tashkent – tasqorǵan degeni boladı. Ptolemeydıń "Geografiya" kitabında ol Jitifos pitros "Burj ul-xijora" ("Tas qorǵan dep atalǵan (Beruniy).

Qashǵar – Shayxantaur rayonındaǵı máhálellerden biriniń atı. Bul jerde XIX ásirdiń birinshi yarımında Qashǵardan kelgen qashǵarlıqlar – uyǵırlar jasaǵan.

Qaramurt (Qaramurtqopqa) – Shayxantaur dahası mavzelerinen biriniń atı. Qaramurt ózbek urıwlarınan biriniń atı bolıp, maǵanası, "qara murtlı" degeni boladı.

Ózbekstan  walayatları hám Qaraqalpaqstan toponimleri

Andijan walayatı toponimleri

Andijan walayatı 1941-jılı 6-martta dúzilgen, bolıp Ferǵana oypatınıń shıǵıs bóleginde jaylasqan. Onıń maydanı 4,2 mıń kv km bolıp, xalıqı bolsa 2805,5 mıń adamnan ibarat.

Andijan walayatının maydanı salıstırmalı kishi, biraq xalqı tıǵız jaylasqan. Onıń maydanı Respublika aymaǵınıń 1% in iyelese de, bul jerde Ózbekstan



delinedi. Izertlewshi alım S.Qoraevtiń pikiri boyınsha Zarafshan – "zer shashıwshi" dárya degeni boladı.

Ishtixan - qala, Ishtixan rayonınıń orayı. X ásirde-aq úlken qala bolǵan, arab geograflarınan Istaxriy, Ibn Havkal, Muqaddasiy shıǵarmalarında, "Xudud ul-olam"da tilge alınǵan. Rawayatta aytılıwına qaraǵanda, Ishtixannan Samarqandqa shekem nawada keltirilgen qımızdı xan tatıp kórgen., "Ishti xan" degeninen ishtixan bolıp ketkenemish. Tariyxshı O.I.Smirnovanıń pikiri boyınsha, Ishtixan atı suǵdsha "Segiz salmalı", "segiz kanallı" maǵanasın bildiredi (Isht-xasht – "segiz", xan-kon – "kanal").

Kamohgaron – awıl, Urgut rayonı. "Kaman ustaları" degeni boladı.

Miyankól – Zarafshannıń eki tarmaǵı, yaǵnıy Aqdárya menen Qaradáryanıń aralıǵındaǵı aymaq. Arab geografları Istaxriy, Muqaddasiy shıǵarmalarında tilge alınǵan. Geyde Miyankolot dep te atalǵan: muyon – "ortalıq", "aralıq", kol áyyemgi parsı tilinde "kanal, dárya", ot – arabsha kóplik affiksi, toponomiyada bolsa usı orınnıń dógerek-átirapın da bildiredi.

Dahbed – Aqdárya rayonındaǵı awıl. Tájikshe dah – on, bed – tal, yaǵnıy on tal degeni.

Suǵd, Suǵdiyana – Zarafshan hám Qashqadárya oasizlerin óz ishine alǵan tariyxıy úlke. Kóplegen izertlewshilerdiń pikiri boyınsha, "suǵd" sózi ulıwma iran tillerine tán "sux" sózinen alınǵan bolıp "jaltıraw", "janıw", "nur shashiw" degeni boladı. O.I.Smirnovanıń aytıwı boyınsha, tájikshe "Suǵd" – "mol suwlı abat orın" degeni.

Shelek – Payariq rayonındaǵı qalasha. Shelekli urıwınıń atınan alınǵan.

Sırdariya walayatı toponimleri

Sırdárya walayatı 1963-jılı 16-fevralda dúzilgen bolıp, maydanı 4,3 kv km, xalqı 763,8 mıń adamnan ibarat. Arqadan Qazaqstan Respublikası, Shıǵıstan Tashkent walayatı, qubladan Tájikstan Respublikası hám Batıstan Jizzax

Arlot – awıl, Ishtixan rayonı. Arlot - Shıńǵisxan ulı Ugedeyge berilgen 4 mońǵol qáwiminiń birewi. Bul qáwim Awganstannıń arqa bóleginde ornasıp qalǵan. Maw-erennaxrda Arlotlar kem bolsa da abıroylı qáwimlerden esaplanǵan. Arlot qáwimi 92 ózbek "tiyreleri" arasında kóplegen tariyxıy dereklerde tilge alınǵan. Qáwim ollot, olot formalarında da aytılǵan. Qarakól rayonındaǵı Olot awılı da sol etnonimnen atın alǵan.

Afrasiyab – Samarqand qalasınıń qıyralǵan ornı. Ilgerileri Xisori eski, qorǵoni qadim dep ataladı eken. XVII-XVIII ásirlerden Tali Afrasiyab (Afrasiyab biyikligi) dep atala baslaǵan. Xalıq onı Firdawsiydıń "Shahnaması"nda súwretlengen hám Rustemge qarsı shıqqan Turan shahı Afrasiyob (Frarasyan, Grasiab), yaǵnıy Alp Ertunga atamasınıń sálesi delinedi. Biraq kóplegen alımlar tóbeliktiń suǵdsha atı Parshavan bolǵan, al tájikshede bolsa Afrozsiyih-ob, Qarasuw, yaǵnıy "Siyobtıń ústindegi orın" dep atalǵan hám qısqarıp Afrasiyab, yaǵnıy "Siyab boyları" bolıp ketken deydi.

Zarafshan – Tájikstan hám Ózbekstan  Respublikası aymaqlarındaǵı dárya. Daslep "Avesto" esteliklerinde Daytiya formasında tilge alınǵan. Qániygeler bul attı "qásiyetli suw", "muqaddes suw" dep túsindiredi. Grekler Daytiya sózin awdarmalap Politimet – "kóp qásiyetli suw", "asa muqaddes suw" dep ataǵan Suǵd tilinde dáryanıń Suǵd, Jom, Somjan atları da belgili (jan-jan suǵdsha "kól", "suw kózi); pahlaviy Nimiq ("ataqlı", "qásiyetli", "muqaddes"), parsı tilindegi dereklerde Ridi Mosaf, Rudi Sharǵ delingen, arabsha dereklerde Haramkom (arabsha haram – "muqaddes") delingen.

"Baburnama"da Obi Kuhas, keyin ala Daryoi Kuhak (Kuhak – Samarqandtıń qasındaǵı Shopanata tóbeligi), XVIII ásirden Zarafsahan dep atalg;'an.

Dáryanıń házirgi atınıń maǵanası haqqında hár túrli pikirler bar. Bazılar dárya altınǵa barabar tirishilik keltirgeni ushın dárya Zarafshan dep atalǵan



xalqınıń shama menen 10% i jasaydı. Quramında 14 rayon (Andijan, Asaka, Balıqshi, Bulaqbası, Boz, Jalalqudıq, Izbasqan, Marhamat, Altınkól, Paxtaabad, Uluǵnar, Xojaabad, Shahrixan, Qirǵantepa), 11 qala (Andijan, Asaka, Marhamat, Paxtaabad, Axunbabaev, Poytuǵ, Xanabad, Xojaabad, Shahrixan, Qarasuw, Qorǵantepa), 5 qalasha (Andijan, Boz, Qubla Alapıshıq, Kuyganer, Palvantosh) bar. Hákimshilik orayı - Andijan qalası. Andijan – Tashkent qalaları arasındaǵı aralıq – 450 km.

**Walayatlarınıń qısqasha Toponimikalıq sózligi**

Andijan – qala, Andijan walayatınıń orayı. X ásirden baslap arab geografları Istaxriy, Ibn Havkal, Muqaddasiy shıgarmalarında hám basqa dereklerde Andiyan, Andikon, Andugan, Zahiriddin Babur shıgarmalarında Andijan dep jazılǵan.

Túrklerdiń ápsanalıq patshası Afrasiyab qala salıp, onı óziniń qızınıń atı menen Adinajan dep ataǵan eken. Basqa bir rawayat boyınsha bir xan bul qalada hayalı qalıp ketkenigi ushın "Anda qaldı janım meniń" degenliginen qala usılayınsh atalǵanmish. Basqa birewler Andijan sózin altı jan – "alti adam" degeni depte túsindiredi.

A.Muhammedjanovtıń pikiri boyınsha, Andijan toponimi "andi" hám "gon, kon yaki jan" sózleriniń birikpesinen payda bolǵan. Andi – jaqın; gon, kon hám jam sózleri "suw", "say" maǵanaların ańlatqan. Demek, Andijan toponimi "sayǵa jaqın", "say boyı", "suw jaǵası" degen maǵanaǵa iye.

Asaka – qala, Asaka rayonınıń orayı.

Tariyxshı A.Muhammedjanov Asaka negizinde Asikal formasında aytılıp, as – turkiy urıw, kal – suw yaki say degeni boladı, yaǵnıy Aslar sayı degen maǵananı ańlatadı deydi.

Jıǵashı – awıl, Andijan rayonı. Jıǵa – sállege taǵılatuǵın bezek. Jıǵanı kópshilik xan hám xanzadalar taqqan. Jıǵashı ”jıǵa jasawshı ustalar jasaytuǵın awıl”, - maǵanasın ańlatadı.

Zulfiqor – awıl. Balıqshı rayonı. Zulfiqar xalifa Hazreti Alidiń afsanalıq qılıshınıń atı. Zulfiqar degem ism de bar. Qoqannıń qasındaǵı Zulfixar awılı Qoqan xanı Xudayarxan dáwirinde Zulfiqar ismli adamnıń shek jerinde payda bolǵan.

Musılmanqularıq – Balıqshı rayonında Qaradáryadan shıǵarılǵan salma. Salmanı 1842-1852-jıllarda Qoqan xanı Xudayarxannińń qáyin atası Musılmanqul qazdırǵan.

Sulduz – awıl, Andiljan rayonı. Sulduz XIII-XV ásirlerde Aserbayjan, Iran, Qorasan hám Maveraunnaxrda jasaǵan túrklesken mońǵol qáwimleri bolıp tabıladı. Sulduz urıwı 92 bovlı ózbek “qáwimleri” quranımda kórsetilgen. Sulduz mońǵolsha suldes “bayraqdarlar” sózinen alınǵan” sulde “bayraq”, “c” – kóplik affiksi esaplanadı.

Yuziya – awıl, Asaka rayonı. Yuziya – “yuz qáwimi wakilleri jasaǵan awıl”.

Ulmas – awıl, Balıqshı, Izbasqan rayonları. Qıpshaqlardıń ulmas degen urıwı bolǵan.

Buxara walayatı toponimleri

Buxara walayatı 1938- jılı 15-yanvarda dúzilgen. Maydanı jaǵınan eń úlken walayat bolıp, 40,3 mıń kv km den ibarat. Xalqı 1756,4 mıń adam. Ózbekstannıń oraylıq hám qubla-batıs bólimlerinde jaylasqan. Quramında 11 awıl rayonı (Buxara, Vobkent, Jandar, Kogon, Alat, Peshku, Romitan, Shopirkon, Qarawılbazar, Qarakól, Gijduvan), 11 qala (Buxara, Vobkent, Gazli, Galaosiyo, Kogon, Romitan, Shopirkon, Qarakól, Qarawılbazar, Ǵijduvan), 3 qalasha (Jondar, Zafarabad, Yangibazar). Hákimshilik orayı – Buxara qalası.

Buxara – Orta Aziyadaǵı eń áyyemgi qalalardan biri, Buxara atı eń dáslep grek astronomı Klavdiy Ptolemeydiń “Geografiya” miynetinde (II ásir)



2007-jılı qalanıń 2750-jıllıǵı xalıq aralıq kólemde nıshanlandı. Samarqandtıń tariyxı jáhán tariyxınıń quramlıq bólegi esaplanadı. Ótkeń 27,5 ásir dawamında qalanıń xalqı kóplegen hádiyselerdi basınan keshirdi. Samarqand Iskender Zulqarnaynnıń sansız áskerlerin kórdi, arablar basqınshılıǵın basınan keshirdi, qalanı Shıńǵısxannıń jawız áskerleri wayran etti. Samarqandtı dúnyanıń paytaxtı etpekshi bolǵan Amir Temur óziniń kóp sanlı lashkerlerin usı qalada jámlegen.

Házirgi kúnde bolsa qala óziniń qolaylı tábiyatı, tariyxıy estelikleri, miymandos xalqı hám jasaw inamları menen jurtımızdıń kórki bolıp, dúnyanıń ardaǵında bolıp kelmekte.

Qalanıń atınıń entimologiyası tolıq anıqlanǵan emes. Qala Iskerder Zulqarnaynniń áskeriy júrisleriniń múnasibeti menen Grek shejirelerinde biziń eramızǵa shekemgi 329-jılı Marokanda atı menen tilge alınǵan. Hár túrli dáwirlerdegi tariyxıy dereklerde qala atınıń Samariana, Sapamanka, Sakanna, Sanmangen, Samakiyan, Sumron, Shamirkent, Samaran, Simroyat, VIII ásir baslarına derekli suǵd hújjetlerinde Smarakansa, veneciyalıq sayaxatshı Marko Polonıń “Kitab”ında Sarmarkan formasında tilge alınǵan. Sanskritshe Samariya – “jıyın”, “anjuman” sózinen alınǵan dep aytılǵan. Samariya – áyyemgi sanskritshe “kesispe”, “sawda jolları kesisetuǵın orın”, “sawdagerler ushırasatuǵın orın” degen maǵanalrdı da bildiredi.

Samarqand ataması turkiyde – “Semizkent”, yaǵnıy “bay qala”, “abat qala”, “úlken qala” maǵanaların bildiredi degen pikirdi Abu Rayxan Beruniy, Mahmud Qashqariy, Babur shıgarmalarında ǵana emes, al tariyxshı Mirxondtıń “Ravzat us-safo”sinda, XV ásirde Amir Temur sarayına kelgen Ispan elshisi Rui Gonsales de Klavixannıń kúndelik dápterinde de aytıp ótilgen. Biraq Semizkent qalanıń negizgi ataması emes, al sıpatı bolsa kerek.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Shartoq – qala, Shortoq rayonınıń orayı: Taw arasında bolǵanı ushın “shar átirapı taw” dep atalǵan, degen pikir bar. Negizinde shortoq – shor (tórt) hám toq (ark, gúmbez) sózlerinen quralǵan bolıp, “tórt makanlı” degen maǵananı ańlatadı.

Samarqand walayatı toponimleri

Samarqand walayatı respublikanıń oraylıq bóliminde jaylasqan bolıp, 1938-jılı 15-yanvarda dúzilgen. Maydanı 16,8 mıń kv km. Xalqı 3445,6 mıń adamnan ibarat. Quramında 14 rayon (Bulunǵur, Jambay, Ishtixon, Kattaqorgan, Narpay, Nurabad, Aqdárya, Payarıq, Pastdarǵam, Paxtashi, Samarqand, Taylaq, Urgut, Qoshrabat), 11 qala (Samarqand, Bulunǵur, Jambay, Juma, Ishtixon, Kattaqorǵan, Mirabad, Aqtas, Payariq, Chelak, Urgut), 12 qalasha (Dahbed, Ziyovuddin, Ingishka, Kimyogarlar, Loyish, Mitan, Mirbozor, Payshanba, Suv havuzi, Farhod, Xishrov, Charxin) bar.

Hákimshilik orayı – Samarqand qalası. Samarqandtan Tashkentke shekem bolǵan aralıq – 350 km di quraydı.

Samarqand – Orta Aziyadaǵı eń áyyemgi qalalardan biri. Adamzat áyyemgi mádeniyatınıń jáhánge tanılǵan oshaqları – Egipet, Afina hám Rimdey kóp ásirlik bay tariyxqa iye, Shıǵıstıń eń eski qalalarınan biri bolıp, jáhán civilizaciyasın, Batıstan baslap Shıǵısqa shekem birlestirip turǵan Ullı jipek jolınıń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan, ózbek mámleketshiliginiń qáliplesiwinde ózine tán tırnaq wazıypasın atqarǵan qala bolıp tabıladı. Orta ásirlerde ol “Zamin sayqalı”, “Musılman dúnyasınıń gawharı”, “Firdavsshı qala” dep ulıǵlanǵan.

1966-jılı 18-oktyabrde Ózbekstannıń birinshi Prezidenti I.A.Karimov Samarqandtıń bayraǵına 1-sanlı “Amir Temur orden”in taǵıp, bul kúndi Samarqand kúni dep járiyaladı. Sebebi Samarqand ǵárezsizlik jıllarında 1-bolıp orden alǵan qala edi.



ushırasadı. Tájikstandaǵı Muǵ tawınan tabılǵan suǵd hújjetlerinde (VIII ásirdiń baslarında) bolsa Puxar formasında tilge alınǵan.

Házirgi Buxaranıń ornında islam dini tarqalıwınan bir neshe ásir aldın qala bolǵan. Qala qıtay dereklerinde dáslep V ásirde Nyumi formasında tilge alınǵan (bul Buxara atlarınan biri Numijkat qalasınıń qıtaysha transkripsiyası). Kópshilik alımlar, sonnan, akademik V.V.Bertold, nemec alımı V.Tomashek Buxara atı sanskritshe bixara sózinen kelip shıqqan bolıp, “Budda ibadatxanası” degeni dep esaplaǵan. V.V.Bertold Balhda yaki Samarqandtaǵıday, Buxaranın dál qasinda da Budda ibadatxanası bolǵan deydı. Bul alımlar Buxara mine usı sankritshe sozdiń túrkshe-monǵolsha forması dep esaplaydı. Tariyxshı Narshaxiy (X ásir) Buxaranıń Numijkat (Jumijkat), Bumiskat, Madinat us-sufriya – “Mıs qalası”, Madinat ut-tujjar” – “sawdagerler qalası” degen atlarinıń bar ekenligin aytqan; tariyxshı dawam etip, “Buxara degen at ol atlardıń hámmesinen ataqlıraq bolıp, Xurasan qalalarınan birewi de bunshellik kóp atqa iye emes”, degen. Bir hádiste Buxara atı Foxira bolıp kelgen, sebebi, “qiyamet kúni Buxara qalası ózinde shahidlerdiń kópligi menen maqtanısh etedi” delingen. Xalıqtıń arasında Buxara baǵları kópliginen Boǵor degen maǵananı bildiredi, degen rawayat ta bar. Tariyxshı Xafız Tanish (XVI ásir) tıń jazıwı boyınsha “Buxara” sózi – “buxor” sózinen kelip shıqqan bolıp, otqa sıyınıwshılardıń tilinde “ilim dargayı” degen maǵananı bikldiredi.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Afshana – awıl, Peshku rayonı, Abu Ali Ibn Sinanıń tuwılǵan jeri. Ustrushona (Jizzax penen Uratepa ortasındaǵı tariyxıy walayat) hákimi afshin delingen. Afshana afshin sóziniń kóplik túri.

Narshax – awıl, Vabkent rayonı. Bul orın Muqanna kóterilisi menen tanılǵan: VIII ásirdıń 70-jıllarinda aq kiyimliler Muqanna basshılıǵında awıldı bekkem qorǵanǵa aylandırıp, arablarǵa qaqsatqısh soqqı berdi hám aqırında

táslim boladı. Narshax awılında ataqlı tariyxshı Abu Bakr Muhammed ibn Jafar Narshaxiy tuwılǵan (X ásir). Narshax awılı Narjak dep te atalǵan.

Ovgir – kanal, Jandar rayonı. Parıssha obgir "suw alınatuǵın orın", "háwiz" maǵanalarına iye.

Regzor – awıl, Buxara rayónı. Regzor – "qumlaq", "qumlı jer" degen maǵanaǵa iye.

Tarob – awıl, Jandar rayonı. Tariyxıy dereklerde Torob awılı Buxaradan da aldın payda bolǵanlıǵı aytıp ótilgen. Awıl dáslep Narshaxiydiń "Buxara tariyxı" shıgarmasında tilge alınǵan. Bul awıl 1238-jılı diyxan hám ónermentlerdiń monǵollarǵa hám jergilikli menshik iyelerine qarsı kótergen qozǵalańın (Mahmud Torobiy qozǵalańı) menen tanılǵan; Tarob – "dárya boyı" degeni boladı.

Taqisarrofon – Buxara qalasındaǵı bazar. Toq sózi áyyemgi arxitekturalıq terminlerden bolıp, "gúmbezli bina" degeni boladı. Buxara xanlıǵında ústi jabılǵan bazar toq delingen. Máselen, Toqitelpakfurushon – "telpek satıwshılar bazarı", Toqisarrafon da mine usınday bazar (tekshe)lardan biri bolıp tabıladı (sarrof – "pul usatıwshı").

Ǵijduvon – qala, Ǵijduvon rayonınıń orayı, Narshaxiydiń "Buxara tariyxında Muqanna (VIII ásir) waqıyası múnasibeti menen birinshi ret tilge alınǵan. Basqa tariyxıy dereklerde Ǵijduvon (Muqaddasiy) formalarında da aytıp ótilgen. Xalıq awzında Ǵijduvon Ǵuji devon – "bir top dev" yaki Ǵuji dehon – "bir top awıl" degeni, degen rawayat bar.

Chitgaron – awıl, Vobkent rayonı. Chitgaron – "shıtqa gúl salıwshı usta" degeni boladı.

Jizzax walayatı toponimleri

Jizzax walayatı 1973-jılı 28-dekabrde dúzilgen. Maydanı 21,2 mıń kv km. Xalqı 1226,8 mıń adamnan ibarat. Respublikanıń oraylıq bóleginde jaylasqan. Quramında 12 awıllıq rayonı (Arnasay, Baxmal, Doslıq, Jizzax, Zarbdor,



Bostan – awıl, Kosonsay Namangan, Úshqorǵan, Mıńbulaq rayonları. "Jaynaǵan baǵ", Baǵ-roǵ maǵanalarına iye. Dashti Qıpshaq ózbekleri hám qazaqlar quramında da bostan urıwı bolǵan.

Kosonsay – awıl, Kosonsay rayonınıń orayı. Ilgeride Koson dep atalǵan. Ásirimizdiń baslarında Ferǵanadaǵı Koson qalası, yaǵnıy Kosonsay Ferǵananıń siyasiy orayı edi. VIII ásirdiń aqırı – IX ásirdiń baslarında Koson Ferǵana patshalarınıń paytaxtı bolǵan. Koson arab geograflarınan Istaxriy, Ibn Havqal, Muqaddasiy shıǵarmalarında jazılǵan. Koson atı negizinde kas(kat) "awıl" sózinen alınǵan.

Namangan - qala, Namangan walayatınıń orayı. Birinshi ret "Baburnama"da tilge alınǵan. Qalanıń atın Namakkon – "duz káni", nomiygan – "áziz hám ataqlı qala", namahg – "Marjan (káni)" dep túsindirgen. Negizinde "nav + man + gan" sózleri birikpesinen payda bolǵan. Nav – "jańa", man – "saray" hám ǵon, kán, gon – "maylı suw" yaki "say" degeni boladı.

Professor X.Hasanov gon komponentin "dárya, suw" dep shamalaydı, Namangandı "shorsuw". "mineral suw", "maylı suw"day maǵanalarǵa iye ekenligi haqqında pikir bildirgen.

Norinkapa – awıl, Úshqorǵan rayonı. Narin dáryasınıń atı menen baylanıslı bolıwı kerek deydi.

Narin toponimisti E.M.Murtazaevtıń pikiri boyınsha, "quyashlı" degen maǵananı bildiredi. Sonıń menen birge norin degen entonim de belgili: ózbeklerdiń laqay, yuz qáwimleri, sonday-aq, Ferǵana qıpshaqlarınıń quramında norin urıwı esapqa alınǵan.

Pop – qala, Pop rayonınıń orayı. Dáslep áyyemgi dereklerinde bob formasında tilge alınǵan. Keyin ala pop dep aytıla baslaǵan. Bob – arabsha – "dárwaza" degeni boladı.

Nawayı – qala, Nawayı walayatınıń orayı. Ullı ózbek shayırı, oyshılı, mámleket hám jámiyetlik ǵayratker Alisher Nawayınıń atı menen atalǵan.

Nurata – qala, Nurata rayonınıń orayı. Usı jerdegi taw dizbegi de usı at penen atalǵan. Rus ádebiyatında Nurata atı monǵolsha nuru – "taw dizbegi" hám túrkiyshe toǵ sózlerinen alınǵan degen sózler ushırasar edi. Negizinde Nurata monǵollar kelmesten ádewir aldınıraq Nur atı menen belgili bolǵan. Tariyxshı Narshaxiy Nur awılı Buxara qalası payda bolmastan aldın da bar edi dep jazǵan.

Otar – awıl, Tamdı rayonı. Otar (geyde otar deydi) qoydıń padası, súriw ("ot", "jaylaw" sozinen) maǵanalarına iye

Namangan walayatı toponimleri

Walayat Respublikanıń shıǵıs, Ferǵana oypatınıń arqa bóleginde jaylasqan bolıp, 1941- jılı 11-martta dúzilgen. Maydanı 7,4 mıń kv km. Xalqı 2504,1 mıń adam. Quramında 11 awıllıq rayonı (Kosonsay, Mıńbulaq, Shartak, Chust, Namangan, Narin, Pop, Toreqorǵan, Uyshi, Úshqorǵan, Jańaqorǵan), 8 qala (Namangan, Kosonsay, Pop, Toreqorǵan, Úshqorǵan, Chartak, Chust, Haqqulabad), 12 qalasha (Jomashuy, Ittifoq, Náwbáhár, Altınkól, Aqtas, Tasbulaq, Uyshi, Uyǵırsay, Chorkesar, Unhayat, Xalqabod, Jańaqorǵan). Hákimshilik orayı – Namangan qalası. Namangan – Tashkent qalaları arasındaǵı aralıq – 435 km.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Axsikat – Fergána oypatıdaǵı áyyemgi qala, Namangan rayonındaǵı Axsi awılınıń qasında bolǵan.

Orta ásirlerge derekli "Xudud ul-olam" shıgarmasında "Axsikat – Ferǵananıń paytaxtı, amirler hám wazirler rezidenciyası" delingen. Qala XVI ásirden soń qarabaxanaǵa aylanǵan. Bul orın bolsa házir eski Asxi dep ataladı. Suǵdtanıwshılardıń pikiri boyınsha, Axsikat (Xshikat) "aq qala" degeni boladı.



Zafarabad, Ǵallearal, Zamin, Nırzashól, Paxtakor, Farish, Yangiabad); 7 qala (Gagarin, Dashtabad, Doslıq, Jizzax, Marjanbulaq, Paxtakor, Ǵállearal); 8 qalasha (Bostan, Zarbdor, Zafarabad, Zamin, Usmat, Úshqulaq, Yangiqishloq, Qoytas) bar. Hákimshilik orayı – Jizzax qalası. Bul qaladan Tashkentke shekem bolǵan aralıq – 205 km.

Házirgi Jizzax walayatı maydanınıń kóp bólegi biziń eramızǵa shekemgi bir neshe ásirden baslap tap dáslepki orta ásirelerge shekem bar bolǵan Ustrushana (Istaravshan) tariyxıy úlkesinde bolǵan; bul tawlı tariyxıy walayat Jizzax qalası menen (bazı bir maǵlıwmatlar boyinsha, Tájikstannıń Pajikent qalası menen) házirgi Xojand qalasınıń aralıǵına tuwrı keledi. Ustrushana xalqı jawınger, sheber xalıq bolǵan, walayatta arxitektura rawajlanǵan. Úlkede Dizak (Jizzax), Bunjikat (Panjakent), Nujkat, Zamindey iri qalaları bolǵan. Makedoniyalıq Aleksandr (Iskandar Zulqarnayn)ǵa qaqsatqısh soqqı bergen jeti bekkem qorǵannıń biri – Gaza Ustrushona aymaǵında jaylasqan.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi

Abuz – awıl, Ǵállearal rayonı. Qońırat qáwimi (uzlar)niń bir urıwı abiz (aviz) dep atalǵan.

Aydarkól – kól, Farish rayonı. Aldın shorlı, keyin ala Shardara suw saqlaǵıshınıń suwı hám suwǵarıwdan shıqqan aqaba suwlar toplanıp, úlken kól payda bolǵan. Jergilikli xalıq kóbinese tóbesinde tas uıyimi bolǵan dóńlikti aydarǵa uqsatıp, aydar dep ataǵan.

Arnasay – kól, Arnasay rayoni. Xorezmde arna úlken kanal, Jizzax walayatında – jar maǵanasına iye.

Achchi – awıl, Zamin rayonı. Awıl suwı shor bolǵanlıǵınan usınday at alǵan delinedi (dialektte achchiq ornına achchi delinedi).

Baxmal – awıl, Baxmal rayonı. Baxmal toponimi basqa orınlarda da bar. “Duxaba” maǵanasındaǵı baxmal sózine hesh baylanısı joq. Taponomist T.Nafasov qovshunlardıń bir urıwı baxmal (bakman) dep atalıwın jazadı.

Gazaikalon – Zamin rayonındaǵı taw. Gaza – “taw qırı”, “taw tóbesi”, kalon- “úlken” maǵanalarına iye.

Gumsay –Zamin rayonındaǵı saylıq. Bul orında gum “tereń, gir-átirapı biyik” degeni boladı. Gállearal rayonındaǵı Gumsay – “tereń ózennen aǵatuǵın say” degeni boladı.

Jizzax – qala, Jizzax walayatı orayı. Orta Aziyadaǵı eń áyyemgi qalalardan. Birinshi bolıp arab geografları Ibn Havkal hám Muqaddasiy shıǵarmalarında Dizak formasında tilge alınǵan: suǵdiyshe diz – “qorǵan”, “áskeriy qorǵan”, -ak kishireytiw affiksi (cha).

Kórpesay – Jizzax rayonı. Kórpe degen awıllar bar. Túrkmen-ózbeklerdiń bir urıwı kórpe dep atalǵan: Qaraqalpaqlardıń qıtay qáwimi quramında da kórpe urıwı bolǵan: Kórpe áyyemgi túrk tilinde qozıshaq degen sóz bolıp tabıladı.

Sangzar – Baxmal hán Gállearal rayonlarındaǵı oypat hám dárya. Sangzar “taslaq” degeni.

Nawayı walatı toponimleri

Nawayı walayatı – aymaqlıq jaqtan Ózbekstannıń eń úlken walayatı – Respublika maydanınıń derlik sheregin iyeleydi. 1982-jılı 20-aprelde dúzilgen. Maydanı 111,0 mıń kv km. Xalqı 901,1 mıń adam. Quramında 8 awıllıq rayon (Karmana, Konimex, Nawbáhár, Nurata, Tamdı, Úshqudıq, Xatirshi, Qizıltepa), 6 qala (Konimex, Langar, Malikrabod, Murıntaw, Tınıshlıq, Shalqar, Yangirabod, Ǵazǵon) bar.

Hákimshilik orayı – Nawayı qalası. Nawayı – Tashkent qalaları arasındaǵı aralıq – 510 km.

Walayattıń qısqasha Toponimikalıq sózligi



Nawayı walayatı toponimlerdiń sani jaǵınan Respublikada aldıńǵı orınlarda turadı. Walayattaǵı xalıq jasaw punktleri – qala-qalashalar, pasyolka-awıllardıń sani shama menen 1500 ge jetedi.

Ayranshı – awıl, Karmanı rayonı. Nayman qáwiminiń quramında ayranshi urıwı aytıp ótilgen. Karmana rayonında Ayronni awılı da bar. Ayranshı, Ayronni (Ayronli) – “ayron urıwınıń wákilleri jasaytuǵın awıl”. Qońırat qáwiminiń quramında da ayron urıwı dizimge alınǵan.

Andoq – awıl, Xatirshi rayonı. Dáslep Yaqut Hamahiydiń “Mujam ul-buldon” shıgarmasında aytıp ótilgen. Qızıltepa rayonında da Andoq awılı bar. Zarafshan oypatında andoq – “qayır” (shókpe) degen maǵanaǵa iye (A.P.Muhammedjanov).

Aristan – awıl, Tamdı, Konimex rayonları. Qazaqsha aristan – arıslan, sher degeni boladı. Házirgi Ózbekstannıń aymaǵında arıslan (turkiy) yaki sher (parıssha) hesh asad (arabsha) bolǵan emes.

Varq – awıl, Karmana rayonı. Varq (varg) suǵdiysha shel degeni boladı. Samarqand hám Buxaranıń átirapında shellerdi varqbon dep ataǵan.

Zarmitan – awıl, Qızıltepa rayonı. Usı rayonda Zarmitancha degen awıl bar. Mitan (miton) “manzil”, “áskeriy qorǵan”, “qorǵan” degeni boladı.

Karmana – qala, Karmana rayonınıń orayı. Rawayatlarda keltiriliwine qaraǵanda, arablar Buxaraǵa kelgeninde Karmana átirapındaǵı jeriniń ónimdarlıǵı, suwınıń sapasına qarap “Armenstanǵa uqsaydı eken” degenleri ushın “Ki-Arminiya” dep atalǵanmısh. A.Muhammadjanovtıń pikiri boyınsha, Karmana Xarmana formasında aytılǵan hám “Úlken saray” maǵanasın bildirgen.

Murdash – awıl, Xatirshi rayonı. Murdashuy – “ǵassal”, “yuvǵunshi”, yaǵnıy “meyitti juwıwshi” degeni boladı.